

Ираф

III
2016

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА

Учредитель
Министерство культуры РСО-Алания

Журнал издается с февраля 1991 года

Главный редактор
Васо МАЛИЕВ

Редакция
Ответственный секретарь — Виталий КОЛИЕВ
Редактор отдела прозы и поэзии — Эльбрус СКОДТАЕВ

Общественный совет
Тамерлан КАМБОЛОВ, Таймураз ТАМАЕВ, Борис ХОЗИЕВ,
Руслан БАБОЧИЕВ, Амурхан КИБИРОВ, Милуся БУДАЕВА

ВЛАДИКАВКАЗ, 2016

Ираæф

III
2016

ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ

ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

Сæйраг редактор
МАЛИТИ Васо

Редакци
Бæрнон секретарь — КОЛИТИ Витали
Поэзи æма прози редактор — СКЪОДТАТИ Эльбрус

Æхсæни унафæ
ХЪАМБОЛТИ Тамерлан, ТАМАТИ Таймураз, ХОЗИТИ Борис,
БАБОЧИТИ Руслан, КЪИБИРТИ Амурхан, БУДАЙТИ Милуся

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2016

НОМЕРИ ЕС:

Нæ юбиляртæ
Малити Геуæрги – 130 анзи 5
Зундгонд лæгтæ Малити Геуæргий туххæн..... 7
Журнал «Ираæф»-æй
«Дæ фæсмæрдæ коми кадæн...» 8
Скъодтати Эльбрус. Уæларвон поэзи 10
Хидирти Рамазан. «Кæд уæхæн киунугæ æй..»..... 13
Имисуйнæгтæ Малити Геуæргий туххæн 18
Малити Геуæргий царди сæйраг цаутæ 23
Киунугæ «Ираæф» æма «Горские мотивы»-æй..... 27
Поэзи æма прозæ
Тобойти Цæрæг. Дзандзирахъ æма Айдар..... 77
Гаджити Илас. Поэмæ..... 144
Хъæлисти Петр. Задæлескæ. Æмдзæвгæ 164
Нæуæг тæлмацтæ
Хачирти Анзор. Радзурдтæ. Цъеути Замæдини тæлмац..... 167
Н.В. Гоголь «Уосæракурд». Пьесæ. Къибирти Амурхани тæлмац 172
Адæмон сфæлдистадæ
«Нартæ». Мифологи æма эпос..... 228
Публицистикæ
Колити Витали. Зæрдæ цæхæртæ ку кала. Уацгъуди..... 298

Феппайуйнаг
Журнал фæлустгонд æрцудæй
Туйгъанти Мухарбеги конд графикон хузтæй

НÆ ЮБИЛЯРТÆ

МАЛИТИ ГЕУÆРГИ – 130 АНЗИ

Аци анз 130 анзи æнхæст кæнуй дигорон литератури стъалу Малити Гадой фурт Геуæргибæл.

Зин æма хъæбæр зин исаргъгæнæн æй, Геуæрги нæ национ культури хæзнадонæмæ ци уæзгæ æвæрæн бахаста, уомæн.

Куд фулдæр цæуй рæстæг, уотæ нигки æнæмæлгæдæр кæнуй поэти сфæлдистадæ, уотæ хæстæгдæр æй есуй кæсæги зæрдæ æхемæ. Еу æмдзæвгæ си ка бакæса, е инней дæр æхуæдæг агоруй, нигки цæмæдесдæр æй кæнуй идарддæр æма цалинмæ киунуги сæргæндти уæнгæ рахъæрта, уæди уæнгæ ин нихгæнæнвæтгæ нæбал фæууй. Цæй медæги æй æ хемæлвасундзийнадæ Геуæргий сфæлдистадæн?!

Фиццаги-фиццагидæр æ адæмон æвзаг, еугуремæн дæр лæдæрд ка æй, фал уой хæццæ ба поэзий бæласи уæлдæр цъонгбæл æвæрд уогæй, æ рæзæ царди æвдадзæ кæмæн æй, уой медæги.

Геуæргий цард æма сфæлдистади тухæн дзæвгарæ æрмæгутæ финст æрцудæй, уомæ гæсгæ ами сæ кой нæбал кæндзинан. Фæндуй нæ æрмæстдæр поэти æнæмæлгæ уадзимистæ нæуæгæй адæми зæрдитæбæл æрлæуун кæнун.

Кæддæр Геуæрги æ еу æмдзæвги уотæ финста:

Помню я, как мать родная
Говорила мне всегда,
Что для каждого на небе
Богом создана звезда.

Цæмæй зудта Геуæрги æма æхуæдæг дæр фæстæдæр еци арви реубæл стъалуйау исæрттевдзæй æма нин е сфæлдистадæй нæ зæрдитæ рохс кæндзæнæй еци æгæрон итигъдадæй.

Мухур ма кæнæн, Геуæргий фæдонтæ ин æ номбæл ци уадзимистæ æма æрмæгутæ ниффинстонцæ, уонæй еу цалдæр. Геуæргий ном æнæмæлгæ ке æй, е ба нæ абони æма федæни фæлтæрæй дузæрдуггаг ке некæмæн уодзæй, уобæл федарæй æууæндæн.

Редакци



ЗУНДГОНД ЛÆГТÆ МАЛИТИ ГЕУÆРГИЙ ТУХХÆН:

«Дигорон æвзагбæл ка финста æма ка финсуй, уонæй аййевади дæсниадæй поэзий медæгæ Малити Геуæргий уæнгæ некема схъæрттæй, поэтæн е ’взаг æй æхсаст æма циргъ, æ ритмикæ – фæндури зæлау, æ уадзимисти сюжетти арæзт композицион æгъдауæй – хали къæбæлау».

ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег, поэт

«Облеченные в изящную форму, стихотворения Малиева проникнуты неподдельным искренним чувством, полным неуловимой прелести и грации».

ТИБИЛТИ Александр, æхсæнадон косæг, критик

«Творчество Г. Малиева – большой шаг вперед в художественном развитии осетинского народа».

ДЗАГУРТИ Губади, профессор

«Именно Малиев, и только он, сумел раскрыть и показать во всей полноте, какие красоты ритма, напевности, свободного и плавного течения таит в себе дигорская речь».

«Когда читаешь такие стихи, невольно приходят на память слова Белинского, сказанные им о стихе Пушкина: «Что это за стих! Он нежен, сладостен, мягок, как рокот волны, тягуч и густ, как смола, ярок, как молния, прозрачен и чист, как кристалл...»

АБАЙТИ Васо, академик

«ДÆ ФÆСМÆРДÆ КОМИ КАДÆН...»

Геуæргий туххæн дзорунцæ:

Цæрукъати Александр:

«Пушкин, Лермонтов, Къостамæ цавæр интуитивон тых уыди, Геуæргимæ дæр ахæм. Йе ’мдзæвгæтæ кæсгæйæ цыма дæ хъуыры сой цæуы, уый хуызæн æнкъарыс дæхиуыл æхцондзинад. Геуæргийы поэзийы тых ис йæ лирикон тугдадзинты, йæ романтикон бæрзонд тахты. У тынг субъективон. Аллы стыр аивад дæр субъективон вæйиы. Печорин чи уыди? Лермонтов йæхæдæг фæстаг æрдуйы уонг. Стыр аивад афтæмæй гуыры. Геуæргийæн йе ’нкъарæнтæ, йæ зын, йæ рыст – йæ поэзийы гуырæнтæ. Фæлæ йæ уд искæй рыстæй æнæ рисгæ нæ уыди, æмæ уыцы рыст дæр йæ уды тугдадзинтыл рацыд йæ диссаг уацмыстæм. Гъе, уымæн систы æппæтадæмон. Аристотель ахæм хъуыды загъта: дæ фыстытæ дæхимæ куы нæ хъарой, уæд ма дын кæмæ бахъардзысты?! Шекспиры «Гамлеты» сусæгдзинад ныр дæр нæма сæргом. Гетейæн иу критик афтæ куы загъта, Гамлет ницы архайы, зæгъгæ, уæд ын уый та афтæ: гъе æмæ уыцы «ницы архайдмæ» тынг лæмбынæг æркæсын хъæуы. Йæ сусæгдзинад, чи зоны, æмæ уым ис. Гамлет иу къахæй лæууы зæронд, ивгъуыйæг дуджы, иннæмæй та – ног, райдайæг рæстæджы (Эпоха Возрождения). Гъе, ахæм хуызы кæсын хъæуы Геуæргийы сфæлдыстадмæ дæр. Йæ поэзийы сусгдзинæдты дæгъæл йæ поэзийæн йæхи мидæг æмбæхст у. Фæлæ уый ссарынмæ та стыр удварн æмæ интуици хъæуы. Мæнæн дæр æмбæрст нæу йе сфæлдыстады сусæг... Зондæй йын бамбарæн нæй, æрмæст удæй... Геуæргийы поэзийыл чи фысса, уый хъуамæ ацы хъуыддаг дара йæ зæрдыл!

Малиты Геуæрги адæмон кæй у, уый Хуыцауæй лæвæрд у. Адæмæй ницæмæй хицæн кодта: фыййауимæ – фыййау, бæхгæсимæ – бæхгæс, хуымгæнæгимæ – хуымгæнæг, ахуыргондимæ та – ахуыргонд. Мыдыбындз дидинджытыл куыд фæзилы æмæ сын сæ нектар куыд сисы, афтæ Геуæрги дæр адæмы удæй, царды æрфытæй иста йæ поэтикон мыд. Ам мæ зæгъын фæнды иу хъуыды. Поэт хъуамæ ахуыргæндтæй, профессортæ дæр уæнт, ахуыргонддæр уа, фылдæр зона, дардæрмæ уына. Геуæргийы уацмысты зыны йе стыр культурæ, йæ ахуыргонддзинад. Æмæ ацы хъуыддаг дæр – Хуыцауы стыр лæвар – йæ куырдиатимæ йæ кæнон кодта».

Дзуццаты Хадзы-Мурат:

«Геуæрги уыд Хуыцауы хуызæн æмæ фæлдыста йæхи поэтикон дуне, йæхи геуæргион дуне...»

«Правда о советской жизни – она у Георгия Малиева в его непревзойденной лирике и лиро-эпике, хотя последняя вся – о прошлом, внешне как будто только «поэтическая обработка» народных сюжетов и мотивов, а по сути – свое самобытное, оригинальное, малиевское, – она не столько о прошлом, сколько о настоящем. В ней – контрасты, проблемы, коллизии, которые мучительно переживались поэтом. Лирика и лиро-эпика – это не разные миры, а единый, целостный, поэтический мир. Такова истина. И если уж нельзя обойтись без «измов», то можно сказать: Георгий Малиев был основоположником осетинского поэтического трагизма в Советскую эпоху...»

«Он был диссидентом, эмигрантом в своей стране, в своей Осетии».

"Ирæф", №3, 2001



СКЪОДТАТИ Эльбрус

УÆЛАРВОН ПОЭЗИ

Царди медæгæ æносонæй цидæр ес, еци æрдзи фæззиндтитæ, кенæдта ести устур гъудтæгтæ, зæнхитæ, дзаумæуттæ зæронд нæ кæнунцæ, фал федæни рæстæги тарфмæ куд арфдæр хезунцæ, уотæ никки бундорондæр, никки тухуастдæр ниффедар унцæ æнæкæрон дуйнеййи сконди. Арви хорæн е ’рттивд, æ тафс нæ минæг кæнуй; æхсæви уорсцæсгон кизгæ – мæйи тунти рохсæн исæфунвæткæ, цæугæдæнттæ, денгизтæ, устур фордти дæнттæн ба – исусæн нæййес; Мадæ-Зæнхæ ци «гали сиуæбæл лæууй», уомæй нæ фæккеудзæнæй...

Æцæг поэтæн дæр уоййау æ поэзи æносон æй, цалинмæ ма еци æвзагбæл дзорæг уа, уæдмæ.

Уæхæн æй дигорон литератури бундорæвæрæг – Малити Геуæргий поэзи – хорау æрттевуй æма тафс дæдтуй, мæйау уадзуй рохс тунтæ нæ уодти, денгиз æма фордау ин – исусæн, зæнхи къорейау ба е ’носон æрвон над – орбитæй фæккеуæн нæййес.

Геуæргий литературон фæззинд æй æнахури дессаг, нæуæг хабар нæ адæми царди уаги: æнæкæрон æма æведуйгæ, – математикон терминæй ку испайда кæнай, уæдта – «æнæйййевгæ асæ» (постоянная величина).

Малий фурти игурæн бонæй нурмæ рацудæй 115 анзи, фал адæймагмæ ба уæхæн æнкъарæнтæ, гъудитæ исæвзуруй, цума е берæ раздæр райгурдæй; сауæнгæ дигорон адæм ку рантæстæнцæ дуйнемæ, уæд. Уотæ æцæг, уотæ бундорон æй е ’взаг, уотæ сугъдæг æма æхсæст æй æ алли дзурди ’здæх, уотæ «бунтæй ласгæ» кæдзос дигорон зæрдихатт ес е ’нæмæлгæ уадзевзити.

Геуæргий цард æма сфæлдистади тухæн æрцудæй дзубандитæ. Фал етæ æнцæ, театри æмбæрзæн исесæгау, спектаклæн æхе нæ бавдесгæй. Берæ фарстатæбæл дзуапп нæма ратгæй, искъахтонцæ, исæвзурун кодтонцæ никки фулдæр æма никки зиндæр нæуæг фарстатæ. Малий-фурти бæрзонд поэзий сосæгдзийнæдтæ махæн нæма бантæстæй хумæтæг кæсæгæн раргом кæнун, уомæн, æма сæ нæхуæдæг дæр æнхæст нæ лæдæрæн. Фал Диоген Синопскийййи загъдау, хуарз гъуддаг кæнунбæл ке архайæн, е æхуæдæг дæр философи æй æма еу бони сæри исбæрæг уодзæнæй нæ еци архайд.

Уогæ, ка ’й зонуй, æма Геуæргий æрвон поэзий римæхст æнкъарæнтæ хумæтæг кæсæг литературон критиктæй хуæздæр лæдæруй, арфдæр сæ есуй æ зæрди бунмæ. Е æй устур поэти тæккæ ахсгиагдæр минеуæг – адæми уод си ку байзайа, цæй тухæй ин уотæ зинаргъ æй, уой нæ лæдæргæй, цъундæй æй ку уина, къуруйæй æй ку игъоса... Уæхæн хуарзæнхæ ба, куд зонæн, уотемæй фæууй бæрæг ефстаг, æвзурст лæгтæмæ зæнхи цъарæбæл. Гъе, уотæ ’й уарзунцæ, уæхæн устур аргъ ин кæнунцæ кæсгутæ.

Малити Геуæрги, зундгонддæр шотландиаг поэт Роберт Бернси хузæн, æнæуаг берæ уарзта æрдзæ æма адæймаги, уонæй ин ратонæн н’ адтæй. Поэт æ цард æрдзæй райста æма ’й адæймаги тухæн равардта. Æ цард равардта, фал мæлгæ ба нæ ракодта! Райгурдæй, æма нæбал рамардæй! Уомæй устурдæр нисан, уомæй дессагдæр карнæ ма поэтæн куд уа?!.

Абони арæх æрхæссунцæ дæнцæн дуйней зундгонд ахургонд Абайти Васой дзурдтæ Малити Геуæргий тухæн. Етæ раст æма аййев æнцæ. Фал си Геуæргий сфæлдистадæн аргъ искæнунмæ ци хауй, уоми ба æнхæст фагæ нæ ’нцæ, Васо нин æрмæстдæр уой поэзий сосæг дуйнемæ дуар байгон кодта, медæмæ нæ фæццæйхудта. Уоци царциати бæстæмæ бацæун æй æнæфсæрст тар гъæдæмæ бацæуни хузæн – зин æма тæмæссаг.

Дигори коми ес устур дессаги бунат – Дигори Изæди Ковæндонæ (Дигори Изæди Лæгæт). Æ рауæн æй хонхи фахсбæл бæрзонди. Цæуй имæ къæдзал-мудзул къахнад, кæрз хæрдтæ ’ма урдгути хæццæ, къæйтæ æма хурдортæй къæпхæнгæндтитæ. Будуйраг лæг имæ зинтæй, тухамæлттæй исцæуй, фал си алли анз дæр Дигори Изæдæн кувд киндæуй, æма, дан, имæ нивонди косæрттаг æхуæдæг, уайгæй, æнцонæй исмедæг уй.

Мах си сæрдигон тæвдæ бони адтан. Кæрдæг хормæ ниссугъдæй, уæхæн æнхъуæт рæстæг хаста. Лæгæти къæсæрæй куддæр бахизтан, уотæ мæ бауæр æма уодбæл бавзурстон цидæр æнахури дессаг, зин балæдæрæн æхцæуæндзийнадæ. Изæддон бунати сатæг æма ирдгæй лæг иуонграæуæг кодта. Лæгæти астæу рæхисбæл – агæ ауигъд. Уоми еуварсгомау, нивонди косæрттæгти хъурбæлдаргæ къæбæлтæ кæбæл æрауиндзунцæ фæсæвгарст, уæхæн бæласæ. Зæнхæбæл сæдæгай, ка 'й зонуй ба – мингай æнзтæ кæбæл цæуй, уæхæн доммæйттæ, сæгтæ æма æндæр цæрæгойти сæрти кæхцитæ, – еугуртад, кенæ æрдæгтад ка никкодта рæстæги дæргъи, уæхæн сиутæ 'ма æстгутæ. Сæрæй тæрхгутæбæл дæр – сæгтæ æма æндæр сирдти сиукъатæ.

Æндаг лæгæтæй ба медæгмæ ес устур бацæуæн – гъоргъæ къæдзæхи арфмæ, цæрæгойти стæгдартæ калд кæми 'нцæ, раст уобæлти. Æрмæст имæ, нæ фиддæлти фæдзæхстмæ гæсгæ, бацæун не 'нгъезуй. Еци æнæфинст уагæвæрд, зæгъуй, еу балцигæнæг фехалдта, бахизтæй медæггаг лæгæтмæ, æма фæстæмæ ба, фæгъгъæла æй, уотемæй, дан, ралигъдæй. Хуцау æ зонæг, ци си фæууидта?! Табу уæд Дигори Изæдæн, агъазгæнæг уæд, кæд рæдуйæн, уæд нин ниххатир кæнæд.

Цæмæн рахизтæн дзубандий сæрæй æма уотæ идæрдтæбæл цæмæн дзорун? Малити Геуæргий уæларвон поэзи дигорон дзурдуарзæгæн, æвæдзи, æй еци ковæндонæмæ бацæуни хузи, изæддон бунати рæстæг рарветуни хузи: уацирохс æма фарни рохсæй фæххайгин унмæ.

Фал «медæггаг, арфдæр лæгæти» хурфæмæ ба некема бахизтæй, еци поэзи кæми æма кутемæй райгурдæй, уой неке зонуй, уæдта уой къахун гъæугæ дæр неке кæнуй. Е æй Хуцауи сæрмагонд лæвар еунæг, хецæн лæгæн. Еци Хуцауи лæвар ци æй æма куд æй, уобæл фæрсун не 'мбæлуй, поэт æй ниууагъта махæн – хумæтæг адæмæн, æма 'йбæл кæнæн æгæрон цийнæ.

Æносон æй Малити Геуæргий аййев исфæлдистади цæхæрти рохс æрвон æстъалути хузæн...

"Ираæф", №3, 2001

ХИДИРТИ Рамазан

«КÆД УÆХÆН КИУНУГÆ ÆЙ, НЕЗТÆ КА ДЗÆБÆХ КÆНУЙ...»

Мæ зæрди ци гъуддаг байзадæй мæ минкъийи бонтæй ардæмæ, уой фæдбæл мæ фæндуй цалдæр загъди кæнун.

Е адтæй устур тугъди размæ. Еци рæстæги æз ахур кодтон скъолай райдайæн кълæсти. Куд ахур кодтон, уобæл берæ нæ дзордзæнæн, фал мæ маддæлон æвзаг ба минкъийиæй ардæмæ дæр берæ уарзтон. Берæ кастæн дигоронау финст киунугутæ.

Дигорон киунугутæбæл уотæ æхцул ке адтæн, уомæ гæсгæ мæбæл мæ фиди æнсувæри фурт Хидирти Сулейман уæлдай æхцулдæр адтæй. Е, скъоладзау уогæй, ахур кодта 10-аг къласи. Айдагъ Лескен нæ, фал нæ районти гъæути дæр зундгонд адтæй, куд æвзонг поэт, финсæг, уотæ.

Сулейман нæмæ ку æрбацæуидæ, уæд ма бафæрсидæ, циуавæр киунугутæ бакастæн, кæци мæмæ фæккастæй хуæздæр æма цæмæ, зæгъгæ.

Уонæмæ ахид уогæй, æз бафеппайдтон уой, æма Сулейман алкæддæр кæнидæ финсгæ. Еухатт мах, биццеутæ, гъазтан уони тургъи 'ма ахид бауайианæ, Сулейман ци хæдзари финста, уордæмæ. Æвæдзи æй мах хъор кодтан. 'Ма мин загъта: «Æмдзæвгити киунугæ дин ку радтон, уæд ма рауабауа кæндзинайтæ?» Æз ин загътон: «Нæбал!» Е фестадæй æма иннæ хæдзарæй рахаста еу киунугæ. Еци киунугæ мæмæ фæцæй еу къуар бони. Адтæй Багъæрати Созури киунугæ «Зæрди дуар». Мæ зæрдæмæ хъæбæр бацудæнцæ Созури финст æмдзæвгитæ.

Сулейманæн æ киунугæ фæстæмæ ку лæвардтон, уæд мæ бафарста: «Дæ зæрдæмæ Созури финст æмдзæвгитæ бацудæнцæ?» Æз ин исдзуапп кодтон, хъæбæр, зæгъгæ. Сулейман сагъæси каст никкодта, уæдта мæмæ исдзурдта: «Æз дин

ратдзæнæн æндæр дигорон æмдзæвгити киунугæ ’ма ’й бакæсæ». Сулейман мæмæ иннæ хæдзарæй рахаста киунугæ. Еци киунугæ адтæй Малити Геуæргий æмдзæвгити æмбурдгонд «Ираф».

Æз Малити Геуæргий киунугæ «Ираф» кæсун ку райдæдтон, уæд мæ нецибал гъудæй хуæздæр. Хуæрунмæ мæ ку байагориуонцæ, уæд уордæмæ дæр, æнæ къуар хатти мæмæ радзоргæй, нæбал цудтæн. Мадта æхсæвæ æнафонæмæ бадгæй дæр Малити Геуæргий æмдзæвгитæ кæсгæй байзаинæ. Уотæ арф хизтæнцæ мæ зæрдæмæ.

Киунугæ æз фæстæмæ равардтон Сулейманмæ. Е мæ бафарста: «Дæ зæрдæмæ бацудæнцæ Геуæргий æмдзæвгитæ?» Æз ма ’й хъæбæр хуарз гъуди кæнун, куд ин загътон, уой: «Сулейман, æвæдзи, æгас дуйнейи киунугутæ ку райсай, уæд уони æхсæн хуæздæр киунугæ æй Геуæргий киунугæ «Ираф».

Цудæй рæстæг, бæнттæ, мæйтæ, анзтæ, 1941 анзи немуцаг фашистон æфсæдтæ ку æрбалæбурдтонцæ, уæд Хидирти Сулейман дæр рандæ ’й æ райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ. 1942 анзи Ростови горæти бунмæ устур тугъди æ цард равардта Фидибæсти сæрвæлтау.

Берæ хæттити мæ зæрди æрæфтуидæ, Сулейман мæмæ кæддæр ци киунугæ «Ираф» равардта, е, фал æй иссерун ба мæ бон нецихузи адтæй, кæд ибæл алкедæр фæрсинæ, уæддæр. Аци киунугæ «Ираф» тухæй мæ фæндуй æрхæссун уæхæн цау – дæнцæ.

Еу кæми адтæй, уоми хъæбæр фæссæйгæ дæн æз. Мади зæрдæ æ хъæболæн тæнæг æй. Мæн мæ мадæ, Зурмæхан, бафæрсидæ: «Ци дæ гъæуй биццеу, ци дæ зæрдæ хъæбæрдæр зæгъуй?» Æз берæ рæстæг неци исдзоринæ, фал, еу хатт кæми адтæй, уоми ба мæ мадæ мæ рæбун æхе æруагъта æма мин загъта: «Аци хатт дæ нæбал ниууадздзæнæн, ци дæ гъæуй æма ми ци агорис, уой мин цалинмæ зæгъай, уæдмæ!»

Æз балæдæрун кодтон мæ хъазар мадæн, æмдзæвгити киунугæ «Ираф» ке агорун, уой. Уæд ахур кодтон 9-аг къласи.

«Еци киунугæ мин ку иссерай, ’ма уой ку бакæсон, – дзурдтон изолдæр мæ мадæн, – уæд дин дзурд дæдтун, ке радзæбæх уодзæнæн, мæ сайги хуссæнæй ке фестдзæнæн æма мæ къæхтæбæл ке рацæудзæнæн, уой тухæн!».

Мæ мадæ мæмæ никкастæй, уæдта мин загъта: «Биццеу,

кæд уæхæн киунугæ ’й, незтæ ка дзæбæх кæнуй, уæд æй ергæ ба искæндзинан».

Мæ зæрдæ рахъурмæ ’й мæ цæститæ дони разилдтон æма мæ хуссæни фарсæрдæмæ мæхе базилдтон. Ести исдзорун мин нæбал бантæстæй.

Цудæй рæстæг, æз æрдзæбæх дæн. Мæ мадæ, æ зæрди мæн дзурдтæ ниввæргæй, бафæрсидæ фæсевæди. Еу кæми адтæй, уоми мин загъта: «Биццеу, еци киунугæ дин æз иссирдтон!» Æз еци дзурдтæ ку фегъустон, уæд мæбæл мæ фур дессагæй мæ сæр разилдæй, мæ цæститæ ратар æнцæ, æма, кæми адтæн, уой феронх дæн. Æхсæвæ мæбæл хуссæг нæбал ниццæфстæй.

Иннæ бон махмæ æрбацудæй мæ мади курдиадæмæ гæсгæ нæ хæстæгути лæхъуæн Сагети Рамазан. Е еци рæстæги куста Лескени скъолай ахургæнæгæй. Кæрæдзебæл бацийнитæ кодтан, уæдта еу рæстæги фæсте ба мæ бафарста, кæцæй зонис Малити Геуæргий æмдзæвгити киунугæ «Ираф», зæгъгæ. Æз ин лæмбунæг æрдзурдтон, Сулейман мæмæ ’й куд равардта æма ’й куд бакастæн, уой, æма мæ зæрди бунæй куд нæ цох кæнуй, уой.

Еу рæстæги фæсте мин Рамазан загъта: «Еци киунугæ дин æз ратдзæнæн, дæ мадæ Зурмæхан ми хъæбæр ке ракурдта, уомæ гæсгæ, æрмæст зонæ уой, æма аци хæдзарæй ин æндæмæ хæссæн нæйиес, æвдесун æй некæмæ æнгъезуй. Кæд мин федар дзурд дæдтис уобæл, уæд киунугæ уодзæнæй дæумæ».

Æз ин федар дзурд ратгæй, е мæнмæ гæгъæдий лæмбунæг тугъдæй равардта киунугæ æма мин загъта: «Уодзæй дæмæ дууæ бони, æртиккаг бон киунугæ мæхемæ куд уа, уотæ». Æз ма ин ци загътайнæ.

Рамазан сæхемæ ку рандæ ’й, уæд æз дзæхæрамæ мæхе райстон æма киунугæ зудæ каст кæнун райдæдтон.

Кастæн, фал мин цидæр ба нæ фагæ кодта. Зудтон уой, æма киунугæ цубур рæстæгмæ фæстæмæ дæдтун ке гъæудзæнæй. Уæдмæ мæ кæстæр æнсувæр Ехйа фæззиндтæй. Æз ин лæмбунæг ку рахабар кодтон, Рамазан мин Малити Геуæргий киунугæ «Ираф» куд равардта дууæ бони æнгъудæй, уой, уæд хъæбæр ниддес æй.

Дууемæй дæр катаййи бацудан, дууæ бони минкъий рæстæг æй, зæгъгæ. ’Ма уæдта æрцудан уæхæн гъудимæ:

«Дууæ бони хусгæ дæр нæ никкæндзинан æма ’й къохæй ниффинсдзинан». Гæгъæди дæр н’ адтæй фæндон, уотемæй æй райдæдтан финсун. Нæ еу финста, иннæ ба имæ дзурдта. Нæ еу ку бауæгæ уидæ, – иннæ райдаидæ финсун. Раст зæгъгæй, дууæ бони æнгъудæй лæвæрд адтæй, фал æртиккаг бон ма мах евгед байзадæй, æма ’й финст фæцан.

Мах киунугæ къохæй ке ниффинстан, уой Рамазанæн зæгъун нæ бандиудтан, уомæн, æма аци киунугæ æхгæд адтæй, æ ниффинсæг Малий-фурт ахæст ке адтæй, уомæ гæсгæ. Еци бонæй фæстæмæ нæ къохфинст киунугæ «Ираæф» æхсæвæ дæр уидæ мæ ниварзæн. Алли бон дæр кастæн, рæстæг мин ку уидæ, уæд. Нæ къохфинстæй ма ’й исфинстонцæ Тахъазти Харум æма Æгъузарти Агубе, уæдта æндæртæ.

Раст зæгъгæй, Ехйай хæццæ уотæ бауарзтан Геуæргий финст æмдзæвгитæ ’ма кадæнгитæ, ’ма сæ кæд найзуст нæ ахур кодтан, уæддæр зæрдæмæ уотæ цудæнцæ, нæ зæрдити уотæ нихкизтæнцæ, ’ма сæ райдайæнæй кæронмæ æз дæр, Ехйа дæр нигъгъуди кодтан.

Лескени астæуккаг съола каст фæдтæн. Нальчиги пединститут дæр уотæ. Службæмæ дæр мæ ракодтонцæ. Ме службæ цудæй горæт Ужгороди, Закарпатий облæсти. Службæмæ ку цудтæн, уæд мæ хæццæ мæ райгурæн гъæуæй, мæ хæдзарæй устур мулкæн райстон Малити Геуæргий киунугæ, Ехйай хæццæ нæ къохтæй ке исфинстан, еци киунугæ «Ираæф».

Мæ хæццæ службæ кодта авд дигорони ’ма уонæн ахид кæсинæ Геуæргий финст æмдзæвгитæ. Сæ зæрдæмæ цудæнцæ ’ма мин хъæбæр арфæ кæниуонцæ.

Ме службæ бакæнгæй, мæ райгурæн гъæумæ фæстæмæ исæздахтæн. Мæ хæццæ фæстæмæ исластон мæ хъазар киунугæ «Ираæф». Куд иннæ куститæ, уотæ мин берæ æнзти косгæ рауадæй партий райкоми пропаганди хайади. Ахид мин рауаидæ лекцитæ, беседитæ кæнгæ гъæути, колхозти æма совхозти будурти, фермити æма хонхи гъæути цæргутæн. Ираæфи райони культури хайади сæргъи еци рæстæги куста Баликъоти Сафарбий. Е, æ куст берæ уарзгæй, нæ республики раззагдæр районти хæццæ æ гъуддаг хъазауатонæй, сæрбæрзондæй хаста.

Еу кæми адтæй, уоми Чиколай культури хайади кафгутæ æма заргути хæццæ мæнæн дæр цæугæ рауадæй лекторæй

Хъæзлари будуртæмæ. Уоми нæ республики фонси куст ка кодта, уонæн концерттæ лæвардтан æма дзубандитæ кодтан сæ хæццæ. Мæ дзубандий фæсте концерт ку райдаидæ, уæд иннети хæццæ æз дæр ма бакæсинæ Геуæргий финститæй æскъуддзæгтæ.

Еу хатт ку адтæй, уæд еу уотармæ бацудан. Хъæбæр нæбæл ниццийнæ ’нцæ фонсикустгæнгутæ. Изæрæй сæ фонс ку бафснайдтонцæ, уæдта æрæмбурд æнцæ æма син кусти тухæн æрдзубандитæ кодтон, уæдта райдæдта нæ концерт. Æз ку рацудтæн, уæд, куд иннæ хæттити, уотæ ’й райдæдтон дзорун Малити Геуæргий поэмæ «Темур-Алсахъ» – зæрдæй.

Æз кастæн игъосгутæмæ ’ма лæдæрдтæн, хъæбæр лæмбунæг мæмæ ке игъустонцæ, уой. Æвæдзи, æмбеси уæнгæ фæдтæн дзурд поэмæ, уотæ кæсун, æма еу рацæргæ лæг æ къохмæрзæнæй æ цæстисугтæ расæрфидæ. Мæнæн фиццаг куддæр фæззин æй, мæхе кеми нæбал адтæн, фал уæдта мæхебæл фæххуæстæн ’ма поэмæ «Темур-Алсахъ» изолдæр кастæн. Дзурд ку фæдтæн, уæд е ’ндæргъцæ фестадæй еци лæг, æррæстæ æрбацудæй мæнмæ, æ хъури мæ никкодта, æхуæдæг ба хъæбæрдæрæй-хъæбæрдæр хъурмæ кæнуй, уотемæй мин загъта: «Адæми сæр исуо, Геуæргий поэмæ уотæ рæсугъд ка бакастæй. Ду кастæ махæн «Темур-Алсахъ», æз ба, цума дæ фарсмæ лæудтæй ме ’нсувæр Геуæрги, уотæ мæмæ кастæй, æма мæ зæрдæ хъæбæр исхъурмæ ’й».

Æз уоми куд базудтон, уотемæй еци уотар адтæй Сурх-Дигори колхози и лæг ба адтæй Малитæй. Уæдæй ардæмæ берæ æнзтæ рацудæй ’ма, гъулæггагæн, еци лæгæн æ ном куд хундтæй, уой ба нæбал гъуди кæнун.

"Ираæф", № 1, 2007

ИМИСУЙНÆГТÆ МАЛИТИ ГЕУÆРГИЙ ТУХХÆН

Золойти Генардухъ (Сурх-Дигорæ):

– Геуæргий базудтон, скъоламæ цæунгъон ку фæдтæн, уæд. Ахур кæнунмæ цудтæн Гулæрæй Дзинагъамæ, æртæ анземæ фæдтæн æртæ къласи, идарддæр мин ахур кæнуни равгæ нæбал фæцæй, нæ цæрæн бунат Гулæрæй раййивтан будурмæ, Сурх-Дигори гъæумæ, мæнбæл цудæй уæд финддæс анзи.

Геуæрги дессаги лæг адтæй, уæхæн хуарз лæг æз некæдма фæууидтон, уотæ зæгъун мæ бон æй, уобæл берæ дзоруйнæгтæ ес. Ахур имæ ку кодтон, уæд мин ци амудта, уони хъæбæр хуарз зудтон, е ’мдзæвгитæй дæр ин берæ зудтон, фал мæ скълероз ниццавта, хъæбæр ислæгъуз дæн æма си мæ бон радзорун нецибал æй. Хуцауæй дин ард хуæрун, Геуæргий хузæн дессаг лæг Цæгат Иристони, нæ республики некæд фæууидтон. Лæги, цалинмæ исахур кæнидæ, уæдмæ ’й нæ ниууадзидæ, мæнæ неци лæдæруй æма ’й ратæрон, зæгъгæ, уæхæн лæг н’ адтæй.

Ахуради æгъдаубæл карз адтæй, уатмæ (къласмæ) ку бацудайсæ, уæд си биндзи гъæр дæр нæ цудæй, цума си неке бадтæй, уотæ сабур бадиуонцæ ахурдзаутæ, дæ сæр дæр уæлæмæ не ’схъел кодтайсæ. Э!.. Мæнæ нур скъолай ахургæнæгмæ сувæллæнттæ фæстæмæ куд исдзорунцæ, уотæ гæнæн н’ адтæй, Хуцауæй дин ард хуæрун, фудуаг ку ракодтайсæ, уæд дин дæ гъоси æрдæг истудтайдæ, зæгъидæ: «Æз ци зæгъун, уой кæнæ». Æ лæгигъæдæ, карздзинадæ ин зудтон æма мæхе сабур дардтон. Геуæрги адтæй лæгигъæдгун, æгъдаугин, зундгин, культурон, федар лæг, лæгъуз дзурд си некæд фегъустон, куд ахургæнæг – дессаги зундамонæг.

Геуæргий къохæй ахуради фæндагбæл ка рацудæй, уонæй беретæ дессаги адæм иссæнцæ: устур ахургæндтæ, номдзуд кадгин лæгтæ. Ка имæ ахур кодта, етæ уотæ берæ æнцæ æма син кæрон дæр нæййес. Мæ хæццæ ахур кодта Гацолати Гæлæу, адæм æй зонунцæ Викторæй (инæлар – лейтенант), ахур кæнунмæ цудæй Нæуæггъæуæй. Устур Дигорæй (Хизалатæй) – цудæнцæ Гобети Батæрбег æма Догке, Къуссуйæй – Къесати Паца æма æндæртæ. Æхсæнади, ахуради, партион кусти си кæмæн ци уæлахездзинæдтæ бантæстæй, уой хестæр фæлтæртæ хуарз зонунцæ.

– Уæхæн дзаман адтæй æма нæмæ лæгдæртæ ка ’дтæй, уони фесафтонцæ. Æмбал кæмæн нæййес, еци еунæг Хуцау, мæ кæнæг, мæ дарæг, Геуæргибæл гадзирахаттæй ка рацудæй, ци нæ бакодта, уоци гъуддæгтæ ибæл ка æримиста æма фæффинста, ке бæлахæй фесавдæй, уони фесафæд. Геуæргимæ куд ахур кодтон, уæдта ке хæццæ ахур кодтон, уони абони дæр дзæбæх гъуди кæнун, неци ми æй иронхи бунати. Фидибæсти устур тугъди рæстæги мин Геуæргий рохс ном нифс лæвардта, мæ уодбæл хуæцæг адтæй, цалинмæ цæрон, уæдмæ ’й æз нæ феронх уодзæнæн.

"Ирæф", №3, 2006

Малити Деко (Мосгæ, æ дзурдтæ ин имисуй æ фурт Есен):

– Геуæргий хæццæ лимæн цард кодтан.

Уосæ ку курдта, уæд æмбалæн æ хæццæ минæвар æз цæуинæ Мосгæй Дзинагъамæ. Еу бон цудан Хъабани игуæрдæни къахнадбæл, Геуæрги алли ’рдæмæ гъæуæйттæ кодта, кастæй дортæмæ, бæлæстæмæ, æрдозтæмæ, æхсæри къотæртæмæ, игуæрдæни фæзæмæ, уотемæй кæсгæ-кæсгæй, фæстегæй къахнадбæл байзаидæ. Фæстæмæ ’ймæ ракæсæ-бакæсæ кодтон, æ цуд ку нæ тагъддæр кодта, уæдта ’ймæ дзорун: «Гъæйдæ, тагъддæр рацо, мах цалинмæ уотæ сабургай цæуæн, уæдмæ бон фæууодзæнæй, байрæги кæндзинан, æрталингæ уодзæнæй æма ходуйнаг æй. Мах бæсти Зæрæдай корунмæ минæвар æндæр еске ку бацæуа, уомæй дæр нæ тæрси, кенæ ба ’й еске ку раскъæфа, уæд ци кæндзинан?» Геуæрги уотæ дзоруй: «Ей, ме ’рвадæ Деко, аци дорти, къотæрти, æрдозти берæ сосæгдзинæдтæ нимæхст ес æма сæ раргом, исдзорун кæнун гъæуй». Еци загъд мæ деси бафтудта, ци ма загътайнæ, мæ сæр батилдтон, мæ меднимæр загътон: нур а дессаги лæг нæй?

– Зæрæда Геуæргимæ киндзи ку цудæй, уæд ин æз адтæн

къохбæлхуæцæг, æнсувæреуæг ин кодтон, – загъта Деко.

Малити Есен:

1

Нæ хуми зæнхи хай адтæй Алаурдий ковæндони рази, хури цæндæбæл ирæзуй устур гъæддон кæрдту бæласæ, хонунцæ ’й Алаурдий бæласæ, кæдæй нурмæ уотæ хуннуй, е бæрæг нæй. Уалдзæг æрцудæй, Мосги цæргутæ хумæ кодтонцæ сæ зæнхи хæйттæ. Рæфтад кæнуни рæстæг ку æрхъæрттæй, уæд сæ галтæ бауорæдтонцæ ауæдзити рæнгъитæбæл дзубуртæбæл ефтигъдæй.

Малити Мухел, Тæкъа, Алий æрбацудæнцæ Декой размæ, Алаурдий бæласи рæбун, дзæбæх сатæг рауæн зæлдæбæл исбадтæнцæ, æгъдау куд фæууй, уотæ фингæ исаразтонцæ: æрæвардтонцæ æхцинтæ, бæгæни, къумæл, арахъ, фиди хунтæ, цæнхæ. Раковиуонцæ, ниуазгæ, хуæргæ дæр ракæниионцæ фингæбæл ци адтæй, уомæй. Еци рæстæги хумтæбæл æрбацудæнцæ биццеути къуар хæкъæдзитæ едзгæй, хестæрти размæ ку æрбахъæрттæнцæ, уæд си ниввардтонцæ уони рази дæр. Деко хæкъæдзитæ ку фæууидта, уæд æримиста Геуæргий, райдæдта дзорун:

– Хумæ кæнуни рæстæги, мæнæ ами уолæфтæн, мæ галтæ Алаурдий бæласи æндаг фарс ауæдзи лæудтæнцæ ефтигъдæй. Уолæфуни рæстæги мæ каст фæцæй Мосги гъæуи ’рдæмæ, фæууидтон Геуæргий, раст мæнмæ æрбацудæй, фестадтæн, кæрæдзебæл цийнæ кодтан, уæдта ин загътон, – мæ рази исбадæ, бауолæфæ, хуæргæ, ниуазгæ дæр ести бакæнæ. Геуæрги загъта: «Хуæрун мæмæ нæ цæуй, фал къумæл ба баниуаздзæнæн». Баниуазта, уæдта дзоруй:

– Уæртæ рахумæ кæнон, уæдта æрбацæудзæнæн, бауолæфдзæнæн дæ хæццæ.

Алаурдий бæласи æндаг фарсмæ бацудæй, дзубурæн дзæбæх æ хуæцæнбæл фæххуæстæй, галтæмæ фæдздзурдта, бахумæ кодта рæбунтæ ’рдæмæ, фæстæмæ сæ раздахта, æрбахумæ кодта, æртигкаг ауæдзи дзубур ку рафедар æй зæнхи, уæд галтæ бауорæдта, зæнхи сау къубæрттæ фелваста, расæститæ кодта, уæдта хæкъæдзитæ рамбурд кодта, æрбахаста, мæ размæ сæ ниввардта, раси кæдзос кодта, рахуардта, уæдта дзоруй: «Кæсай, Мосги хумти зæнхи ци хæкъæдзитæ зайуй, уонæй сæ адæ адгиндæр æй. Дзинагъай зæнхи ци зайуй, уони хæццæ рабаргæй, сæ адæмæ гæсгæ хецæн кæнунцæ. Ами зæнхæ хъаурæгиндæр, гъæздугдæр æй, уæдта зæнхæ дæр хуæздæр цæттæ ’й тиллæг байтаунмæ, ами хонсар рауæн ке æй, уомæ гæсгæ гъар æй».

– Геуæрги фиддæлти цæрæн бунат берæ уарзта, – дзурдта Деко. Уолæфуни равгæ ин ку фæууидæ, уæд фæззиннидæ Мосги гъæумæ Дзинагъайæй. Еу сæрдигон бони, кæрдæг дзæбæх ку нæма исирæзтæй, уæд кустон Алаурдий бæласи рази нæ хуми арæнтæбæл, листæг дортæ æмбурд кодтон æма сæ хури цæндæбæл бакалинæ, арæнтæ цæмæй кæдзос адтайонцæ, кæрдæг си хуæздæр æрзадайдæ, уобæл архайдтон, арæнти хуасгæрцитæ æхсастон, æхсаст ку не ’рцæунцæ, уæд кæрдæг цæвæгæй зин кæрдæн фæууй. Бонæй дзæвгарæ ку исцудæй, уæдта Алурдий бæласи размæ сатæг бунати æрбадтæн, мæ фæллад уагътон, уæдта дин кæсун, Мосги гъæуæй Геуæрги æрбацæуй, æ усхъитæбæл цæхгæрмæ æвæрд лæдзæгбæл æ къохтæ æмхузонæй æнцойнæ кодтонцæ, уотемæй. Æ уæле адтæй гæлифе хæлаф, цулухътæ, къуртгæгонд, буйнаг ходæ. Ку æрбацудæй, уæд фестадтæн, кæрæдзей къохтæ райстан, нæ хабæрттæ ракодтан, æрбадтæн, Геуæрги дæр æ лæдзæг зæнхæбæл ниввардта, сбадтæй, æ буйнаг ходæ исиста, æ фæсте æй дорбæл уæлгоммæ æривардта, æхе сабургай фæстæмæ рауагъта уæлгоммæй, æ къохтæ æнцойнæ кодтонцæ ходæбæл, арми тъæпæнтæбæл ба æ сæр æруагъта, уолæфтæй æма кæститæ кодта, æ рæбунтæ ци æрдзи хузтæ адтæй, уонæмæ, уæдта цæмæдæр гæсгæ Алаурдий бæласæмæ æ каст фæцæй æма уотæ дзоруй:

– Деко, кæсай, аци бæласæ ци дессаг æй, ци берæ мингай сифтæ йбæл ес, уæдта си еу сифæ инней хузæн дæр куд нæй. Думгæ сæбæл ку æрбакæнуй, уæд мингай сифтæ фæйнæ хузи ’змæлунцæ, еу сифæ инней хузæн не ’змæлуй, нæ сирсир кæнуй, нæ заруй. Еу сифæ æрковуй, иннæ фæрсæрдæмæ æхе рахатуй, еу инней ауон æхе римæхсуй. Адæми змæлд дæр уотæ фæйнæ хузи æй. Еу адæймаг инней хузæн нæй. Алли адæймагæн дæр е ’змæлд, гъудитæ æндæр хузи æнцæ, иннети хæццæ рабаргæй: ка æй тухгиндæр, ка – лæмæгъдæр; ка – бухсагæ, ка – нæбухсон; ка – дзорагæ, ка – мадзора; ка – зундгин, ка – зундæй цауддæр.

Геуæргимæ игъосгæй, деси бафтуинæ, зунди сауæдонæ адтæй, – дзурдта Деко.

2

Мæ фидæ Деко мин ци дзурдта, Геуæргий тухχæй, уонæй ма гъуди кæнун уæхæн имисуйнаг. Деко дзурдта:

– Мосгæй Гулæрмæ кæмæндæр киндзæ хонунмæ цудан. Киндзхонтæ се ’гъдауи æхцатæ лæвардтонцæ Геуæргимæ, финста, ка цæйбæрцæ æвардта, уой гæгъæдибæл. Ка имæ куд цудæй, уотæ ’йбæл æмдзæвгæ ракæнидæ. Габети Дзахобæл ци æмдзæвгæ ракодта, уой мин дзурдта Деко, фал æй феронх дæн, æмдзæвги игъæлдзæг, гъазæн дзурдтæй зæнгæтти хабар дæр адтæй.

Декобæл ракодта уæхæн æмдзæвгæ:

Æрбадтæ де ’хцатæ,
Малити Деко,
Гулæрмæ киндзхонтæн
Хестæрæн фæццо.
Цæрдæг мин æркафæ,
Ме ’рвадæ Деко.
Игъæлдзæг нииззарæ,
Дæ сомбæл ма ко.

"Ирæф", №3, 2006

МАЛИТИ ГЕУÆРГИЙ ЦАРДИ СÆЙРАГ ЦАУТÆ

Райгурдæй 1886 анзи 23 октябри (зæронд нимадæй) Киристонгъæуи. Каст фæцæй Мæхчески цуппаранзон дини зилди скъола. 1904 анзи бацудæй Æридони миссионерон уодварни Семинармæ. Исахур си кодта 4 анзи, фал ин аттестат райсун нæ бантæстæй: фæстаг курсæй цохгонд æрцудæй, раззагдæр ахурдзаути хæтдзæ Семинари администраций нихмæ æргом ке дзурдта, паддзахи режими ке фаудта, уой тухχæн.

Куста ахургæнæгæй Владикавкази хецæн хæдзæртти. Цалдæр анзи адтæй газет «Терек»-и корреспондент.

1917 анзи арæзт æрцудæй партии «Кермен». Йæ ЦК-и фиццаг сæрдарæй æвзурст æрцудæй Геуæрги. Октябри революций фæсте куста Терки облæсти инструкторæй зæнхи комитеттæ аразуни гъуддаги. Уой фæсте куста ахургæнæгæй Дзинагъай, Уорсдони, уæдта Мостиздæхи. 1924 анзи Берлини рацудæй æ уруссаг уадзимисти киунугæ «Горские мотивы», 1935 анзи ба æ номдзуд «Ирæф». 1937 анзи ахæст æма хаст æрцудæй ГУЛАГ-мæ. Байзадæй ин цæуæт: 4 кизги æма 2 фурти. Цæуæти хестæр Зæйрат рамардæй 1991 анзи. Уомæй æртæ анзи фæстæдæр рамардæй æ бинойнаг Зæрæда. Фæстæдæр ба æ иннæ кизгæ Тая (Темирати Ефими бийнойнаг). Иннæ бийнонтæ дзæбæх æнæнез æнцæ нуртæккæ. Уонæн дæр ес цæуæт, цæуæти цæуæт.

* * *

«Протокол допроса Малиева Георгия Гадоевича от 8/Х-1937 г.

Вопрос: Покажите о Вашем политическом кредо?

Ответ: В 1917 году я был одним из руководителей партии «Кермен» и одним из авторов программы этой партии. Программа этой партии, по существу, была схожа с программой эсеров. Я, как первый председатель ЦК партии «Кермен», был

на позициях официальной программы этой партии. В знак несогласия с практической деятельностью партии «Кермен» в вопросах деления осетинского крестьянства на социально-антагонистические слои, я ушел из партии «Кермен». Исходя из этих позиций, я был против коллективизации сельского хозяйства, но против колхозов не выступал...

Вопрос: Нам точно известно, что Вы выступали устно и печатно против коллективизации сельского хозяйства. Прекратите запирательство и дайте показания по этому вопросу.

Ответ: Моим произведениям, напечатанным в сборниках и периодической литературе, дают контрреволюционное толкование, но я контрреволюционный характер в них отрицаю... Устно же я против Советской власти никогда не выступал. Записано с моих слов верно, мною прочитано.

Малиев Георгий».

(Лист дела 30)

«Протокол допроса Малиева Георгия Гадоевича от 19 октября 1937 г.

Вопрос: Вы арестованы за проведение организованной контрреволюционной националистической работы в Северной Осетии. Признаете Вы себя виновным в предъявленном Вам обвинении и намерены дать по этому вопросу правдивые показания?

(Обвинение не предъявлялось, хотя в вопросе категорически утверждается проведение организованной контрреволюционной националистической работы...)

Ответ: Виновным себя в предъявленном обвинении не признаю. Никакой контрреволюционной работы я не проводил нигде и никогда.

Вопрос: Нам точно известно, что Вы по своим убждениям являетесь буржуазным националистом и вместе с другими вашими единомышленниками проводили в Северной Осетии широкую организованную контрреволюционную националистическую работу. Прекратите запирательство и дайте подробные правдивые показания об этой вашей контрреволюционной деятельности?

Ответ: Никакой контрреволюционной буржуазно-националистической работы я не проводил и ни о какой организованной контрреволюционной работе мне ничего не известно (л. д. 31).

В моральном поединке со своими палачами Георгий Гадоевич одержал победу. Не оговорил ни себя ни своих друзей. Это был его последний подвиг.

Не сумев подавить волю обвиняемого своими наводящими вопросами, следователь решил продолжить домогаться признательных показаний от Малиева Г. Г. путем постановки вопросов о его встречах со своими знакомыми и содержания бесед с ними, включая в вопросы якобы имеющиеся у следствия сведения о его антисоветских высказываниях.

Характерным в этом плане является постановка вопросов Малиеву о его встречах и разговорах с Корнаевым Кириллом Васильевичем.

«Вопрос: Вы знаете гражданина Корнаева Кирилла Васильевича?

Ответ: Да, знаю его примерно с 1913 года. Взаимоотношений с ним не имел.

Вопрос: С указанным Кириллом вы неоднократно встречались в 1935, 1936 и 1937 годах и вели с ним контрреволюционные разговоры. Покажите об этих встречах и беседах с ним.

Ответ: Встречался с Корнаевым за последние три года один раз... Разговора с ним на политические темы не имел. Других встреч с ним не имел.

Вопрос: Когда Вы имели встречу с Корнаевым Кириллом в г. Орджоникидзе?

Ответ: Это было летом 1937 года на бульваре по Пролетарскому проспекту».

Чувствуя полный провал своих стараний, следователь решается навязать полемику о творчестве обвиняемого.

«Вопрос: Нам известно, что вы с ним встречались и в прошлые годы. В частности, встретились с ним в тот период, когда Вы приехали получить гонорар за издание сборника стихов «Ираф». Покажите об этой встрече и содержании разговоров с ним при этой встрече.

Ответ: Такой встречи с ним я не помню... Разговор с Корнаевым относительно содержания стихотворения «Сказание о нартах», опубликованного в газете «Пролетарий Осетии» в 1935 году, я действительно имел. Разговор этот происходил

при встрече с ним летом 1937 года в городе Орджоникидзе. Разговорились относительно того, что меня якобы обвиняют в протаскивании контрреволюционного содержания в своих произведениях. Во время разговора Корнаев и другие, сидевшие со мной, спрашивали меня о том, какой скрытый смысл вложен в это стихотворение. Я ответил, что это народное сказание и говорится там о непобедимости труда...

Вопрос: Вы показываете неправду. Нам точно известно, что в разговорах с Корнаевым, с которым Вы неоднократно встречались, а также с другими лицами, Вы систематически вели контрреволюционную пропаганду. Говорили, что крестьяне при крепостном праве жили лучше, чем сейчас в колхозах, что советская власть недолговечна, что крестьяне в свое время восстанут против советской власти, из недр крестьянства выдвинутся свои руководители борьбы против советской власти, и вели операцию за борьбу против советской власти. Прекратите запирательство и дайте правдивые показания о Вашей контрреволюционной деятельности в Северной Осетии.

Ответ: Я отрицаю проведение мною контрреволюционной работы в какой бы то ни было форме.

Записано с моих слов верно, мне прочитано. Малиев Г.» (листы дела 31-33).

Аци æрмæг ист æй Туаллæгти Æхсари киунугæй «ПРИГОВОРЕННЫЕ К БЕССМЕРТИЮ»



КИУНУГÆ «ИРÆФ» ÆМА «ГОРСКИЕ МОТИВЫ»-ÆЙ

МАЛИТИ Геуæрги

ЗАР

Мæ синхон кизгæн æ зæрдæ
Ку зонинæ, ку, бæлвурд, –
Уæд зæгъинæ ин цидæртæ,
Уæд зæгъинæ ин еу дзурд...

Фæццæуидæ минæвари
Гъур-гъургæнгæ нæ тикис, –
Æрхæссидæ мин лæвари
Æрхи агæ æд рæхис.

Десæ-месæ уæд сор-серæ
Исфицинæ аги дзаг, –
Бахуæринæ уотæ берæ
’Ма фæууинæ кæуйнаг...

1909
Кристонгъæу

ГУРУСХÆ

Нæ, нæма ’ууæндун нерæнгæ,
Нæй, мæ зæрдæ нæй æнгъæл,
Æвеппайди гиризгæнгæ
Ду сиййевдзи уай мæнбæл.
Æримисæ устур десæн,
Хебæраги, цид, æнцад

Ци дзурдтонцæ кæрæдземæн
Нæ цæститæ хаттæй-хатт...
Фал æ зæрдæ уотæ ’нцонæй
Кæд сиййевуй силæстæг,
Уо, ме ’нгарæ, æдемонæй
Уарзт ма хонæ уæд сугъдæг.
Уалæ стъалутæ зæгъунцæ,
Уарзт мед адæм мæнгæ ке ’й, –
Фудæнæнги ке гæлдзунцæ
Дууæ зæрди кæрæдзей...

ЦЪИФÆ РÆСТÆГИ

Цъифæ бони æппун неци
Æз мæхемæ æркæсун,
’Ма нæ фендеун мæ деси
Уалæ арвмæ искæсун.

Мæ кæрдзин æма мæ цæнхæ
Æз феууелун уæд зиндæр, –
Фæккæсуй мæмæ нæ зæнхæ
Мисти къахæй ниллæгдæр.

Нæлтæ, силтæ, уо мæгуртæ,
Над нæмунцæ золкъитау...
Йехх, ку уайдæ мæ базуртæ, –
Фæттæхинæ цæргæсау.

ГОБИ

Цæмæн фæдтæн æз фур гоби, –
Ко дæ цирти, уо, мæ мадæ!
Цæмæн дæн, цума, мæ доги
Æз ме ’нгарти ’хсæн æгадæ?..
Мæ кавди радæ мед гъаздæ
Цæмæн байзайуй иронхи,
Нæ зингæ лæгтæн – гъæйт-мардзæ –

Цæмæн нæ цæун сæ тонхи?..
Цæмæн фаунцæ æноси
Мæн гобий номæй фæсевæд?
Кай ме ’рвадæ мæ фалдзоси,
Кæмæн гъарон мæ тæрегъæд!..
Ку нæййес мæнæн фæндæндтæ,
Хæрсæнау косун хæдзари,
Мæ зин сагъæстæ, мæ сæнттæ
Некæд ракæнун мæ зари...

ФЕДОГ

Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,
Рохсмæ цæуетæ æнгом,
Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,
Скæнтæ муггагмæ стур ном.
Арвмæ мæсуг амайетæ,
Хормæ скæнетæ фæндаг,
Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,
Догъи ма уотæ фæстаг!
Тари цæфсæд сæребарæ,
Мегъи сорæд æ тунтæй,
Цард мабал уæд гъезæмарæ,
Зæнхæ райзол уæд рунтæй.
Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,
Рохсмæ цæуетæ æнгом,
Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,
Скæнтæ муггагмæ стур ном.

ÆЛХУЙНÆ

Ци кæнуй, цума, ме ’лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл уайунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

Нæ уæлиндзæбæл æзинæ
Æз сундакъæ æлвистон,
Мæхенимæр нидæн заргæ
Æз цидæртæ имистон.

Нæ дæлпазбуни еу бæхгин
Фæццæйзиндтæй уæд æваст.
Мæ фидбилизæн æ хæццæ
Цæмæн фæдтæн æз æнгаст?

Æ мед-ходæ æрттивтонцæ
Дууæ цæсти сурх зингау.

Мæ зæрдæ мин басугътонцæ,
Ду ме ’вдесæн уо, Хуцау!

Базир-зир кодта мæ зæрдæ,
Разилдæй мæбæл мæ сæр,
Æрискъудæй мæ сундакъæ,
Æрбадудæгътæ ’й куддæр.

Нури уæнгæ дæр мæ кеми
Æз нæма ’рдæн дзæбæх ма,
Цæведтонгæ ма мæ зæрди
Сагъд байзадæй сау хъæма.

Ци кæнуй, цума, ме ’лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл гъазунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

1921

КИЗГИ ЗАР

Ци мин фæцæнцæ
Мæ кизгон бæнттæ,
Уох, байвадæнцæ
Мæ деденгутæ.

Неке гъæунцæ
Мæ сау æрфгутæ,
Неке гъæунцæ
Мæ цæстисугтæ.

Æстуггин æфсоргъ,
Тæходуй, нана,
Хуцауи дзурдæй
Нур ку фестинæ.

Уæд багоринæ
Æз фæсденгизтæ
Мæ сугъзæрийнæ,
Мæ кизгон æнзтæ.

Ци мин фæцайтæ,
Уо, ме ’взонг бæнттæ?
Уох, байвадæнцæ
Мæ деденгутæ...

1922

КÆСАЛГДЗАУ КИЗГÆ

(Гейнейæй)

Цæй, рæсугъд кизгæ, æрбайсæ
Ду билгонмæ дæ цолахъ
’Ма æзменсæбæл мæ цори
Æринцайæ æнæ хахъ.

Бараггенæй, цæй, мæ реумæ
Æркъолæ кæнæ дæ сæр, –
Дæ цолахъæн ду уæлденгиз
Ку нæ тæрсис æппундæр.

Мæн зæрди дæр ес бурдæнтæ,
Мæн зæрдæ дæр денгиз æй, –
Денгизау йе дæр, æууæндæ,
Налхъут-налтæй гъæздуг æй.

1922

МÆ ТИКИС

Гъæуагæ,
Кæуагæ, –
Мæ хæццæ мед къона цæруй.
Йе стонги,
Йе ’рвонги
Æ дортæ, æ къолтæ хуæруй.
Йе ’фсесæй
Фур десæй,
Фур цинæй аргъæуттæ кæнуй.
Йе ’хсæвти,
Йе сæвди
Фуд фунтæ, зин фунтæ уинуй.

* * *

Адтæй рæсугъд догæ
Мæнæн мæ уалдзæг, –
Хизтон æз мæ дзогæ
Уæл-фахс игъæлдзæг.

Дзингатæ зилдæнцæ
Мæ сæргъи æд гъæр,
Худтонцæ сæ хæццæ
Гъазунмæ мæн дæр.

Фиудзилитæ павзи
Зардтонцæ дзæбæх,
Зæлдæбæл мæ рази
Хизтæй, цид, мæ бæх.

Нур мæбæл ци ’рцудæй, –
Уæууау, мæ фудгол –
Фунау ку фæссурдæй
Рохс уалдзæг изол.

Фиудзилитæн павзи
Не ’гъосун сæ гъæр,

Дзингатæ сæ таси
Фæцæнцæ цидæр.

Нæ кæти, æ гъостæ
Æруадзгæ лæмæгъ,
Кæуй æнæ бостæ
Йе стонгбæл мæ бæх.

ДЗИДДЗИЛ

I

Рацæйцудæй нихæсмæ
Федоги фурт Дзиддзил,
Цæрмин ходæ фур фæрсмæ,
Æ кæрцæ фур дивил.

– Фæцæй уе ’хсæн мæ фидæ
Дæс анзи федеуæг,
Дзиллæн лæгъуз нæ уидæ,
Федауцæ мæгур лæг...

Уæ хæццæ нур нихæси
Дзубанди нæ бæттуй,
Сæйгæй лæууй нæ къæси,
Нæтуй, мæгур, нæтуй.

Уой куст есун мæхемæ,
Не ’содзæнæн нихъог,
Райсетæ мæ уæхемæ,
Ниссагътæ мæ федог!..

– Куста дзæбæх дæ фидæ, –
Зæгъуй ин уæд æмбурд, –
Ду ма нераен минги дæ,
Не ’содзæнæй дæ дзурд!

Дзиддзил, мæгур, нинкъардæй,
Нийвадæй гетенау,

Дор ин цума ниввардæй
Æ зæрди фур уæззау...

II

Цъæхгон зиннуй æрдозæ,
Цæстæн рæвдуд дæдтуй...
Борæмæлгъæ мед къозæ
Алли ’взагæй цæгъдуй...

Федзулдæнцæ хонсартæ,
Фетингдæр æй и бон,
Мед къозмæрæй гъе уартæ
Ферттевуй дзæкъолон...

Йес ма метæй гæппæлтæ,
Уадусмæ сæ æхснуй.
Хумзæнхитæй хускъæлтæ
Мæгур цъигъин хæссуй.

Цæттæ кæнуй хумæмæ
Алке дæр æ дзубур.
Дзиддзил кæсуй зæнхæмæ
Фæсвæди зæрдмæгур...

Зæрди буни зин хъурмæ
Мæти хæццæ тухсуй,
Йес ин, бæргæ, еу хумæ,
Низгелун æй гъæуй...

Ка ратдзæнæй æ галтæ,
Ка ратдзæнæй дзубур?
Ходунцæ ’йбæл и хъалтæ:
– Мæгур æма мæгур!

1916

ДЗУЛЕ

(Адæми зартæй)

Нæй Дзулей зæрдæ æнцойнæ,
Йе æ фагæ нæ хуссуй, –
Æд æхсæвæ, æд-æ-бонæ
И мæсугæй фæлгæсуй.

Цæбæл æй цума æ хъурмæ,
Ци æрцудæй, ци кæнуй?
Æ бæгъатæр лæг мæсугмæ
Æртæ бони нæ зиннуй.

Уæй Дзуле, Дзуле, ниттонæ
Дæ дзиккотæ æмхицæй, –
Дæ бæгъатæр лæг, де ’нцойнæ,
Издин фатæй мард фæцæй.

Нур цъæх нæуæбæл уæлгоммæ
Йе мед-арæхъ ку лæууй,
Фид мондагæй йæ комкоммæ
Хой æ сæргъи ку зелуй.

СКЪÆВДИ ГЪАРÆНГÆ

Цъæх зæлдæбæл сау бæхгинтæ,
Еугурæй дæр арцæгинтæ –
Уох, æна, ци кæнон...
Фæххæссунцæ мæн фæрбунæй,
Ци унгæг дæн, ци, ме ’рхунæй, –
Уох, æна, ци кæнон...
Нанамæ мин ка бауайа,
Бабай цирт мин ка бахуайа? –
Уох, æна, ци кæнон...
И цъалай буни ме ’рвадæ, –
Мæ бони радæ, мæ радæ,
Уох, æна, ци кæнон...

Мæ киндзхонтæ нæ къæсæрмæ
Ку нæ зиннунцæ мæ гъæрмæ, –
Уох, æна, ци кæнон...
Мæ фæрдгутæ нæ сиребæл
Ку фæууагътон æнæдзебæл, –
Уох, æна, ци кæнон...
Мæ болат кæрдæн цетени,
Мæ болат æрций гетени, –
Уох, æна, ци кæнон...
Уони хæццæ мæ судзинæ,
Нæ уæлкъурту мæ уфтинæ, –
Уох, æна, ци кæнон...
Нур ме ’ной, ме ’ной æнгартæ
Куд кæндзæнæнцæ мæ зартæ, –
Уох, æна, ци кæнон...
Мæ нийййерæги дзæгъæлти
Ку ниууагътон æнæнгъæлти, –
Уох, æна, ци кæнон...
Ци кæндзæнæн, ци, ме ’нкъарди,
Мæ нийййерæгæй идарди, –
Уох, æна, ци кæнон...
Цъæх зæлдæбæл сау бæхгинтæ,
Еугурæй дæр арцæгинтæ, –
Уох, æна, ци кæнон...

1924
Гулæр

БУНДОРИ ГЪАРÆНГÆ

Æмбес æхсæви мæйрохсмæ
Ку æрхуссуй гъæу æнцад,
Бакæнуй, цид, æрхунбадæ
Нæ зæронд бундор уæлнад...

Гъæйдæ-гъа, кæун нийдайуй,
Нæ уорамуй цæстисуг:

– Рацæйевгъудæй мæ догæ,
Ниццæйкалдæй мæ мæсуг.

Нур сиййивтонцæ дзамантæ,
Æристадæй æндæр цард,
Нур феронх æнцæ бундортæ,
Фæттæргай æнцæ идард...

Исфæлхаттæй нур дзилагæ,
Неке хонуй мæн хуцау.
Нурмиккон нæмæ зæнхонтæй
Некебал æй æнгъæлдзау...

Нецибал дæн æз мед адæм,
Нецибал æй мæ амонд,
Нæбал ерун фæтки адæ,
Кувд, минасæ ’ма нивонд...

Ка нæ зонуй мæн гузавæ, –
Ку лæдæридæ мæнау...
Тæходуй æма и зæнхæ
Ку ниттонидæ фæлтау!

Нæ зæронд бундор мæйрохсмæ,
Ку æрхуссуй гъæу æнцад,
Гъе уотæ кæуй æноси
Далæ коми и уæлнад.

ДЗИРАСГÆ

Сур-сур кæнуй Дзирасгæ
Зæнхи бунæй рæсог.
Гъæйдæ, бæлццон, ниуазгæ,
Фетинг кæнæ дæ тог!..
Æгас дуйне нисгарæ, –
Амæн æмбал нæййес.
Ниуазæ, цæй, ме ’нгарæ,
Фесæфдзæнæй дæ нез...

Цæргæс тæхуй уæлтегъæ,
Нискъотт кæнуй фиййау.
Кирбадт кæнуй уорс мегъæ
Уæлхуæнхтæ бæмпæгау...
Фæйнердигæй цъететæ
Зиннунцæ цæндæвард,
Уæл цъонгитæй æскъетæ
Кæсунцæ фур æнкъард...
Цума кæнуй мед къозæ
Хори хæццæ æннуст,
Уоййау зиннуй æрдозæ,
Деденгутæй фæлуст.
Дæнтти гъæрæй зумæргътæн
Не ’гъосун сæ удзæл.
Мæ сæнттæ ку нæ фæдтæн,
Нæ дæн уæддæр мæтъæл...
Сур-сур кæнуй Дзирасгæ
Зæнхи бунæй рæсог.
Гъæйдæ, бæлццон, ниуазгæ,
Фетинг кæнæ дæ тог!

1927

* * *

Тæходуй, æна,
Маргъ ку фестинæ,
Мæ унгæг къумæй
Фæццæйтæхинæ.
А дуйнетæбæл
Æрцæйзелинæ,
Кæми ци дессаг, –
Уой басгаринæ...

Тæходуй, æна,
Ацæмæзау дин
Æз ку фестинæ
Дессаг фæндургин:
Хъазбеги цъонгмæ

Исцæйцæуинæ,
Дессагон зартæ
Æрцæйцæгъдинæ...

Уæд еугур дуйне
Æримбурд уидæ,
Мæ цæгъдтæлтæмæ
Æригъосидæ.
Кæми ци седзæр,
Кæми ци мæгур, –
Бауарзиуонцæ
Мæ дессаг фæндур...

И фарни тунæ
Æрфелауидæ, –
Уарзондзийнадæ
Æрфедар уидæ.
Уæд алли адæм,
Уæд алли бæстæ
Æркалиуонцæ
Сæ тохæн гæрзтæ.

Фал ку не ’ууæндун
Æз, мæгур кизгай,
Ку нæ рохс кæнуй
Мæ кизгон зæрдæ.
И дуйней сæргъи
И тугъдон мегътæ
Æрцæйдарунцæ
Сæ тогин тегътæ.

1934
Мостиздæх

ДЗАНДЗИРАХЪ

I

Æримбурд æнцæ абони
Æвдæймаг сабат Къаматæ,
Ку æрбадунцæ тæрхони
Æд лæдзгутæ, æд хъæматæ...
Тумугъбадгæнгæ хестæртæ
Даргъ хæссунцæ сæ унаффæ.
Сах истунцæ и кæстæртæ, –
Игъосунцæ æд гузаввæ.
– Нæуæгдзуд киндзæй, фæсевæд,
Нæ силти хуæздæр, нæ кадæ –
Дзандзирахъ-рæсугъд, фесавдæй,
Йе куд нæй махæн, æгадæ?..
Фал ке лазæ, ке бæллах æй,
Кæбæл гъарæн нæ тæрегъæд?
Ка хæссуй дзиллæн лиагъæ,
Базонетæ уой, фæсевæд...
Гъе уотæ сæ загъд хæссунцæ
Сæ хорбадæни Къаматæ.
Сæ фур мæстæй ниттелунцæ
И кæстæртæ сæ хъæматæ...

II

Уæд фиййау биццеу бæрзондæй
Гъæр æмбурдмæ ку низзаруй,
Уой ниффæнзгæй и зæгъæн дор
Хуæнхтæ, гъæдтæ ниццарауй:
– Гъей, байгъосетæ, хуарз адæм,
Фæууидтон дессаг абони –
Сугъзæрийнæ сурх дзиккотæ
Фелаунцæ далæ дони!..

III

Гур-гургæнгæ далæ фордмæ
Ниффæдес æнцæ Къаматæ.
Æристадæнцæ донгоми
Æд лæдзгутæ, æд хъæматæ.

Усмæй-усмæмæ дæлфинкæй
Цъæх ку ферттевуй фелауæн,
Фæззиннунцæ сугъзæрийнæ
Сурх дзиккотæ уæд еу рауæн.
И фæлхъæзæнти æнцойнæ
Тæгтæ-тæгтæ фелаунцæ, –
Уалдзигон хорау сæ гъазти
Æнæ дауæ федаунцæ.
Ниггузавæ ’нцæ Къаматæ,
Арф хæссунцæ нур сæ ниндæ.
Багъудæй сæ æвеппайди
Мард хæссунмæ нур мæрсинтæ...

IV

Исæздахтæнцæ донгомæй
Сæ хорбадæнмæ Къаматæ, –
Даргъ хæссунцæ сæ унаффæ
Æд лæдзгутæ, æд хъæматæ...
Дæргъæй-дæргъæмæ уæлдзеген
Мард ку ’рхъан æй уони цори.
– Ауæхæн дессаг нуронги
Некæд ма ’рцудæй Дигори...
Ци кодта, цума, фæсевæд,
Дзандзирахъ-рæсугъд, нæ кадæ?
Йе ку байзайа асхъоди,
Уодзинан гъеуæд æгадæ...
Гъе уотæ сæ загъд хæссунцæ
Сæ хорбадæни хестæртæ,
Сæ хъæматæ ниттелунцæ
Сæ фурмæстæй и кæстæртæ...

V

Уæд рацæйцудæй æмбурдæй
Дзандзирахъи лæг еуварсмæ:
– Ци кæнон, зæгъуй, хуарз адæм,
Авд къуæрей цæуй, уой разæй
Æз фесафтон Дзандзирахъи
Есге ардуд, есге лазæй...
Уой бавдистæй хуæзголдарбæл...

Мæ болат хъæма нинсандтон, –
Æ циргъ финдзæй æнæхатир
Æз тæккæ зæрдæ ниргъавтон...
Куд нихкаудтæй мард и донмæ,
Уой æстъалутæ уидтонцæ...
Уой цæхъалтæ кæрæдземæн
Десæ-дзорæ фæккодтонцæ...
Æрцæйцæуæд и уæлмардмæ
Нур Къундзай-фурт, мæ ардауæг,
Кæд хонуй æхе мед адæм
Æнæ мегъæ, раст идауæг!

VI

Уæд Къундзай-фурт и уæл мардмæ
Æрцæйцудæй лæкъундзастæй.
Фæгъгъæр кодта, цæветтонгæ
Æвеппайди топп февастæй:
– Берæ бонти Дзандзирахъи
Ку фæккодтон нимæхстуарзæ,
Æрæгиау исæмбалдæй
И мæгурбæл мæ фуд лазæ.
Æвдистон æй хуæзголдарбæл,
Æримистон мæнгæ дауæ,
Фæккæнинæ хебæраги
Хъамболати соцъардауæ, –
Кæд рарветидæ æ уоси
Сурди номæй æ цæгатмæ,
Æрхудтайнæ Дзандзирахъи
Уодæнбалæн уæд мæ уатмæ.
Гъе уотæ зæгъуй Къундзай-фурт...
Сах кæсунцæ ’ймæ Къаматæ,
Никъкъех æнцæ сæ фур десæй
Æд лæдзгутæ, æд хъæматæ.
Хъамболат кæсуй зæнхæмæ,
Æхсæйвон мæйау нийвадæй,
Фицгæ донау тæвдæгæнгæ
Маст зæрди хурфи сирадæй...

VII

Хор фæсхуæнхтæ фæйййауон æй,
Мард байвардтонцæ Къаматæ,
Нур хæлеу кæнунцæ унгти
Æд лæдзгутæ, æд хъæматæ...
Рацæйевгъудæй еу афæй.
Сæумигон гъæуæй идарди
Иссирдтонцæ и Къаматæ
Æвеппайди дууæ марди.
Йеу хундтæй уонæй Къундзай-фурт,
Хъамболат инней худтонцæ.
Æвæццæгæн, и фæндагбæл
Фудæмбæлæ фæккодтонцæ.

1927

ГУДЗУНА

I

Æ сæууон тунæ цъетемæ
Хор идзулгæ нивæндуй.
И сау хонхæн æ циргъ бекъæ
Сузгъæрийнæй фæлгъæндуй.

Уалæ фахси, сурх тæмæнтæ
Кæми калуй бобона*,
Фæццæй æскъæруй æ дзогæ
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.

Лæузæнгойнæ, сæппæркъегин,
Дивилдунтæ, лацамарз, –
Фæццæйгъузуй, цæветтонгæ,
Дзебæлгæнгæ гъунтъуз арс.

И гъæугони, зур-зургæнгæ
Кæми ледзуй сауæдон,
Æристадæнцæ дондзаутæ
Æд къустелтæ сæумигон.

* Б о б о н а – бæласæ, ирæзуй хуæнхти.

Гудзунабæл айуангæнгæ
Нихходунцæ къæл-кæлæй,
Фал не сдзоргæй, фæццæйцæуй
Фæлвæрай-фурт дзæндæлæй...

Гъей уæууæй, уæууæй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон, –
И силтæ дæр ма ходунцæ
Гудзунабæл сæ фæндон...

II

Устур фæзæ ес еу рауæн,
Кудзæфтауæн йе хуннуй.
Æнæ схъæртгæ и тегъæмæ
Йе цæстæмæ нæ зиннуй.

Фал ку скастæуа уæлтегъæй, –
Фæзæ лигъз æма кæдзос,
Хуæнхтæ, гъæдтæ хæлæмултæй
Æрзилдæнцæ æ фалдзос.

Гудзунайæн йе – æ хезнæ...
Æ уодæнбал – æ хæтæл
Хебæраги æ уæлдзогæ
Æривæруй æ цъухбæл.

Гъæйдæ-гъа, цæгъдун нийдайуй, –
Æд хæтæл æдули нæй.
Уой десгæнгæ ниффæнзунцæ
Хуæнхтæ, кæмттæ æмбурдæй...

III

Æхсæрдзауæни кизгайтæ
Гъаст саразунцæ фæстунд.
Нæ син фæууй сæ цинæмæ
Гудзуна дæр æнæ хунд.

Лæсед æхсæрæй горентæ
Фæлкъевунцæ зилдæгæй,

Кафгæ-кафгæ низзурунцæ
Уони сæрти гæпгæнгæй...

Уони æрдзæф æнæ фæнзгæ
И зæгъæн дор нæ лæууй,
Уони цинæй, уони гъазтæй
Арв сæ сæргъи идзулуй...

Фал ци ’нкъард æй Фæлвæрай-фурт,
Фæлвæрай-фурт Гудзуна?
Йе гъæуама и медгъаздæ
Æнгулдзæхтæ искæна...

Уæзбунгомау дзæндæл-кафæ
Æрцæйкæнуй нæ фиййау.
Бæргæ гъавуй гæпп кæнунмæ
Йе горенбæл, фал – уæууау!

Æризгъæлунцæ æхсæртæ,
Æрихæлуй и горен, –
Æвæццæгæн, цурддзинадæй
Фæлвæрай-фурт нæй Кермен.

Гъæр ходунцæ и кизгайтæ:
– Дæ нийиерæг, Гудзуна,
Дæ тæрегъæдæй ингæни
Æ дзиккотæ ниттона!

Гъей уæууæй, уæууæй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон, –
И кизгуттæ фæххудтæнцæ
Гудзунабæл сæ фæндон...

IV

Гъазт фехалдæй... Сæ дзæкъолтæ
Æхсæрдзагæй, уотемæй
Ниуурдуг унцæ кизгуттæ
Далæ гъæумæ авдемæй.

Æ лæдзæгбæл æ уæлдзогæ
Фæрсæнцойнæ æркæнгæй,
Къех истуй фиййау уæлтегъæ
Уони фæсте фæлгæсгæй...

Æ зæрди бунæй гузавæ
Лæкъунгæнгæ игуруй,
Цæветтонгæ ма фæстегъæй
Таруг мегъæ исбуруй.

Цæмæн æй цума æгадæ
Йе фæсевæди æхсæн?
Кæбæл гъара æ тæрегъæд,
Ка ’й и дзилли æ лимæн?

Цæмæннæ зонуй æ радæ
Йе цийни усми мед гъазт?
Цæмæн римæхсуй кизгаййæй
Йе зæрди хурфи æ уарзт?

Цагъарау хæссуй æ догæ
Æнæтхалгæ, æвæндон...
Гъей, уæууæй, уæууæй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон!

Гъеуæддæр, мæгур, æ зæрдæ
Æ хæтæлмæ нæ лæууй,
Исæргъувуй уой æ цъухмæ,
Нæртон цæгъдæ никкæнуй...

Ниффæнзунцæ уой десгæнгæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æмбурдæй,
Нигъгъæрзунцæ, цæветтонгæ
Фæттæрсунцæ лæбурдæй...

V

Йес еу рауæн и цæгати
Десæ-месæ сор лæгæт,
Гъеууой медæг фæййеу æнцæ
Гудзуна æма Бæбæт.

Цилпæ рехæ, гебенагин,
Уги хæццæ æмæнгæс, –
И зæронд Бæбæт берæ ’нзти
Æрцæйхаттæй-æр сæгъгæс...

– Уо, зæронд лæг, – исцæйдзоруй
Фæлвæрай фурт Гудзуна, –
Æз корун ди, цæй, байгъосæ
Æхсицгон дин ку нæ уа, –

Гъеуæддæр мæ загъд абони
Ду фегъосæ мæ цъухæй.
Нæ фæдздзордзæнæн изолти,
Зæгъдзæнæн дин цубурæй...

Идтæг рагæй мин дæ кизгæ
Æй мæ зæрди бæлдатгонд.
Гъей, зæронд лæг, мæн абони
Ду ма схонæ æнамонд...

Ду абони барвæндонæй
Банимайæ Гудзунай.
Агорун ди уодæнбалæн
Дæ еунæг кизги – Гудзай...

Ма мин кæсæ мæ мæгурмæ,
Кæд нæ дæн абони хъал,
Нифс хæссун уæддæр цæрунмæ,
Нæ уодзæнæн æн’ амал...

Æрцæйдауй æ роцъотæ
Уæзбун къохæй нæ сæгъгæс,
Бæзгин хъурæй ниццæйходуй:
– Мæнæ дес æма тæмæс!

Гудзунайæн, дан, дæ кизги
Исцæй кæнæ уодæнкъай!
Æвæццæгæн, нæ фæууидæ
Уæд и гоби æнæ хай!..

Уæхæн лазæ, уæхæн незæй
Байергъæв кæнæд Хуцау!
Мабал истæ, цæй, мæ цори,
Фæттæргай уо, цæй, фæлтау...

Æхсæйвон мæйау нийвадæй
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.
Уотемæй истуй æнцойнæ.
Ци ма зæгъа, ци кæна?

Гъей, уæууæй, уæууæй, æнгартæ,
Цард фесæфæд, цæй, фæлтау,
Фæццæйхудтæй Гудзунабæл
И сæгъгæс дæр æнæвгъау...

VI

Арви стъалутæ цæфсунцæ,
Æй æхсæвæ ирд, кæдзос.
Мæйæ ленк кæнуй уæлхуæнхтæ,
Рæдзæхсуй дуйнебæл рохс...

Фал æхсæви гъос ихалгæ
Форд не ’нцайуй, гъæр кæнуй...
Æ фур мæстæй æ цæхъалтæ
Йе бил-дорбæл ниццæвуй.

Зуст фентъохуй æ пурфæнтæ,
Дортæ, къолтæ пурфгæнгæй,
Цæветтонгæ, æ зин тохи
Йе унгæги исгъигæй...

И уæлайнæг и донгони,
Кæми зайуй цагъана,
Цæмæн бадуй æнафони
Фæлвæрай-фурт Гудзуна?

Кæд сирадæй Гудзунайæн
Æ мæгур зæрди зин маст,
’Ма и донмæ багæлдзунмæ
Хе гъавуй нур ба æваст?

На, не ’рхæсдзæнæй æ сæрмæ
Уæхæн фæндæ нæ мæгур.
Æндæр фæндæ, æндæр сагъæс
Уой тухсун кæнунцæ нур...

Йе гъæуама нур мед-адæм
Федис дарæг мабал уа,
И дуйней тохи æд кадæ
Йе фæлтауги рамæла...

VII

Æрбахъæртуй Дигоргоммæ
Æвеппайди фуд хабар:
Æрбацæунцæ æфсæдтæ,
Сæ сæргъи цæуæг – Мулдар...

Рафæдес æнцæ Дигорæ
Далæ коммæ æнгурфæй.
Æрцæйистунцæ тæрхони
Далæ Морги æмбурдæй...

Ци кæнонцæ? Истохунмæ
Ку нæ бæззуй сæ фадат.
Ку нæййес сæмæ сæ фагæ
Тохæн гæрзтæ, тохæн фат!

И фæдесонтæй еуетæ
Æрхæссунцæ уæхæн загъд.
Фал мед æмбурдæй амонæ
Йеу рацæйцудæй уайтагъд.

Æ уæл суйнæ æ кæрдбадзæ,
Лæузæнгойнæ, сæппæркъе,
Топп йе рагъи, уотемæйти
Гъæр зæгъуй æмбурдæн йе:

– Гъей, хуарз адæм, гъей, æнгартæ,
Цæй, ма ’рниллæг уæд нæ ном, –
Цæй, ма ’рбауадзæн æлдари,
Байергъæв кæнæн нæ ком!

Нæ бæлстæнцæ æлдайрадæ
Нæ фидтæлтæ æппундæр, –
Нур æлдарæй фæттæрсунмæ
Куд æрхæссæн мах нæ сæр?

Фæкъкъех æнцæ сæ фур десæй
Нæ игъосгутæ куддæр, –
Кæцæй фæцæй Гудзунамæ
Уæхæн зæрдæ, уæхæн сæр?

VIII

Тох райгон æй Дигоргоми
И дуккаг сæуми уайтагъд.
Æд-æхсæвæ, æд-æ-бонæ
Нæ гъос кæнуй топпадзагъд...

Скъотт кæнунцæ фæттæ коми.
Уони гъæрмæ гур-гурæй
Нийййазæлунцæ и хуæнхтæ,
Нигъгъæрзунцæ æмбурдæй...

Далæ коми ес хуггойнæ,
Æй æ хурфæ фур гъуна.
Гъе уордæмæ бацæйбурдæй
Фæлвæрай-фурт Гудзуна...

Гъе уордиги фæрсæнцойнæй
Йе фудголмæ фæлгæсуй,
Ниццæйгъавуй и тумугъмæ,
Фат не ’вгъаугæнгæй, æхсуй...

Æртæ ’хсæви, æртæ бони
Тох не ’ргъос æй æппундæр.
Бæзгин хъурæй æвеппайди
Фæгъгъæр киндæй кæцæйдæр:

– Гъей, фæсевæд, ци фæцайтæ,
Знаг æрбампурсуй, фæдес!
Знаг æрбампурсуй, æхсетæ,
Нифс, æхсарæ кæмæ йес!..

Тох ситинг æй... Скъотт кæнунцæ
Фæттæ коми гув-гувæй...
Уони гъæрмæ нигъгъæрзунцæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æнгуфæй...

Уалæ мегътæ пъæстугæйттæй
Фæццæйледзунцæ мед арв, –
Æ фуртæссæй æнæзмæлгæ
Сирд нинцъулдæй хункъи арф.

Фал ци ’рцудæй? Ку фæгъгъос æй
Æвеппайди тугъд куддæр.
Гудзуна дæр и хуггойнæй
Æрцæйкæсуй ’дзинæгдæр.

Исцæйцæунцæ бæхгинтæ
Далæ коми фæд-фæде.
Фал Дигорæ ци фæцæнцæ? –
Фæттæ сæмæ нæбал йе.

Гудзуна, мæгур, нинкъард æй...
Зæрдæдзæугæ нæй и хуæст.
Йеугурæй ма æ бæрцдони
Æртæ фати йес æрмæст.

Æртæ фати истохунмæ
Нæ бæззунцæ, фал уæддæр
И фудголæй фæттæрсунмæ
Йе не ’рхæсдзæнæй æ сæр.

Гудзунабæл уотæ ’нцонæй
Хаст не ’рцæудзæнæй фæндаг.
Топп ралхъевуй, – фæддæлваз æй
И бæхгинтæй сæ фиццаг.

Фæссидзмудз æнцæ бæхгинтæ,
Тох фезмæлдæй нæуæгæй.
Скъотт кæнунцæ фæттæ коми,
Ком байдзаг æй сæ нæгæй...

IX

Фæлвæрай-фурт, æнæ равги
Ду ку скодтай хъазауат,
Фал тугъдон зинги симбалдæй
Раст дæ зæрди издин фат...

Бацæйкалдæй æнагъоми
Дæхе барæй дæ зин цард.
Далæ коми и хуггоми
Нур лæууй, лæууй дæ мард.

Сах не ’ркалдзæнæй хебари
Кедæр кизгæ цæстисуг, –
Дæ фæсмæрдæ коми кадæн
Гъæу не ’сдасдзæнæй мæсуг.

Фал нæ дæ уæддæр æгадæ,
Уо, мæгурдæйраг фиййау!
И дуйней хуæсти æд гæрзтæ
Ду фесавдтæ сæрвæлтау.

Далæ коми, и къундæги
Ниццæйсагъдæй сау къæйдор.
Стæн зиннуй си и фецауæг,
Стæн кæсуй имæ и хор.

Ку фæззинуй æстæй-астмæ, –
Гъе уой фалдзоси лæгай,
Æринцайгæй и къæйдорбæл,
Æримисуй Гудзунай.

Бæзгин хъурæй ниццæйзаруй,
Над игайгæ еунæгæй.
Уой сæ деси ниффæнзунцæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æмбурдæй.

Уалæ фахси сурх тæмæнтæ
Кæми кæнуй бобона, –
Нæбал æскъæруй æ дзогæ
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.

И гъæугони, зур-зургæнгæ
Кæми ледзуй сауæдон, –
Нæ ходунцæ Гудзунабæл
Нур дондзаутæ сæумигон.

1934
Мостиздæх

ТЕМУР-АЛСАХЪ

Фицаг хай

I

Ледзгæй гъæди хурфи аууон,
Тундзуй Ирæфмæ Хæзнидон.
Пихсæй æхгæд æма æдзæр,
Дæттуй хæстæгмæ нидæн гъæр.
Хæтуй ханси медæг æдас
Хæстæг донгæнттæмæ цъæх арс.
Йесгæд æд хуали бонигон
Кæд æвеппайди цауæйнон
Хæссуй и донмæ и над-над
Йе стонг, йе 'донуг, æ фæллад,
Рæубес донгæрони пихсæй
Æваст фесхъæтæг уй тæссæй...
Кæлуй Ирæфмæ Хæзнидон, –
Уомæн гæмæхи æ билгон,
Хæстæг гъæдбунмæ гъæу лæудтæй, –
Нур дæр зæгъунцæ, – Кет хундтæй.

II

Йеухатт хорбадæни и Кет
Студта уæлфингæ берекет.
Кодта хебари бæрæгбон,
Кодта мийнасæ æ фæндон.
Ивулд бæгæни æд арахъ,
Цудæй æ цийнæ идтæг сахъ.
Рæнгъæй уагътонцæ гагидау...

Уæд æвеппайди цавддорау
Бæхгин сæ сæргъи фæссæгъдæй.
Æмбурд йе 'тингæй фæууæгъдæй.
– Корун, байгъосетæ мингий, –
Зæгъуй æмбурдæн Аузбий, –
Се 'лдар кæсæгæн Дзасболат
Истуй гъæугони æд æфсад.
Сумах – кетонти и æлдар
Хонуй абони хъалондар.
Хъалон – æд рæвдзæ саргъи бæх,
Кизгай – рæсугъд æма дзæбæх.
Кæд уой дæдтайтæ барвæндæй,
Уæд уодзинайтæ цох зинтæй.
Фал кæд нæ уайтæ коммæгæс, –
Зонетæ уой, – зæгъун уин æз,
Уæд гъæу ке 'ссердзæнæй æфхуард,
Унгæг ке суодзæнæй уæ цард.
Æнгъуд изæрмæ... Цæй, хуæрзбон,
Цæттæ кæнетæ уæ хъалон!
Дзуапп нæ райсгæй, фæддунд æй
Бæхгин уайтагъддæр и унгæй.
Ситинг æй уæд мед адæм загъд, –
Дзуапп гъæуй æлдарæн тагъд.
Æнцæ Дигорæ хецмæрез,
Æлдар хуннуй сæмæ стур нез.
Гъенур цийни усми æ кой
Уонæн ку 'йхалуй, ку, се 'нцой...

III

Кæсуй и гъæумæ Дзасболат,
Зилдæй истуй ибæл æфсад.
Сæ бæхтæ хъал æма тæлтæг,
Хуррутт кæнунцæ игъæлдзæг.
Идæнттæ, сæргътæ, думетонг
Æнцæ æвзестæй фур йефтонг.
Нæййес уони 'хсæн мæгур лæг,
Æй си алке дæр тухгæнæг.
Уонæй алке дæр æй уæздан.
Адтæй сæ догæ, сæ дзаман!

Уæд æристадæй æд лæдзæг
Уæлдор сæ размæ æрвист лæг.
Æ сæр сиргъувгæй фур бæрзонд,
Зæгъуй æлдарæн и зæронд.
– Æз дæн кетонтæй мийнæвар,
Нæ ан, зæгъунцæ, мах цагъар.
Хонæн нæ сæртæ нæ фæндон,
Æлдар ма ’горæд ни хъалон.
Мах иуазæгбæл æхцул ан.
Кæд иуазæг дæ – цæттæ ан
Дæуæн дæттунмæ фусунау
Кæрдзин æд цæнхæ, æд æгъдау.
Кæд тухгæнæг дæхе хонай,
Уæд ду гъæуама уой зонай,
Ке ан кетонтæ æверхъау,
Мæлæт ке райсдзинан фæлтау.
Æлдар нийвадæй, зуст кæнуй,
Сиргъувуй йе ’хсæ ’ма зæгъуй:
– Мæнæн ма фæндæ, мæ тæрхон
Федар ку æнцæ, куд æндон.
Мæн дзурд æййевгæ некæд æй,
Мæн Кет ма ’рветæд ревæдæй.
Хъалон – æд рæвдзæ саргъи бæх,
Кизгай – рæсугъд æма дзæбæх.
Гъе уой кæд н’ айтæ дæттуйнаг,
Уæд мин уæ сæртæ додойййаг.
Æлдар, цит, йе ’хсæ ниттелуй,
Мæстæй æ билтæ æууелуй...
– Де ’взист ниууадзæ, уо, æлдар, –
Зæгъуй æнцойнæ мийнæвар,–
Хилæй федауцæ хуæздæр æй.
Де ’взист кетонтæн æгæр æй.
Уæд дин зæрдесгæ мæ лигъз дзурд,
Æлдар, ма саразæ лæбурд!
Зуст фæгъгъæр кодта Дзасболат:
– Ниууо, фæлтауги, цæй, æнцад!
Уæлдай ма дзорæ, уо кеттаг,
Конд уа гъæуама мæ гъуддаг!
Æлдар ку ’ргъазуй æ бæхбæл,

Зæнхæй фесхъеуй, цит, гæппæл.
Кеттаг и гъæумæ фæццæуй, –
Уой Кет йе ’мбурди ку хезуй.

IV

Хор фæййаууон æй... Æрхæццæ ’й
Изæр уайтагъддæр и хуæнхтæй.
Цæфсуй уæлгъæдæ сурх æхсед, –
Йе ’мбурд нæма ’йхалуй и Кет.
Уæд нигъгъæр кодта, ни, уосай:
– Уо Кет, ку фæдтæ æнирай!
Æлдар йеу кзги фæххæссуй, –
Фæдес, зианбæл ка тухсуй!
Уо, ци фæцайтæ, уо, фæдес,
Кæд ма и Кети лæгтæ йес!
Æмбурд фегуппæг æй тухуаст,
Æрвдзавд фæцæй цума æваст.
Ка æ бунати къех истуй,
Ка и гъæунги фæлледзуй,
Æ топп æ къохи, уотемæй, –
Йеунæг, æвæдзи, сæдемæй.
Ка си фестадæй сонт тæрхъос,
Ниццæй и къуми къуругъос.
Ка цурд фелвасуй æ хъæма, –
Гъæуама знаги бадæма!..

V

Фæсгъæу йеу рауæн устур хард
Цудæй изолти кæрзæвард.
Зиндтæй хæрдæбæл унгæг над, –
Уобæл ку сраст æй Дзасболат.
Бæхбæл æд кизгæ – æд хъалон,
Хиццаг куд н’ адтæй, куд, бæлццон!
Фæсте – уæздантæ рæнгъитæй
Цудæнцæ харди бæхгинтæй.
Æлдар уæлхардмæ исхæццæ ’й, –
Æваст æ размæ лæг фæцæй.
Æлдар фæрсуй æй: – Уо лæгай,
Ка дæ, кæмæй дæ – знаг ма уай?

– Æз дæн кетонтæй фæдесон, –
Кæсай дæхемæ, уо кæсгон!
Фергъувд æй топп, æма цæфæй
Æлдар ку расхъиудтæй бæхæй.
Æваст фенсар æнцæ æфсад,
Катай фестадæй син сæ над.
Къуæрдгай фæцæнцæ и уæлхард,
Лæудтæй сæ размæ лæги мард.
Кеттаг се ’схъæртмæ фæддунд æй,
Кизгай и гъæумæ фæллигъдæй.

VI

Уайтагъд æхсæвæ æрхæццæ ’й,
Æфсад фæндагбæл нирræнгъæ ’й,
Æлдар фæцæй син хæсгæ мард,
Цæун гъæуй сæ фур идард.
Дуйне æнцойнæ сæ фалдзос,
Æнкъард кæсуй сæмæ мæйрохс.
Йеу дзурд, йеу хъипп си нæ цæуй...
Айдагъ изоли уг кæуй...
Фал ка ’й, фæндагбæл ка ледзуй?
Æнцой æ бæхи нæ уадзуй.
Æй йе Кæсæгмæ гъæргæнæг.
Исон фегъосдзæнæй Кæсæг
Æд цъел, æд мелæ фуд хабар, –
Фæцæй Дигори мард се ’лдар...

Дуккаг хай

VII

Ду бафæрсай гъæуама мæн,
Ка ’й, кæмæй адтæй и лæхъуæн,
Уæлхард ка скодта хъазауат,
Койййаг исцæй нин нур ке фат?..
Темур-Алсахъ худтонцæ уой, –
Цæрæд муггагмæ нур æ кой...
Мулкæй мæгур, нифсæй идзаг,
Худта алке дæр уой лæггаг.
Алсахъ, – йеу загъдæй, гъе уотæ ’й...

Адтæй и кизгæ Сеойтæй.
Рæсугъд, æвзонг æма гъæздуг,
Гурæй федауцæ ’ма индтуг,
Цæститæ ирд æма сæнт-сау,
Æрфбун зиндтæнцæ æхсæвау...
Гъардта зæрдитæмæ тухуаст
Уонæн сæ уиндæ, сæ фæккаст.
Æй уæхæн силæ хецмæрез, –
Исуй фæстагмæ зæрди нез.

VIII

Фæсгъæу кетонтæн йес æмбурд, –
Цæуй изолмæ сæ гъæр дзурд...
Сæ йеу хестæртæй загъд хæссуй:
– Темур-Алсахъ, нур анз цæуй,
Кæдæй Сеойти Дигизай
Ду æ зæронд фидæй курдтай.
Фал йе не ’скодта уæд аккаг
Дæу исесунмæ хæстæггаг...
Худта мæгур, æвæдзи, дæу.
Уинис гъенур, – абони гъæу
Æмбурд æрцæнцæ дæу тухæй.
Кæнæн нæ арфæ æмцъухæй...
Дзиллæн сæ кадæ ’ма сæ нифс
Нур дæ тæрнихбæл ду хæссис.
Æлдар – фудгол æма æзнаг –
Фæцæй дæ фæрци исæфтдзаг...
Нæй хаст дæ фæрци Дигиза,
Нур дин гъæуама исбæзза
Йе уодæнбалæн барвæндæй...
Æ дзурд зæгъæд Сеой-фурт, цæй!
Уæлдорæй уæд фестадæй лæг,
Ку ’рсадзуй зæнхи æ лæдзæг,
Бунмæ æ закъæ æрсæрфуй,
Кæсуй Алсахъмæ ’ма зæгъуй:
– Кизгай хъалони хаст цудæй,
Алсахъ æ хъаурæ, æ нифсæй
Байста фæстæмæ знагæй уой, –

Цæрæд æд кадæ нур æ кой...
Фæууæд мæ кизгæ нур йе ’нкъай,
Донмæ ’й ку не ’нтъохун, уохкай!
Рæвдзæ ’й æмбурдæн æ зæгъддзаг, –
Исцæй Сеой-фурт арфиаг.
Ка ин æ къохмæ æвналуй,
Ка ин æ ходæ исесуй.
Уæд фæццæйгъос æй и булгъахъ, –
Дзоруй кетонтæмæ Алсахъ:
– Цæуй нур анз фулдæр, гъай-гъай,
Курдтон Сеойти Дигизай.
Фал аргъ не ’скиндæй уæд мæнæн.
Нур ма дзубанди æй цæмæн?
Алсахъ нæ уайдæ уæд Алсахъ,
Нур ма ку райсидæ и халхъ.
Цæфстæй зæрди буни и уарзт,
Фехста изолмæ уой фуд маст.
Гъай-гъай, нистъалдæй нур æлдар,
Фал дæн цæй тухкæй æз лæгмар?
Æз нæ уодæнсун æлдайрад...
Цæттæ ’й дæдтунмæ мæ цурд фат
Нихкъурцц æлдартæн æдæрсгæй, –
Йетæ цæгъдунцæ нæ мæстæй,
Лæкъун кæнунцæ нин нæ цард...
Зин æнæ бæрцæ æй се ’фхуард, –
Æз нæ хæссун мæ сæрмæ уой.
Додой æлдартæн нур, додой!
Мæнбæл сиййевдзи æй и хор,
Мæн маке хонæд нур уосгор...
Цæрæд æд фарнæ Дигиза, –
Æдас, æнцойнæ ирæза.
Мæнæн ма кæнтæ уой лæвар,
Æз дæн æлдартæй нур тогдар...
Фæрсæй кæсуй мæмæ адзал...
Æнцæ æрмæст мæнæн æмбал
Мæ топп, мæ кард æма мæ бæх.
Зæнхæн æ сау, арвæн æ цъæх, –
Мæнæн игъауги нæбал йес, –
Æз дæн хæлхъой æма фæдес! –

Темур-Алсахъ фæцæй æ дзурд.
’Дзинæг кæсуй имæ æмбурд.
Адæм фæцæнцæ æвеллон.
Уомæн неке ’сцæй дзуапгъон...

IX

Лигъдæй афонæ бон-бонгай.
Медгъæу кетонтæ сабургай
Сæ куст кодтонцæ, фал уæддæр
Æдас ку н’адтæй сæ къæсæр...
Гъонгæс гъæди хурфæй йеу бон
Уидта изолмæ сæумигон, –
Фæндаг байдзаг æй бæхгинтæй.
Тæрсунцæ мæргътæ сæ уиндæй.
Тумугъ цудæнцæ тар мегъау,
Сæ уинд нимæттæй æй сæнт-сау.
Йе Дзасболати фурт Ахъбад
Цæуй и Кетмæ æд æфсад.
Ахъбад йе ’фсадæн финдздзæуæг.
Æ бæх бæрзонд æма тæлтæг.
Ку ’ргъазуй лигъзи хаттæй-хатт,
Ругæй райдзаг уй уæд и над.
Цæуй и Кетмæ тогагор.
’Дзинæг кæсуй имæ и хор.

X

Рæфтæй йеу мингий фæккиудтæй.
Æфсад гъæугони æрлæудтæй.
Лæууй сæ размæ гъæу æнцад.
Мургъуз кæсуй имæ Ахъбад.
Медгъæу йеу æстуф нæ цæуй.
Айдагъ йеу куй си гъæр неуй,
Æ нифс тохунмæ нæ хæсгæй,
И гъæу æд цъелæ фæллигъдæй.
Ахъбад æ билтæ æууелуй,
Роцъо зулунмæ æрдауй,
Кæнуй цæститæй дзингало,
Скъæруй цума си сурх пеллон.
Æлдар йе ’фсадæн гъæр загъта:

– Фунук гъæуама Кет феста!
Рæстæг ма ’йсафæн лæуунбæл,
Цæйтæ, æндзаргæ и гъæубæл!
Гъæдау фесхустæнцæ æваст
Бæхгинтæ лигъзи ’ма æмраст
Цæунцæ гъæумæ тумугъæй.
Ахъбад хонуй сæ мургъузæй.

XI

Цæфсуй и гъæу, инод нæруй,
Цирен пеллонтæ æскъæруй...
Фæздæг, æвзаргæ фурзин тох,
Кæнуй фæйнердæмæ зелдох,
Тундзуй цъæх арвмæ тузмæгæй...
Йеуварс æнцойнæ уæлбæхæй
Кæсуй сугъдæрдæмæ Ахъбад,
Зилдæй истуй ибæл æфсад...

XII

Йе ка ’й, йе ка ’й – бæхбæл мед арт,
Æргъувд æ къохи æхсаргард,
Уадау бæхгинтæмæ тæхуй, –
Æхе æлдарбæл ниццæвуй...
Гъе æвеппайди уотемæй
Фæсзард и цъеутæ къуаремæй
Писхбун ку сбадунцæ цъæхбæл,
Цæргæс бæрзондæй уонæбæл
Æхе зувгæнгæ ниццæвуй,
Нихтæй йеуебæл æрцæфсуй.
Æнцæф фæцæнцæ дууемæй.
Сæр фæххецæн æй, уотемæй
Бæхæй ку фесхъиудта Ахъбад.
Алсахъ нæ фехалдта æ бадт.
Айдагъ фесхъиудтæй æ йеу гъос,
Тогæй нийгъæндæн æй æ рос...
Æ раз райдзаг æй бæхгинтæй,
Тохуй сæ хæццæ цъинггитæй.
И тох ситинг æй. Тог кæлуй.
Йеу къуар си тоги æвдулуй...
Зæлланг кæнунцæ кæрдтæ карз,

Фал тагъд Алсахъмæ кедæр арц
Уæд фæрсауунæй æргъузтæй, –
Алсахъ ку ’рхаудтæй рæхустæй...

XIII

Хор ниннигулдæй. ’Хсед цæфсуй.
Йефстагмæ ирдгæ æрдумуй.
Хæссуй изолти сугъдæсмаг.
Не ’змæлуй гъæуи адæймаг...
Кæсæг авд марди йефхæсгæй,
Уайтагъд фезол æнцæ гъæуæй.
Айдагъ байзадæй ма йеу мард,
Мед къох федар ниндарг æй кард.
Йе æй Алсахъ... Æнцад лæууй.
Æ тог аллирдигæй кæлуй.
Йе нæбал фестдзæнæй, нæбал, –
Хуссуй æносмæ æнигъал.
Æ тар будурти рæдзæхсгæй,
Æхсæвæ гъæумæ æрхæццæ ’й.
Гæлдзуй и мардмæ æ пæлæз,
Цума кæнуй ин тæфирфæс.

XIV

Йе ка ’й, – талинги ка цæуй,
Æррæстæ мардмæ ка гъузуй?
Æ къах Алсахъмæ ке хæсса?
Йе æй Сеойти Дигиза...
Абони тохмæ и гъæдæй
’Дзинæг и кизгæ фæлгæстæй...
Уæлмард талинги нур кæуй.
Тъинггай цæстисуг рæдæдзуй.
Стæй-астмæ марди æртохгæй,
Цæсгон дауй ин æ къохтæй.
Темур-Алсахъ, Темур-Алсахъ,
Нур дин и кизгæ æнæ хахъ
Уæлмард æргон кæнуй æ уарзт.
Фал цæмæн адтæ ду хеваст?
Ду фудæнæнги Дигизай
Фæсвæд иронхи ниууагътай...
Фал йе не ’сфæлхæттæй уæддæр,

Даруй гъæбеси нур дæу сæр.
Æнцæ зæрдитæ муггаггай, –
Цæй, гъаст ма ’рхæссæ, уо кизгай...

XV

Сæумæй кетонтæ дзæндæлæй
Цудæнцæ гъæумæ мæтъæлæй...
Фудгол ку рандæ ’й, ку, бæргæ,
Фал куд кæнонцæ ма цæргæ?
Сæ гъæу æд бунтæ ниссугъдæй,
Алсахъ – се ’хсарæ – мард фæцæй...
Лæудтæй æ цори кизги мард, –
Рæсагъд æ реуи фиййаугард.
Йе æй Сеойти Дигиза,
Хуæрзмæ ’й игъосæг имиса...
Лæууй уæлгоммæ йе æнцад,
Цæсгон æнвæйнæ мæрдивад.
Мæрдтæн кетонтæ æмбурдæй
Рохсаг загътонцæ æмцъухæй...

XVI

Тундзуй Ираæфмæ Хæзнидон.
Уинуй фалдзоси и бæлццон
Йеу къуар уобайтæ гъенур дæр, –
Сæ йеу иннетæй æй хуæздæр.
Уой медæг арфи дууемæй,
Хæрнæгъ æрцæнцæ, уотемæй
Нур Дигиза æма Алсахъ.
Йеумæ лæууцæ æнæ халхъ.
Цæруй сæ хæццæ калм-зæрин
Цæрдæг, гъиггаг æма зæрдгин...
Йескæд хебари кæд тæрхъос,
Телгæй фæйнердæмæ æ гъос,
Хæстæг уобаймæ æрцæуй, –
Уæд калм фæдеси скъотт кæнуй.
Æваст нисхъæтæг уй и сирд.
Тæссæй нийдайуй йе лæуирд.

1934
Мостиздæх

МАЛИТИ Геуæрги

ÆХГÆД ЗÆРДÆ

Сах кастæй рæфтон тæвдæ хор. Æргъау æркъупхæнцæ донбæл æма бонасадæн кодтонцæ. Дони билæбæл, æргъаумæ хæстæг, донхæреси буни бадтан æз æма зæронд гъонгæс Бидзих.

Цудæй мæйи бæрцæ, Бидзихи хæццæ кæрæдзей кæдæй базудтан, уæдæй. Æз йеци сæрдæ цардтæн гъæдрæбун уотари, йе ба уоцирдæмæ йе ’ргъау арæх скъæридæ. Æргъау цалдæн рæфтон уолæфт кæнионцæ донбæл, уалинмæ æз æма Бидзих дзубандибæл исбадианæ донхæреси буни, аууони.

Бидзих адтæй бæзæрхуг, ставдгомау лæг, æ сау цæрмин ходæ, æ зæронд скъудтæ цохъа æмбуд хæдони æндегæй рагæй æййевуйнаг адтæнцæ, фал ин, æвæдзи, цард уæхæн равгæ нæ лæвардта. Гъунтъуз æрфгути бунæй æнкъард æма дæлбункæсæ кодтонцæ уой фæлмæн цæститæ. Бидзих æнæ уосæ ке ’рзæронд æй, уой зудтон, фал гъуддаг цæмæн уотæ ’рцудæй, йе ба мин бæлвурд нæ адтæй.

– Хуарз нæ ’й, Бидзих, – батхалдтон имæ æз, – æнæ уосæй ке ’рзæронд дæ, йе.

– Ци киндæуа, мæ хор, – загъта мин Бидзих гузавæ хъурæй, – амонд агоргæ нæ ’й.

– Нæ, Бидзих, æз уотæ нæ зæгъун.

– Мадта куд зæгъис?

– Амонд нæ агурдтай, æндæра ’й иссердтайсæ.

Бидзих баходæзмолтæй, фал неци исдзурдта йеу усмæ, уæдта равналдта æ галеу фарсмæ, сласта кæрдбадзæй кард æма æ лæдзæги сæр амайун райдæдта. Балæдæрдтæн, мæ дзубандий æздæх æ зæрдæмæ ке нæ бацудæй, уой. Æндæр ести дзубанди æркæнунмæ куд гъавтон, уотæ надæрдиги топпи гъæр фæццудæй. Фæкъкъех ан дууемæй дæр. Уалинмæ нади фездæхæни, урдугмæ æд нимæт, æд топп, гъазгæ æма сергæ фæззиндтæй бæхгин. Уой фæдбæл æрурдуг æй дууæ уæрдуни. Раззаги бадтæнцæ æртæ кизги, сæ еу хизæй æмбæрзт, æма лæхъуæн – бæхдзорæг. Кизгуттæй йеу цагъта фæндур, иннæ уæрдуни ба бадтæнцæ лæхъуæнтæ. Стур айдæнæ се ’хсæн æрттевæнтæ кодта хормæ. Сегасей фæсте заргæ цудæнцæ бæхгинтæ.

– Атæ киндзхонтæ ’нцæ, – сабургай исдзурдта Бидзих.

Донгони киндзхонтæ бæхтæн дондарунбæл йеу усмæ бадзебæл æнцæ. Донордæг ку фæцæнцæ, уæд зарун гъæр æма фæндури цагъд нæуæгæй исигъустæнцæ. Дзæвгарæ, сæ фæййауони уæнгæ, сæ фæсте кастан æз æма Бидзих донхæреси бунæй.

– Гъе, Бидзих, – загътон æз ходгæй, – йеци рæсугъди кæмæн фæххонунцæ, уомæ цума, нæ хицæ кæнис?

Бидзих зæнхæмæ кæсгæй цидæр бахъур-хъур кодта йæхенимæр, уæдта сиргъувта æ цæститæ мæнæрдæмæ æма мæмæ листкæсæ никкодта; адтæй цидæр уæззаудзийнадæ йеци касти. Бæрæг адтæй, киндзхонти уиндæмæ уой зæрди цидæр ке ’ригъал æй, йе.

– Амонд агорæ æма ’й иссердзæнæ, зæгъис, фал уотæ нæ ’й, – загъта мин Бидзих æрæгиау, – æз æй агурдтон æма ’й не ’ссердтон.

– Агорун дæр зонун гъæуй, Бидзих, – батхалдтон бабæй имæ æз, – амонд не ’ссерундзийнадæ, æвæдзи, дæхе лазæ адтæй.

– ’Ма уой тухχæн дин æз æрхæсдзæнæн таус, – загъта мин Бидзих. – Мæ лæхъуæни доги, цудæй мæбæл, æвæдзи, фондз æма инсæй анзи, уæд æз адтæн лæскъдзæрæни йеу гъæздуг æссонмæ, худтонцæ ’й Иналдо. Кæми фиййау, кæми уотаргæс, уотемæй евгъудæнцæ бæнттæ. Уотармæ хаттæйхатт фæззиннидæ, цид, Иналдой кизгæ Зулемæт. Æхцул, таведзæгæнагæ адтæй йе мæнбæл. Хебæрагæй байзайгæй дзубанди, цид, раеудагъ уидæ не ’хсæн. Адгин гъарæ кодта мæ зæрдæмæ уой цъухи дзурд. Арви ирдæй рæсугъддæр адтæй æ цæстæнгас. Ме ’хснуйнаг, ме ’мпъозуйнаг, – гузавæ мæ нецæмæй уагъта, гъуд мæ кодта, мадæй райгургæ хуæрау. Кæми ниллæудтæй ме ’взонг зæрдæ, – фехсайдта Зулемæтмæ, фал ин мæ зæрдиуаг ской кæнун ба нæ разæнгард кодтон.

Цудæнцæ бонтæ. Афæй мæбæл ку рацудæй лæскъдзæрæни, уæд нæхемæ цæун фæндæ скодтон.

– Цæй, нур мæ рахецæн кæнæ, – загътон æз еу бон мæ хецауæн, – афонæ мин æй нæхемæ.

– Барæ дæу, – загъта мин йе, – æз дæ нæ къулумпи кæнун, абони сбæрæг кæнæ дæ мизд, исон – фæндараст.

Уотæ зæгъгæй, æссон гъæдæрдæмæ исевгъудæй фæрæ-

ти хæццæ – æнгъæлдæн, сæмæйнаг æй æркæнун гъудæй. Йеци бон æз адтæн уотаргæс.

Сæумон гъудтæгонд ку фæдтæн, уæд медосонгæ арти фарсмæ сагъæси бадт бакодтон. Адтæй фæззигон сæлфæг бон, æма мæ зæрдæ æндæмæ не ’хсайдта. Арт сугъдæй мæ размæ, пеллонтæ скъардта аллирдæмæ.

– Ци сагъæс кæнис, Бидзих, – сдзурдæй мæ фæсмæкъур фæлмæн гъæлæсæй.

Ракастæн – мæ размæ лæудтæй ходæзмолтæ идзулддзастæй Зулемæт.

– Æгас цо, Зулемæт, – загътон æз æма фестадтæн арти фарсæй.

– Бадæ, бадæ, цæмæн истис, – сдзурдта Зулемæт.

Фæстæмæ æрбадтæн арти фарсмæ. Зулемæт ба лæугæ байзадæй мæ сæргъи.

– Æз цæунмæ гъавун нæхемæ исон, Зулемæт, – загътон æз йеу усми фæсте.

– Йеугур цуд, æви бæрæг кæнунмæ? – бафарста мæ Зулемæт.

– Йеугур цуд.

– Мадта де ’мпъозуйнæгтæ æрдарæ, æз ба дин сæ барæвдзитæ кæнон дæ цæунмæ, – загъта мин Зулемæт.

Æмпъозуйнаг мæмæ берæ нæ адтæй – æрмæст мæ йеу дзабур йеу рауæн рахудихалд æй, æма имæ уой равардтон. Зулемæт æндæуосонгæ къудуронбал æрбадтæй, æриста сæрбæттæнæй æрций æд бæхснуг æма дзабур æмпъозун райдæдта.

«Нур ралæудтæй мæ сахат, – фæндæ кодтон мæхенимæр, – райгон кæнон ин мæ зæрдæ, ци фæдтæн, уой фæдтæн».

Ме ’уæнгтæ куддæр базир-зир кодтонцæ, фал мæхебæл фæххуæстæн, фестадтæн арти фарсæй æма Зулемæти цормæ рацудтæн. Зулемæт мæмæ куддæр къех каст никкодта, æвæдзи, мæ хузæ мæхе кеми нæбал адтæй.

– Зулемæт! – исдзурдтон æз тæрсгæ хъурæй.

– Ци кæнис? – бафарста мæ йе, дзабур æмпъозун ниууадзгæй.

– Уарзун дæ! Уарзун дæ! – исдзурдтон æз дууæ хатти, уæдта, цума, цавддор фестадтæн, уотæ фегомуг дæн.

Зулемæт рагæпп кодта къудуронæй, фехста мин еуварсмæ

мæ дзабур. Дзабур бадæлгоммæ ’й согфадæни листити ’хсæн.

– Мæгурдæйраг, – загъта мин йе мæстхузæй, – æз дин тæрегъæд кæнинæ æма дæ æхцул таведзæгæнгæ уомæн гъуд кæнинæ, ду ба æндæр зæрдитæ дæхецæн байвардтай!

Уотæ зæгъгæй, Зулемæт цидæр фæцæй мæ цорæй. Зæнхæ мæбæл разилдæй. Нецибал балæдæрдтæн йеу усмæ. Æз æнгъæл нæ адтæн, Зулемæт мæнæн уотæ зæгъдзæнæй, уой. Фехгæд æй мæ зæрдæ æма нæбал райгон æй уæдæй нурмæ.

Бидзих нигъгъос æй. Æз дæр имæ нецибал исдзурдтон.

– Æргъау фезгули æнцæ, – загъта Бидзих еу усми фæсте æма фестадæй донæхсинцъи бунæй.

Фонс æцæгæй сæхе йесун байдæдтонцæ донæй.

ЦÆХЪАЛ

Фæлорс мæйæ – арви кизгæ,
Тунтæ нивæндгæй,
Исцудæй бæрзонд, æрттевгæ,
Хонхмæ баходгæй...
Гъулæг неуй дæлбун коми
Æхсæйвон цæхъал,
Цæвуй æхе æмир къуми
Дорин къæдзæхбæл...
Йе неуй æма зин хъурми
Гъæр кæнуй æнкъард:
«Мах, цæхъалтæ, мæнæ коми
Хæсæн лæги мард...
Тар æфцæгбæл тар изæрæй
Йе, цæугæй бæхбæл,
Абæреки циргъ хъæмайæй
Райста йæ адзал.
Донæй инод уой мард гъостæ,
Инод æ гъæлæс;
Баймир æнцæ уой цæститæ,
Баймир æй йе ’нгæс...
Пурф кæнунцæ сæ фурмæстæй
Листæг тъинггитæ,
Цума хауй йесге цæстæй

Ирд цæстисугтæ».
Уотæ кудтæй уазал хъурми
Терки зуст цæхъал,
Цæвгæй æхе æмир къуми
Дорин къæдзæхбæл...
Фæлорс мæйæ – æрвти кизгæ,
Тунтæ нивæндгæй,
Исцудæй бæрзонд, æрттевгæ,
Хонхмæ баходгæй.

1907

ФЕДОГИ МÆЛÆТ

Гъæууон къæнцæлармæ бацудæй бæрзонд, ставд кæндтитæ лæг. Зæронд цæрмин пихцилтæ ходæ, зæронд æмпъуз-титæ цохъа гæрзин ронæй баст, фæсбунфий худихалд дзабуртæ, – адтæнцæ æ дарæс. Йе адтæй гъæууон федог Дадо. Цудæй Дадобæл, æвæдзи, æртинсæй анзи фулдæр, уотæ зæгъун æнгъизтæй, уой æнхъирттæ цæсгон æма уорсалист закъæмæ кæсгæй.

Къæнцæлари стъоли сæргъи бадтæнцæ йефтонг лæхъуæнлæг, гъæуихецау, æма æд кæсæнцæститæ каргин уруссаг писир.

–Уæ райсом хуарз, – исдзурдта сæмæ Дадо.

– Арфæгонд уо, – загътонцæ йин йетæ дæр.

Йеу усмæ, уæдта гъæуихецау курæти дзиппæй уорс къохмæрзæн исиста æма ’й æ цæсгонбæл радаудта.

– Гъи, Дадо, – загъта йе æрæгиау, – гъигæ дин уодзæнæй, æвæдзи, фал дæ цохвæндæ скодтан.

– Куд цохвæндæ? – къехфæрсæ ракодта Дадо.

– Æндæр федог ихуæрсæн, – загъта гъæуихецау. – Ду æрзæронд дæ, дæ хъур сфæлмаст æй, æма федогæн нæбал бæззис.

Æгуппæг цума фæцæй, уотæ йеу усмæ Дадо дзорунгъон нæбал адтæй, æ бауæр диз-диз кодта; æ хузæ нийвадæй, хеди тæф рагъардта йе ’нхъирттæ тæрнихæй.

Дæс æма инсæй анзей бæрцæ йе федогæй фæххаттæй

гъæргæнгæ устур дзилли гъæунгти. Дадо, цид, ку рацæуидæ гъæр кæнунмæ, уæд гъæунгтæ адæмæй байдзаг уиуонцæ, нихæси зæрæндтæ сæ дзубанди ниууадзиуонцæ, силгоймæгтæ къæрæзгитæй, каути цъæстæй нийгъосиуонцæ; биццеутæ уадæнцæ, цид, æ размæ. Уотемæй гъæунгæй гъæунгæмæ, гъæуи йеу кæронæй иннемæ, гъæргæнгæ хаттæй зæронд федог Дадо.

Анз дууæ-æртæ хатти бегарай уæрдун æма къæбиси хæццæ дзиллæбæл æрзелидæ æ мизд йесунмæ.

Лæвардтонцæ йин – ка æхца, ка мæнæуæ, ка нартихуар, ка æндæр йести. Уотемæй, хуæздæр цардмæ æнæбæлгæй, хаста зæронд Дадо æхе æма æ зæронд хæфцæстæ уоси, – зæнæг ин нæ адтæй. Ци ма кæна? Куд ма дара æхе, косæн дзаумау имæ ку неци йес?

– Ци дин кодтон? Цæмæн мæ исафис? – кæунгъæлæсæй батхалдта йе гъæуихецаумæ.

– Неци мин кодтай, – загъта гъæуихецау, – фал дин ку зæгъун, базæронд дæ æма федогæн нæбал бæззис.

Дадо куддæр гъæла кæсæ никкодта, гъавта ма цидæртæ зæгъунмæ, фал уоди унгæгдзийнадæ хъурмæ схъæрттæй æма ’й дзорун нæбал уагъта.

– Æндæмæ цо, ма нæ хъор кæнæ, – загъта йин еу усми фæсте гъæуихецау.

Дадо бадонзонуг æй, æ бæрзæй ин цума устур гъелæй ниццавдæй, уотæ имæ фæккастæй, æма гупгæнгæ рахаудтæй уæлгоммæ.

– Гъей, йесгетæ рацæуæнтæ медæмæ, – радзурдта къæразгæй гъæунгæмæ гъæуихецау, – мæнæ зæронд федог Дадо рамардæй.

ХÆРÆ

I

Йеу сæрдæ æз фæдтæн Дигори. Ци гъæуи цардтæн, уой мæкъурмæ лæудтæй устур, бæрзонд фахс. Фахси тæккæ сæрæй ба гъæумæ цъæх-цъæхид зиндтæй нæзи гъæдæ. Фæсгъæдæ æндиуд æма бæрзонд истонцæ сæхе арвмæ бекъæгун сау хуæнхтæ. Хонхæй, кенæ ба гъæдæй фахсбæл урдугмæ,

хормæ æрттевæнтæгæнгæ, гъæуæрдæмæ уадæй йеу сауæдон. Йеу къуар къадай ибæл зилдæй гъæуи дæллæй. Мингий дæлдæр гъæуæй версти ’рдæги бæрцæ коми хурфи æнсарæ æма гъæргæнгæ пурф кодта Ираæф. Йес Ираæфи сакъадæхтæбæл дæр къадатæ, фал ку райвулуй, уæдта сæ нимпурсуй æма сæ фæлласуй. Ираæф гириз нæ кæнуй. Хуæнхтæ æма къæдзæхти хæццæ тохун ин зин æй, æндæра мæгур хуæнхаг æхецæн цæмæйдæрти къада басадзуй, уой уомæн фехалунмæ ци гъæуй? Йеу бон æрцудæй устур уарун. Мах æртæ лæги – æз, мæ фусунти лæхъуæн æма нæ синхон Мисирбий, зæронд уорсалист лæг, бадтан медхæдзари æма игон дуарæй кастан æндæмæ. Нецибал бæрæг ахæста цæстæ – арв, хуæнхтæ, зæнхæ, мегъæ æма дон исхæлæмулæнцæ йеугурæй дæр.

– Ираæф бабæй ивулдзæнæй, – загъта Мисирбий, æ рехæ даугæй, – æма ласдзæнæй курæнтти.

– Хуцау ци зæгъа, йе уодзæнæй, – исдзурдта не ’ннæ ’мбал, æ къохтæ æ меддустæ, уотемæй.

– Хуцау дæр ци зæгъуйнаг æй, – райдæдта Мисирбий нæуæгæй дзорун, – адæм исналат æнцæ, кæрæдзей æфхуæрунцæ æма курæнттæ нæ, фал син сæхе ку фесафидæ, уæддæр хуæздæр æй.

– Йес адæммæ хуæрзтæ дæр, лæгъузтæ дæр, – загъта йин не ’ннæ ’мбал, – æма хуæздæртæ лæгъузти тухxæй ку фесæфонцæ, уæд йе хуарз куд уодзæнæй?

Мисирбий неци исдзурдта. Æ рехæ радаудта æ къохæй, æ бæзгин æрфгутæ æринцъулдта æма мургъузкæсæ кæнун байдæдта зæнхæмæ. Ци сагъæс кодта Мисирбий, ка ’й зонуй, фал мæнмæ ба уотæ фæккастæй, цума адæм æма уой æхсæн æрзадæй, кæрæдземæ сæ бацæун ка нæ уадзуй, уæхæн синдзин будур.

Æцæгдзийнадæй, куд мин дзурдтонцæ уой фæсте, уотемæй Мисирбий адæми нæ уарзта æма син æхуæдæг дæр уарзон нæ адтæй... Мулк ин æ фидæй берæ байзадæй, фал имæ нур ба еунæг тикис, еунæг хæрæг, хуми гæппæл æма игуæрдæнæй æндæр нецибал адтæй. Бинонтæй дæр рæвдзæ нæ фæцæй: еунæг фурт ин адтæй æма йе дæр сонт разиндтæй...

– Хуцау зонуй, кæмæн ци ’мбæлуй, уой, – дзурдтонцæ, Мисирбийи ка нæ уарзта, йетæ. Мисирбий игъуста æма лæдæрдтæй йеци фаутæ æма дзубандитæ, иста сæ æ зæрдæмæ, фал, цума неци зудта æппундæр, æхе ба уотæ дардта.

II

Уалинмæ уарун дæр гъос кæнун райдæдта. Мегътæ сæхе исистонцæ, æма арвгæрæнттæ фæррохс æнцæ. Раргом æнцæ нæуæгæй хуæнхтæ, гъæдтæ æма зæнхæ. Гъæууон мингий æма нарæг гъæунгти фæззиндтæнцæ адæм дæр. Мингий усмæ, уæдта æвеппайди гъæунги гъæр æма згули исцудæй. Ци ’й йе, зæгъгæ, мах рауадан æндæмæ. Кæсæн æма, дин, уæлæ фахсбæл сауæдони дон-дон, арви нæрунау гургургæнгæ, дортæ æ разæй тæргæ рацæуй хæрæ. Йеу устур дор тубудтитæгæнгæ, фæдесони хузæн, раздæр æрхæццæ ’й, исцавта æхе йеу хæдзари сæрбæл, фесхъиудтæй æма рандæй дæлдæр... Ци гъæунги æрцæуйнаг адтæй хæрæ, уой фалдзос адæмæй райдзаг æй. Еугурей цæсгæнттæ дæр адтæнцæ къех æма тарстхуз.

– Гъей, гъей! – цудæй адæми æхсæн гъæр, – гъæуай кæнæд алке æхе! Рацæуй, хæрæ, рацæуй!..

Тарст æрахæста йеугурей дæр, бустæги ба, сæ хæдзæрттæ донгæрон кæмæн адтæнцæ, уони. Лæгтæ фонси йергъæви фæцæнцæ. Уоститæ æма кизгуттæ ба хæдзайрон листæг дзауматæ синхонтæмæ давтонцæ, уалинмæ хæрæ дæр гур-гур æма æрсæн-пурсæнтæгæнгæ гъæунги исмедæг æй. Гъæунгæ адтæй идтæг унгæг: йеугурæй æ фæтæ æййафта дууæ сардзини, кенæ ба мингий фулдæр. Хæдзарæй-хæдзарæмæ æ фæйнæ фарси адтæнцæ листæг хурæй тæссонд даст. Уæхæн мингий гъæунги уæхæн устур хæрæ фæндон над не ’ссердта æма хæдзæртти сератæ уæд, хурдаст уæд – йеугурæй дæр сæ бурцитæгæнгæ цудæй.

Адæми згули æма хæри æнсар гъæрмæ æз Мисирбийи нæбал æргъуди кодтон, æрæги-дурæги ба ’й æристæфтæн; йеу зæронд, уотид гъæдæй конд кирæ æ гъæбеси сувæллонау ниттухта, уотемæй сæ медтургъæ истадæй. Æ зæрдæй кири хæццæ адæммæ раледзунмæ гъавта, фал æй хæрæй бон нæбал фæцæй æма къех лæугæ райзадæй æ медбунат. Кумæ ма лигъдайдæ? Гъæунгæрдиги – хæрæ, иннæрдиги ба синхон хæдзæртти сератæ æрзилдæнцæ тургъæбæл. Тургъæ ба адтæй бустон мингий гæппæл. Хæрæ фиццаг Мисирбий хæдза-

ри æндаг сера фехалдта, уæдта тургъæмæ кæлуни фæцæй. Гурусхаг нæбал адтæй, хæдзарæ бунтон ихæлд ке ниццайдæ, тургъæ ба хæрæй ке байдзаг адтæйдæ, йе.

– Кирæ ниууадзæ! – гъæр кодтонцæ адæм Мисирбиймæ, – æма дæ уоци фарс хæдзари хурæбæл уæлиндзæмæ исхезæ!..

Адæммæ ку байгъустайдæ Мисирбий, уæд уæлиндзæй иннæ гъæунгмæ рæвдзæ рахезæн адтæй, фал æй æ кирæ ниууадзун нæ фæндадтæй, æд кирæ бабæй хурæбæл исхезун нæ бафæразтайдæ.

– Ме ’хца кæми исæфунцæ, уоми гъæуама мæхуæдæг дæр фесæфон! – исгъæр кодта Мисирбий æма æд кирæ дæлгоммæ æрхаудтæй... Уалинмæ хæдзарæ дæр аллирдиги змæлун æма кæлун байдæдта; хæрæ тургъæмæ байвулдæй æма Мисирбийи æд кирæ æ буни никкодта...

– Æллах, æллах! – дзиназтонцæ адæм, – фесавдæй лæг, фесавдæй!..

III

Хæрæ æ куст бакодта, уæдта æрсабур æй. Адæм æнгулфæй бацудæнцæ Мисирбийи тургъæмæ æма йин æ мард хæри бунæй исистонцæ. Бауæр йеугурæй ницъцъæрæмухститæ ’й; тог мизтæй аллирдæгæй, гъостæ, гъæлæс æма финдзи цъæстæ сигит æма зменсæй байдзаг æнцæ... Йеу зæронд уосæ резгæ хъурæй зæрддон гъарæнгæ никкодта, æма адæм никкудтæнцæ... Изолмæ игъустæй адæми кæунгъæр æма сауæнгæ зæрди бунмæ гъардта... Рарвистонцæ гъæргæнгутæ иннæ хуæнхаг гъæутæмæ, æма цудæнцæ уордиги дæр адæм хъонц æма тæфирфæс кæнунмæ...

Дуккаг бон Мисирбийи марди фæлуст искодтонцæ, нийæвардтонцæ нæуæг конд кири, исаргъудта ибæл саугин, æма ’й банигæдтонцæ.

– Æнамонд адтæй æма æнамонди мард ракодта, – хъонц кодтонцæ беретæ, – фал цума циуавæр кирæ адтæй, Мисирбий æхе кæбæл фесафта, йе?

– Райгон кæнун æй гъæуй, – исдзурдта адæмæй йеу.

Кирæ фæззиндтæй, æма ибæл адæм æрзилдæнцæ фæйнердигæй. Йеу бæзæрхуг, сауцъарæгæсгæ лæхъуæн ин фæрæти мæкъурæй æ къума расаста. Йеу усмæ, уæдта кирæ, алли хузæн æхцатæй йе ’мбæр, уотемæй райгон æй...

Адæм æнæ хъипп, æнæ стуф æхцай кирæмæ сæ цæститæ ниццавтонцæ. Йеу дзæвгарæ фæллæудтæнцæ уотемæй, уæдта кæцæйдæр æркодтонцæ Мисирбийи сонт фурти, Баззей, кири сæргъæмæ.

– Уинис, Баззе, – загъта йин еу зæронд лæг, – дæ фидæ дин цæйбæрцæ æхцатæ ниууагъта æ фæсмæрдæ...

Баззе æ сунтæбæл фæххуæстæй, низзулун кодта æхцатæрдæмæ æ дзангъир цæститæ æма ходунти фæцæй:

– Хе-хе-хе! Æхцатæ, æхцатæ! Хе-хе-хе!

ПИСЬМО ИЗ ОСЕТИИ

Жизнь и факты сказали уже, что стремление к просвещению в Осетии, особливо же в Дигории, значительно стало падать. Бывало, например, юноши, по окончании сельских школ, целыми группами отправлялись держать вступительный экзамен в местные средне-учебные заведения; в этом же году число их было почти незаметно, а из горной Дигории никто и не показался. Мне хотелось бы отметить причины, вызвавшие в Осетии столь неожиданную и столь печальную перемену. Мне кажется, перемена эта вызвана разочарованием осетинского народа в своей так называемой интеллигенции. Осетинская учащаяся молодежь по окончании средних и высших учебных заведений вступает в жизнь без всякой, так сказать, духовной и нравственной подготовки к ней. У нее нет ни твердой веры в святость призвания человека, ни высоких священных идеалов, во имя которых она могла бы идти вперед, просвещая край родной. Народ ясно увидел это и разочаровался в своей интеллигенции, а вместе с тем потерял всякую охоту отдавать своих детей в «ученье». «На что тебе образование? – говорит обыкновенно отец своему сыну. – Много уж этих образованных: да кто, скажи, из них принес пользу не только народу, а даже своим родителям? Бедный отец истрачивает свое состояние на сына, а он, когда станет человеком, оставляет его и живет себе где-нибудь припеваючи. Ты вот лучше работай дома: есть у нас, слава богу, чем работать – лошадь с арбой, волы с плугом. Чего еще нужно тебе?»

И сын, выслушав отца, покоряется ему и остается дома.

Вот причины, вызвавшие вышеотмеченную реакцию. Но где меры против нее? Нужны просвещенные общественные деятели, проникнутые святостью и призванием человека; нужны люди высокого закала, с пламенными духовными мечтами...

«Сейте разумное, доброе вечное,

Сейте, – спасибо вам скажет сердечное» осетинский народ, и тогда только он пойдет с охотою и доверием учиться.

Газета «Терские ведомости», 13.IX.1909

ПОЭЗИ ÆМА ПРОЗÆ

ТОБОЙТИ Цæрæг

ДЗАНДЗИРАХЪ ÆМА АЙДАР

Уæ, Къаматæ, Къаматæ! Донæй уорс, сау Къаматæ,
Кæрдзинæй хъал, Дигоргоммæ ку æрæмбурд унцæ, Стъонамæ.
Исдзорунцæ муггагæй;
Дзандзирахъи рæсугъди сæрккæгтæй
Ку раласунцæ бæрзæфцæгæй:
– Дзандзирахъ-рæсугъд ке уодзæнæй?
Дзандзирахъ-рæсугъд куд уодзæнæй?
Уæд Дзандзирахъ-рæсугъд ку дзоруй:
– Æхе дууæ къохемæй топп ка искæндзæнæй,
Билæги коммæ ка ниффардæг уодзæнæй, уоми мин сæдсиуон саг ка рамардзæнæй,
Уомæн æ дууæ сиуи сирди къæхтæ ка ниссадздзæнæй;
Æхе исконд аги ’й ка исфицдзæнæй;
Æхе исконд фингæбæл æй ка æриуардзæнæй;
Дигоргоми хуарз адæмтæн æгъдау ка ратдзæнæй,
Гъе, Дзандзирахъ-рæсугъд уой уодзæнæй!
Уæд Къамати фæсевæд кæрæдземæ ку бадзорунцæ:
– Æ, мадта е ба ка уодзæнæй? Куд уодзæнæй?
– Æ, мадта е ба ку уодзæнæй
Темисати Темиси фурт мæнги Айдар.
Темисати Темиси фурт мæнги Айдар
Дзандзирахъи дзурд ку исæнхæст кæнуй.
Дзандзирахъи алай-булайййæй ку ниффардæг кодта
Темисати Темиси фурт мæнги Айдар.
Уомæн къохбæлхуæцæг ку адтæй
Муалсати Муалсай фурт Артуд.

Уæд мæнги Айдар афæй балци ку ниффардæг æй,
Дзандзирахъ-рæсугъди ку бауосиат кæнуй Артудбæл,
Уæд имæ Артуд æхуæдæг хицæ кæнун ку байдайуй.
Еу хатт ин ку ской кодта æ зæрди фæндон.
Дзандзирахъ-рæсугъд ин ку загъта:
«Æз мæ ардæн не ’смæнгæ уодзæнæн,
Æз мæ зæгъгæ дзурд нæ фæссайдзæнæн!» -
Уотемæй имæ ку нæ байгъуста.
Уæд афæдзи балцимæ Айдари исцудмæ
Артуд æхецæн тæрсун ку байдæдта.
Æхе имæ ку раздæр кодта и надмæ,
Уæд ин уоми ку æртаус кæнуй мæтъæлæй:
«Дæу дæр æма мæн дæр ку фесафта,
Дзандзирахъ-рæсугъд лæг ку бакодта, – зæгъгæ, -
Æз дин уой нæбал аккаг кæнун æмбалæн фæддарунмæ».
Уæд Айдар æнæ дзоргæй ку исцæуй
Æма ’й æхсæви Дзандзирахъи-рæсугъди
Хъалай бæрзондæй Айгоми хедæй
Цъæх дони цæхъалтæмæ ку рагæлдзуй.
Дзандзирахъ-рæсугъд ку нæбал разиндтæй.
Адæмтæ уобæл дестæ кæнун ку байдæдтонцæ.
Гъос-гъосæй дзорун ку байдæдтонцæ:
– Æ, мадта ци фæууа, – зæгъгæ. Уæд Къубуси хоргонæй
И фиййау ку низзардта æ хæтæлæй:
– Федаунцæ Донифарси согдзаутæ и хоргони Къубусæй;
Фелаунцæ Айгоми хеди бунæй
И цъæх дони цæхъалтæй усмæй-усмæмæ
Дзандзирахъи сау дзигготæ.
Æримæфæдес унцæ Къаматæ æма ’й исхастонцæ сæ нихæсмæ.
Уæд Айдар ку базудта Дзандзирахъæн æ рæстдзийнадæ
Æма и марди уæлгъос ку низзардта:
«Муалсати Муалсай фурт Артуд æй,
Абонæй фæстæмæ макебал рамарæд
Æ уарзон адгин æмбали еске цъухти, билти ардудæй!»

Райдзурдта Тубети Дзæрдæг, 1934 анз, Лескен.
Нийфинста Хъазбегти Хъазбег
ЦИГСÆЙ-й архив, фольк.№111, 89 п., 166-168 ф.

...Айдар фиццаг кæркуасæнтæбæл фестадæй æма сабургай, арæхсгай æфсæргæй, æ къахи финдзтæбæл бацудæй цæрæн хæдзарæмæ, Далигай ма райгъал кæна. Фалæ Дæлигай цæлгæнæни баййафта. Нæзин цирæгъти рохсмæ æ цауæйнон хурдзини цидæртæ архайдта.

– Æнна, цæмæн исистадтæ?

– Уæй, уæй, биццеу, æз ба куд хуссон, мæ хъиамæтгун биццеуи ба куд нæ рафæндараст кæндзæнæн.

– Ци мæ фæндараст кæнун гъæуй? Изолмæ нæ цæун.

– Хонхи цубур над æма даргъ надæй неци уæлдай ес. Фидбилиз алли надбæл дæр хæстæг æй.

– Мацæмæй мин тæрсæ, æнна, æртæ боней фæсте ами уодзæнæн. Ме ’рцудмæ мин фидгунтæ искæндзæнæ.

– Уомæй æндæр дæ маци гъæуæд.

– Ци косис мæ хурдзини?

– Биццеу, дууæ тæмбæли ниввардтай, дууæ ба æлгъист æй, уæдта цихт нæ ниввардтай, арахъ дæр мæнкъæй гъæдин дзаумай ниввардтай.

– Ке ниввардтон, етæ фагæ ’нцæ.

– Нæ ’нцæ, биццеу, нæ ’нцæ. Гъæуама дæмæ æмбæлæггаги фагæ дæр уа æма дæхе фагæ дæр.

– Ка сæ хуæруй, уæдта ухстбæл фезонæги рази цæхгун цихт ка хуæруй?

– Алкæд фезонæг нæ фæууй. Фонси дзогæмæ нæ цæуис, фалæ цауæни. Сирдбæл кæми исæмбæлдзæнæ, кæми ба – нæ. Хуæрун ба гъæуй.

– Мæн хузæн æнна некæмæн ес.

– Еугур маддæлтæ дæр æмхузæн æнцæ. Уарзунцæ сæ бæдæлтти.

Айдар æхе рахснадта, æ курæт искодта, æ рагъи ракодта æ хурдзин.

– Æнна, æз цæуон. Ме ’рцудмæ фидгунтæ рæвдзæ куд уонцæ.

– Е мæнбæл, биццеу, фалæ ке хæццæ цæуис?

– Уасгергий хæццæ, уæларвон Уасгергий хæццæ. Дзæбæхæй изайæ, æнна!

– Фæндараст кæнæ, биццеу!

Далига æ фæдбæл рацудæй къæсæрмæ æма кастæй æ еунæги фæдбæл, цалинмæ фæйййауон æй фæззелæни, уæдмæти.

Далига бацудæй цæрæн хæдзарæмæ. Нæзин цирæгътæй ма еунæг цæфсгæ ниууахта, иннети ба нихкуссун кодта. Æхе рауахта тъатхибæл. Æ цæститæбæл уадæй æ еунæг. «Табу не ’сфæлдесæг Хуцæутти Хуцауæн, мæ еунæги мин фидбилизæй бахезæ! – кувта Хуцæутти Хуцаумæ, фæдзахста æй иннæ хуцæуттæ æма идаугутæбæл, изæдтæбæл. – Мæ еунæг фæббæзтæй. Æ фидæй ин неци байзадæй, мæнкъæй зæнхи гæппæл, æгæр раги фесавдæй æ фидæ. Мæйдзуд биццеуæй байзадæй седзæрæй. Рандæ ’й цауæни æма нæбал æриздахтæй. Мæ еунæг, сæумæй адæгон бæстæй исхъæрттæй æма цауæни рандæ ’й. Уотæ, хеваст æнцæ нæлгоймæгтæ».

* * *

Айдар цудæй игъæлдзæгæй, цæрдæг æфсæргæй. Æхсæвæ адтæй мæйрохс æма сабур. Игъустæй гъæуæй уасæнгити уасун, Ираефи еугæндзон унæр æма усмæгай куйти рæйун. Арв имæ мин цæстемæй кастæй. Уоддзæф ин даудта æ уадæлттæ. Айдар æрæгфæззæг рандæ ’й Кæсæги бæстæмæ æма нур исцудæй. Нур дæр не ’сцудайдæ, фал æй уалдзигон куститæ исцæун кодтонцæ. Хе райсæрхун цауæнæй лиагъæ æма фидбилиз нæй лæхъуæнæн, уæлдайдæр ба Айдарæн. Айдар берæ уарзта цауæн кæнун æма зонгæ дæр кодта. Гъæуи нæ, фалæ коми хуæздæр цауæйнæнтти нимæдзæмæ хаудтæй. Кæд ма æригон адтæй, уæддæр хуарз зудта сирдти бунæттæ, фæд ерунмæ самур куййи хузæн адтæй. Цудæй игъæлдзæгæй, зудæ кæститæгæнгæй, фæйнердæмæ. Æфцæгмæ ’й берæ нæбал гъудæй, уотæ арв æрбаталингитæй, æрбайсавдæнцæ æстъалутæ, рацидæр æй мæйæ, кæцæйдæр фелвæстæй карз думгæ. Думгæ скъотт кодта. Арв ферттевидæ æма ниггæрæхтæ кæнидæ. Айдар æ цуд фæттагъддæр кодта, – цалинмæ уарун нæма райдæдта, уæдмæти ауунмæ исхъæртон. Уомæ ба исуайун гъудæй, æфцæги бунмæ адтæй. Арв ферттивта, дуйне ниррохс æй, уæдта ниггæрæхтæ кодта. Думгæ фæккарздæр æй. Хаун райдæдтонцæ ефстаг æртæхтæ, уæдта æвваст æргæргæр кодта. Цубур рæстæгмæ еугур дзæлвæ рацæй, фалæ æ цæун нæ уахта.

Сахуарун куд æвваст фæззиндтæй, уотæ æвваст фæгъгъос æй. Уаруни мегътæ думгæ æскъардта хонсармæ, сау хуæнхтæмæ. Арви унæр ма изолæй æрбайгъусидæ. Бон фæррохс

æй. Æрвгæрон фæййирд æй, иссугъдæй сæуæхседтæй, сæуæхседти цæхæри æхсæнæй исистадæй хори цæстæ. Дуйне ниррохс æй, райгъал æй, мæлгъити зарун исигъустæй. Арвбæл игъæлдзæгæй ратæхæ-батæхæ кодтонцæ аллихузон мæргътæ. Уорс мегътæ истадæнцæ гъæдтæй æма рæгътæ-рæгътæй бурдæнцæ цъетети æрдæмæ, сæхе къæдзæхтæбæл хафгæй. Айдар исхъæрттæй Гæмæхи сæрмæ. Æрлæудтæй. Фиццаг рагъавта дзæбодурти хезæнуатмæ уæллаг къахнадбæл. Уæллаг къахнад адтæй æдас, фалæ дзæвгарæ изолдæр. Дæллаг над ба хæстæг æй. Рæфтæмæ риндзæбæл уодзæнæй, фалæ адтæй тæссаг. Тæссаг рауæн уотæ даргъ н ’адтæй, сæдæ ампъези, æрмæст еци сæдæ ампъези ба цудæнцæ сæрисæфæни билтæбæл. Айнæг къæдзæхи фарс æма сæрисæфæни æхсæн дууæ уафсей дæргъæн дæр алкæми н ’адтæй. Берæ цауæйнæнттæ абæлти цæугæй, рахаудтæнцæ æма нихкæрнæгъ æнцæ, уæддæр ибæл цудæнцæ. Худтонцæ æй Дзеги цæуæн. Айдар расагъæс кодта æма фæннæхстæр æй Дзеги цæуæнбæл. Еу дууæ къахдзæфи ма ку гъудæй кæронмæ, уæд имæ сæрисæфæнæй исигъустæй лæги сонт гъæр:

– Фенхус кæнтæ? Гъе-гъе-гъей, – фенхус кæнтæ.

Айдари ма ци ампъезтæ цæун гъудæй, уони бацудæй. Æ хурдзин æриста æма никкастæй сæрисæфæнмæ. Нæуæгæй бабæй гъæр исигъустæй. Сæрисæфæнæй еу дууæ бæндæни дæлдæри, нæзи бæласи рагъбæл ниууидта лæг…

Æ хурдзинæй исиста федарræвæйнæ. Æркæститæ имæ кодта æма ма ибæл рафтауæн кодта æ ронæ. Æ курæт æма æ дзабуртæ раласта æма фæрраст æй Дзеги цæуæнбæл, æрлæудтæй, гъæр кæцæй цудæй, уой сæрмæ æма ’ймæ нигъгъæр кодта:

– Бæндæн дæмæ фæууадзун!

Бæндæн цæбæл рафедар кодтайдæ, уæхæн райагурдта, фалæ адтæй лигъз айнæг. Бæдтæни еу кæрон æ усхъи сæрти æрбайста, иннæ кæрон ба рауагъта æнæзонгæ лæгмæ.

– Хъæртуй дæмæ?

– Хуцауæй боз, хъæртуй!

– Ку дæмæ фæдздзорон, уæд бæдтæнбæл хуæцгæй, бурун райдайæ. Рæвдзæ дæ?

– Рæвдзæ дæн!

Айдар æ сунтæ исбуцæу кодта къæдзæхмæ, æ къæхтæ

ба ниббуцæу кодта. Тæссаг адтæй, ке ервæзун кодта, уой уæзæй сæрисæфæнмæ рахаунæй. Фалæ Айдар уобæл нæ сагъæс кодта еци усми. Сагъæс кодта лæг фæййервæзун кæнунбæл. Уæзæ куд уæлдæр хизтæй, уотæ ’й карздæр ивазта сæрисæфæнмæ. Айдари тог æ цæсгони рабадтæй. Тухxæйти ма уорæдта æхе. Бæдтæн æй ивазта сæрисæфæнмæ. Фалæ бæдтæн не ’суагъта. Æнæзонгæ исхизтæй, бабурдæй унгæг тæрхæгмæ… уордигæй ба æртæ ампъези еци бургæй бацудæй. Уоми ба еу усмæ дæлгоммæй лæудтæй. Æ хъарæ нæбал адтæй исистун. Айдар æ хурдзинæй исиста нарæг хъур, гъæдæй конд арахъдонæ. Æнæзонгæ рабадтæй. Кæрæдземæ ку бакастæнцæ, уæд фæкъкъех æнцæ.

– Артуг!

– Айдар!

– Уæхемæ мин загътонцæ, цауæни рандæ ’й.

Артуг сæццæ кæсæ кодта. Нæма æрцудæй æ кеми. Айдар арахъ рауахта сикъамæ æма ’й балæвардта Артугмæ. Уæдта æхемæ рауахта.

– Табу Хуцæутти Хуцауæн, Хуцæуттæн, идаугутæн æма изæдтæн, ка фенхус кодта, уонæн!

– Табу син уæд! – загъта Артуг, – мæнæн мæ Уасгерги дæр, мæ сæризæд дæр ду дæ. Ду мæ фæййервæзун кодтай. Ду мæ мæрдтæй æрбаздахтай.

– Уæд, цитæ дзорис, ме’рдхуард, мæрдтæй æздæхæн нæййес. Æз ба Уасгерги дæр нæ дæн, нæ дæн сæризæд дæр, – загъта æма бабæй рауахта сикъамæ. Ба ’й лæвардта Артугмæ.

– Æмбæлæггаг дин.

– Циуавæр æмбæлæггаг?

– Мæ ниуазæн, мадта.

– Дæ ниуазæн берæ уæд. Æз кæдмæ дæр цæрон, уæдмæ дæр ди ихæсгин уодзæнæн, – ба ’й ниуазта, – Æнгъæл нæбал адтæн, ескæд ма мæнæ атæ баддзæнæн æма ниуаздзæнæн.

– Кутемæй равзурстæ ами? Æзинæ мæ ами æрæргъавта сахуарун. Берæ мæ нæбал гъудæй кæронмæ. Уæдта фæггурдтæн… мæ къахидарæс исдзæлвæ ’нцæ æма расхъиудтæн, фалæ назу бæласæбæл æрхаудтæн. Э-э, Айдар, уæхæн уавæри макæд маке бахауæд. Æзинæ сæумæй нури уæнгæ мæлæтмæ кастæн комкоммæ. Бæласæ хъæбæр æртастæй,

фалæ лæудтæй, уорæдта мæ, фалæ еунæг думгæ ку ’рбакодтайдæ, уæд рандæ адтайнæ.

– Дæ адзал н ’адтæй æма фæййервазтæ. Дæ адзал ку уа, уæдта ’й лигъз будури дæр иссердзæнæ.

Рабадтæнцæ, рæфтад искодтонцæ æма фæннæхстæр æнцæ. Цудæнцæ сабургай игуæрдæн фахсбæл, дзубандигæнгæ.

– Уæхемæ мин загътонцæ, цауæни ке дæ.

– Ду ба кæд исцудтæ?

– Æзинæ.

– Абони ба – цауæни?

– Уарзун, Артуг, цауæн кæнун.

– Уоми ба сирди гъуддаг куд æй?

– Нæ зонун, уоми мæ цауæнтæмæ нæ фæййевдæлуй. Косун гъæуй.

– Куст ба си ес?

– Косун фæразæ.

– Федгæ ба?

– Гъæстаг нæ дæн.

– Кæсæг Дигори нæ уарзунцæ.

– Нæ бафеппайдтон. Æз си арфиаг дæн.

– Абони, æвæдзи, нецибал бакæндзинан.

– Цæмæннæ?

– Рæстæг. Рæфтæмæ не ’схъæртдзинан риндзæмæ.

– Раги ма ’й. Гъæуама исхъæртæн. Берæ цуд си нæййес.

– Хуцæутти Хуцауæн, табу!

– Артуг, еунæгæй рацудтæ цауæни?

– Цæугæ къуарæй ракодтан.

– Мадта ци фæцæнцæ?

– Нæ бакумдтонцæ Дзеги цæуæнбæл.

– Ду ба?

– Æз ба сæ ниууахтон æма... зонис æй.

Айдар неци сдзурдта. Рæфтæмæ хæстæг исхъæрттæнцæ риндзæмæ. Риндзæй ракастæнцæ æма фæууидтонцæ дзæбодурти устур дзогæ.

– Бодзой æргæлдзун гъæудзæнæй, – загъта Артуг.

– Æз Бодзой некæд марун. Еуæрдигæй æ фид едагæ фæууй, иннердигæй ба – дзогæ ниппурх уй. Æз фæммарун гъæуанз. Гъæуанзи фид фæлмæн æма адгиндæр æй, уæдта дзо-

гæбæл нæ фæббæрæг уодзæнæй, нæ ниппурх уодзæнæнцæ, бодзо сæ пурх кæнун нæ бауадздзæнæй.

– Æз уой нæ зудтон.

– Артуг, кæдмæ думгæ мах æрдæмæ кæнуй, уæдмæ нæ архайун гъæуй.

– Æз арази дæн.

– Хæстæгдæр сæмæ исцæуæн.

– Цæгатбæл?

– Цæгатбæл.

– Айдар, е Дзеги цæуæнæй тæссагдæр æй.

– Зонун æй.

– Æз дууæ хатти мæ хъисмæт не ’взардзæнæн.

– Æвзарун дæр дин æй нæ кæнун кæнун. Ами бадæ æма дæу æрдæмæ ку рансæндонцæ, уæд – æхсæ.

– Мæ барæ уадзæ!

– Æз фæццæун.

– Айдар, ба мæ лæдæрæ.

– Артуг, ци дзубандитæ кæнис? Уæхæнæй мæ зонис?

Артуг къæндзæстуг худт бакодта. Айдар фæрраст æй. Цæгаттаг риндзæ ауондæр адтæй æма æнгъизтæй хæстæгмæ бацæун, къахнад дæр имæ урух адтæй, фалæ си еу рауæн ампъез хуæздæр багæпп кæнун гъудæй сæрисæфæни сæрти.

Айдар æнцонтæй уайтагъд адтæй цæгаттаг риндзæбæл. Равзурста гъæуанз æма фехста. Гъæуанз æрхаудтæй. Сæгти дзогæ Артуги ’рдæмæ фæцæнцæ. Райгъустæй гæрах...

Дууæ цауæйнони Æфсатий лæвæрттæ багъуд кодтонцæ, сæ хурдзинтæ байдзаг кодтонцæ...

* * *

Айдар дуккаг бон фæссехуар сæхемæ адтæй. Далига ин æхе æхснунмæ дон куд æрæвардта, уотæ фæззиндтæй Цъæхой.

– Ду куд лæг дæ, исцудтæ æма фæййагайдтай цауæни!

– Цæхъой, зин дин адтайдæ, æма дин уой тухкæй нæ загъ-тон...

– Цæмæн мин адтайдæ? Зонун мæ уавæр. Лæдзæгбæл æнцойнæгæнгæй, цауæни цæуæн нæййес, æз ба къулух дæн.

– Цъæхой, зæронд уоси къохæй гъосин райсæ æма мин дон æркæнæ.

Цъæхой ниххудтæй.

– Айдар, ами ба мæ ралхъивтай, мæ гъолтæ мин дæ еунæг уайдзæфæй æрбамулдтай. Далига, рахсай, æз æркæндзæ-нæн дон.

– Æркæнай, мадта ма кæстæр цæмæн æй?

Цъæхой бабæй ниххудтæй.

– Кæми ниммæлон, ис мин хестæр æй. Ду райгурдтæ мæ-нæугæрдæнти райдайæни, æз ба – мæнæугæрдæнти кæрони.

– Бон хестæр ди ка уа, уомæн дæр кæстæр дæ.

– Хуарз, хуарз, æз зийнадæ нæ кæнун кæстæреуæгмæ.

– Раст кæнис, биццеу.

– Биццеу, хабар нæ фегъустай?

– Нæуæг?

– Нæуæг, мадта фариккон хабар ба хабар нæбал æй.

– Циуавæр хабар æй?

– Дзандзирахъ лæгмæ цæуй.

– Æ-гъа, кæмæ?

– Бæрæг нæма ’й.

– Куд нæма ’й, кæд лæгмæ цæуй, уæд?

– Бадзе, дæ енцег, Дзандзирахъи фидæ æ кизгæ дæттуй...

– Артуги гъолæ сах ниббадтæй.

– Артуги гъолтæ ами нæ гъазунцæ.

– Мадта?

– Бадзе æ кизги уæйæ нæ кæнуй. Нæ агоруй ирæд, нæ бай-агордзæнæй неци уосгори хæдзарæй.

– Нæ дæ лæдæрун.

– Бадзе загъта: «Нæ фиддæлтæ ирæд нæ агурдтонцæ уос-горæй. Кизгæ æхуæдæг æвзаридæ æхецæн царди ’мбал».

– Уотæ адтæй кæддæр.

– Е дæуæн кæддæр æй, Бадзейæн ба кæддæр нæй. Бад-зейæн ба нур æй.

– Мадта ’й куд дæттуй?

– Æхе къохæй æрхи агæ ка скæна, æхе къохæй зурнæй зилд фингæ ка скæна, адæми æхсæн нимади ка уа, еу талин-гæй иннæ талингæмæ сирди мард ка ’рхæсса, уой уодзæнæй Дзандзирахъ.

– Уотæ зæгъуй Бадзе?

– Уотæ зæгъуй Бадзе дæр, уотæ зæгъуй Дзандзирахъ дæр.

– Ами Артуг рахаудзæнæй...

– Цæветтонгæ, Артуг фæрæтгъæдæ дæр не ’скæндзæнæй.

– Мадта ци кæндзæнæй нæ гъæуи рæсугъддæр кизгæ?

– Айдагъ гъæуи нæ, фалæ Дигоргоми рæсугъддæр кизгæ, æма ’й æндæр гъæумæ уадзун нæ гъæуй. Кадгин Къамати гъæу фæффедиссаг уодзæнæй. Уой тергади кæнис?

– Цъæхой, кæнун.

– Айдар, ба мæ уадзæ дзорун. Къамати гъæуи хестæрти æма кæстæрти фæндуй, цæмæй ду, Темисати Темиси фурт Айдар æрхонай Дзандзирахъи.

Айдар нихxудтæй.

– Цитæ дзорис? Бадзе æ кизгæ, седзæрæй ка исирæзтæй, Кæсæги рахауæ-бахауæ ка кæнуй, уомæн ратдзæнæй?

– Айдар, дæуæй æндæр æрхи агæ æма зурнæй зилд фингæ неке скæндзæнæй. Дæуæй æндæр еу талингæй иннæ талингæмæ сирди мард неке æрхæсдзæнæй. Фæдесмæ дæуæй раздæр неке фæззиннуй. Ду, Айдар, абæргутæй райстай нæ фонси æргъау. Ду, рамолдзæнæ! Уотæ фæндуй Бадзей, уотæ фæндуй Дзандзирахъи.

– Уой ба кæцæй фегъустай? Бадзе дæмæ æ догъон бæхбæл исцудæй æма дин мæн тухxæй загъта?

– Бадзе мæмæ догъон бæхбæл не ’сцудæй, фалæ ’й зонун.

Далига сæмæ игъуста, уæдта загъта:

– Биццеу, дæ амонд бавзарæ.

– Нана, ду дæр Цъæхойи уæрдуни бадис æма уой зар кæнис?

– Нæ бадун, фалæ Цъæхой раст зæгъуй.

– Хуарз, басагъæс кæндзæнæн.

Уотæ дзоргæй сæ æрбаййафта Артуг.

– Цъæхой, ду дæр ами дæ?

– Дæр ба мин ци хонис? Мæ фидæ Темисати Темиси цард хуæрифурт адтæй. Æццæйнæ, Далига?

– Уотæ ’й, уотæ ’й, Цъæхой раст зæгъуй.

– Мæ рæдуд мæхемæ есун.

– Гъе уотæ, Артуг, Цъæхойи хæццæ кæрдту ма цæгъдæ.

– Нæ цæгъдун. Дæ хæццæ ке бон æй. Фалæ, Цъæхой, гъæуи хабæрттæ ду гъæуама зонай. Лæдзæги хæццæ изолмæ нæ цæуис.

– Артуг, хабар ку зонис, уæд ма мæ цæбæл фæрсис?

– Уомæн дæ фæрсун æма ми не ’рагæс кæнуй. Бадзе æ кизги...

– Артуг, бади ирагæс уæд. Ирæдбæл нæ уæйæ кæнуй æ кизги. Ирæд ци ’й? Еу гъæздуг гъæндзи ирæд бафеддзæнæй æма хуæздæр кизгæ уой фæууодзæнæй. Бадзе ба æ кизгæн, уæдта Дзандзиархъ дæр агорунцæ къохæй дæсни, зундæй сæрæн, тохи хъайтар ка уа, уæхæн лæг, уæхæн сиахс.

– Мæгур уодзæнæй Дзандзирахъ ке амонд уа, ейæ.

– Цæмæн? – рафарста Айдар.

– Уомæн æма сæребарæ уодзæнæй. Ирæдæй не ’рхудта æма си неци ихæсгин уодзæнæй Дзандзирахъ. Кæд фæнди дæр æ цæгатмæ рандæ уодзæнæй.

– Раст нæ дæ, Артуг. Бадзе дæр, Дзандзирахъ дæр фиддæлти æгъдæуттæ æма фæткитæ æнхæст кæнунцæ, карз æма сæмæ бæрзонди æвæрд æнцæ. Æз уой еске цъухæй нæ зæгъун. Æз æртæ анзи Бадзей хæццæ бакустон курдонæй, зæрингурдæй æма уидтон бинонти æгъдау æма æфсар.

– Нæ зонун, нæ зонун, фалæ...

– Фалæ ци? – нæ бауахта исдзорун Артуги, уотемæй имæ фарста февардта Цъæхой.

Айдар ралæдæрдтæй е ’рдхуæрдтæ, æ хуарз æмгæртти дзубанди буцæумæ ке цæуй, уой æма игъæлдзæгæй батхалдта:

– Загъта-бахтатæ ниууахтæ. Фингæ рæвдзæ ’й æма Хуцæуттæмæ, идаугутæмæ исковæн, нæхе сæбæл бафæдзæхсæн.

– Дæ рунтæ мæ губуни, Айдар, аци хаттæй растдæр некæд загътай, – игъæлдзæгæй загъта Цъæхой.

– Æз «нæ-æ» нæ зæгъун, – æ медбилти ходгæй, исарази æй Артуг.

Кæрæдзей усхъитæбæл сæ цæнгтæ æривæргæй, фæрраст æнцæ цæлгæнæнмæ.

* * *

Айдар исарази æй уосгорти хæццæ раерис кæнунбæл æма рамулдта. Къохбæл хуæцæг Дзандзирахъæн адтæй Артуг, Цъæхой – æндзиуаргин фидæ, æндзиуаргин мадæ ба – Далигай æнсувæри киндзæ, Дайхуæ. Далига цийнæ кодта, æ еунæги цийнæ ке фæууидта, уобæл, фалæ нæ рафсастæй æ киндзи хæццæ цæрунæй. Дууæ къуæрей рацардæй æ хæццæ, уæдта сæ синхонти бæрзонд къæпхæнбæл цæугæй, фæггурдæй æма рахаудтæй. Æ сæр дорбæл æрхаста, æрбамардæй.

Зиан байвардтонцæ, фалæ киндзæхсæви æма зиани хæрзтæ ба Айдари хæдзарæ раревæд кодтонцæ.

Ци мæнкъæй зæнхи гæппæл имæ адтæй, уой тиллæг ба мæйи фагæ дæр н ’адтæй. Айдар цæуй Кæсæгмæ косунмæ, Дзандзирахъ ба, ци фонс сæмæ байзадæй, уонæмæ зелдзæнæй, уæдта кæндзæнæй сæхъун хизтæ, цъоппин хæдæнттæ. Айдар рандæ ’й хъæппæлфæлдесæн кæнди фæсте Кæсæгмæ.

Артуг æма Цъæхой арæх рабæрæг кæниуонцæ Дзандзирахъи. Лæги куститæ кæми гъæуидæ, уони ракæниуонцæ. Ефстаг бонæй фæстæмæ ’й бæрæг кодта е ’мдзиуаргин мадæ Дайхуæ. Дайхуæ Дзандзирахъæй берæ хестæр н ’адтæй, уæдта еу синхи еумæ исирæзтæнцæ, дуурæ мадигубуни хуæртау цардæнцæ. Се ’хсæн сосæгдзинадæ н ’адтæй. Дзандзирахъ боз æма арфиаг адтæй æ хуæрæ æма е ’нсувæртæй.

Цъæхой дæр æма Артуг дæр еугæйттæй некæд цудæнцæ, уæдта цæлгæнæни къæсæрæй дæр некæд бахизтæнцæ æнæ Дайхуæ. Фиддæлти æгъдау æнхæст кодтонцæ. Цъæхой адтæй растзæрдæ, гиризгæнагæ. Хинæ, мæнгард миуæ имæ н ’адтæй. Ци кодта, ци дзурдта, уой кодта æргомæй. Фиддæлти æгъдæуттæ æма фæткитæбæл федар хуæст адтæй, некæд сæ ихалдта, уæдта сæ ихалун дæр нæ уахта. Кæд ма уосгор лæхъуæн адтæй, уæддæр сæ берæ хестæртæй хуæздæр зудта. Æмбалдзинадæ ба имæ арф æма бæрзонди æвæрд адтæй. Æмбали сæрбæл тохи мæлæтмæ дæр бацудайдæ.

Артуг дæр кадгин лæхъуæн адтæй, адтæй æнгаргин, фалæ мæнгард æма хецмæрездзинадæй дæр æнхæст адтæй, кæд сæ нимæхсти дардта, уæддæр ин хаттæй-хатт рабæрæг уиуонцæ. Æмбæлттæ ’й нимадтонцæ, фалæ ибæл æууæндгæ ба нæ кодтонцæ. Цъæхой дæр, Артуг дæр цæрунгъон хæдзæрттти исирæзтæнцæ, адтæй син æнсувæртæ, хуæртæ, нийййергутæ. Куд бинонти кæстæртæ, уотæ сæмæ хæдзари сагъæстæ нæ хаудтæнцæ. Айдар цъæдæхæй байзадæй седзæрæй. Æ фидæ, Темис, цауæнæй нæбал æриздахтæй. Гъомбæл æй кодта æ мадæ Далига. Цæмæй силгоймаги ахури бæрагæ ма байзадайдæ, уой тухæй æй æ мади æнсувæр Огъалухъ уæгъдæ нæ уахта. Ахур æй кодта лæги миутæбæл, тугъдон гъуддæгтæбæл. Цуппæрдæс анздзудæй зудта хъæрæймагæй æхсун, хъæмайæй тохун, фиййаугард æхсун. Огъалухъ æй уотæ исахур кодта æма æхецæй хуæздæр æхста фиййаугард.

Боз адтæй æ хуæрифуртæй. Арæх æй райсидæ æ хæццæ цауæнмæ æма ин арти фарсмæ дзоридæ:

«Æнæхъарæ лæг алкæддæр æгадæ адтæй æма æгадæй тæрсæ. Фиццагдæр зонæ, арæхсæ дæхе гъæуай кæнун, æфхуæрун дæхе макæд уадзæ. Æрмæст кардæй алкæд ма архайæ. Кард исесисæ, æндæр гæнæн æма дин амал ку нæбал уа, федауцæй ку нæ лухгонд цæуа, уæд. Макæд макæмæн хатир кæнæ мæнгард æма гадзирахатдзинадæ. Æрдхуард разахтай, уæд уо æцæг æрдхуард, æмбалхуар макæд уо. Дигорæ мæнкъæй адæмихатт æй. Еунæг Дигоргоми цæрунцæ Дигорæ. Лæборгутæ ба имæ берæ ес. Сæйрагдæр ихæс алли дигоронæн дæр æй Дигори сæребарæ, Дигори кадæ багъæуай кæнун».

Уоци фæдзæхститæ Айдар некæд иронх кодта. Айдар цуппæрдæсанздзудæй бацудæй Бадзей курдбадзæмæ ахурдзауæй. Косидæ зумæги мæйти еу талингæй иннæ талингæмæ. Бадзе æ ахурдзауæй сæрустур æма боз адтæй. Еу æма ’й дуурæ хатти нæ растауидæ нихæси бадгæй. Бадзей хæццæ æртæ анзи бакуста, уæдта бацудæй ахурдзауæй гъæдикустгæнæг Таземæ ахурдзауæй. Инсæй анздзудæй исамал кодта курдони æма гъæди кустгæнæн дзаумæттæ æма æхуæдæг косун райдæдта. Фалæ куст фагæ н ’адтæй. Курдонтæ æма гъæди кустгæнгутæ Къамати дæр æма иннæ гъæути дæр фагæ адтæй æма Айдар рандæ уидæ Кæсæги гъæутæмæ, уордигæй идзаг къохæй исцæуидæ.

Адтæй æмбалгин. Уарзта е ’мбæлтти хæццæ рабадун Ирæфи билæбæл. Цауæнæй саги мард ку ’рхæссидæ, уæд фиди дзæбæхтæй дони билæмæ фæххæссидæ, фæмминасæ кæниуонцæ. Фæззариуонцæ.

Æмбæлттæ æма ин зонгитæ адтæй берæ. Æрдхуæрдтæ ба ин адтæй æрмæстдæр дуурæ: Артуг æма Цъæхой. Уонæбæл æууæндтæй, æ зæрдæ сæбæл дардта. Гъолон си неке кодта. Дзандзирахъ дæр сæ нимадта, æгъдау син лæвардта, куд æ хецауи æрдхуæрдтæн, куд е ’нсувæртæн.

Фалæ еу æхсæвæ, нæзин цирæгъти рохсмæ цъопп куд æлвиста, уотæ дуар кадæр æрбахуаста. Дзандзирахъ е ’лвесуйнаг цетени ниввардта, æ гопгæнæн сæрбæттæн рабаста æма рацудæй хуайæгмæ. Дуари рази дуар райгон кæнуни агъоммæ æрлæудтæй æма бафарста:

– Ка дæ?

– Æз дæн, Артуг дæн.

Дзандзирахъ дуар байгон кодта. Артуг æрбахизтæй къæсæрæй:

– Хатир бакæнæ, Дзандзирахъ, атæ æнафони ке ’рбацудтæн.

– Ци хабар æй?

Артуг æ сæр æруахта, нæ зудта, уæдта нæ нифс кодта æ цуди сæр зæгъунмæ.

– Ци хабар æй, Артуг?

– Дзандзирахъ, зин мин æй æ зæгъун…

– Мæ йарт… нæ лæгæй ести лæгъуз хабар ес?

– Нæ, нæ. Айдарæй неци хабар ес.

– Рауай медæгмæ. Къæсæрбæл ци лæууис? – æма фæрраст æй цæлгæнæнмæ. Артуг цудæй сабургай æ фæдбæл.

Кæдæй рандæ ’й Айдар, Артуг уæдæй цæлгæнæни къæсæрæй некæдбал бахизтæй. Æ цæстæ рахаста цæлгæнæнбæл æма батхалдта Дзандзирахъмæ:

– Дзандзирахъ… Дзандзирахъ…

– Уæй.

– Дзандзирахъ, Айдари уарзис?

– Æма уобæл гурусхæ кæнис?

– Нæ кæнун, фалæ мæ зонун… зонун фæндуй…

Дзандзирахъ бахудтæй:

– Ме ’нсувæр… Уарзон, нæ уарзон, уобæл дзоргæ нæбал æй. Нæ лæги æз раги равзурстон мæхецæн царди ’мбалæн.

Артуг æ сæр æруахта, уæдта нидæнæй бафарста:

– Мæн ба некæд уарзтай?

– Некæд, – æргомæй загъта Дзандзирахъ.

– Цæмæннæ?

– Уой ба нæ зонун…

– Дзандзирахъ, æз дæу уарзун… æма мин ци кæнгæ ’й?

– Нæ зонун…

– Дзандзирахъ… Дзандзирахъ… Зонæ, æз дæу уарзун! Æма мæн уодзæнæ. Мæн! – фæгъгъæр кодта æма райахæста Дзандзирахъи. Æ цæстити гагутæ ранæрстæнцæ. Дзандзирахъи æхемæ нилхъивта… Дзандзирахъ ралæдæрдтæй, лæги хæццæ тохун æ бон не ’содзæнæй хъарæй.

– Артуг, æнæ гæнæн нæййес.

– Нæййес! Нæййес! Дзандзирахъ!

– Кæд нæййес, уæд… æз арази дæн, фалæ тухеуæгæй мæн нæ фæндуй…

– Æнæ тухеуæгæй не ’сарази уодзæнæ.

– Цæмæннæ ба… Æз æригон силгоймаг дæн. Æз еунæгæй цæрун…

– Саис?

– Ард дин хуæрун. Уодзæнæ мæ уати…

Артуг æй исуагъта æма тузмæгæй загъта:

– Мæнгард миуæ нæ ниууодæнсдзæнæн…

– Цитæ дзорис, Артуг? Æз загътон… уæд мæбæл æууæндæ, – æма бацудæй æ уатмæ.

Мæнкъæй бахезæ, уат рафснайон.

Дзандзирахъ æ уати ниссагъæси ’й: «Нур ци кæнон? Дуарбæл æхгæнæн нæййес, уæдта ибæл ку уа, уæддæр Артуги нæ бауорамдзæнæй. Циргъагæй дæр уати неци ес…»

Мæнкъæй къæрæзгитæй нидæн мæйрохс калдæй уатмæ. Еци дудзий рохсмæ æ цæстæ райахæста гæрзин æхсæ. Айдар æй кæмæндæр искодта, фал æй нæма балæвар кодта. Æрискъафта æхсæ. Æр имæ кастæй. Æхсæ адтæй æртæбидон, даргъ, æ кæронбæл ба – тумбул æфсæйнаг. Дуари æрбацæуæни æрлæудтæй.

– Фæццæун дæмæ, Дзандзирахъ! – æрбагъæр кодта Артуг.

Дзандзирахъ неци сдзурдта, фалæ æхси гъæдæ нилхъивта. Артуг куддæр æрбахизтæй къæсæрæй, уотæ ’й ниццавта æхсæй, æ кеми нæма æрцудæй, уотæ еу цæф инней æййафта. Æ тог калдæй æ къохтæй, æ цæсгонæй, æ ходæ æрхаудтæй æма сæри цар сурх радардта тогæй. Уотемæйти ма туххæйти раервазтæй, ледзæги фæцæй.

Дзандзирахъ дуар фехгæдта къæбæлæй, уæдта ма имæ буцæутæ дæр ракодта. Бацудæй æ уатмæ æма йаххæй никкудтæй.

Артуг æхсæвигон цауæни еунæгæй рандæ ’й. Дууæ къуæрей хуæздæр гъæди фæцæй, цалинмæ æхси цæфтæ исдзæбæх æнцæ, уæдмæти. Æрцудæй. Еу инсæй фуси æ разæй бакодта æма фæннæхстæр æй Кæсæгмæ, фустæ тиллæгбæл æййевунмæ. Фалæ имæ тиллæги мæтæ н’адтæй. Е рандæ ’й Айдармæ.

Айдар ци гъæуи адтæй, уой уайтагъд иссердта. Айдар ибæл хъæбæр ниццийнæй. Косарт ин æ номбæл ракодта. Фæббадтæнцæ, фæххабæрттæ кодтонцæ. Дуккаг бон фустæ мæнæуæ æма хъæбæр хуарбæл байййивта. Изæрæй бабæй фæббадтæнцæ. Айдари фæндадтæй базонун æ зæрдтаг, æ бинойнаг куд æй, фалæ Артуг Дзандзирахъи кой некæми скодта. Айдар ба æфсæрми кодта æ бинойнагбæл бафæрсунæй, фалæ ку неци дзурдта, уæдта ’й бафарста. Артуги æрфгутæ æрбагъунтъуз æнцæ, æ сæр æруахта æма нидæнæй загъта:

– Аци фарстайæй тарстæн…

– Цæмæн?

– Айдар, зин мин æй зæгъун, фалæ…. – нигъгъос æй.

– Ци фалæ? Зæгъай?

– Мæ хуæрæ кæмæн разагътон, ду ба царди ’мбалæн ке равзурстай, е нæ фæхходуйнаг кодта.

– Куд?

– Дзандзирахъæн ес хуæзгол.

– Уомæн уæн нæййес.

– Бæргæ, уæн ин ку нæ уайдæ, уотæ мæн дæр фæндуй… фалæ ин ес…

– Адæм алкæд раст нæ фæдздзорунцæ. Мæнгæ, хæрам таустæ дæр рауадзунцæ.

– Гъулæггагæн, нæ ’й уотæ.

– Дæхуæдæг æй фæууидтай?

Артуг еу усмæ неци сдзурдта, уæдта загъта:

– Мæхуæдæг æй фæууидтон. Хабар ку фегъустон, уæд мæ цæстæ дарун райдæдтон. Дзандзирахъ æхсæви цæстæй донмæ фæййагайуй. Уоми ’й фæххезуй æ хуæзгол… Хорискастмæ æ хæццæ фæууй, уæдта исцæуй. Æз æй æртæ хатти фæууидтон.

Айдар æ цæститæ ницъцъундæ кодта… Æ тумбул уиндтуг цæсгон нийвадæй. Артуг хизта, нуртæкки хъалац низзувутт кæндзæнæй, кенæ имæ балæбордзæнæй, фалæ Айдар арф нийнæфтæй æма нидæнæй загъта:

– Хусгæ, Артуг. Исон дæ раги цæун гъæудзæнæй. Мæнмæ дæр берæ куститæ ес…

Сæумæраги рафæндараст кодта Артуги, ба ин амудта æдасдæр над. Артуг дууæ бæхуаргъи æма еу хæрæги уаргъи хæццæ фæннæхстæр æй. Бæх æма хæрæг адтæнцæ Айдари. Рафæдзахста: «Хæрæг æма бæх Цъæхоййетæмæ батæрдзæнæ». Айдар Артуги ку рафæндараст кодта, уæд æррæстæ исцудæй æлдармæ. Балæвар ин кодта фус фицæн æма гал фицæн дууæ æрхи аги, зурнæй зилд даргъ цуппæркъахуг фингæ æд къæлæт бадæнтæ.

Æлдар Азрат райарфæ кодта Айдарæн æма ин балæвар кодта æд рæвдзæ догъон бæх. Æвæдзи сæ нæ балæвар кодтайдæ, Дзандзирахъи хабар ку нæ фегъустайдæ, уæд.

Куддæр рацудæй æлдарæй, уотæ æ курдбадзæмæ дæр нæбал бацудæй, æ фусуни гъæунги рауидта æма сæ уобæл рафæдзахста, æхуæдæкка фесхуста Къаматæмæ цубурдæр, фалæ тæссагдæр надбæл. Еци надбæл рацудæй Артуг дæр. Артуг цудæй сабургай, гъæуæйттæгæнгæ. Бæхгин лæууирдæй уайгæ ку рауидта, уæд æ бæхтæ æма æ хæрæги хæццæ фæммедæг æй бæрзонд æмвæйнæ ханси. Бæхгин æ рæзти лæуирдæй исевгъудæй. Айдари рафæсмардта… «Æз ба æнгъалдтон, нæ мæбæл баууæндтæй… Баууæндтæй… баууæндтæй æма ме ’сцудмæ Дзандзирахъи фæссордзæнæй…

Æрмæст тагъддæр кæнун гъæуй. Исцудæй Кети гъæумæ. Уоми хæрæг æма æ бæх фæууагъта, æ бæхи уаргътæ æриста æма фесхуста хонхмæ. Тæторсбæл нихxизтæй Дигоргоммæ. Надбæл баздахтæй Мæхчески æ зонгæ лæгмæ.

Æ зонгæ ’й ку рауидта, уæд ибæл били кæрæнттæй ницийнæ ’й, æма хатиртæ корунмæ фæцæй:

– Артуг, ниммин хатир кæнæ, нæма дæн æнхæст рæвдзæ де ’хæс федунмæ… Бæргæ архайун…

– Ку архаисæ, уæд дууæ анземæ æнгъизтæй бафедун…

– Æнгъизтæй, фалæ мæ гъуддæгтæ нæ цæунцæ…

– Кæд рацæудзæнæнцæ дæ гъуддæгтæ?

– Артуг, æндæр естæмæй бафедун не ’нгъезуй мæ ихæс?

– Цæмæй мин æй бафеддзæнæ? Бæхтæ дæумæ нæйййес, фустæ дæр нæ дарис…

– Æз косæг лæг дæн æма дин дæ куститæ кæндзæнæн.

– Ихуæрсти цæуис?

– Цæун.

– Æма ’й дæ сæрмæ хæссис?

– Æнæ хæссæн дæр ин нæйййес. Ихæс федгæ ’й.

– Хуарз…

– Зæгъæ, кæд æма мин кумæ цæугæй. Циуавæр косæндзаумæттæ мин хæсгæ уодзæнæй?

Артуг ниссагъæси ’й, уæдта загъта:

– Фæббадай мæ фæсабæрцæ, Дзабо.

Дзабо фæббадтæй æнæдзоргæй. Артуг ин байамудта, кæд æма ин ци кæнгæ уодзæнæй, уой.

– Бæх æма дин цохъатæ æхсæвæ æрласдзæнæн.

– Кæд мин цæугæ уодзæнæй?

– Фæддин æй игъосун кæндзæнæн. Макумæ рандæ уо.

– Кумæ цæун, кæми мин ци байзадæй?

– Ци дзоргæ дин уодзæнæй дондзауи хæццæ, уой гъуди кæнис?

– Кæнун.

– Дзорай!

– Бафæрсдзæнæн: «Дзæрæх кæми цæруй?»

– Уæдта?

– Æ хæццæ дони билæмæ æрцæудзæнæн.

– Ци дин кæнгæ уодзæнæй?

– Фæббаддзæнæн бæхбæл æма нигъгъæр кæндзæнæн:

«Дзандзирахъ, дæхе мин багъæуай кæнæ» – æма лæуирдæй раледздзæнæн.

– Хъæбæр хуарз. Уой ку ’скæнай, уæд де ’хæс фист æй. Нецибал ми дарис.

– Бæх æма цохъатæ ба?

– Дæумæ бал уодзæнæнцæ, цалинмæ сæ райсон. Нур ба цо уæхемæ. Мæхческæ изоли нæ ’й.

Дзабо игъæлдзæгæй фæннæхстæр æй сæхемæ. Артуг æ фæдбæл кастæй æма загъта æ меднимæр: «Дæ адзал ку нæ уа, уæд цæрдзæнæ, дæ адзал ку уа, уæдта дæ тæрегъæд дæхе».

Айдар æ бæх Къумбулти фиййæуттæмæ фæууагъта æма фестæгæй гъæдтæ, гъæдтæ æрбадзæхст кодта Къаматæмæ. Æрмæст гъæумæ нæ бацудæй, фалæ гъæди байзадæй. Æхсæвæй ба æрцудæй, донмæ адæм ци къахнад искодтонцæ, уордæмæ. Равзурста æхецæн фæлгæсæн риндзæ. Риндзæ адтæй къахнадмæ дæр хæстæг, донмæ дæр, уингæ дæр æй неке фæккодтайдæ, уотæ аууони адтæй. Æ нимæт байтудта зæнхæбæл æма æхе рауахта. Фæндæй адтæй еу мæнкъæй рафунæй кæнун, рæстæг дæр ин адтæй, фалæ имæ хуссæг нæ цудæй. Сагъæстæ еу инней фæдбæл игурдæнцæ сæри. Нæ си ирагæс кодтонцæ Артуги хабæрттæ, фалæ гурухсæ ба кодта, гурухсæ арфæй арфдæр хизтæй зæрдæмæ: «Цæмæн цæуй сæударæй донмæ, уæлдайдæр ба еунæгæй. Æз ами ку адтæн, уæд цæуидæ синхи киндзитæ æма кизгутти хæццæ, адæм фонс æргъаумæ ку раскъæриуонцæ, уæд... Гæр, мæнбæл уотæ тагъд ратегъхатт æй æма даруй хуæзгол? Сайгæ мæ кодта, ке мæ уарзта рагæй, уомæй? Æви мæ нæ сайдта? Еуæрдигæй нæ сайдта. Цæмæн мæ сайа? Уосгортæн бæлвурд ихæс скодта: Билæги коммæ ка фæццæудзæнæй, уоми сиугин саг ка рамардзæнæй, æхе исконд аги ’й ка исфицдзæнæй, æхе конд фингæбæл æй ка байуардзæнæй, уой уодзæнæй Дзандзирахъ. Æз искодтон, цидæр дæмдта уосгорæй, уой. Æрæй худтон. Нур ба мæн нæбал æй. Нур ба хуæзголи ’й, æма ’й гъæуай кæнун, куд фембæлдзæнæй æ хуæзголбæл. Артуг мæнгæ дауæ æ хуæрæбæл не ’ркæндзæнæй. Цæмæн æй гъæуй? Артуг мæ бинойнагбæл ардаугæ ку кодтайдæ, уæд æррæстæ, æз ци гъæуи дæн, уордæмæ æрцудайдæ æма мин радзурдтайдæ хабар. Фалæ не ’рцудæй... адтæй ма æндæр

гъæути дæр... Уæдта мин æй нæ гъавта зæгъунмæ дæр. Мæхуæдæг æй бафарстон. Æ цæсгонбæл, æ кастæй бæрæг адтæй, гъулæг ин ке ’й, ке ’й нæ фæндуй зæгъун... Фиддæлти загъд æцæг æй, силгоймагбæл æууæнкæ нæййес. Кæсæ-ма... Кæсæ-ма... куд æвваст райарази æй, цæмæй цæуон Кæсæгмæ уобæл дæр. Цæмæн? Уомæн æма ’й гъигæ дардтон. Мæн æрвиста, цæмæй идзула хуæзголи хæццæ... Фалæ æлхинцъæг нæма кæнун... Артуг ме ’рдхуард æй... Е мæнгæ дауæ не ’скæндзæнæй, фалæ кæд фæррæдудæй, уæдта? Рæдуйгæ алке дæр кæнуй. Байзондзæнæн... Берæ хезун мæ гъæуй... Дзандзирахъæн ба неке зæгъдзæнæй, – «дæ лæги дин рауидтон», неке мæ зонуй. Артуг кæд исхъæрттæй, уæддæр æз ами дæн, уой нæ зонуй. Уомæй уотæ, æз Кæсæги байзадтæн... Хезæ Айдар, хезæ...

* * *

Айдар хъæбæр рæдудæй. Артуг изæрæй ами адтæй. Уидта, фахсбæл куд цудæй Мæцутæмæ, гъæдтæ-гъæдтæ куд цудæй Къаматæмæ, уæддæр цудæй æ фæдбæл. Фæууидта, кæми æрбунат кодта, уой дæр. Ци базонун ма ’й гъудæй, Дзандзирахъи ке гъæуай кæндзæнæй, уой. Артуг гъæуи ниууахта æ бæх æма Мæхческæмæ æрцудæй Дзабомæ. Дзабо си ихæс дардта, æ бафедун ба æ бон н ’адтæй. Æхсæвæй ин æ уорс цохъатæ æма æ догъон бæхтæй еуей фæлласта. Нур ба ’й исхъæртун кодта... Куддæр Дзандзирахъ фæззинна, уотæ имæ Дзабо рацæудзæнæй. Нур дæр уинуй Айдарæн æ алли æзмæлд дæр. «Сæумæ ’й сæхемæ рарветдзæнæй æма ’й æз æрхондзæнæн. Мæнмæ цард нæ фæууиндзæнæй. Æз ин е ’хси цæфтæ сæдæвæремæй бахатдзæнæн. Байлæдæрдзæнæй... тагъд...»

Æхсæвæ тадæй. Мæйæ бурдæй сæумæмæ. Ирæфи еугæндзон æндзахъула азæлдæй фунæй комбæл. Къамати гъæу Мæхческæ æма Уæхъæци астæу æнцад хустæй. Тадæнцæ арвбæл стъалутæ. Бон хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Фæрроxс æй, фалæ талингæ нæма рандæ ’й. Дзандзирахъ дууæ къустели донхæссæни хæццæ фæууурдуг кодта донмæ. Айдар имæ кастæй дорауонæй. Æ тæккæ рæзти раевгъудæй. Куд фæндадтæй æй нигъгъæр кæнун: «Дзандзирахъ, æз мæнæ ами дæн!» Раймæ уайун тъæбæрттæй æма ’й æ гъæбесмæ фелвасун æд къустелитæ, æд донхæссæн. Фалæ

нæ рауадæй æ бинойнагмæ… Кастæй æ фæдбæл, цæнддорæй цæнддормæ цудæй Уасгергимæ ковгæй, æ меднимæри: «Гъиад, Уасгерги, мæнгæ хабар æй…» Донмæ ку ’рхæстæг æй, уæд кæцæйдæр бæхгин фæззиндтæй. Æрфестæг æй æма бацудæй Дзандзирахъмæ. Еу сæдæ ампъези æмвæрстæ цудæнцæ, уæдта лæг æ бæхбæл фæббадтæй, æрцæфтæ ’й кодта æма нигъгъæр кодта Дзандзирахъмæ:

– Дæхе гъæуай кæнæ, Бодзо ами ’й.

Айдари зæрдæ исгупп кодта, æ цæститæ ратар æнцæ. Фергъувта топп, фалæ бæхгин æрбайсавдæй. Идарддæр ци кодта, уомæн неци зудта. Æрмæстдæр ма æ цæститæбæл уадæй Дзандзирахъи тарст цæсгон. Уæдта донмæ куд ниххаудтæй æ рæхустæй. Айдар æ сау куст бакодта æма фесхуста гъæдтæ-гъæдтæ Мæцутæ ’рдæмæ.

Артуг уидта, Айдар Дзандзирахъи куд мардта, уой. Уой нæ хизта, æнгъалдта æ цæгатмæ ’й рарветдзæнæй… Е ’нгъæл нæ рауадæй, фалæ нæ батухстæй, загъта нидæнæй:

– Дæуæн дæр нæ æма мæнæн дæр нæ, – æма фæрраст æй Мæхчески ’рдæмæ. Æ сагъæс адтæй Дзабо. «Дзабо исон Дзандзирахъи зиани хабар ку фегъоса, уæд базондзæнæй еци содзгæ зиан, уомæ дæр ке хауй, тæрегъæдгун ке ’й. Дзабо фæгус æй, уой хæццæ ба ма æ цъухтæбæл дæр нæ хуæцуй. Уæхæн æвдесæн мæн пайдайæн нæ ’й. Мæн уæхæн æвдесæн нæ гъæуй», – цудæй уæхæн гъудити хæццæ Мæхчески ’рдæмæ.

Дзабой æрæййафта гъæуи сæрмæ, дони билæбæл цагъанай къотæрти рæбун. Артуг ин æ къох райста æма ин æ усхъæ æрцавта:

– Дзабо, хуарз исарæхстæ. Ду мæнæй нецибал дарис.

– Арфæ кæнун, Артуг. Еске дзаума мæн нæ гъæуй. Мæнæ дæ цохъа, мæнæ дæ цæрмин ходæ, мæнæ ба дæ бæх.

– Хъæбæр боз ди дæн, – бæхæй хезгæй, загъта Артуг, – Дзабо, цохъа дæр, ходæ дæр, бæх дæр дæу æнцæ. Лæвар дин сæ кæнун.

– Уæй, уæй, Артуг, æгæр хъал мæ кæнис, æгæр хъал.

– Етæ æз æма дæу æхсæн неци ’нцæ.

– Арфæ кæнун… Дæ хуæрзтæ дин цæмæй бафеддзæнæн.

– Неке дин сæ федун кæнуй, – уоци дзурдти хæццæ кардæй барæхуститæ кодта Дзабой. Дзабо исхъиппгъон нæбал

исцæй… Æрхаудтæй зæнхæмæ. Артуг райста цохъа æма ходæ, фæббадтæй бæхбæл æма лæуирдæй фæййагайдта.

* * *

Айдар еци бон изæрдалингти æристадæй Кæсæги гъæумæ. Æ хъæппæлтæ нæ раласта, уотемæй æхе багæлста хуссæнмæ. Æ цæститæбæл гъазта Дзандзирахъи ивад цæсгон, æ тарстæйдзаг урух цæститæ. Æ цæститæ бæргæ ницъцъундæ кæнидæ, æхе бæргæ рахатæ-бахатæ кодта, фал æй Дзандзирахъ уæгъдæ нæ уахта. Еу афони фæллад æма æнæхуссæг фæууæлахез æнцæ æма рафунæй æй. Æрмæст имæ æ фуни дæр Дзандзирахъ истадæй æма имæ комкоммæ кастæй. Айдар фегъал æй. Арвæй имæ æстъалути æхсæнæй кастæй Дзандзирахъ æма 'й æ каст фарста: «Айдар, нæ лæг, цæмæн мин бакодтай уæхæн куст… Æз раст дæн… раст дæн…» Фестадæй æма бацудæй æ хуссæнмæ. Дуккаг бон дæр æ кеми нæма адтæй, кæд æ цæститæбæл нæбал гъазта Дзандзирахъ, уæддæр. Нæуæг куститæ нæбал иста, куста æрмæст раздæри куститæбæл, фалæ æ куст рæстмæ нæбал цудæй. Ке скæнидæ, е дуккаг бон ихалгæ рауаидæ. Æнгъæлмæ кастæй гъæргæнæгмæ, фалæ къуæре рацудæй, гъæргæнæг ба нæма адтæй, фæцæй дуккаг къуæре, æрмæстдæр æртиккаг къуæре фæззиндтæй Цъæхой.

Цъæхой æгъдау æма фæткæмæ гæсгæ ратæфирфæрс кодта, радзурдта ин сау хабар.

Еци бон æхсæвигон рацудæнцæ Кæсæги гъæуæй.

Дзандзирахъи байвардтонцæ. Æгас ком дæр æрцудæнцæ зианмæ… Адæм кæрæдзей фарстонцæ, кутемæй æма ка рамардта Дзандзирахъи… фалæ ин неке неци зудта. Дессаг ба е адтæй æма уæхæн зиан ку 'рцæуй, уæд алли хузти таустæ фæззиннуй. Дзандзирахъи фæдбæл еунæг таус дæр нæ фæззиндтæй.

Адæм ку рапурх æнцæ, уæд еу æхсæвæ Айдар бадтæй цæлгæнæни, уотемæй æ размæ рацудæй Дзандзирахъи æндзиуаргин мадæ Дайхуæ æма исбадтæй æ фарсмæ.

– Айдар, дæумæ гæсгæ, ка исистайдæ æ къох Дзандзирахъмæ?

Айдар не 'сдзуапп кодта, арти æвзæгтæмæ кастæй, цума уой нæ фарстонцæ, фалæ æндæр еске, уотæ.

– Мæнмæ гæсгæ, Дзандзирахъи рамардта Артуг.

– Артуг? Цæмæн?.. Нæ, нæ, Дайхуæ, ами Артуг нецигæнæг æй, мæнгæ дауæ йбæл кæнис.

Дайхуæ ин радзурдта, Дзандзирахъæй ци фегъуста, уой. Артуг тарстæй, Дзандзирахъ дæуæн ести ку радзора…

Айдар æ сæрбæл фæххуæстæй æма нигъгъæрзтæй, еци гъæрзт адтæй кæун дæр, гъарæнгæ дæр, уотæ карзæй æма арфæй исервазтæй.

– Дайхуæ… Дайхуæ, Дзандзирахъи æз рамардтон. Æз… зонис… æз æрбацудтæн Кæсæгæй æма фæууидтон, Дзандзирахъ куд фембалдæй æ хуæзголбæл. Æ хуæзгол, æвæдзи, мæн рауидта æма ледзæги фæцæй. Æз æй рамардтайнæ… Фалæ 'й нæ рамардтон. Цæмæннæ? Уой дин нæ зæгъдзæнæн, уомæн æма 'й нæ зонун… нæ зонун, кутемæй рамардтон Дзандзирахъи, уой дæр нæ гъуди кæнун. Æз уæд æрра адтæн, æрра!

– Ка дин загъта, Дзандзирахъæн хуæзгол е?

– Артуг… Артуг, е мин ракодта Дзандзирахъи хабæрттæ. Е мин загъта, сæударæй цума донмæ фæццæуй, уотæ фæннæхстæр уй дони билæмæ. Уоми ба 'й фæххезуй æ хуæзгол. Æз æй мæнæ аци дууæ цæстемæй фæууидтон. Куд фембалдæй æ хуæзголи хæццæ… Мæхе цæститæй…. Дайхуæ лæдæрис, уой?

– Е, уæ-ууæй, уæууæй… Æндæр еске бафæрсун не 'нгъизтæй?

– Ами гъæубæл хаттайнæ, фарстайнæ: «Æццæйнæ, мæ уосæ, Дзандзирахъ хæтгæ кæнуй? Ке хæццæ хæтуй?» Артуг мæнæн ме'рдхуард, Дзандзирахъæн ба æнсувæр разагъта, уæд ибæл куд нæ баууæндтайнæ? Мæ зæрди къуми дæр н 'адтæй ейæ.

– Ейæ… æ ходæ дæр ами райзадæй. Де 'хсæбæл ба ма нур дæр тоги фæдтæ ес…

– О, Хуцæутти Хуцау, уо уорс Елиатæ, æр мæ цæветæ! Мæнæн хатир нæййес. Дайхуæ! Æз тæккæ исон зæгъдзæнæн, Дзандзирахъи марæг æз ке дæн.

– Мæ йарт, кой дæр æй ма кæнæ… Ци си рамолдзæнæ. Куйгæлдзæн къæдзæхæй дæ рагæлдздзæнæнцæ, æндæр ци?

– Куйгæлдзæн къæдзæхæй гæлдзгæ дæн.

– Айдар… Зонун, куд зин æй, уой. Фалæ мах, дæ мади 'нсувæр Огъалухъи, æ фуртти, уони цæуæти сагъæс, дæ мади 'рваддæлти, дæ гъæуи, дæ муггаги сагъæс бакæнæ.

Федиссаг сæ ма фæккæнæ. Федис кæнунмæ адæм сæ мæрдти гæллæха дæттунцæ.

Кизгæ ни ка кора, е махæй кизгæ ка дæтта, Темисатæй, е дæ мади ’рваддæлтæй, е нæ гъæуæй, уомæн æ тæбæгъи æвæрдзæнæнцæ: «А сæ киндзити еске мæнгæ дауæй ка маруй, уонæй коруй, е махæн хæстæгæн нæ бæззуй…». Уотæ дæ фæндуй?

– Нæ мæ фæндуй.

– Дæу мæлунмæ нæ евдæлуй. Ке бæллахæй фесавдæй Дзандзирахъ, ка дæ фенамонд кодта, уомæй дæ тог райсæ. Басагъæс кæнæ, – загъта Дайхуæ, фестадæй æма рандæ ’й.

Айдар еугур мадзора исцæй. Адæм ин тæрегъæд кодтонцæ… Хестæртæ ин зæрдитæ æвардтонцæ. Цъæхой ба сæхемæ æрмæстдæр хуссунмæ цудæй, иннæ рæстæг ба уидæ Айдари рази. Къуæре рацудæй…

Еу æхсæвæ Айдар райста æ топп æма рандæ ’й. Кумæ цудæй, уой некæмæн загъта. Сæумæй Цъæхой ку ’рбацудæй, уæд æй нæбал æрбаййафта.

Айдар хаттæй, агурдта Артуги. Уæд æй кæми ба нæ агурдта. Уæллаг Ирæй райдайæ æма Кæсæг-Балхъарæй фæууо.

Цудæй æ фæдбæл, фал ин баййафуни фæлдесонд ба н ’адтæй. Айдар кумæ бахъæртидæ, уордигæй рандæ уидæ Артуг. Еу зилд æркодта, дуккаг зилди ’й фæд æрбахаста Дигоргоммæ. Ами Артуги фæд фесавдæй, фалæ зилдæй гъæдти. Фарста цауæйнонти, фиййæутти, гъæддзаути… Фалæ си некæбæл æмбалдæй Артуг… «Адæнмæ хæстæг нæбал цæуй… фалæ дæ æз иссердзæнæн… иссердзæнæн». Гъæди еу сосхъæдæ бæласи буни æрбунат кодта. Рæубес рамардта, æхсæвæр искодта æма нимæтбæл æхе рауахта… Рафунæй æй. Тар фунти ку бацудæй, уæд кæцæйдæр æвваст фæззиндтæй Артуг. Æ къахи финдзтæбæл æфсæргæй, багъузтæй Айдармæ, æ топп ин арæхсгай æ разæй исиста. Исласта ин æ хъæма æма еуварсмæ рацудæй. Адтæй мæйрохс æхсæвæ. Къалеути æхсæнтæй мæйи рохс калдæй Айдари цæсгонмæ. Айдар æнцад хустæй. Артуг имæ нидæнæй фæсседтæй:

– Айдар, æгæр берæ хуссис.

Кæд нидæнæй фæсседтæй, уæддæр Айдар фегъал æй. Фæггæпп кодта, фæллæбурдта æ топпмæ… Искастæй Артугмæ:

– Ами дæ, Артуг?

– Ами дæн.

– Дзæгъæли мæ фæххæтун кодтай хуæнхтæбæл.

– Дæхе фæндадтæй.

– Мæ топп дæр мин райстай?

– Райстон. Дæ хъæма дæр.

– Хуарз исарæхстæ!

– Цæвветонгæ.

– Нур ба мин мæ хуæрзтæ хатдзæнæ…

– Хатдзæнæн. Айдар… Дæу ба куд фæндуй? Куд мæ рамарай, уотæ?

Айдар исистадæй.

– Æхсæ мæ…

– Æхсдзæнæн… æрмæст фæстæдæр.

Айдар бахудтæй.

– Ци ма ’й фæстæдæр кæнис… Фæййевгъуйун æй кæнæ. Æмбалхуар.

– Айдар, ду мин райстай мæ амонд.

– Æз неке амонд райстон.

– Дзандзирахъи æз уарзтон.

Айдар бахудтæй:

– Дзандзирахъи беретæ уарзтонцæ.

– Дзандзирахъ дæр мæ уарзта.

– Уарзта æма дæ æхсæй фæннадта.

– Уой дæр зонис?

– Уой зонунцæ Къамати, Уæхъæци, Мæхчески… Дигоргоми.

– Зонунцæ æз мæнгæ дауæ ке кодтон Дзандзирахъбæл?

– Зонунцæ.

– Зонæнтæ, фалæ æз дæуæй мæ маст райсдзæнæн.

– Рамæ мардзæнæ?

– Æндæр гæнæн дин нæййес.

– Артуг! Æз дæ фæййервæзун кодтон еу хатт мæлæтæй.

– Фæййервæзун кодтай.

– Нур ба дæ рамардзæнæн, – еци дзурдти хæццæ фиййаугард æ къохти ферттивта æма ’й æвваст низзурдта Артугбæл. Фиййаугард фестони уæнгæ ниннæхстæй реуи. Артуг æрбахаудтæй, базмалдæй æма банцадæй. Айдар æ топп æма æ хъæма райста æма фæрраст æй æ райгурæн гъæумæ, Къаматæмæ.

Дуккаг бон Къаматæ Дзандзирахъи циртбæл дæлгоммæй иссердтонцæ Айдари, æ сунтæй хъæма искастæй, уотемæй.

ЛÆКСАН

Нæ машинæ Бæрзи гъæумæ куддæр фæххæрд кодта, уотæ хаун райдæдтонцæ еугай æставд æртæхтæ. Æрбадумдта. Хор æваст æрбайсавдæй. Бон æрбатар æй. Бæлæстæ, къотæртæ æдзæмæй лæудтæнцæ. Думгæ карздæрæй-карздæр кодта, тилдта мастигæрæй бæлæстæ, къотæртæ. Æртæхтæ арæхæй-арæхдæр кодтонцæ. Арв ниггæбар-губур кодта, ниггæрæхтæ кодта, ферттивта. Думгæ сонтæй æрбафутт кодта. Æртæхтæ гæр-гæрæй æркалдæнцæ, хуастонцæ машини къабини къала сæр. Думгæ уарундон æскъафта æма 'й нæ машинæбæл цавта. Арв бабæй ферттивта, гæрæхтæ кодта.

– Е дин сахуарун! Къибилайæй калæгау!

– Берæ нæ рахæсдзæнæй, – загъта шофер, надмæ æдзинæг кæсгæй. Ами уарунтæ арæх нæ фæуунцæ, ку фæуунцæ, уæддæр уайтагъд фæуунцæ. Уаруни мегътæ думгæ фæххæссуй сау хуæнхтæмæ.

– Кæсæ-ма арвмæ, сау мегътæ куд æмбулугъа кæнунцæ!

– Уинун сæ, фалæ кæдмæ гъæумæ хъæртæн, уæдмæ уарун фæууодзæнæй, гъæуи ба хор кæсдзæнæй.

Æцæгæйдæр, Бæрзи гъæуи кастæй хор. Сахуарунæн ма æрмæстдæр æ фæд райзадæй. Унгæг гъæунгти сух-сухæй хæлæфæй уадæнцæ уарундони къанæуттæ урдугмæ, коми бунмæ, Ирæфмæ. Истадæй уомæл, хуарзæртад зæнхæй уорс мегътæ сабургай бурдæнцæ хæрдмæ, арвмæ, фæхстæбæл, гъæдти сæрти, уорс хуæнхти айнæг къæдзæхти рæбун, дзугуртæ-дзугуртæй лæстæнцæ идарддæр. Фæхстæ, гъæдтæ, къæдзæхтæ игъæлдзæгæй кастæнцæ. Раст фæззæгъунцæ: изæдбадæн æй Дигоргом! Рагон фиддæлтиккон мæсгутæ сагъæсхузæй хъалагъуртау лæудтæнцæ хуæнхаг ниллæг хæдзæртти цори. Кæдзос сатæг уæлдæф узта бауæр, сурдта иуæнгтæй фæллад. Ауæхæн бæнтти адæймаг хуæздæр балæдæруй, цæй хицæмæ рантæстæй а дуйнемæ, уой.

Æз æрхизтæн машинæй æма нарæг гъæунги фæрраст дæн мæ фусун Лæксани хæдзарæмæ. Лæксани исæййафтон сæ дуармæ, уæгъдхæдонæ, бинаг ходæ æма резинин цулухъти, æ къохи сагойнæ, уотемæй. Ку мæ рауидта, уæд æ сагойнæ бакъолæ кодта дорин горенмæ æма мæ размæ рауадæй игъæлдзæгæй, гъæргæнгæ:

– Мæнæ ке уинун! Дзæгоди, ме стур æрдхуард, ду дæ?!

– Æ тæккæ æхуæдæг, – бацийнæ кодтон æз æма мæ цуд фæттагъддæр кодтон.

Кæрæдзей нихъхъури кодтан.

– Кæцæй фæдтæ?!

– Будурæй, Лæксан, будурæй.

– Æма ци хабæрттæ ес будури?

– Кæмæн ес, е хуæруй, кæмæ неци ес, е ба уодхар кæнуй æма хуæздæр цардмæ æнгъæлдзауæй бонефхæссæн кæнуй.

– Медæгмæ, Дзæгоди, ду гъæунги лæуунмæ æвгъау дæ, уæдта Дзæдуронæн дæ уинд хъæбæр æхцæуæн уодзæнæй.

– Æма ка нæ цæуй, – загътон æма фæрраст дæн мæ рагон æрдхуарди тургъæмæ.

Дзæдурон дони кърантти рази мæнкъæй къелабæл бадтæй æма цидæртæ архайдта.

Куддæр бакъахдзæф кодтан тургъæмæ, уотæ Лæксан фæгъгъæр кодта:

– Дзæду! Дзæду! Æрбакæсай, ке дæмæ æрбахудтон!

Дзæдурон фæккастæй, фæггæпп кодта æма, æ къохтæ æ раздарæнæй сæрфгæй, æрбауадæй мæ размæ.

– Мæ бони радæ, мæ Дзæгоди! Ци Хуцау ма дæ æрбахаста хуæнхбæстæмæ.

– Лимæндзинади Хуцау. – Æ хъури мæ никкодта.

– Кæдæй нæмæ нæбал адтæ?

– Рагæй, фудгин дæн дæ рази.

– Куд æнцæ дæ бинонтæ?

– Неци син æй. Æнæдзоргæй хуæрунцæ. Сумах ба?

– Зæронд уæрдунау хъис-хъис кæнæн, фалæ ма нæ къæхтæбæл ан.

– Дзæбæх мин уотæ.

– Куд некæд æрбацудтæ?

– Магъа… Нæ мæ евдалдæй.

– Къахæй изол, зæрдæй изол æй.

– Уотæ'й, раст зæгъис.

– Дзæду, бæлццони дæ разæй ци скодтай дæ дзубандитæй. Æ хурдзин æрæвæрун æй бауадзæ.

– Гъо, гъо, нæ лæг, æз цæун, æма исолæфæ.

– Дзæду, ци дæ, уомæй сугъзæрини къæртт дæ.

– Ду ба ин нæ аргъ кæнис!

– Дзæгоди, уинис, цитæ дзоруй, уой.

– Хатир бакæнæ, Дзæгоди, фалæ æфсинæн некæд фæууй иуазæги хæццæ бабадуни рæстæг.

– Цæмæннæ? – рафарстон Дзæдурони.

– Уобæл ба бафæрсдзæнæ мæнæ де ’мбали, – ходгæй, загъта Дзæдурон æма рандæ ’й.

Æз мæ хурдзин æристон æма ’й дзатмабæл куд æривардтон, уотæ ме ’нгасти фæцæй хуæнхбæсти дессаги æрдзæ. Кæсгæ байзадтæн уорс хуæнхтæмæ, сæ аййев рæссугъддзинадæ цæстæ æхемæ æлваста. Уæлиау цъæх арвбæл кæмидæрти зиндтæнцæ уорс-уорсид мегътæ. Сатæг уоддзæф усмæй-усмæмæ исдумидæ.

Сугъдæг уæлдæф, æрдзи дессаг уиндæ æма мæ фусунти хæлардзинадæй мæ фæллад фæццидæр æй. Лæксан мæ размæ æрбалæудтæй æма, æ медбилти ходгæй, райамудта къудуронæй конд бадæнмæ. Бадæнбæл адтæй сæгъдзар итуд.

– Дзæгоди, æрбадæ, дæ фæллад исуадзæ. – Лæксани хæццæ æрбадтæн даргъ къелабæл.

– Дзенети цæрис, Лæксан, дзенети.

– Дзенет бæргæ ’й, фалæ си адæм ледзгæ ку кæнунцæ: куст нæмæ нæййес.

– Лæдæрун, лæдæрун уин уæ уавæр. Арæх дæ æримисинæ.

– Мах дæр. Тæккæ æзинæ дин Дзæдуй хæццæ дæ кой кодтан.

– Æма исхъæрттæн.

– Исхъæрттæ.

– Гъæла æ коймæ фæццæуй.

– Нæ гъæлатæ дæ хузæн уæнтæ. Уæд гъæла нæ уодзæнæй.

– Рæдуис, Лæксан.

– Уæлæ Хуцау, дæлæ зæнхæ, нæ рæдуйун.

– Лæксан, нури дзамани æ рæстæг æма е ’хцатæ нæ фиддæлти таурæхътæ, æмбесæндтæ, рагон дигорон дзурдтæ æмбурд кæнунбæл неке харз кæнуй, гъæлайæй æндæр.

– Цæмæн уотæ зæгъис?

– Ци ’й, уой зæгъун.

– Æвзаг æма таурæхътæ фиддæлти хæзнати хæзнатæ æнцæ.

– Ке гъæунцæ дæ фиддæлти хæзнатæ?

– Нæ адæми.

– Рæдуис, адæми гъæуй æхца, мулк. Æвзаг ба мулкбæл некебал нимайуй. Æвзаг æма таурæхътæй фиди карст не ’скæндзæнæ, машинæ си нæ балхæндзæнæ, гæртанæн сæ нæ ратдзæнæ, уомæн æма гæртанæн нæ бæззунцæ. Мадта ку фæссæйгæ уай, уæд дин сæ дохтир нæ райсдзæнæй. Нæ ’й гъæуй æ маддæлон æвзаг, нæ ’й гъæунцæ дæ таурæхътæ, уæлдæр ка бадуй, уонæн ба сæ кой дæр нæ кæнун. Уони нæ гъæунцæ æппундæр. Уони гъæуй сæ сойнæйдзаг, æхцагин бунат. Етæ æнæрасагъæсгæнгæй, нивондæн æрхæсдзæнæнцæ сæ маддæлон æвзаг.

– Еугурон уотæ нæй. Дигорон æвзагбæл цæун райдæдта республикон газет «Дигорæ». Æз æй есун. Есун журнал «Ирæф», аргъаун сæ. Мадта нæмæ ес паддзахадон театр дæр. Скъолати дигорон æвзаг райдæдтонцæ ахур кæнун. Ци ма дæ гъæуй?

– Эх, Лæксан, Лæксан… Етæ фагæ нæ ’нцæ.

– Мадта ма ци ’й?

– Дигорон æвзаг æвзаг æй, хонгæ ба ’й кæнунцæ æвзаги здæхт. Æвзаги здæхтæн ба æвзаги бартæ некæд адтæй, нæйййес æма нæ уодзæнæй. Исон ку нихгæнонцæ газет, журнал, театр, уæд гъуддаг лæгъуз æй.

– Æвзаг ба ’й цæмæннæ хонунцæ?

– Еу адæмихаттæн, дан, дууæ æвзаги нæ фæууй.

– Нæ лæдæрун, дууæ æвзагебæл дзорæн: – ирон æвзаг æма дигорон æвзæгтæбæл. Уæд куд нæ фæууй, ка уа æма ци уа, уонæй куд зæгъдзæнæ «нæ ’нцæ»? Ами цидæр хæлæмулæ кæнис.

– Нæ хæлæмулæ кæнун. Дигорон æвзаг æма литератури ахургæнгутæ некæми цæттæ кæнунцæ, æма кæд нæйййес ахургæнæг, уæд гъæуама ка æма кутемæй ахур кæна дигорон суваллæнтти? Нæйййес телеуинунади дигорон редакци, æма неке кæнуй дигоронау равдиститæ. Уæд уой куд исхонæн ес? Æз ин еунæг ном ерун: – Дигорон æвзагæн æ бартæ ихæлд цæунцæ.

– Уæй, уæй, Дзæгоди, е ба устур хæран гъуддаг æй, комкоммæ хæран гъуддаг. Æма уæлдæр хецауадæ ба ци зæгъуй?

– Зæрдитæ æвæруй, æндæр неци.

– Аци гъуддаг нин нæ еудзинадæ федар нæ кæнуй, фалæ ’й ихалгæ кæнуй. Уæд æй кæцæй райстонцæ? Ка ’й æргъуди кодта?

– Уæхæн æвзаги политикæ адтæй æма ес гурдзиаг націоналисттæмæ, æма ’й уонæй райстонцæ 1937 анзи горæт Цхинвали ирон интеллегенций минæвæрттæ. Уоци конференций н’адтæй еунæг дигорон дæр, уотемæйти нихгæдтонцæ дигорон æвзаг. Фалæ еци анз Мæску раййивта уоци тъайлаг унаффæ.

Лæксан ниссагъæси ’й, æ бæзгин уорс æрфгутæ нигъгъунтъуз æнцæ, æрæги-дурæги ба нидæнæй загъта:

– Ирон æвзаг дæр, газетти куд финсунцæ, уотемæй æй æдзæллаг уавæри. Мах ба нæхе зундгин адæмихаттбæл нимайæн, зундгин адæмихатт уæхæн хæран миутæ нæ фæккæнуй. Зундгин адæмихатт гъæуама дууæ æвзагей ирæзтбæл, сæ багъæуайбæл тох кæна! Кæми ’й нæ адæми курухондзинадæ? Æз æй нæ уинун, – æма бабæй ниссагъæси ’й, уæдта исдзурдта:

– Гъе уæхæн хабæрттæ, Дзæгоди, хуарз хабæрттæ нæ ’нцæ, фалæ мæ дзурд дæ зæрдæбæл бадарæ, дигорон æвзаг æ бартæ райсдзæнæй, æ бунат иссердзæнæй.

– Хуцау зæгъæд! Фалæ фагæ й. Мах æвзаги фарста нæ ниллух кæндзинан. Цæмæй ма фесæфа не ’взаг, уой тухxæй ба æвзагбæл косун гъæуй, æмбурд кæнун æй гъæуй, еу дзурд дæр си куд нæ фесæфа, еунæг таурæхъ дæр, еунæг аргъау æма æмбесонд дæр иронхуатмæ куд нæ бахауа. Е ба мах æма мах хузæнттæй кæнгæ ’й. Æма ’й кæндзинан.

– Цæветтонгæ.

– Лæксан, дæ цæрæнбонти еци еу колхози агрономæй фæккустай, еци еу рауæн фæццардтæ, Бæрзи гъæуи. Берæ фæууидтай æма берæ зонис.

– Цæветтонгæ, тугъди æма ахури рæстæги ци фæццох дæн, уомæй æндæр мæ гъæуæй некæд некумæ рацудтæн æма нæ рацæудзæнæн. Аргъаугæ ба берæ кодтон. Киунугæ берæ уарзун. Мадта лæг хонхи ци коса? Уæлдайдæр ба зумæги, уой дæр мæн кари. Хæдзарæ æма киунугæ, – загъта æма бахудтæй, е ’нæдаст цæсгон æрдаудта æ армæй. Бæлвурд адтæй æ дзурдтæй: æфсæрми кодта. – Естæбæл мæ фæрсунмæ гъавис?

– Гъавун.

– Табуафси, Дзæгоди.

– Коми думæгæн ма ес еу ном дæр. Хонунцæ ’й Æхсинтти ком, зонун, коми думæг цæмæн хуннуй, уой, фалæ Æхсинтти ком цæмæн хуннуй, уой ба нæ зонун. Некæд неци фегъустай уой тухxæй?

– Фегъустон биццеуæй еу таурæхъ.

– Гъуди ма ’й кæнис?

– Уæй, уæй, кæд мæбæл дæс æма цуппаринсæй анзи рацудæй, уæддæр ма мæ сæр ба косуй. Хуцауæй боз, неци ма феронх дæн, – æма æ медбилти бахудтæй.

– Нурмæ мин æй куд некæд радзурдтай!

– Нæ мæ фарстай æма дин ци дзурдтайнæ.

– Нур ба?

– Нур ба дин æй ракæндзæнæн.

– Хъæбæр æхцæуæн мин уодзæнæй.

Лæксан ниxxудтæй:

– Хунæ ба мин?

– Мæнбæл.

– Уотæ нæ, мæ хæццæ æмниуæзт кæндзæнæ. «Нæ ниуазун», зæгъгæ, ма зæгъæ, – æма бабæй ниxxудтæй. Æ цъæх цæститæ ферттивтонцæ, æ фудхуз цæсгон ниррохс æй.

– Арази дæн.

– Е дин лæги загъд. Мадта игъосæ.

ÆХСИНТТИ КОМИ ТАУРÆХЪ

Кæддæр, кæддæр, хъæбæр раги дигорон хуæнхаг лæхъуæн Айдарухъ раскъафта будуйраг æлдари æртæ кизгей. Æлдар æй расурдта дууадæс бæхгинемæй. Баимæ хæстæгутæ ’й, мæнæй нур баййафдзæнæй, уотæ ба Айдарухъ сау гъæди фæммедæг æй. Æлдар бауорæдта æ бæх æма загъта:

– Идарддæр æй нæбал сорæн. Ка ’й зонуй æма ’й ку баййафæн, уæддæр мæ кизгутти нæбал райсдзæнæн. Нæхе ма фидблизи бафтаудзинан. Æскъæфæг хумæтæги хуæнхаг нæй, хумæтæги хуæнхаг мæ хъалагъурти карки цъеутау нæ ниццагътайдæ. Хуцауи фæндитæ æнцæ, æма сæ Хуцауи бæрагæ кæнун. Ке си ци хъисмæт хезуй, уобæл æмбæлдзæнæй.

Фæдесонтæ раздахтæнцæ.

Айдарухъ ба æ заманай рæувæд бæхбæл æртæ хуæрей хæццæ æрбахъæрттæй Дидинатæмæ. Кутемæй сæ ласта еунæг бæхбæл, уой нæ зонун. Æрфестæг æнцæ Дидинати. Нур си куд биндзæгун æй, уæддæр уотæ адтæй. Галбиндзитæ, дзингатæ дув-дув кодтонцæ. Айдарухъ хуæртæн уосонгæ райаразта æма сæ уордæмæ бакодта. Дуарбæл æритудта æ нимæт, цæмæй сæмæ биндзитæ ма тахтайуонцæ. Æхуæдæккa фæрраст æй цауæни. Уæд гъæдæ сирдæй идзаг адтæй. Уайтагъд фездахтæй рæубеси марди хæццæ. Рандзарста, æхсæри къалеуæй ухститæ ракодта, райдзаг сæ кодта фидæй æма бор фезонгутæ рацæттæ кодта фæндон цæхæрбæл. Бахуæрун кодта æртæ æхсинемæн æма син загъта:

– Бадетæ уосонги. Макумæ рацотæ, æз ба Ирæфи иннæ билæмæ бацæуæн райагорон, – æма рандæ ’й.

Ирæф адтæй хъæбæр ивулд, æма еунæг рауæн дæр не ’ссердта, кæбæлти бацудайдæ, уæхæн.

Æрбадтæй æма ниссагъæси ’й. Исистадæй æма бабæй рандæ ’й тæнæгдæр рауæн агорунмæ, фалæ некæми адтæй уæхæн рауæн. Æрлæудтæй тæккæ нарæгдæр рауæн, дæлæ нур Дидинатæмæ ци æфсæйнаг хед ес, уоми. Билæбæл ирæзтæй æносон зæронд тæрсæ бæласæ. Æ едæгтæ адтæнцæ лæги стæвдæнтæ, зæнхæй искастæнцæ, æ зæнгæбæл ба авд лæги, кæрæдзей къохтæбæл хуæцгæй, нæ бахъæрттайуонцæ.

– Аци бæласæ хедæн исбæздзæнæй, – рагъуди кодта Айдарухъ æма æхе фæффест кодта. Бонивайæнтæмæ ’й ракалдта. Æ цæнгтæ ин рауагъта. Æ еу кæрон æрæнцадæй Ирæфи, иннæ – айнæг билæбæл. Дууердæмæ ибæл рацо-бацо ракодта. Хед адтæй æнæзæрдæдзоргæ. Ниццудæй Ирæфмæ, æхе ниртадта. Æ хъæппæлтæ искодта æма фæрраст æй хæрди. Æвеппайди æ размæ фестадæй зæронд лæг, дорбæл бадгæй. Фиййау-лæдзæг æ къохи, уотемæй тухуолæфт кæнуй, нæтуй.

Айдарухъ æй ку рауидта, уæд имæ бауадæй:

– Баба, кæд дæ мæн æнхус гъæуй, уæд дин æхсицгонæй бакæстæреуæг кæндзæнæн.

– Уæй, уæй, арфæ кæнун, хуарз лæхъуæн. Кæд нæ зинадæ кæнис, уæд мин дон исхæссæ, æдонугæй исæфун.

Айдарухъ цурд-цурдæй ниууадæй Ирæфмæ æма е ’фсæн ходи дзаг дон исдавта. Зæронд лæг æй еунæг хъурттæн раниуазта. Дуккаг хатт исдавта, уой дæр уайтагъд раревæд кодта. Уотемæй цалдæр хатти исхаста дон, æма и зæронд лæгæн е ’донуг ку нæ састæй, уæдта ’й æ гъæбесмæ фелваста æма ’й Ирæфмæ ниххаста. Зæронд лæг уазал цъетедон уотæ исцъирдтитæ кодта, уотæ, æма Ирæфи сугтæй еу суг райсустæй.

– Ух! Ух! – загъта зæронд, – æ уорс рехæ æ армæй æрдаудта. – Хуцау дин хуарз ракæнæд, донæй мæ бафсастай. Зæронд зин дарæн фæууй, æма ми ма рагъигæ уо.

– Кæстæри ихæс кæстæреуæг кæнун æй, æма ’й æнхæст кæндзæнæн.

– Дæ цæрæнбон берæ уæд! Хуцауи хуæрзтæй хайгин уо! Нур ба, кæд нæ зийнадæ кæнис, уæд мæ уæлбилæмæ, кæцæй æрхастай, уордæмæ ку фæххæссисæ, уæд ди арфæгъон уодзæнæн.

– Уобæл æппундæр ма тухсæ, баба, æнæ зæгъгæй дæр дæ ами нæ ниууагътайнæ, – æма зæронди æ гъæбеси исхаста, кæцæй æй æрхаста, уордæмæ. Арæхсгай æй æрæвардта дорбæл.

– Кæстæри ихæстæ рæвдзæ исæнхæст кодтай, æз ба дæ хестæр дæн. Хуцауи искондæй хестæрбæл дæр ес кæстæри рази бæлвурд ихæстæ. Мæн бон нæй дæуæн галауантæ, мæсгутæ исамайун, фалæ раст фæндæ искæнун ба мæ бон æй. Кæд дæ зæронди фæндæ гъæуй, кæд мæ фæндæмæ байгъосдзæнæ, уæд æз цæттæ дæн. Фæрсæ мæ!

– Нæ зинаргъ баба, хестæр царди цæуæнти рацæуй, фæззонуй царди къуппитæ, хæрдитæ, урдгутæ, сæрисæфæни рæ-

бунти фæззелæнтæ, фалæ сæбæл æ бон ба нæбал фæууй цæун. Æрмæст зунд ба исфедар, искурухон уй. Уомæ гæсгæ кæстæри фæгъгъæуй æ фæндæ. Мæн гъæуй дæ фæндæ.

Зæронд лæг бахудтæй. Райарфæ кодта Айдарухъæн, æ нийййергутæн, уæхæн æгъдаугин ахур ка скодта æ фурти, æма ин зæгъуй:

– Дигорæмæ æрмæстдæр фæххонунцæ еунæг уосæ. Уотæ 'й фиддæлтæй байзайгæ фæткæ. Ду ба æртæ хуæрей раскъафтай. Æртæ уоси дарунмæ гъавис?…

– Нæ, нæ, баба. Æз фиддæлти фæткæ нæ фехалдзæнæн. Мах ан æртæ æнсувæри. Нæ фидæ раги фæззиан æй. Нæ мадæ нæ седзæргæсæй исхаста. Цæрæн лимæнæй. Ес нæмæ устур фусти дзогæ, æстор фонси æргъау, бæхæргъау, зæнхитæ. «Мæн» æма нæмæ «дæу» нæййес мулки æгъдауæй. Ци мулк нæмæ ес, е нин еумæйаг æй. Цæмæй нæ лимæн еудзинадæ ма фехæла, уой тухxæй раскъафтон æлдари æртæ кизгей, æртæ хуæрей. Хуæртæ æнцæ æмхузæн æма хъæбæр рæсугъд. Хуæртæ уарздзæнæнцæ кæрæдзей, мах дæр уарздзинан кæрæдзей, æма нæ бинонти еудзинадæ нæ фехæлдзæнæй, уотемæй æртæ бинонтемæй æртæ мæсугеми цæрдзинан.

Зæронд лæмбунæг байгъуста, уæдта уотæ зæгъуй:

– Лæхъуæн царди 'мбал ку февзаруй, уæд фæккæсуй кизгæн æрмæстдæр æ бакастмæ, æ цъухи фæлмæн дзурдмæ. Циуавæр æй æцæгæй, куд уодзæнæй еумæйаг царди бинонти æхсæн, уобæл ба нæ фæссагъæс кæнуй. Уотæ адтæн æз дæр лæхъуæнæй. Уотæ дæ ду дæр.

– Уобæл сагъæс кодтон æз дæр æма æртæ хуæрей уомæн равзурстон. Хестæр хуæри – нæ хестæр æнсувæрæн, астæуккаг хуæри – астæуккаг æнсувæрæн, кæстæр хуæри ба – мæхецæн.

– Хуæртæ еу мади губунтæ фæууцæ, фалæ си алкæмæн дæр фæууй æхе зæрдиконд æма зундихатт. Кæд æртæ хуæри бакасти æнцæ æмхузæн æма хъæбæр рæсугъд, уæддæр æнцæ фæйнæ хузи. Еу æй уоци хуæртæй Хуцауи сфæлдист, иннæ дууæ ба сайтани сфæлдист, æма æрхæсдзæнæнцæ дæ бинонтæмæ фидбилиз, фехалдзæнæнцæ уæ лимæн еудзинадæ.

Айдарухъи æрфгутæ ниттар æнцæ.

– Æвæдзи, мæ хæццæ нæ дæ арази. Зæгъис, зæронд фæгъгъæла æй æма гъæла дзорæ кæнуй. Мæнбæл зæгъун адтæй. Куд æма дин ци кæнгæ 'й, е ба дæхе гъуддаг æй. Арфæ дин кæнун, донæй мæ ке бафсастай, уомæй, – æма æвваст æрбацидæр æй.

Айдарухъ сагъæси бацудæй. Фиццаг рафæндæ кодта, æлдари кизгутти кæцæй рахаста, уордæмæ фæххæссун.

– Фалæ ми ци зæгъдзæнæнцæ? Зæгъдзæнæнцæ, кизгутти фенамонд кодта, уæдта сæ фæстæмæ сæ фидæмæ багæлста. Нæ, уотæ нæ. Хонон сæ нæхемæ, фалæ зæронд лæг кæд раст загъта, уæд нæ фиди бундормæ амонди бæсти бахæсдзæнæн фидбилиз æма хæлцæ. Нæ, уотæ дæр нæ. Кæд мæ зæронд сайгæ бакодта, уæдта? Кæд æртæ хуæри фарнæ æма лимæндзинадæ бахæсдзæнæнцæ нæ фиди бундормæ… Ци мин кæнгæ 'й?

Фарста истадæй Айдарухъмæ. Уæззау цæнддорау æнцадæй æ зæрдæбæл, æ зундбæл. Æхсидта, дæрæн кодта ин æ нифс. «Зæронд… Зæронд кæцæй фæззиндтæй? Нæ 'й фæууидтон æрбацæугæ. Ци æрбацæй? Нæ зонун. Никъулдмæ мæ разæй æрбацидæр æй. Хумæтæги зæронд лæг н 'адтæй. Кæд мæмæ Сугъзæринæ Уасгерги зæронд лæги хузи фæззиндтæй, уæдта? Уæдта базонун гъæуй, хуæртæй ка æй Хуцауи сконд, ка ба – сайтани исконд». Фалæ кæд сайтан фæззиндтæй зæронд лæги хузи æма барæй байтудта мæ зæрди гурусхæ? Ци кæнон? Куд кæнон? Зæронд кæд æцæгæйдæр Уасгерги адтæй, уæд мин цæмæннæ байамудта Хуцауи сконд хуæри?» – сагъæстæ кодта Айдарухъ. Рæстæг ба цудæй. Айдарухъ еунæгæй агурдта рæстдзинадæ. Кæд зæронд адтæй Уасгерги, уæд ин фидбилиз байамудта. Идарддæр ба адæймаг æхуæдæг агорæд Хуцауи исконди. Кæд зæронд адтæй сайтан, уæд гурусхæ байтудта, идарддæр ба 'й æхуæдæг адæймаг агорæд, – дзурдта æхе нимæри. Уотæ гъудитæ кæнгæй, исхъæрттæй æ бунатмæ. Кæсуй, æма сæ бунатæй хъуæцæ кæлуй. Гъузгæ фæрраст æй артдзæстæмæ, фалæ æ разæй истахтæнцæ цъахтæ тарст цъæххастгæнгæ. Рама уидта кизги фæсонтæ, фалæ е уосонги фæййауон æй.

Айдарухъ бацудæй артдзæстмæ. Артдзæсти бор фунхæй лæудтæнцæ фезонгутæ. «Ка искодта фезонгутæ? Кæци хуæрæ исистадæй, æма си ка кодта сехуар?» Айдарухъ фæффæ-

дес кодта æхсинттæмæ. Етæ рацудæнцæ æрдæг фунæйтæй æма æрлæудтæнцæ уосонги рази.

Айдарухъ сæмæ кæсуй æма сæ фæрсуй:

– Ка уи искодта фезонгутæ?

Æртемæй дæр кæсунцæ зæнхæмæ. Хъипп дæр си неке кæнуй.

– Æз сумах фæрсун. Ка уи искодта фезонгутæ? – фæрсуй сæ дуккаг хатт. Фалæ неке неци дзоруй.

Бафарста хестæри хецæнæй:

– Ду искодтай фезонгутæ?

Неци загъта, зæнхæмæ кастæй. Бафарста дуккаг хуæри, е дæр неци загъта. Неци загъта æртиккаг хуæрæ дæр. Айдарухъ мæти бацудæй. «Ауæхæн дессаг некæд ма фæууидтон! Фезонгутæ искæнуни лиагъæй неци ес. Цæмæн римæхсуй æхе, фезонгутæ ка скодта, е. Зæгъæ, «æз искодтон» æма фæууодзæнæй уобæл. Хуарз гъуддаги тухæй ин раарфæ кæндзæнæн. Фалæ 'й нæ зæгъуй, æхе римæхсуй. Римæхсæд, æз æй базондзæнæн.»

Æхсинттæй еу батхалдта Айдарухъмæ.

– Нæхе кæми багъуд кæнæн?

– Уобæл дæр тухсетæ! Мæнæ абæлти æррæстæ ниццотæ. Уæ надбæл уодзæнæй устур тæрсæ бæласæ. Уой буни сурсурæй уайуй рæсог сауæдон, хæстæги 'й.

Хуæртæ фæрраст æнцæ еу инней фæдбæл. Айдарухъ сæ фæдбæл æдзинæг кастæй. Æртæ æхсини дæр адтæнцæ æмиæстæ, æмхузæн хъæппæлти, æма бабæй ниссагъæси 'й лæхъуæн. Истадæй фарста: «Кæци си æй Хуцауи исконд?» Истадæй æма хуаста лæхъуæни магъз, лæхъуæни зæрдæ.

Фæззиндтæнцæ кизгутæ игъæлдзæгæй, æмхузæн фæлмæн цъæбар-цъубургæнгæ æрбацудæнцæ. Иссехуар кодтонцæ.

Айдарухъ син балæдæрун кодта, Ираæфи иннæ билæмæ сæ цæун ке гъæуй. Хестæри æ гъæбеси фæккодта æма 'й арæхсгай æрхаста, ци хед искодта, уордæмæ. Хеди астæумæ ку бахизтæй, уæд æрлæудтæй æма фæрсуй хестæр æхсини:

– Махмæ нæ фæткуй дууæ-æртæ уоси хонун. Æрмæстдæр нин ес еунæг уосæ æрхонуни барæ. Æз дæу равзурстон, уомæн æма дæу уарзун. Фалæ мæнæн ес мадæ, æнсувæртæ. Етæ мин æвзардзæнæнцæ æртæ хуæремæй еуей. Дæу ку

равзаронцæ, уæд уодзæнæй хуарз. Нама дæу ку нæ равзаронцæ, фалæ дæ хуæри, уæд е исодзæнæй мæ бинойнаг-æхсинæ, иннæ дууæ хуæри ба уодзæнæнцæ æ фæсдзæуинттæ… Куд мин кæнгæ 'й? Ци мин кæнгæ 'й? Бæргæ хуарз адтайдæ, еунæг хуæри ку раскъафтайнæ. Фалæ æгасæй дæр æмхузæн айтæ. Нæ дæ æртастон иннети рази æма уæд æртей дæр раскъафтон. Æндæргæнæн мин нæбал адтæй. Нур ба дæ базудтон, фалæ уинис, куд уайуй гъуддаг? Кенæ ду уодзæнæ æхсинæ, кенæдта дæ хуæрæн фæсдзæуинæ.

– Æндæр ин нецигæнæн ес?

– Неци. Фæткæн ихалæн нæййес. Уæд дæу дæр, мæн дæр Елиа æ содзгæ арцæй æрцæвдзæнæй.

– Ма тухсæ уобæл. Мæ хуæрти ами ниууаддзинан, мах ба идарддæр нæ балци кæндзинан.

– Тæрегъæд нæ 'нцæ? Ами сæ берæгътæ бахуæрдзæнæнцæ.

– Хуцау хуарз æй. Ести кæндзæнæнцæ.

– Дæхемæ есис еци тæрегъæд?

– Ду ба?

– Ду мин куд зæгъай, уотæ бакæндзæнæн.

– Мадта дин æз зæгъун. Изолдæр кæнæн нæ балци.

– Хуарз, – загъта Айдарухъ æма æ къохтæ æруагъта. Хестæр æхсинæ ратахтæй Ираæфи æрра цæхъалтæмæ æма 'й етæ, æууæрдгæ, дортæбæл хуайгæ, раскъафтонцæ.

Дуккаг хуæрæ дæр рандæ 'й хестæри фæдбæл. Æртиккаг æхсинæ ба загъта:

– Мæ хуæртæн ами уадзæн нæййес. Ке ни равзара дæ мадæ, е ба нин уодзæнæй æхсинæ. Æз ба уодзæнæн æ хуарз фæсдзæуинæ.

– Æма дæ æфхуæргæ ку кæна, уæдта?

– Нæ мæ æфхуæрдзæнæй, æ алли дзурд дæр ин ку æнхæст кæнон, уæд. Уотемæй ма мæ ку æфхуæра, уæдта ин бухсдзæнæн.

– Хуарз, дæу куд фæндуй, уотæ уодзæнæй. Фалæ мин зæгъай: фезонгутæ ке скодтай, уой цæмæннæ загътай?

– Нæ гъудæй зæгъун, æма 'й нæ загътон.

– Цæмæннæ?

– Мæ хуæрти куд фегадæ кодтайнæ дæ цæсти? Уотæ ку загътайсæ, дууæ хестæри фунæйтæ 'нцæ, æз ба хуарз дæн.

Айдарухъ кæстæр æхсини æрбахаста Ирæфи иннæ билæмæ, фескъотт кодта æ бæхмæ æма и бæх нарæг хедбæл лæгæй арæхсгайдæр æрбахизтæй. Фæббадтæнцæ бæхбæл, æма æрбафардæг æй æ фиди мæсугмæ. Æ хестæр дуумæ æнсувæри дæр сæхецæн царди 'мбæлттæ иссердтонцæ. Искодтонцæ устур киндзæхсæвæ.

Гъе, уомæн хуннуй коми думæг Æхсинтти ком, Дидинатæмæ ци нарæг æфсæн хед ес, раст уоци рауæн искодта Айдарухъ тæрси зæнгæй хед, æма ма 'й нур дæр хуæнхæгтæ хонунцæ Æхсинтти хед. Æхсинтти хедæй Дидинати хуасгæрцитæмæ ку бацæуай, уæд дæ надæй будурæрдæмæ тæрсæ бæласи буни уодзæнæй дессаги сауæдон. Еци сауæдони сæумæй сæхе нихснадтонцæ æртæ æхсини. Гъе, уæхæн хабæрттæ кæддæр æрцудæй.

* * *

Цалинмæ дзубандитæ кодтан, цалинмæ мин Лæксан тауræхъ кодта, уæдмæ нæмæ Дзæдурон фæсседтæй цæлгæнæнмæ. Лæксан бахудтæй, æ къохтæ æрхуаста æма игъæлдзæгæй фæгъгъæр кодта:

– Дзæду! Уо, Дзæду! Мах уордæмæ нæ цæуæн, ардæмæ сæ рахæссæ! Ами дзенет ку æй, дзенет бадунмæ. Ами нæ алли кувд дæр Хуцаубæл исæмбæлдзæнæй, – æма фæггæпп кодта биццеуи хузæн. Радавта æртикъахуг фингæ, февардта æй æма фæффæстæмæ 'й. Кæдмæ Дзæдурон финги фæрзеу хаста, уæдмæ Лæксани фингæ рæвдзæ адтæй.

– Ами хуæздæр нæй, Дзæгоди?!

– Зингæ хуæздæр! – исарази дæн Лæксани хæццæ.

Дзæдурон гъæдин тæбæгъи рахаста æртæ æхцини, уæдта графини арахъ.

– Дзæду, цивзæй имæ базилдтæ?

– Нæ лæг, уой мин зæгъун нæбал гъæуй, ацал-ауал анзи дæбæл исахур дæн.

– Гъе, гъе, гъе уæхæн дзуапп ди фæййагорун, – арахъи графинæ райста, æркастæй имæ.

– Дзæгоди, мæнкъæй мин нихкатир кæнæ. Æз нуртæкки ами уодзæнæн, – графини хæццæ фæтътъæбæртт кодта цæлгæнæнмæ.

– Некæд базæронд уодзæнæй! Дæс æма ибæл цуппаринсæй анзи цæуй, æма ма æхе биццеу æнгъæлуй. Еу рауæн нæ бадуй. Уадзæ 'й, уæд ма нур дæр фæййагайдзæнæй цауæни! Æнæнез æй. Хуаси номæн таблеткæ нæма баниуазта.

– Уой бæрцæ ибæл цæуй?

– Уой бæрцæ. Дзигибæл закъæ нæ цудæй æма дзигийæй лæудтæй! Æ хестæр фурт си хестæрхуз æй.

Лæксан фæззиндтæй графинæ æма муди къоси хæццæ.

– Уæлæ Хуцау, дæлæ зæнхæ, ауæхæн ниуæзтæ лæгъуз лæгæн раттунмæ æвгъау æй. Æццæйнæ, Дзæду! – æма къæлкъæлæй нихкудтæй.

Дзæдурон тæбæгъи рахаста дуумæ гъæдин къоси тулфæгæнгæй. Æрæвардта сæ. Толæни адгин тæф фæппурх æй, дзиги кодта ахъæлтæ.

– Мæнæн хатир бакæнтæ. Æз цæуон. Ести ма ку гъæуа, уæд мæмæ фæдздзордзинайтæ, – загъта нин нæ дзæбæх æфсийнæ æма рандæ 'й.

– Дзæгоди, æз кæдæй косун райдæдтон, уæдæй ардæмæ бонæ еу-æртæ сикъай нæ баниуазтон, уотæ некæд адтæй. Хуæрдæбæл алкæддæр цивзгун арахъи сикъа баниуазун. Даргъ бадти ба мин еуæй-еу хатт фондземæ дæр исхезунцæ. Расуг некæд фæдтæн, уой уæнгæ некæд ниуазтон, ресгæ дæр си, табу Хуцауæн, некæд ма фæккодтон. Уой дин уомæ гæсгæ зæгъун…

– Цæмæй æз дæр дæу хæццæ æмниуæзтæ кæнон?

– Æ, дæ цæрæнбон берæ уа, Дзæгоди, ба 'й зудтай, де 'уони кæсис, – æма нихкудтæй. Рауагъта сикъамæ мудгун æма мæмæ 'й æрбалæвардта, дуккаг дæр байдзаг кодта. Æртиккаг ма рауагъта æма сикъа графини цъухи ниссагъта.

– А ба æмбалæггагæн, æртиккаг æмбали хай.

Æз цæмæдесæй игъустон æма хизтон, идарддæр ци дзордзæнæй мæ фусун.

– Нур ба исковæн, Хуцауи номбæл иуазæгæн ци æртæ уæлвицги ракодта, уони. Зонис, ци нисан кæнунцæ æртæ ковæггаг уæлвицги?

– Ковунмæ æнцæ Хуцауи номбæл.

– Хуцауи номбæл нæ, фалæ Хуцæутти номбæл. Мах адæмихатт еунæг Хуцаумæ æрæги ковун райдæдтонцæ, æз ма æрræййафтон, хестæртæ куд ковиуонцæ, уой. Æртæ Хуцауи æнцæ: Хор, Зæнхæ æма Дон. Уонæмæ кувтонцæ нæ фиддæл-

тæ. Хуцæутти Хуцау ба æй хор. Сæ ном иссерæн, нæхе сæбæл бафæдзæхсæн:

– Табу дин уæд Хуцæутти Хуцау, нæ хедæйдзаг фæллойнæй дин дæ ном ерæн æма нин, нæ хъиамæтмæ гæсгæ, нæ сугъдæг рæстуарзæ зæрди аккаг цард раттæ. Берæ ди нæ кораен, не ’сфæлдесæг Хуцау, цæруни фагæ нин дæттæ! Ægæр гъæздуг цард нæ нæ гъæуй. Ægæр хъал цард лæги ихалгæ кæнуй, фалæ нæмæ уæд уой бæрцæ, æма нæ бон идзулун дæр куд уа, цийни гъуддæгтæ кæнгæй, иуазæгæн дæр «еблагъуæ» зæгъун куд уа, бинонтæ дæр æдзæстхезæй, адгинæй, æнæнезæй куд цæронцæ, нæ зиан афойнадæбæл куд уа æма нæмæ еци гъуддаги дæр фагæ куд уа, дуйней сабурдзинадæ федар куд уа, кæстæртæ, нæ фæндон уогæй, нæхе куд уонцæ! Кæстæр хестæрмæ куд игъоса, хестæр кæстæрæн дæнцæ куд уа, æфсæрмæ æма рæстдзинадæ æлдареуæг куд кæнонцæ, уæхæн цардæн нæ исæнтудтай, æма уæхæн царди куд цæрæн, уæхæн хуарз нин ракæнæ!

– Амменæ уæд!

Бакъурцц кодтан. Баниуазтан. Фалæ мæмæ не ’рбалæвардта ковæггаг къере ахуадунмæ. Дуккаг хатт байдзаг кодта сикъатæ æма бабæй бакъурцц кодтан. Баниуазтан, æма бабæй мæмæ не ’рбадардта ковæггаг къере ахуадунмæ. Ертиккаг хатт байдзаг кодта сикъатæ æма мæмæ ковæггаг къере æрбадардта ахуадунмæ. Сахустон. Баниуазтан.

– Цидæр фæрсæги кæститæ кæнис, мæ лимæн.

– Лæксан, фæд-фæди некæд ма фæууидтон ниуазгæ.

– Уомæн некæд ма фæууидтай æма Дигоргоммæ, уæлдай дæр ба Бæрзи гъæумæ арæх нæ цæуис. Ку исцæуис, уæддæр æхсгæ лæдзæгæй. Уотемæйти ба берæ нæ фæууиндзæнæ. Дзæгоди, фингæмæ æвналæ! Лæг хуæргæ ку нæ кæна лæги хузæн, уæд æ зæнгти хъанз федар нæ фæууй.

– Хъæбæр ку ’вналун.

– Æвналгæ дæр кæнæ, хуæргæ дæр. Уинис, цæйййасæ къости нин рахаста толæн? Е мæ бæрцæ æй. Уой фæсте ба ма къæпуй месин хъалаци идзаг ниццæвдзæнæн æ тæккæ бунтæй, æма е уодзæнæй мæ бæрцæ. Мадта, хуæргæ мæнкъæй ка кæна, уой бон косун дæр берæ нæй, уомæн æма æ зæнгти хъанз фагæ нæ фæууй, – дзурдта Лæксан æма æфсесæй хуардта.

– Зонун уæхæнттæ æма хъæбæр хуæрагæ фæуунцæ, фалæ косагæ ба – нæ.

– Дзæгоди, æз хæлоргъоси кой нæ кодтон, æз косæг лæгти кой кæнун. Ба ди ирагæс уæд, биццеуæй уæлигæс адтæн фиййаути хæццæ. Нæ уотари адтæй мин фуси, хезгæ ба сæ кодтонцæ æртæ лæгемæй. Нæ мæбæл баууæнддзæнæ, фалæ дин мæнæ аци къæбæрæй соми кæнун, уотæ адтæй. Мæнгæттæ нæ дзорун. Еци æртæ лæги фусбæл лæугæ дæр нæ кодтонцæ, фæ ’й дæллæй кæниуонцæ. Мадта хуасæ кæрдунмæ ба сæ разæй неке æндиудта æрлæуун. Иннетæ еу ес кæдмæ хæссиуонцæ, етæ ба æртиккаг есбæл æрлæууиуонцæ. Уомæн ба хъарæ гъудæй, хъарæн ба хуæруйнаг гъæуй. Мадта? Фалæ еци æртæ хуæрагæ лæги фингæбæл бадгæй, – е цийни, е зиани берæ нæ хуардтонцæ. Неке сæ исхудтайдæ гайатæ. Уомæн æма ездон адтæнцæ æма ездон хуæрд кодтонцæ. Ард дин хуæрун, æз ескумæ æгъдауи фæдбæл ку фæццæун, уæд мæхе нæхемæ дзæбæх фæууинун хуæрдæй. Уæлдай хуæруйнæгтæ нæ фæййагорун – ци фæууй, уомæй. Ку æрбацæун нæхемæ, уæддæр дзæбæх рахуæрун. Нæ фиддæлтæ уотæ зæгъиуонцæ: Ægъдауи ескумæ цæуис, уæд дæ хæдзари бахуæрæ. Æстонг куд нæ уай, уотæ. Æстонгæй ку фæццæуай, уæд дæхе дæр нæ фæнддзæнæй, уотемæй лæбурдтитæ кæндзæнæ. Уæдта уотæ бахуæрисæ фингæбæл, æма ку исистай, уæд ма дæмæ хуæрун куд цæуа, уотемæй. Уоци æгъдæуттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ цудæнцæ.

– Лæксан, уæд дæмæ хæйттæ хæссун ба куд кæсуй?

– Е ба аллайаги гъуддаг исцæй. Æз гъуди кæнун, Киристонгъæуи нин хæстæгутæ адтæй. Цудан уордæмæ цийнæмæ дæр, зианмæ дæр. Цæуианæ фулдæр галуæрдунæй, хуæздæр уавæрти – бæхтæй, брицкитæбæл. Над уидæ бони дæргъцæн, æма ардигæй ку цæуианæ, уæддæр фæндаггаг æвардтан, уордигæй ку цæуианæ, уæддæр нин фæндаггаг æвæриуонцæ. Уомæн æма над берæ рæстæг ахæста. Абони ба сахатмæ дæ хæдзари уодзæнæ, æма æрлæуунцæ амæнтæни рази хæйттæмæ. Е нæ федауй, е ходуйнаг æй. Е æгъдау нæй, фалæ æнæгъдау æй. Гъе, уотæ имæ кæсун.

– Нуртæкки æгъдæуттæ исæййивтонцæ. Æндæрхузи иссæнцæ, адæм куд æндæрхузи иссæнцæ, уотæ. Гæлдзгæ ’нцæ фулдæр æгъдæуттæ.

– Дзæгоди, дæ хæццæ арази нæ дæн ами. Æгъдæуттæн тухеуæгæй гæлдзæн нæйиес. Æгъдæуттæ æнгозæ бæласи къалеути хузæн æнцæ. Къалеу ку бахускъæ уй, уæд æхуæдæг æрхауй. Æгъдæуттæй дæр ка нæбал фæгъгъæуй, ейæ æхуæдæг рахауй. Тухæй син æйиевæн нæйиес. Ескæд ма фæууидтай сиахси ходæ æскъæфгæ? Некæдбал. Киристонгъæуи фæууидтон еу æгъдау: зиани фингæмæ зиангун лæг нæбал хæссуй арфи ниуазæн. Муггаги номæй ци хестæр фæббадуй, ейæ хæдзари номæй дæр, муггаги номæй дæр райарфæ кæнуй. Фалæ мæ зæрдæмæ нæ цæуй – мæрдæхсæвæр куд кæнунцæ, ейæ. Зиани фингæй цийни фингæ исаразунцæ, зиан ма уæлæбæл фæууй, сæ тæккæ рæбун, уотемæй. Ци нæ ба нивæрунцæ фингæбæл! Е нæ фиддæлти æгъдау нæй. Мæрдæхсæвæр кæниуонцæ, марди хæццæ бонмæ ка бадидæ, уонæн æма бинонтæн. Иннети неци барæ адтæй мæрдæхсæвæрмæ… Гъе, Дзæгоди, Дзæгоди, нури æгъдæутти æхсæддуйнаг берæ ес. Хъæбæр исхъамил æнцæ! Устур дессаг дин радзорон. Мæ фурти кизгæ лæгмæ цудæй, æма, уати цидæр гъудæй уони тоги аргъæй æрæлхæдта мæ фурт. Раги дæр уидæ уоци æгъдау, фалæ нур куд, уотæ ба – некæд. Кæми гъæунцæ шифанертæ, хуссæнтæ, къæразгæ ’мбæрзæнтæ, хъæппæлæхснæн машинттæ – сауæнгæ едуги уæнгæ? Итигъд будурмæ ’й дæттуй? Æви кæмæ цæуй, уонæмæ хæдзари фæрстæй æндæр неци ес? Мæ фурт анз фæффиста ихæстæ, уотемæй ба цæрунгъон æй. Уæд цæрунгъон ка нæй, е ба? Гъе, ауæхæн æгъдæутти нихмæ тохгæ ’й. Хуцау мæ рамарæд, хæйттæ ку нæ хæссонцæ, уæд еу косарт фагæ уидæ алли гъуддаги дæр. Нур ба еу косарт кæми фæгъгъæуй, уоми дууæ никкæнунцæ. Дуккаг косарт фæууй хæйттæн.

– Дзæгоди, Уасгерги æнхусгæнæг уæд. Нæ фæсевæди нин фидбилизæй, фудлæгæй, тугъдæй бахезæд. Кæстæртæ æнæнез куд уонцæ, сæрæгас куд уонцæ, хестæртæ ба хуæрззæрæ куд кæнонцæ, уæхæн хуæрзтæ нин ракæнæд. Мах ба имæ зæрдæрохсæй куд ковæн.

– Амменæ!

Бакъурцц кодтан. Баниуазтан. Лæксан бахудтæй. Æ цæстæ фæнникъулдта:

– Куд арахъ æй, мæ лимæн?

– Хъæбæр дессаги арахъ æй.

– Дзæду æй æртæ анзей размæ рауагъта. Арахъæй бæрцæ ку ниуазай, уæд хуасинæ ’й.

– Бæрцæбæл ниуазун мах фингæбæл хъæбæр зин æй.

– Нæй. Дæхе исахур кæнæ бæрцæбæл æма дæбæл иннетæ дæр исахур уодзæнæнцæ. Нæбал дин тухæ кæндзæнæнцæ.

– Уотæ ’й, фалæ æгасей бон нæй бæрцæбæл æрлæуун.

– Уомæй ба раст зæгъис. Уонæн ба бæрцæ дæр дæтгæ нæй.

– Лæксан, дæ фурттæ кæми фæуунцæ?

– Дууæ си Дзæуæгигъæуи цæруй. Еу ба – Сибири. Мæ фуртти зæнæг ба институттæ каст фæцæнцæ, фалæ куст нæйиес, æма Мæскуй лæхудзæ æзмæнтунцæ. Мадта ци кæнонцæ? Хуæздæр равгæ син нæйиес.

– Уæззау уавæри æнцæ нуртæкки адæм. Уæлдайдæр ба – фæсевæд.

– Уæззау, хъæбæр уæззау уавæри! Фалæ æнгъæлдзау нæ фæллайуй. Уарунти фæсте алкæддæр хор ракæсуй.

– Динмæ ба ци цæстæй кæсис?

Хуцаубæл æууæндун æма имæ ковун.

– Динмæ гæсгæ, ниуазун не ’нгъезуй, арахъæй ковун ба – уæлдайдæр.

– Мах динмæ гæсгæ, ковæндони дæр æнгъезуй арахъæй ковун. Уæдта зонис, нæ фиддæлтæмæ дæр адтæй, киристон дини куд адтæй, уотæ адæми исæвд.

– Е ба нæуæг хабар æй. Некæд ди ’й фегъустон.

– Некæд мæ бафарстай æма ’й некæд фегъустай.

– Фæрсун дæ мæнæ нур.

– Уазай хонх зонис?

– Уазай хонх бабæй куд нæ зонун?

– Мадта Уазай хонхи таурæхъ ба зонис?

– Нæ зонун.

– Фиццаг бал фæйнæ баниуазæн. Уæдта таурæхъ.

Рауагъта, ракувта. Баниуазтан.

– Нур ба игъосæ.

УАЗАЙ ХОНХИ ТАУРÆХЪ

Кæддæр, хъæбæр, хъæбæр раги Дигоргоми цардæй адæмихатт. Цардæнцæ лимæнæй, сæхе фæллойнæй. Алли адæймаг дæр си уарзта æ адæми, æ бæстæ. Адæм дæр, бæстæ дæр уарзтонцæ æ алли адæймаги, æма уотемæй æности æндæргъци цардæнцæ. Тæккæ уæлдæр æвæрд сæмæ адтæнцæ рæстдзинадæ, сæребарæ, æфсæрмæ, уарзт æма фæллойнæ. Фæллойнæ кодтонцæ æгасæйдæр, æнæ бакосгæй къæбæр еунæг гъомбæл адæймаг дæр нæ фæууидтайдæ. Сувæллæнттæ, зæрæндтæ, сæйгитæ цардæнцæ гъомбæл адæми харзæй. Мæнгæ дзурд сæмæ мулки фæдбæл н 'адтæй, уомæн æма адæмихаттмæ цидæриддæр адтæй мулки номæй, е адтæй адæмæн сæхе. Хуæздæр адæймагбæл нимад адтæй, куст уарзгæй растдæр, æфсæрмæгиндæр ка 'дтæй, ейæ. Адæмихатти сæргъи лæудтæнцæ, царди æхе хуарзæй, растæй ка равдиста, уæхæн æвзурст хестæртæ. Етæ сагъæс кодтонцæ сæ адæмихатти, сæ бæсти хъисмæтбæл. Адæгон æзнаг ку 'рбампурсидæ, уæд æвзурст хестæртæ, кæстæртæй тугъдон гъуддæгти сæрæндæр ка уидæ, уой фæтæгæй равзариуонцæ. Æзнаг сæбæл некæд фæууæлахез æй. Алкæддæр фудголи ниддæræн кæнионцæ, фæ 'й сориуонцæ изолмæ сæ бæстæй. Сæхе худтонцæ Хуцауи фæлдист адæм æма цардæнцæ Хуцæутти фæткитæбæл. Сайтанæн ку неци уадæй адæгон фудголти фæрци басæттун адæмихатти, уæд исфæндæ кодта æнæуинон бæстæ, æнæуинон адæми сæхе къохæй фесафун, æма син сæ зæрдити æма сæ сæрти байтудта зуди муггаг. Зудæ уайтагъд ратаутæ кодта, райрæзтæй, рауагъта æ едæгтæ адæми тоги. Феронх æнцæ Хуцауи раст фæткитæ: еу инней мæтæ нæбал кодта, еу инней сайдта, еу иннемæй давта, тухæ кодта. Хуцауæй ма æрмæстдæр курдтонцæ мулк. Давунмæ, марунмæ ку цæуиуонцæ, уæддæр Хуцаубæл сæхе бафæдзæхсиуонцæ. Кодтонцæ ковæндæнттæ, фалæ сæ кувд дæр, сæ ковæндæнттæ дæр адтæнцæ мæнгæ, Хуцæуттæй ба – изол. Сайтан æ къохмæ райста адæми зæрдитæ æма зунд. Æр сæ æрмахур кодта, æр сæ коммæгæс кодта æма итудта зудæ, соцъа, хеуарзондзинадæ æд æхсæвæ, æдæбонæ. Адæм иссирд æнцæ. Тухгиндæр æфхуардта фæлмастдæри. Сæ Хуцау дæр, се 'Дауæг дæр исцæй мулк. Ниппурх кодтонцæ адæмон галауантæ, фæссурдтонцæ

курухон хестæрти, сæ къæхти буни никкодтонцæ æфсæрми, æдзæсгондзинадæ исцæй гъæугæдæр, сæйрагдæр минеуæг. Кæрæдзей сайдтонцæ, кæрæдземæй давтонцæ, мардтонцæ мулки фæдбæл сæ кæрæдзей, æма сæмæ е кастæй хуарз, уой худтонцæ сæребарæ, бархе цард.

Хуцау зудта, еци миутæ адæмæн сайтан ке кæнуй, фалæ рагæй дæр сайтанбæл æ барæ нæбал цудæй, кæд æй авд дæлзæнхи фæккодта, уæддæр уордигæй архайдта æ нихмæ, исафта ин е 'сфæлдист адæмихатт. Фалæ сайтан æхе фудгин нецæмæй кодта. Зæгъидæ: «Æз Хуцауи нихмæ нæ дæн. Æз нæ ардаун адæми. Адæм сæхуæдтæ равзурстонцæ уæхæн царди фæткæ, уæхæн царди над. Адæймаги кæд Хуцау исфæлдиста, уæддæр син ес равзаруни барæ лæвæрд, кæци надбæл цæугæ 'й, уой. Равзурстонцæ мæн над». Хуцау Уасгергий рарвиста еци адæмихаттмæ, æма адæммæ фæззиндтæй зæронд курухон лæги хузи. Дзурдта адæмæн, рæдуд надбæл ке цæунцæ, аци над сæ исæфтмæ ке тæруй. Фалæ 'й неке уидта, неке ин игъуста æ дзурдтæ. Уасгергий дзурдтæмæ сæ гъостæ адтæнцæ æмир æхгæд, сæ тогæйдзаг миутæ нæ уидтонцæ, сæ цæститæ адтæнцæ æнгом баст. Уидтонцæ Сайтани конд мæнгæ рæссугъд нивтæ, игъустонцæ æрмæстдæр Сайтани мæнгæ-сайæн дзурдтæ, æма сæ е дæр исардудта курухон зæронди нихмæ. Адæм исæрра æнцæ, райахæстонцæ курухон лæги æма ибæл хъадаматæ бакодтонцæ, сау хуæнхти айнæг къæдзæх лæгæти 'й æфсæн зæгæлтæй нихкодтонцæ айнæгмæ. Уасгерги еунæгæй ку байзадæй, уæд æ рæхистæ ратудта æма фæттахтæй е 'ртикъахуг бæхбæл уæлæрвтæмæ, Хуцæутти Хуцаумæ, æма ин радзурдта хабæрттæ, бавдиста имæ æфсæн рæхисти æскъуддзæгтæ.

Хуцау ниссагъæси 'й, уæдта загъта:

– Сайтан æй авддæлзæнхон цæрæг, мæ барæ ибæл цæуй, æрмæстдæр уæлзæнхæ ку фæууй, уæд. Уой зонуй æма нæбал хезуй уæлзæнхæмæ. Уæлзæнхæбæл ин æ цъаммар гъуддæгтæ кæнунцæ е 'взурст адæм. Уони зæрдитæ æма зунд æнцæ Сайтани къохи. Адæмæн æнхус кæнун гъæуй, фалæ сæхуæдтæ ку неци архайонцæ, уæд не 'нхус дзæгъæли 'й. Уотæ исфæлдистон адæми. Еци сфæлдистæн æйиевæн нæйиес. Адæми бæсти адæми гъуддæгтæ ку кæнон, уæд æдзæм дортау уодзæнæнцæ, уæд уодзæнæнцæ фонси хузæн.

Уотæ ку уонцæ, уæд син мæ зундæй, мæ зæрдæй, мæ тогæй ци бахай кодтон, етæ фесæфдзæнæнцæ. Фесæфдзæнæй ме ’сфæлдистадæ, мæ егъау хъиамæттæ. Уой тухxæй дæ нæуæгæй æрветун адæммæ. Дæттун дин устур бартæ. Архайæ, тохæ, фалæ мæ уарзон адæмихатти сайтани фидбилизи надæй раст надмæ раздахæ…

Уасгерги дуккаг хатт æртахтæй адæмихаттмæ æригон хъайтари хузи. Æрæмбурд кодта æригон фæсевæд. Зæрдæйзæрдæмæ сæ хæццæ фæдздзурдта. Æ хæццæ исарази æнцæ æма исистадæнцæ, Сайтанæн æ уод ка рауæйæ кодта мулкбæл, уони нихмæ, фалæ адæми æхсæн сайтани хъарæ фулдæр адтæй. Æр сæ ахæстонцæ. Фулдæрети рамардтонцæ, Уасгергий ба цæгиндзæбæл æнгом исбастонцæ. Хускъитæй ибæл устур рагъ искодтонцæ æма ибæл бандзарстонцæ. Уасгерги хъуæци хæццæ уæлæрвтæмæ фæттахтæй æма бабæй æристадæй Хуцæутти Хуцауи рази. Ракодта ин хабæрттæ.

Хуцау рарвиста æртиккаг хатт Уасгергий. Уасгерги сæмæ æристадæй æхе хузи æма син загъта:

– Сумах мулкбæл баййивтайтæ уæ уарзон лимæндзинадæ, уæ сабур цард, уе ’фсæрмæ. Истегъхатт айтæ уе ’сфæлдесæг Хуцаубæл æма цотæ уæхе къахæй уе ’сæфтмæ сайтани амундæй. Уæхе ке сæраппонд исафетæ, еци мулк сумах нæй, еци мулк æй, зæнхæбæл ка цæруй, Хуцауи надбæл ка цæуй, уони. Сумах айтæ зæнхæбæл рæстæгмæ. Уæ хæццæ мæрдтæмæ неци фæххæсдзинайтæ. Кæд уæ нивгун цард гъæуй, кæд уæ уæ бæдæлттæн нивгун исон гъæуй, уæд кæрæдзей уарзетæ, уæд кæрæдземæн æнхус кæнетæ, уæд уотæ растуарз æма æфсæрмæгин. Уотæ æцæг æнсувæртæ æма хуæртæ æма еумæ цотæ Хуцауи надбæл фæллойнæгæнгæй. Хуцау уин æнхус кæндзæнæй. – Уотæ загъта Уасгерги адæмихаттæн. Фалæ бабæй ин æ дзурдтæ нæ фегъустонцæ, сæ гъостæ син зудæ нихгæдта, никъкъуру æнцæ хуарз гъуддæгти дзурдтæмæ. Нæбал игъустонцæ, нецибал уидтонцæ.

Уасгерги фæттахтæй Хуцаумæ æма ин хабæрттæ радзурдта. Хуцау фæдздзурдта иннæ Хуцæуттæмæ æма син загъта:

– Ес алцæмæн кæрон. Уотæ исфæлдистан мах еумæ дуйне. Ес кæрон бухсунæн дæр. Æрхъæрттæй мæ бухстæн кæрон. Куд уæ фæндуй?

Еу Хуцау загъта:

– Мæн барæ æнцæ зæнхитæ. Æз дæн зæнхити Хуцау. Фалæ мæнбæл нецибал уайуй. Хъамилæй байдзаг æй зæнхæ. Хуар кæми ирæзтæй, уоци зæнхити ирæзуй хæрæгсиндзæ. Идарддæр атæ ку рахæсса, уæд адæмихатти зуди нез иннæ адæмтæбæл бафтуйдзæнæй æма исуодзæнæнцæ гъæддаг, адæм ба сæхе сæхуæдтæ фесафдзæнæнцæ. Æз зæгъун, сайтани фæд исафгæ ’й.

– Æз дæн дæнтти Хуцау. Мæ дæнттæ исцъумур æнцæ. Маргæй байдзаг æнцæ. Ниуазунмæ, зæнхæ гъæцунмæ нæбал бæззунцæ, адæм ци бæстихайи цæрунцæ, уоми. Исон еци незæй фæссæйгæ уодзæнæнцæ иннæ адæмихаттитæ. Сайтан ба уомæ тундзуй. Цæмæй уæхæн бæллах ма æрцæуа, уой тухxæй адæмихатт исафгæ ’й, уомæн æма сæмæ махæй нецибал ес. Иссайтæнттæ ’нцæ.

Хуцæутти Хуцау загъта:

– Уæ хæццæ арази дæн. Æгас зæнхæ, еугур адæм фесафуни бæсти фесæфæд, мах зæрдиуагæй нæ Уарзт, нæ Зунд æма нæ Тог кæмæн равардтан, еци адæмихатт.

Хуцæуттæ цъиртт аузт никкодтонцæ Ирæфи рацæуæнтæ. Дууæ хонхи исеу кодтонцæ. Дони ’ртæх будурмæ нæбал цудæй, изадæй коми, æмбурд кодта. Æртæ мæйи æма æртæ бони ба сахуарун нæ банцадæй. Хор ба кастæй уотæ карз, æма дон ирадæй. Дони буни фæцæнцæ гъæутæ. Адæм лигъдæнцæ бæрзæндтæмæ. Ке бон нæбал уидæ, е ба донмæ æрхауидæ æма ирайгæ дони рафицидæ. Еу æригон мадæ ма байзадæй æ фазон кизгæ æма биццеуи хæццæ еци адæмихаттæй. Е лигъдæй хæрди, æ дзидзидай дууæ фазони æ къохи цетени, уотемæй. Исхизтæй уорс хуæнхти сæрмæ. Фалæ ’й уордæмæ дæр исæййафта ирайгæ дон. Æ къахи бунтæ ин сугъта. Æригон мадæ цетенæ æ дууæ къохемæй æ сæрмæ исиста. Нидздзиназта Хуцаумæ, искувта:

– О Хуцæутти Хуцау, дæ размæ æз дæн тæрегъæдгун, æма мæн бафхуæрæ. Цавддор мæ фестун кæнæ, æрмæст мин мæ дзидзидай дууæ фазон сувæллони ба фæййерваæзун кæнæ.

Арв ферттивта, ниггæрæхтæ кодта, æрцавта æригон мади. Мадæ хонх фестадæй. Хонхи сæрбæл ба – æхсæрæй бид цетени хустæнцæ дууæ дзидзидай сувæллони. Уонæй рантæстан мах. Еци хонх хуннуй Уазай хонх. Уомæй бæрзонддæр хонх нæййес уорс хуæнхти. Гъе, уæхæн таурæхъ фегъустон биццеуæй. Æндæр неци зонун Уазай хонхи тухxæй.

* * *

Еу усмæ æнæдзоргæй лæудтан. Лæксан рауагъта сикъамæ арахъ, æрбамæмæй лæвардта, æхецæн дæр рауагъта. Æртиккаг сикъа графини цъухи ниццавта:

– Мæн цæмæннæ уадзис идзагдарæй, Лæксан? – бафарстон æй æз.

– Ду иуазæг дæ. Иуазæг æхуæдæг идзаг ку уадза, уæд е ходуйнаг æй фусунæн, уæдта фусун ци синхи, ци гъæуи цæруй, уонæн дæр. Мæн е нæ фæндуй.

– Еугурон раст нæ дæ. Махмæ, Киристонгъæуи, уотæ нæ фæууй.

– Алли гъæуæн дæр ес æхе фæткитæ. Хумæтæги нæ байзадæй æмбесонд: – синхæн – æгъдау, хæдзарæн – фæткæ, гъæуæн – æгъдау, синхæн – фæткæ, бæстæн – æгъдау, гъæуæн – фæткæ. Бæрзи гъæуи фæткæ куд æй, уотæ ’й кæнун.

– Нецибал зæгъун.

– Дзæгоди, Хуцау нин равардта дууæ къохи. Галеу къох æмбурдгæнæн къох, рахес къох – дæттæн къох. Æтт, Хуцæутти Хуцау! Галеу къохи берæ куд уа, рахес къох ба дæттун куд уарза, уæхæн хуарз нин ракæнæ! Хуари Уацелла, дæумæ ковун. Еу нæмуг зæнхæмæ ку ниггæлдзæн, уæд нæмæ æртæ нæмугемæй куд æздæха! Фонси Фæлварæ, нæ листæг фонси дзогтæ, не ’ргъæуттæ фулдæрæй-фулдæр куд кæнонцæ, нæ уæс гал куд кæна, нæ байраг бæх куд кæна, уæхæн хуарз нин ракæнæ! Æфсати, ду дæр нæ ма иронх кæнæ! Дæ сирдтæй нин хай кæнæ! Донбеттир, ду дæр нæ ма иронх кæнæ, ма нин æвгъау кæнæ дони маргъ! Уоци æгæрон бæркадбæл нæ бон хъиамæт кæнун куд уа, æнæнезæй сæ куд кайæн сабур царди цийни гъуддæгти, уæхæн хуарз нин ракæнтæ. Минасæ берæ уæд! Аци фингæй ци бакайдтан, е ба хæдзарæбæл сæдæвæремæй бафтуйæд!

– Амменæ уæд!

– Хуцауи арфæ дæумæ, Дзæгоди!

Дууæ æрдхуарди уотæ дзæбæх бадтæнцæ еумæ æма кувтонцæ, æма гъуди дæр не ’ркодтайнæ Дзæдурони. Рагæй бадтæй иуазæгуарзон бæласи буни æма цæмæдесæй игъуста лæгти дзубандитæ æма рагон таурæхътæмæ. Хъæбæр æхцæуæн ин адтайдæ æ хъазар иуазæги уиндæ. Æхцæуæн ин адтæй, æ конд хуæруйнæгтæ лæгти зæрдæмæ ке фæццудæнцæ, е дæр. Фæззигон хори гъар æма фæлмæн уоддзæф

рæвдудтонцæ тургъи бадæг адæми. Сæ «амменæ» коми азæлдæй.

КА КЕ?

Рæфтæмæ хæстæг дирзæг бони бархе уорс æфсади болкъон Биринцъæгти Гаппо файтонæй, дууадæс бæхгин хъазайхагей хæццæ фæммедæг æй Киристонгъæуи. Болкъон æ къумсагъд цæститæй кастæй æнæзмæлæг унги фæйнæфарс æрдæгпурх, æнæ къæразгæ хæдзæрттæмæ, сугъд хæдзæртти сау æвзалуй рæгътæмæ. Мела пецтæ сугъди сæрти кастæнцæ цъæх арвмæ мæтъæл-æдзæмæй, цума Хуцаумæ хастонцæ сæ гъаст. «Дзæбæх фæцæнцæ хеваст, хецмæрез Киристонгъæуæн. Нур некебал зæгъдзæнæй, Киристонгъæуи сойни тæф æртæ верстемæ æмбæлуй финдзихъæлтæбæл. Киристонгъæуггæгтæ сæ нихæси нæбал кæндзæнæнцæ игъæлдзæг айуан. Еци рæстæг си рандæ ’й. Сæ сугъдæсмаг дæс версти æндæргъцæй цæвуй финдзихъæлтæ, сæ дзиназун ба – æгас Иристонбæл. Уотæ кæнгæ син адтæй. Уадзæ, æма иннæ гъæутæ дæр уинонцæ, Бархе уорс æфсади нихмæ ка лæууа, уони ци хезуй, уой. Æрмæстдæр уæхæн фæрæзнитæй ес уорамæн большевикон-керменистон зундирахасти талæу.

Паддзах дирзæг æма карз ку адтайдæ æзнæгти хæццæ, уæд ма абони дæр æ бунати бадидæ, нæ уидæ уæд абони граждайнаг тугъд. Уой лæдæруй Бархе уорс æфсади разамунд æма æнæхатирæй тох кæнуй змæнтгути хæццæ. Æз дæр дæн уоци тохæг адæмæй. Зæгъунцæ, Дигори фæззиндтæнцæ сурх партизантæ. Разамунд ба син дæттуй мæ кæддæри мæскуйаг æрдхуард Тогъойти Данел.

…Уæд ма адтан æригæнттæ – студенттæ. Дууемæй цудан социал-демократти сосæг æмбурдтæмæ. Дууемæй дæр аргъудтан революцион литературæ. Адтан нерæнгæ цъæх революционертæ. Фæххецæн ан, дуйнеон тугъд ку райдæдта, уæд. Дууемæй дæр рандан тугъдмæ, нæ фидибæстæ гъæуай кæнунмæ. Уæдæй ардæмæ нæбал фембалдан. Æз исдæн Бархе уорс æфсади болкъон. Данел ба – сурх партизанти раздзæуæг. Данел æй мæ комкоммæ æзнаг, æз ба дæн Данели комкоммæ æзнаг. Мæн фарс æнцæ дуйней тухгиндæр

паддзахæдтæ, тухгин Бархе уорс æфсад. Данели фарс ба – неке. Æрмæстдæр сау адæм. Æз нæ тохун æ хæццæ лæгæйлæгмæ æргомæй, æз дæн сосæг тохæг, сгарæг. Мæн ихæс æй Данели уацари райсун, кенæ рамарун. Фал мæ уацарæй некæми гъæуй. Æрмæстдæр маргæ. Маргæ 'й æз нæ кæндзæнæн. Маргæ 'й кæндзæнæнцæ æндæртæ», – уæхæн гъудити хæццæ болкъон бауорæдта файтон Бархе уорс æфсади хъазайхæгти æфсæддон хаййи штаби дуармæ. Бæхгин хъазайхæгтæ дæр æрфестæг æнцæ, рæнгъæй ралæудтæнцæ. Болкъон ба хуæрзарæзтæй: цъæх цохъа, уорс баслухъ æма къæбæлдзуг уæлдзар ходи – æрхизтæй файтонæй. Æ сугъзæринæ пъагæнтæ æма æ хуæрзефтонг бæхгинти къуар, штаби дуармæ ци хъазæйхæгтæ адтæй, уонæн æргомæй балæдæрун кодтонцæ æрцæуæги тухкæй, æма етæ дæр сæ сæртæ исæргъувтонцæ, æрræстæ ислæудтæнцæ. Еу ба си хæлæфхæлæфæй фæммедæг æй тургъæмæ. Гаппо адтæй асæй бæрзонд, гурæй, цæсгонæй федауцæ лæхъуæн-лæг. Салам равардта хъазайхæгтæн æма бацудæй медæмæ.

Тургъи æ размæ, æфсæддон къахдзæф кæнгæй, рауадæй дæлболкъон Зубарев. Зубарев рафæсмардта Гаппой, фалæ, кæдæй фæххецæн æнцæ, уæдæй берæ æййивддзинæдтæ æрцудæй царди, адæм дæр исæндæрхузи æнцæ æма, уставмæ гæсгæ, æ къох æ тулæмæ исхæсгæй, загъта:

– Уолли, болкъон…

Гаппо æ медбилти бахудтæй. Æ цæсгон фæррохс æй:

– Иннокентий. Е ду дæ? Гъе дин æмбæлд!

– Уолли, болкъон…

– Ниууадзай, дæ «уолли», «уолли»! Æз дæ уолли нæ дæн, æз дæн де 'рдхуард… Хонæ мæ дæ косæнуатмæ, – ходгæй дзурдта Гаппо, æдзинæгæй дæлболкъони цæститæмæ кæсгæй. Зубарев игъæлдзæгæй цудæй æ фарсмæ хæдзарæмæ. Иннокентий æй бахудта æ косæнуатмæ.

– Гъи, кудтитæ дæ, мæ лимæн, Иннокентий? Дзорæ мин дæ хабæрттæ!

Дæлболкъон, æфсæрмигæнæгау, æ медбилти бахудтæй.

– Гаппо, ци дин радзорон, мæ царди над мин мæхецæй ду хуæздæр зонис. Армий сгари бæрнон косæг хъайтар болкъон ардæмæ ку цудæй, уæд, цæветтонгæ, æркастæй мæ гæгъæдитæмæ.

– Уомæй ба раст зæгъис, æркастæн. Фалæ Уæрæсей берæ Зубаревтæ ес. Армий сгари мæ хæццæ косуй Зубарев Иннокентий Иванович, ду дæр Зубарев Иннокентий Иванович, æрмæст е æй Сибирæй. Хуцауистæн, ку дæ рауидтон, уæд мин уæхæн æхцæуæн адтæй! Нур ба мæ куст дууæ хатти фæррæуæгдæр уодзæнæй. Иннокентий, гъуди ма кæнис Березовки гъæуи бунмæ тугъд…?

– Куд нæ 'й гъуди кæнун, уоми уæззау цæф фæддæн æма госпитæлмæ бахаудтæн.

– Мæн ба æндæр полкмæ багæлстонцæ.

– Кутемæй бахаудтæ Бархе уорс æфсадмæ?

– Æвæдзи, ду кутемæй, æз дæр уотемæй. Большевиктæ хецауадæ ку райстонцæ, уæд байзадтæн Мæскуй болкъон Тимошкини хæдзари. Бархе уорс æфсад ку æмбурд кодтонцæ, уæд Тимошкини хæццæ рандæ дæн æма тохун уæдæй ардæмæ. Сгари дæн анзмæ хæстæг.

– Æз ба нæхемæ исцудтæн, не станицæмæ. Бархе уорс æфсади хабар ку фегъустон, уæд рамбурд кодтон станици цæрунгъон бинонти кæстæрти, уæдта ме 'мтохæг хъазайхæгти æма исмедæг ан Бархе уорс æфсади. Сгари дæн æхсæз мæйи. Райстон телефонограммæ, болкъон ке æрцæуй, фалæ си нæдæр ном, нæдæр муггаг. Ду ба мæ зæрди дæр неræфтудтæ. Уæд ду адтæ…

– Поручик.

– Гъо, поручик. Æз ба подпоручик. Нур ба ду болкъон, æз ба дæлболкъон.

– Иннокентий, штаби дæуæй æндæр неке ес?

– Гъулæггагæн, неке.

– Кæми 'нцæ?

– Æдосæ нæбал æрæмпурстонцæ партизантæ, гъавтонцæ арсенал райсунмæ, фалæ син нæ бантæстæй. Фæссæ сурдтан. Æз дæр мæнкъæй раздæр æрхизтæн саргъæй.

– Иннокентий, дæу куст æй мæнæ ами. Дæ адæми хæццæ гъæуама бæрæг кæнай æзнаги сосæг фæндитæ. Зонай, кумæ лæбордзæнæй, кæд лæбордзæнæй.

– Алкæд нæ рауайуй уотæ, Гаппо. Партизантæ дæр гъæла нæ 'нцæ. Уони сгарæ дæр косгæ кæнуй, уæлдайдæр ба – партизанти раздзæуæг Тогъойти Данел. Е уони кæсуй. Скъæппæг ин искæнун, æма си раледзуй.

– Иннокентий, лæгъуз скъæппæг искæнис, æвæдзи.

– Магъа, фалæ мæнмæ хуарз фæккæсуй. Æрмæст ин нæхеуонтæй кадæр фегъосун кæнуй.

– Ка?

– Уой ку зонинæ, уæд æй мæхе къохæй фехсинæ.

– Æма ка ’й? Рæнгъон æви афицер?

– Рæнгъон уæн ин нæййес. Рæнгъонтæ операцимæ ку фæццæунцæ, уæддæр æй нæ фæззонунцæ, кумæ цæунцæ, уой.

– Мадта уæд афицертæй æй?

– Афицертæй, мадта! Еуей си еубонтæ фехстан. Хабæрттæ куд лæвардта партизанти сгарæгмæ, уотемæй сæ райахæстан. Æхстонцæ нæ. Махонтæн кæд бардзурд адтæй, уодæгасæй есгæ æнцæ, зæгъгæ, уæддæр сæ рамардтонцæ. Зæрдихудт дæр нæййес хъазайхæгтæбæл. Алли бон дæр си еске марунцæ. Сгарæг æма си афицер дууæ ку рамардтонцæ, уæд сæ фæгъгъос кодтонцæ.

Гаппо ниссагъæси ’й.

– Нур дæр ма нæ афицерти æхсæн гъай-гъай уодзæнæй партизантæн хуæрзгæнгутæ.

– Магъа, дзурди нæ цæун. Се ’хсæн сосæг куст цæуй.

– Данел ба кæми фæууй? Лæбурдтити æхуæдæг дæр фæууй?

– Зæгъунцæ, фæууй.

– Æма?

– Хъазайхæгтæ си фæззæгъунцæ, фат æй нæ есуй, кард æй нæ кæрдуй. Тæрсун ци ’й, уой нæ зонуй. Сæрæн æй. Æфсæддон гъуддаг хуарз зонуй.

– Адæми цæсти ба куд æвæрд æй?

– Киристонгъæу махмæ мæстгун æнцæ. Хонунцæ нæ сæ тоггинтæ. Данел ба æй сæ хъайтар.

– Киристонгъæуггаг ка нæй, етæ ба?

– Гаппо, партизантæн сæ фулдæр æнцæ Киристонгъæу, фалæ си ес уруссæгтæ, теркаг хъазайхæгтæ, кæсгæнттæ, балхъартæ. Æгасемæн дæр, æ хæццæ ка ’й, уонæн æй хъайтар раздзæуæг. Дæлæ мæнмæ нур ес авд уацайраги, ахæсти. Фæрсæ сæ, æма дæмæ кæд дор ести исдзордзæнæй, уæд етæ дæр. Нæмгæ сæ кæнай, фæлмæн сæмæ дзорай – хъипп дæр нæ кæнунцæ. Гъе уотæ иннæ уацайрæгтæ дæр, æма рамæлунцæ, æхсгæ æрцæунцæ. Данел хумæтæги лæг нæй. Æ хæццæ зин тохæн æй, хъæбæр зин. Бæлæстæ дæр ин æнхус кæнунцæ.

– Иннокентий, еугайййæй мæмæ ардæмæ æрветай дæ уацайрæгтæ.

– Нуртæкки?

– Нуртæкки.

– Мæ барæ уадзæ!

Гаппо сæумæмæ фæккуста уацайрæгти хæццæ, фалæ дзæгъæли. Æцæгæй дæр раст адтæй Иннокентий: кæд дор исдзорун кæндзæнæ, уæд уони дæр, фалæ Гаппо тагъд нæ кодта. Адæймаг дор нæй. Исдзордзæнæй. Сæумæй сæ ракодта дзæхæрамæ. Æрлæуун сæ кодта, æма син сæ сæрти фехстонцæ, уæдта сæ фæстæмæ бакодтонцæ уæрмæмæ, уой фæсте бабæй сæ фæрсун райдæдта. Рацудæй дууæ бони. Ахæститæ къæрттæй цъола нæ гæлстонцæ. Ралæудтæй æртиккаг, цуппæрæймаг бон. Гаппо мæстгун кодта, фалæ уæддæр æ куст кодта, фарста уацайрæгти:

– Мæлун дæ фæндуй? Ести зæгъæ, зæгъæ, мард ди ралæстæй!

– Дæумæ кæсунæй мæлæт хуæздæр æй.

– Фæстаг хатт ма дæ фæрсун. Данел кæми ’й?

Ахæст ниххудтæй.

– Болкъон уо æма ма зонæ, Данел кæми ’й, уой. Гъæди, гъæди! Мæн ма фæрсæ, цо фæццо æма ’й уацари райсæ.

Гаппо ахæститæ ракодта дзæхæрамæ. Æрсæ лæуун кодта, æма бабæй сæ фехстонцæ. Аци хатт си еу æрхаудтæй.

– Фæууидтайтæ, æз гириз нæ кæнун. Æз уæ ервæзун кæнун. Ервæзун!

Æвдæймаг бон си дууей æрсаста.

Базудта, мæйи цуппæрæймаг майрæнбони, кенæ цуппæрæни фæццæуй Æхсæри гъæумæ фæсæмбесæхсæвти. Æ хæццæ ма фæууй дууæ лæги. Уотæ ин загътонцæ дууæ уацайраги. Гаппо син сæ бинонтæн равардта фæйнæ дууæ косæг бæхи, фæйнæ фондз дистини зæнхæ Æрхонки. Рауагъта сæ сæ бинонтæ фæууинунмæ.

Гаппой зæрдæ фæррохс æй. «Фæххæстæг кæнун мæ нисанмæ. Абони æй дуггаг… бон, кенæ ма гъæуй дууæ бони, кæд раст дзорунцæ, уæд нæ къохи уодзæнæй Данел – мар-

дæй, æгасæй – уомæй ба неци уæлдай ес», – уотæ куд сагъæстæ кодта, уотемæй фæззиндтæй Зубарев.

– Дæ бон хуарз, болкъон, аци хатт дæ цæсти каст игъæлдзæгдæр æй.

– Мæн мæтæ ма кæнæ, фалæ дæ Поликарп кæми ’й?

– Ци си кæнис? – десхузæй бафарста Иннокентий.

– Зæгъæ ин, е ба ести рахæсса, хъæбæр æстонг дæн.

Зубарев ниххудтæй.

– Цæбæл ходис?

– Поликарп абони æ фæстаг хъибил равгарста æма кæнуй ухстбæл фезонгутæ.

– Саис.

– Поликарп! Поликарп!

Поликарп æрбацудæй, æрлæудтæй дуари размæ.

– Поликарп, фезонæг рæвдзæ нæма ’й?

– Рæвдзæ ’й.

– Фингæ нин ракæнæ. Болкъон дæ хезуй.

Поликарп фæлмæн бахудтæй.

– Нуртæкки, – æма фендæдуар æй. Усми фæсте фæззиндтæй: гъæдин тæбæгъти ухститæ бор фезонæги хæццæ æрбадавта æма ’й æрæвардта стъолæбæл. Фездахтæй æма дзол цæттæ кæрститæй æндæр тæбæгъи æрбадавта, февардта сæ, уæдта косæнуати скъаппи къумæй райста нарæг хъур гъосин мудгун арахъæй идзагæй, уæдта дууæ къала къуруцги.

– Поликарп, аци авари ма ку райагорай, уæд ма си цихт дæр разиндзæнæй.

– Уолли болкъон, цихт ба си нæ разиндзæнæй. Нæ уарзун цихт, нæй уарзуй уолли дæлболкъон дæр. Кæд ду уарзис, уæд исон уодзæнæй.

– Арфæ кæнун, æз дæр фезонæг фулдæр уарзун, – загъта Гаппо æма ниххудтæй.

Поликарп ниллæг æркувта æма нидæнæй батхалдта.

– Мæн, мæн мæ цамовармæ ракæсун гъæуй… Æз… цай уин кæнун.

– Цæугæ, Поликарп… нæхуæдтæ исарæхсдзинан, – загъта игъæлдзæгæй Иннокентий.

Поликарп рацудæй.

– Иннокентий, цума Поликарп цæбæлдæр мæстгун адтæй?

– Æй. Дууæ хъибили ма имæ адтæй æма ин си еу радтун

кодтон афицертæн. Поликарпи ба нæ фæндадтæй. Уомæн æма зин ерæн æнцæ Киристонгъæуи. Æз ба си арæх агорун хъибили фидæй фезонæг.

Гаппо ниххудтæй, райста ухст æма, фезонæг ухстæй нæ есгæй, хуæрун райдæдта. Иннокентий рауагъта къала къуруцкитæмæ мудгун арахъ. Райстонцæ къуруцкитæ, бакъурцц кодтонцæ.

– Хуцау хуæрзтæ раттæд!

– Раттæд Хуцау, – æма баниуазтонцæ.

– Гаппо, гъуддаг куд цæуй?

– Хъæбæр хуарз, Иннокентий, æгæр хуарз. Дууей си æрсастон. Базудтон, Данел аци къуæрей цуппæрæни, кенæ майрæнбони Æхсæрисæри уодзæнæй.

– Федарæй æй еци хабар?

Мæнмæ гæсгæ, федар дæр æй, уæдта æцæг æй.

– Нæ басайдзæнæнцæ?

– Сайæн нæййес. Гæртан райстонцæ, уæдта сæ рауадздзæнæн, æрмæстдæр Данели ку рамарæн, уæд. Ку нæ, уæдта син сæхе рарветдзæнæн Данели марунмæ.

– Дæумæ гæсгæ ’й рамардзæнæнцæ?

– Ку нæ ’й рамаронцæ, уæдта фегъосун кæндзинан партизантæн, гадзирахæттæ ке ’нцæ, уой. Махмæ ке косунцæ.

– Хъæбæр сæ æрæлхъивтай аллирдигæй дæр. Фæппирнæн син некумæ бал ес.

– Сæйрагдæр е нæй, сæйрагдæр æй, ке мæбæл бауæндтæнцæ, е.

– Кутемæй?

– Зæнхæ син равардтон дæсгай дистинтæ. Гæгъæдитæ дæр син рафинстон, уæдта ма син зæрдæ байвардтон фæйнæ дууæ бæхемæй.

– Æма дæбæл бауæндтæнцæ?

– Æнæ æууæндæн син н ’адтæй! Зæнхгин æнцæ абонæй фæстæмæ.

Поликарп фæззиндтæй цамовари хæццæ.

– Поликарп, æвæдзи, нæ цайи сæр нæбал багъæудзæнæй.

– Куд уæ фæндуй, уотæ, – æма арæхсгай разилдæй.

– Поликарп, абони Къорамæ хуасæмæ цæунцæ, Полищук мин хъибилтæ загъта, фæццо æма сæ æрласæ, хуасæ ка ласуй, уони хæццæ.

– Ес, уолли дæлболкъон, хъибилтæ Къорайæй æрласун! – æма рацудæй æндæмæ.

* * *

Партизанти штаб адтæй урух федар уæрми. Уæрми еу кæронæй иннæ кæронмæ астæуæй конд адтæй æнæлигъзгонд фæйнæгутæй стъолæ. Стъоли æндæргъцæ æ фæрстæмæ къелати бæсти æвæрд адтæй къудурантæ. Фарсрæбун урундухъи бæсти кауæ, кауæбæл листæн, листæн нимæттæй æмбæрзт. Къуми дортæй амад пец. Пеци арт. Арти фарсмæ æ усхъитæбæл кæрцæ гæлст, уотемæй бадуй Данел.

Уæрмæмæ æрхизтæй æригон, бæзæрхуг лæхъуæн-лæг.

– Данел, Тазей дæу фæууинун фæндуй.

– Тазей? Ци кæнуй ми?

– Магъа, нæ ’й зæгъуй.

– Рацæуæд.

Лæхъуæн рахизтæй дуарæй, æма уæрмæмæ æрбахизтæй Тазе.

Данел фестадæй, Тазей къох райста.

– Æгас нæмæ цо, Тазе!

– Федар уæд уæ цæрæн!

– Тазе, рабадæ, –Данел райамудта, пеци фарсмæ ци къудурон лæудтæй, уомæ.

Тазе æрбадтæй. Æ бæзгин уорс æрфгутæ нигъгъунтъуз æнцæ.

– Тазе, дæуæн ардæмæ цæун ке не ’нгъезуй, уой зонис. Махæй дæмæ дууæ бонемæй дууæ бонемæ лæг цæуй, фалæ, æвæдзи, дзæгъæли не ’сцудтæ.

– Цæветтонгæ, дзæгъæли не ’сцудтæн. Хуæздæргæнæн мин н ’адтæй.

– Игъосун дæмæ, Тазе.

Тазе лæмбунæгæй радзурдта болкъон Гаппой тухxæй. Гаппо ке базудта дууæ уацайрагемæй, алли цуппæрæни, кенæ алли майрæнбони Данел ке фæууй Æхсæрисæри.

– Ка ’нцæ уацайрæгтæ?

– Поликарп сæ нæ зонуй. Сæ нæмттæ, сæ муггæгтæ син Зубаревæн нæ загъта. Фалæ ардæмæ цæудзæнæнцæ.

– Хуарз хабар нæ ’й. Æндæр рауæн, æндæр хатт искæндзинан фембæлд. Поликарпæн ба мæ номæй райарфæ кæнæ.

Æхе гъæуай кæнæд! Хуцау ма зæгъæд, ку ибæл фæггурусхæ уонцæ мæнкъæй дæр, уæд ин нæ нихxатир кæндзæнæнцæ.

– Мæ барæ уадзæ. Æз цæуон.

– Барæнæ, Тазе, еумæ æхсæвæр искæнæн.

– Арфæ кæнун, ка бахуæра, уомæн хæлар уæд.

– Арфæ уой фæсте, – æ медбилти ходгæй, загъта Данел, – дæуæн дæр хæлар уодзæнæй. – Уотæ дзоргæй, арсгинæй цæхæр раеуварс кодта æма фунукæй ратулдта ставд картоф. – Кæсæ-ма, ци хъæлæф картоф, райсай, мæ зæрдæ мин ма раходун кæнæ.

Тазе бакастæй Данелмæ.

– Райсæ, райсæ! Мæнæ а ба – мæхецæн. Мæн картоф мæнкъæйдæр нæй, – нихxудтæй æма картоф фелваста, еу армæй æй иннемæ гæлдзгæй, ин æ фунук æрсæрфта, æма имæ фу-фу кæнгæй, æ цъарæ растъигъта.

– Тазе, нæ дæ содзуй?

– Æз курдон дæн, Данел. Тæвдæн бухсагæ дæн.

– Æз ба курдон нæ дæн, æма тæвдæн нæ бухсун, – картофмæ фу-фу кæнгæ, игъæлдзæгæй дзурдта Данел. – Мæнæ цæнхæ, цæнхи хæццæ дессаги хуæрзадæ ’й.

– Зонгæ мин æй. Биццеуæй картоф къахгæй, уарзтон картофтæ фуныки фицун. Е раги адтæй, хъæбæр раги, – картоф хуæргæй, дзурдта Тазе.

– Æз дæр уарзтон æма ма нур дæр уарзун.

Тазе картоф бахуардта, æ къохтæ расæрфта финдзсæрфæн къохмæрзæнæй, æ армæй æ рехæ æма æ уорс бецъотæ æрдаудта æма фестадæй.

– Тазе, еу картоф ма!

– Данел, мабал мæ уорамæ. Æз цæуон.

– Нæбал дæ уорамун. Фæндараст кæнæ. – Æ къох ин райста.

– Дзæбæхæй изайæ.

Данел æ фæдбæл рацудæй дуари уæнгæ:

– Тазе, еске дæ бæхбæл гъæуи сæрмæ исхъæртун кæндзæнæй.

– Арфæ кæнун, мæ цъæх хæрæг мæ уæрдунидзаг согти хæццæ гъæдгæрони хезуй, – бахудтæй Тазе æма фæрраст æй.

Данел æрбадтæй пеци дуармæ, арсгийнæй сабургай артæй тулдта картофтæ æма сагъæс кодта.

«Гаппо, Гаппо. Не ’нгъæл адтæн, æзнæгтæй фембæлдзинан. Фалæ си дессагæй неци ес. Кадæуарз адтæй. Уарзта хъал цард, æй болкъон. Æркæсдзинан, цума ка ке рамардзæнæй. Зæрдæ дин не ’вæрун, æнгъæлмæ ма кæсæ. Студентти æнзтæ фæцæнцæ. Цума уæддæр ка ке?

Æрбахизтæй Самели.

– Данел, Тазе дæ фæууидта?

– Фæууидта.

– Æма?

– Самели, цуппæрæни некумæ цæуæн. Фегъосун кæнæ æмбæлттæн, ардæмæ маке æрбацæуæд.

– Базудтонцæ мадта уæддæр.

– Фæстæтæрæ ма кæнæ, нуртæкки рарветæ фæдесонтæ.

– Хуарз, – зæгъгæ, загъта Самели æма фендæдуар æй.

* * *

Гаппо æ цæрæнмæ куд цудæй, уотæ фæммеддуар æй Иннокентий игъæлдзæгæй.

– Цæугæ кæнис?

– Мадта, фагæ нæ ’й? Сæумæй изæрмæ ами дæн.

– Гаппо, афицерти фæндуй дæ хæццæ еумæ бабадун.

– Иннокентий, нуртæкки бабадтити рæстæг нæй. Тугъд цæуй.

– Гаппо, уой зонæн, устур бабадт нæй. Кувд нæй, æхсæвæр еумæ бабадæн.

Гаппо бахудтæй.

– Берæ уодзинан?

– Еу аст: сгари афицертæ, сгаргутæ.

– Хуарз. Кæд уодзæнæй?

– Хезæн ма æрмæстдæр дæу, фингæ рæвдзæ ’й.

– Кæми ’й бабадт?

– Ами, кæронккаг авари.

Гаппо бахудтæй:

– Цæуæн.

Фингæ адтæй хумæтæг. Адтæй ибæл дзол, къудурвунх фид æма мудгун арахъ. Бадт цудæй игъæлдзæг, ниуазтонцæ сикъайæй. Ке куд гъудæй, уотæ. Афицертæ мудгун арахъæй сæхемæ дзæбæх фæккастæнцæ. Исигъæлдзæг æнцæ. Гириз кодтонцæ. Кадæр си низзардта:

– Ой мороз, мороз, не морозь меня,

Не морозь меня, моег-о ко-ня-я.

Уоци рæстæг æнæнгъæлти фæммедæг æй инæлар Шкуро. Афицертæ фæкъкъех æнцæ…

Инæлар сабургай исцудæй финги сæрмæ. Æ цъæх цæститæй æрзилдæй афицертæбæл. Нидæнæй, æ маст тухæйти уорамгæй, батхалдта:

– Цæргæстæ минасæ кæнунцæ, идзулунцæ, зарунцæ. Цидæр систæйдзаг, хомух гъæддаг адæмихатт ба нæ цæгъдунцæ! Сумах цæргæстæ н ’айтæ, фалæ айтæ æхсæйвон угтæ! – Исæлгъиста. Афицертæ зæнхæмæ кастæнцæ, сæ ниуæзтæ æрбайсавдæй. Гаппо ба тар æрфугæй кастæй инæлармæ. Шкурой хуарз зудта, зудта æй тугъдонæй, фалæ карди цæфтау инæлари дзурдтæ ранæхстæнцæ æ зæрди, æ уолæфæнтæ ин æхгæдтонцæ. Е ’ндон æнгулдзитæй сикъа нилхъивта, æ цæсгон нийвадæй. Инæлар ба æ дзубанди карзæй-карздæр кодта.

– Цидæр талингæ хуæнхаг æлдареуæг кæнуй нæ зæнхæбæл. Сумах ба гъæла кæркитау уæхе нимæхсетæ, хъазайхæгти ба цæгъдунцæ, – исæлгъиста бабæй.

Гаппо е ’ррæстæ исцудæй инæлармæ.

– Инæлар! Гъæддаг адæм ке хонис, етæ дæуæй æгъдаугиндæр æнцæ. Уони хонис гъæддаг, хомух адæм… Æвæдзи, инæлар феронх æй, æз дæр уоци адæмихаттæй ке дæн, уой. Инæлар Бичерахов, Икаев дæр… Мах, дæумæ гæсгæ, гъæддæгтæ ан? Æхсæвæй-бонæй карди комбæл ка цæуй, етæ æхсæйвон угтæ, гъæла кæркитæ нæ ’нцæ, фалæ æнцæ хъайтар афицертæ! Лæдæрис, сгарæг, æзнæгти æхсæн еунæг æй, мæнкъæй рæдуд – æма фесафдтæ, ра дæ гæрах кæндзæнæнцæ. Æз ди нецæмæй тæрсун, мæ алли дзурдбæл дæр дзуапп ратдзæнæн.

Шкурой цæститæ ферттивтонцæ. Фæййеу æнцæ Гаппой цæстити хæццæ. Гаппой цæститæ фæккастæнцæ инæлармæ ехи къæрттитау, уазал æрттивд кодтонцæ.

– Болкъон, ке хæццæ дзорис, уой нæ лæдæрис? Æз дæн инæлар Шкуро, инæлар Шкуро!

– Инæлар нæ, фалæ цифæнди дæр уо! Ду мæн æма мæ адæмихатт бафхуардтай, бафхуардтай дæ афицерти. Æз дæу бунати ракурдтайнæ хатир, – дзурдта Гаппо, инæларæй æ цæститæ нæ есгæй.

Шкуро лæдæрдтæй æ рæдуд, лæдæрдтæй, болкъон иннæ афицерти хузæн ке нæй. Хумæтæги афицер ардæмæ не ’рæрвистайуонцæ. Æ хæццæ нæ гъæуй хилæ кæнун. Ка ин ци зонуй, уæлдæр хецауадæн ци зæгъдзæнæй? Æ гъуддæгтæ ба хуарз нæ ’нцæ. Фалæ кутемæй исраст кæна æ рæдуд? Кутемæй?

Гаппо лæудтæй Шкурой нихмæ æма имæ кастæй комкоммæ. Афицертæ ба кастæнцæ уомæ. Инæлар æ били кæрæнттæй бахудтæй.

– Уолли болкъон, ду нæ зонис, нæма зонис ами уавæр. Æз ардæмæ цудтæн Владикавказæй æма мæбæл сахатти разæй Сирауи дон æма Уорсдони æхсæн рагæппитæ кодтонцæ. Æртæ хъазайхаги нæбал æнцæ, нæбал! Цуппар цæфтæй санхайади. Ци ми агоретæ? Арфитæ уин кæнон, хъайтар сгаргутæ! Некæддæр, Шкуро уи æхецæн неци агоруй. Инæлар уи агоруй куст! Куст! Æндæр неци. Дæлболкъон Зубарев, цал хатти мин загътай, абæрег Данел мард уодзæнæй, зæгъгæ! Кæми ’й? Данел хæтуй, уолли болкъон ба мин уайдзæфтæ кæнуй. Æ зæрдæмæ нæ цæунцæ мæ дзурдтæ. Цæмæннæ? Гъо, æз, æвæдзи, раст нæ дæн, фалæ мин зæгъай, мæн бунати фæууай. Цæйбæрцæ хъазайхæгтæ никкалдтонцæ сæ цард аци æнирай гъæубæстæ есгæ? Райстан гъæу, фалæ алли бон дæр мæлунцæ нæ адæм, марунцæ сæ. Ци кæндзæнæ мæ бунати?! Кæд уæ фæндуй, уæд мин ниххатир кæнтæ, кæд нæ, уæдта мин уæ фæди-фæддæр ма ниххатир кæнтæ. Æз ци гъуди кодтон, уой загътон. Сумахæй дæс хатти лæгдæр æй абæрег Данел! Уотæ нæй, ка зæгъдзæнæй?! Ка мин æй бавдесдзæнæй, дзубандитæй нæ, фалæ гъуддæгтæй, миутæй! Нигъгъос айтæ?

– Æз, – загъта Гаппо, – æз дин фæууинун кæндзæнæн Данели мардæй. Æз уой туххæй æрцудтæн ардæмæ. Е æй мæ сæйраг ихæс. Ку нæ исæнхæст кæнон мæ еци ихæс, уæд мæхуæдæг мæхе къохæй истондзæнæн мæ усхъитæй болкъони пъагæнттæ. Уой дин федараæй зæгъун!

Инæлар æвваст фендæр æй. Райгъæлдзæг æй. Æ ходæ зæнхæбæл ниццавта.

– Гъе дин æцæг лæг, æцæг болкъон, æ дзурдтæбæл ин бауæндтæн. Рагацау ин дæттун мæ уорс урз! Рауадзайтæ мин дæлæ еци устур сикъайдзаг уæ ниуæзтæй! – Зубарев ин райдзаг кодта сикъа мудгун арахъæй.

– Болкъони цæрæнбони туххæй! – æма ’й æнæрлæугæй æ тæккæ бунтæй раниуазта, фелваста устур фиди хъуæл, ни ’й хунц кодта, æма æууелгæй, дзурдта:

– Æдули н’айтæ. Арахъ нæ, фалæ – Хуцауи ниуæзтæ!

Бабадт лимæнæй, идзулдæй кæронмæ рацудæй.

* * *

Æрхъæрттæй цуппæрæн, майрæнбон дæр æрхъæрттæй, фалæ Данел нæ фæззиндтæй. Гаппо æхецæн бунат нæбал ирдта. Фæдздзурдта Зубаревмæ.

– Иннокентий, куд лæг дæмæ кæсуй Поликарп?

– Хъæбæр хуарз денщик.

– Æз денщикбæл нæ дзорун, хуарз денщик æй æви лæгъуз, уобæл дæ нæ фæрсун.

– Нæ дæ лæдæрун.

– Æууæндун ибæл æнгъезуй? Мах лæг æй æви нæ’й.

– Мах ку нæ уайдæ, уæд ами нæ уайдæ, уæд мæн денщик нæ уайдæ.

– Ци афицер фæммардæй, е дæр «мах» лæг адтæй, фалæ…

– Нæ, нæ, Поликарппи хуарз зонун дуйнеуон тугъдæй ардæмæ. Мæхебæл куд æууæндун, уотæ ибæл æууæндун. Фалæ мæ цæмæн фæрсис?

– Иннокентий, мæн гъæуй сгарæг партизанти балмæ, æцæг нæхе адæймаг. Æз нур дæс бони кæсун Поликарпмæ, партизантæмæ ’й гъавун рарветун.

– Поликарп бæззуй, фалæ ’й кутемæй багæлдздзæнæ? Партизантæ ибæл нæ бауæнддзæнæнцæ… Уомæн æма ’й теркаг хъазайхæгтæй беретæ зонунцæ, куд мæн денщик, уотæ.

– Уобæл æз сагъæс кодтон. Игъосæ! Дууæ ахæст партизани æрветун пæртизантæмæ, цума сæ Поликарп исуæгъдæ кодта, уотæ.

– Ахæститæ ку исуæгъдæ уонцæ, уæд партизантæн радзордзæнæнцæ, кутемæй æма сæ ка исуæгъдæ кодта, æма Поликарпи фехсдзæнæнцæ.

– Е дæр мин нимад æй.

– Æхсунмæ сæ ку ракæнонцæ, (æхсунмæ ба сæ ракæндзинан, мæнгæдтæ ке радзурдтонцæ, уой туххæй) уæд Поликарп

сæ фæййерваæзун кæндзæнæй æма сæ хæццæ рандæуодзæнæй. Естæбæл ма гурусхæ кæнис?

– Поликарп ба æхуæдæг ци зæгъдзæнæй? Тухxæй ин æрветæн нæййес.

– Е ба дæу ихæс æй.

– Фæймæ дзорæн.

– Фæймæ дзорæ.

– Поликарп! Поликарп!

Поликарп æрбахизтæй косæн авармæ, æрлæудтæй дуари размæ.

– Фезонгутæ рахæссон?

– Поликарп, фезонгутæ бахездзæнæнцæ. Дæ хæццæ нæ дзубанди ес, – загъта Зубарев игъæлдзæгæй.

– Игъосун, уолли дæлболкъон.

– Рауай æма нæ хæццæ исбадæ, – батхалдта Гаппо.

– Уолли болкъон…

– Исбадæ, Поликарп.

Поликарп æфсæрмитæгæнгæ, сæргубурæй бацудæй æма къелай кæронбæл исбадтæй. Зубарев ин радзурдта сæ дзубандий сæр. Гаппо радзурдта, кутемæй фæййерваæзун кæндзæнæй дуурæ ахæст керменистей. Поликарп æ бицъой кæрон æ гъæлæси бацавта æма ’й цъирдта.

– Ци зæгъдзæнæ?

– Æз салдат дæн, æз дæн Бархе уорс æфсади тугъдон. Ци бардзурд райсон, уой æнхæстбæл архайдзæнæн.

– Сæйрагдæр ихæс æй Данели рамарун…

– Ба ’й лæдæрдтæн.

– Мадта ци зæгъдзæнæ?

– Сумах дзурдæн æнæгæнæн нæййес.

– Мадтаræвдзæ дæ?

–Ræвдзæ дæн. Кæд мин цæугæ ’й?

– Нуртæкки…

– Цал уацайраги уæгъдæ кæндзæнæн?

– Дуурæ.

– Æнгъезуй, фалæ æгасей ку исуæгъдæ кæнæн, уæд мæбæл æууæнкæ фулдæр уодзæнæй. Мæ гъæла сæрæй уотæ лæдæрун.

Гаппо æма Иннокентий кæрæдземæ бакастæнцæ. Балæдæрдтæнцæ Поликарпи.

– Уæд уотæ дæр, фалæ сæ кутемæй уæгъдæ кæндзæнæ? – бафарста Гаппо æма рагъуди кодта: – «Кæд раст мадзал загъта, уæд исарæхсдзæнæй ихæс исæнхæст кæнунмæ».

Поликарп æ рехæ æрдаудта:

– Басагъæс гъæуй.

– Сагъæстæмæ нæ евдæлуй, – загъта Гаппо федарæй.

Поликарп бабæй æ рехæ æрсæрфта.

– Уотæ тагъд устур гъуддæгтæ нæ фæккæнун…

– Поликарп, лæдæрис, сагъæстæн рæстæг нæййес.

– Уотæ, уотæ, уолли болкъон, дзæхæрай сæ ку фехсон, уæдта?

– Поликарп, уæд сæ уадзун кæнис, уæд сæ æхсгæ кæнис.

– Уолли болкъон, æз арвмæ фехсдзæнæн, ахæсттæн ба зæгъдзæнæн, цæмæй ледзонцæ, уотемæй фондзей рауадздзæнæн. Нæхе дуурæ лæгей хæццæ ба рæндæ уодзæнæн.

– Поликарп, дæ сæри хъаболæ ревæд нæй. Зонис сагъæс кæнун!

Поликарп æфсæрмий худт бакодта æма æ сæр æруагъта.

– Иннокентий, Поликарп раст гъуди кæнуй. Мах дæр хуæздæр неци æргъуди кодтайййанæ. Ести зæгъунмæ ма гъавис?

Иннокентийæн æхцæуæн адтæй, æ денщики ин ке раппæлдтæй, ейæ.

– Поликарп, де ’хæс зонис партизанти отряди?

– Хабæрттæ игъосун кæнун сумахæн, уæдта Данели рамарун.

– Поликарп, аци операци ку исæнхæст кæнай, уæд дин æз афицери цин раттун кæндзæнæн.

– Арфæ кæнун, уолли болкъон, фалæ æз финсун æма аргъаун нæ зонун. Мæнæй нæ рауайдзæнæй афицер. Бардзурдбæл ба архайдзæнæн. Гъæуама ’й исæнхæст кæнон.

– Иннокентий, фæстæтæрæ нæбал кæнæн. Архайгæ!

Æмбесæхсæвæ хæстæг Поликарп фондз ахæсти рауагъта, дууей хæццæ ба Уорсдони билтæбæл фæрраст æй. Гъæуи сæрмæ, къирсодзæнтæмæ ку схъæрттæнцæ, уæд Поликарп æрбадтæй.

– Æролæфæн, бадзубанди кæнæн.

Æрбадтæнцæ етæ дæр.

– Зонетæ уе ’хæс?

– Куд нæ? Данели гъæудзæй рамарун.

– Кутемæй?

– Лæгæмпурсти куд цæуа, уотемæй, – уæд нæ неке фæууиндзæнæй.

– Данел лæгæмпурсти фæццæуй?

– Фæццæуй, уой дæр æгасей разæй.

– Ма мæ фæссайетæ.

– Сайæн нæййес. Дзурд равардтан.

– Хъæбæр хуарз!

– Дæ ном куд æй?

– Мæ ном Иван, Иван Никифорович.

– Иван Никифорович, не ’мбæлтти ба нин фехстонцæ?

– Етæ сумах æмбæлттæ нæбал адтæнцæ, етæ адтæнцæ не знæгтæ æма сæ рагæрах кодтан. Тæрегъæд син кæнтæ?

– Тæрегъæд син нæ кæнæн. Раст бакодтайтæ.

– Раст бакодтан, – федарæй загъта Поликарп æма исистадæй, – сумах бадетæ, æз нуртæкки, еу рауæнмæ ма мæ бауайун гъæуй.

Дууæ лæги бахудтæнцæ.

– Кæд сумах дæр гъæуй, уæд рауайтæ.

– Нæ, нæ, дæ гъуддаг кæнæ.

Поликарп исистадæй æма еуварсмæ рацудæй. Æхебæл дзиуарæ бафтудта, æ топп раргъувта, нигъгъавта. Æхсæви æнцойи дууæ гæрахи нийййазæлдæй.

Поликарп мæрдтæ къирсодзæнмæ ниггæлста. Къирсодзæни билтæ сæбæл æркалдта, искувта Хуцаумæ:

– Уо Хуцау, ниммин хатир кæнæ аци тæрегъæд. Æндæр гæнæн мин н ’адтæй. Гадзирахаттæ маргæ æнцæ, фидбилиз æнцæ, – æ рагъмæ топп багæлста æма фæрраст æй гъæдæмæ.

* * *

Тогъойти Данел æма Æбати Самели бадтæнцæ сурхæфсæддонти штаби æма дзубанди кодтонцæ.

– Данел, мæнмæ гæсгæ дæуæн цæугæ нæй. Партизанти раздзæугутæй алкедæр исæнхæст кæндзæнæй еци гъуддаг.

– Уобæл мабал дзорæ. Феронх дæ, Рæмони-фурт кутемæй фæммард æй, уой.

– Уомæн иронхгæнæн нæййес.

– Æз дæр æй не ’ронх кæнун. Мæ цæститæбæл рауайуй.

– Ду – æгас партизанти раздзæуæг дæ. Ду æрæмбурд кодтай сурх партизанти бал. Дæу фæндæй цæрæн мах.

– Самели, æз мæлунмæ нæ цæун, æз нæ фудæзнаги марунмæ цæун. Цæугæ мæнæн æй, уомæн æма е дæр мæн марунмæ тундзуй.

– Ке есис дæ хæццæ?

– Хæллати Хамбиййи. Хезуй мæ. Бæхтæ цæттæ ’нцæ. Дзæбæхæй изайæ.

– Данел, партий Устав ихалис!

– Тугъд цæуй, Самели, фарста æвæрд æй: ка ке? Етæ мах, кенæ мах уони. Уæхæн уавæри Уставмæ неке кæсуй. Тугъди ес еунæг Устав æма еунæг закъон. Кенæ ду марис, кенæ дæу марунцæ.

– Дæу неке басæтдзæнæй, ду алкæддæр раст дæ.

– Дæ къох, Самели! – игъæлдзæгæй кæсгæй, е ’мбалмæ, – æ къох бадаргъ кодта Данел.

– Къохтæ нæ есдзинан. Фæндараст кæнтæ.

Данел нихкудтæй, топп райста æма фæрраст æй.



* * *

Гаппо æрбацудæй æ цæрæнмæ фæсæмбесæхсæви. Æ урундухъи хусгæ æрбаййафта æ денщик Пантелеййи. Пантелей æ даргъ цæнгтæ фæйнердæмæ рагæлста æма хур-хурæй хустæй. Стъолæбæл цæфстæй сойнин цирагъ. Фиццаг рамæстгун æй, райрадæй, æ цъумур хъæппæлти ке нихкустæй æ денщик æ урундухъи, гъавта æй æ къахæй ниццæвунмæ, хуссæнæй рагæлдзун, фалæ æ сæри æнæнгъæлти еу гъуди фæззиндтæй, æма æ маст æрбайсавдæй. Нимæтæй æй бамбарзта, райста стъолæй сойнин цирагъ æма гъузгæ-гъузгæй æ къахи финдзтæбæл бацудæй денщики авармæ. Стъолæбæл æрæвардта сойнин цирагъ. Æ дамбаца æ нивæрзæни рацавта. «Атæ хуæздæр, æдасдæр уодзæнæй. Мæн ка мара, е рамардзæнæй Пантелеййи. Ку неке цæуа, уæдта никки хуæздæр. Неци мин уодзæнæй сæумæмæ тъатхибæл. Фуддæр, хъæбæрдæр хуссæни дæр хустæн», – уæхæн гъудити хæццæ æд цулухътæ æхе рагæлста тъатхибæл уæлгоммæ, æ сæри буни æ æрмитæ бакæнгæй. Куд хъæбæр фæллад адтæй, дæс боней æндæргъци хузæнæн нæ бауолæфтæй! «Данел, Данел! Раервазтæ бабæй аци хатт дæр… Æнæмæнгæ, афицертæй кадæр косуй партизантæмæ. Фалæ ка 'й? Ка 'й? Æ цæститæбæл рауадæнцæ афицерти цæсгæнттæ, фалæ си еуей дæр æ бон н 'адтæй исхонæн цъуххæссæгæй, æрмæст си æууæндгæ дæр некæбæл кодта. Сауæнгæ ма дæлболкъон Зубаревбæл дæр гурусхæ кодта. Цæун гъудæй ардæмæ мæхе къуари хæццæ, фалæ 'й атæ æнгъæл ка 'дтæй. Цæветтонгæ, Данели сгар хуæздæр косуй… Нæ ми раервæздзæнæ! Нæ ми раервæздзæнæ, Данел, лæгдæрти дæр басæттинæ!» – æ цæститæ фæххуæстæнцæ, æма æ хур-хур исцудæй.

Сабургай авармæ дуар æрбайгон æй. Думгæй сойнин цирагъи фæлмаст æвзаг истæбар-тубур кодта, фалæ нæ фæххустæй. Дуар ку 'рбахгæдта æрбацæуæг, уæд сойнин цирагъи цæфсгæ æвзаг исраст æй. Æрлæудтæй лæг Гаппой сæргъи. Нийгъуста. Къахи финдзтæбæл бацудæй нивæрзæнмæ. Бази бунæй арæхсгай райста дамбаца, æ фæттæ ин æ армæмæ æркалдта, æ дзиппи сæ рафснайдта, дамбаца ба бази буни байвардта. Кæрдбадзæй исиста хумæтæги сиуингъæдæ фийййаугард. Æрбадтæй къелабæл æма топпи къилдунæй бакъуæрдта хуссæги.

Гаппо фæггæпп кодта.

– Сабур, Гаппо… Са-абур, – нидæнæй исдзурдта æрбацæуæг.

– Ка дæ? Ци дæ гъæуй мæнæй?

– Æз Данел дæн. Гъуди ма мæ кæнис? Мæскуй адтан æрдхуæрдтæ, нур ба – æзнæгтæ.

– Данел?!

– Гъо, Данел.

– Ци дæ гъæуй мæнæй?

– Мæн неци, фалæ мæ ду хъæбæр агурдтай, æма дæмæ фæззиндтæн.

– Ра мæ мулдтай!

– Фæммулд дæ, уæдта дæ Бархе уорс æфсад дæр дæрæнгонд уодзæнæй, – загъта Данел æма исистадæй. Рацо-бацо кодта авари. – Гаппо, æнафонæ 'й, фалæ дин мæ хæццæ цæугæ рауайдзæнæй гъæдæмæ.

– Цæмæн?

– Фæууинæ, куд цæрун, кæми цæрун, уой.

Гаппо æ къох сосæггайти рацавта бази буни. Дамбацабæл æ къох ку æрæндзæфтæй, уæд æ нифс фæффедар æй.

– Данел, æнафони нæ уарзун ескумæ цæун.

– Саис бабæй. Æхсæрисæри гъæумæ æмбесæхсæви исмедæг дæ. Нур дæр исмедæг уодзæнæ гъæди.

– Некæддæр!

– Гаппо, мæ къохи дæ.

– Цалинмæ дони сæрти багæпп кæнай, уæдмæ гъопп, зæгъгæ, ма гъæр кæнæ!

– Донмæ ба фæрæтæй ма лæборæ.

Гаппо дамбаца фæддардта Данелмæ.

– Æз донмæ фæрæтæй нæ лæборун, – фелхъивта æма дамбаца фæкъкъипп кодта. Данел æдзинæг никкастæй æ кæддæри æрдхуарди дууæ цæстемæ, арф нийнæфтæй æма исдзурдта:

– Фæттæ мæ дзиппи æнцæ.

Гаппо хъæрццигъайау æхе ниццавта Данелбæл, æ хорхмæ ин бæргæ балæбурдта, фалæ уайтагъд сонт гъæр фæккодта, фæххуæстæй æ реубæл æма æртулдæй зæнхæмæ, радæргъæмæ 'й. Æ реуи сагъд адтæй хумæтæги сиуингъæдæ фийййаугард.

Цудæй граждайнаг тугъд.

ГАДЖИТЫ Илас

ХУЫДАЛЫНГÆЙ РУХСМÆ ФÆНДАГ

(Кадæг)

Лæгау лæг чи уыд – зæрдæты цæрдзæн,
Йæ ном æнустæм арфæйаг уыдзæн.
Къадзаты Станислав

Ацы кадæг конд у зынгзæрдæ революционер Сихъоты Григолы фырт Алыксандрыл (Мишкæйыл).

Архайд цы Къардиуы цæуы, уырдæм хæхты цъассытæй цыппар хъæуы – Зыруг, Мамысон, Зæрæмæг æмæ Цъæйы цæрджытæ лидзын райдыдтой 1922 азы. Хъæу хаста Бухарины ном 1937 азы онг, уæдæй фæстæмæ та йæ хонынц Киров.

Сихъоты Мишкæйæ æрлидзæг адæм бирæ хæрзтæ зонынц. Мах хъæуæй дарддæр ма техникон документацитæ æмæ проекттæ сарæзта Къоста, Нарт, Фарн æмæ æндæр хъæутæн дæр. Суанг ма Мæскуыйы Хæххон инженерон академийы ахуыр кæнгæйæ дæр разамынд лæвæрдта Бухарины хъæуы партион организацийæн. Фæсивæды сæрæндæртæй сарæзта «Рог кавалери» æмæ уый хъахъхъæдта хъæумæ æрбацæуæнтæ, сæфт æрцыдысты бæхтæ æмæ хъомтæ давæг абырджыты къордтæ. Хъæу скалдта йæ хуыз. Колхозон быдырмæ æртахти фыццаг зæрватыкк – «Фордзон» – трактор. Йæ рохтыл ын хæцыдысты сæрæн лæппутæ Хозиты Лекса æмæ Дзоцъиты Хазби (Гуыбыр).

Мишкæ академи каст фæуыны фæстæ куыста Садоны æрзæткъахæны. Разамынд лæвæрдта геологон сгарæг парти – ГРП-йæн, фæлæ хъæу дæр нæ рох кодта, алы æхсæнадон хъуыддагмæ дæр хаста йе ̀ххуысы хай.

Уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыд æмæ йыл бандзæрстой. Фæдысмудæг «тройкæ» йæ Сыбыры балæууын кодта. «Адæмы знаг» кæнæ кулаччы ном кæуыл сбадт, ахæмтæй нæ хъæуæй æрцахстой æмæ ахастой дæсæй фылдæр. Хъыгагæн дзы Зураты Ауызбийы номарæн чиныджы 2–3-йы кой йеддæмæ нæй.

Мишкæ-Цæразон фырты лæггад фæкодта йæ уарзон адæмæн. Фæлæ, хъыгагæн, рохуаты баззад.

Суанг ма, уæлдæр ранымад хъæуты цæрджытæй дæр ничи зоны, ахæм уæрæх æмæ раст уынгтæн сын проекттæ чи скодта, уый ном æмæ мыггаг. Иу хъæуы дæр йæ номыл нæ уынг и, нæ – скъола. Æз мæхи хæсджыныл нымайын æмæ нымадтон канд Мишкæ нæ, фæлæ политикон репресситы æнахкосæй чи бацарæфтыд, уыдонæн се ̀ппæты раз дæр æмæ сын мæ кадæгæй сæ рухс нæмттæ арын.

Гаджиты Илас

ХУЫДАЛЫНГÆЙ РУХСМÆ ФÆНДАГ

(Кадæг)

Цæй диссаджы дæлвæз уыд Къардиу* ,
Зæлдагбарц уыгæрдæн – йæ зæхх.
Мæ фыд æй нæ уарзта, нынкъард-иу –
Ныммард дзы фæндагыл йæ бæх.

Туалгомæй ардæм лыгъдысты
Зæрæмæг, Зруг, Мамысон, Цъæй.
Сæ дуæрттæм тары сыгъдысты
Æртытæ – суг ластой сыфцæй.

Фыццагдæр нæ хъæуы æрцарди
Зыгъилаг Цъæхойты Къола.
Йæ байзæддаг абон дæр нуазы
Коньякимæ «Кока-Кола».

Бæрзонд обау бакъахта белæй,
Хъæды куыстмæ рæвдз уыди тынг.

* Къардиу – цæугæдоны бæрзонд был (берег, утес)

Нæ бæстыхай арæзт куы фæци,
Уæд ҕрывæрдта сыхæгтæн фынг.

Абырджытæ бирæ уыд хъæды,
Фос бирæгътау кодтой дзæнгæл.
Нæ ауæрстой гал уа, рæуæдыл,
Дзидзахæрдæй кодтой дæнгæл.

Фæлæ сын сæ лæгæт ыссардта
Фæсвæд ран къæрцхъус Губчека.
Итаппæй сæ Къардиумæ стардта
Æд хъомтæ Гуызымты Секъа.

Сыбырмæ дзы ахастой авды,
Сæ балхонæг хъæды фæмард.
Ныр мисхал дæр нал цыди давды,
Цæджджинагау сабухта цард.

Куыд цин кодта быдырыл хохаг,
æхсæв æй нæ ахста хуыссæг.
Ныр нал уыдзæн гомгуыбын, хорхъуаг,
Йæ фос ын нæ давдзæн хуыснæг.

Цард Къардиуы Сихъотæй бирæ,
Уыд се ҕхсæн Мишкæ – инженер.
Йæ бирæ дзæбæхтæн нæ Ирæй
Аргъ чи скодта уæд æмæ гъер?

Йæ чысыл геологон парти
Нæ хæзнаджын хæхтыл æрзылд,
Æрзæты гуырæнтæ дзы ссардта,
Джынасу та – Поты фæзы.

Проекттæ дæр уый кодта хъæутæн,
Сæ уынгтæ – уæрæх æмæ раст.
Куы-иу рауад искуы быцæутæ –
Мишкæмæ сæ равзарын каст.

Зæххы хæйттæ адæмыл уæрста
Картоф æмæ хоры хуымтæн.

Хуыздæр цардмæ Къардиу лæгæрста
Ныфсджынæй, фæрæзта зынтæн.

Хæрзконд лæг, йæ хъару, йæ зондмæ
Куыд нæ кодтой хъалтæ хæлæг.
Фæлæ дзы Мишкæйау бæрзондмæ
Нæ хъæуы нæма схызти лæг.

Æрæвæрдта хæсæн йæ размæ
Рæстдзинады рохтыл хæцын.
Йæ амындæй хъал доны фарсмæ
Цыппар азмæ ног хъæу фæзынд.

Фыццаг уал Бухарины байгом
Скъола, йæ уæлæ – йæ ном.
Уыдысты дзы хъæубæстæ райгонд,
Кæм ма уыд сæ цинæн кæрон.

Ныххал сты ахуырмæ Туалгом,
Цæразонтау сагсур, уæндаг.
Ыстырæй, чысылæй сын байгом
Хуыдалынгæй рухсмæ фæндаг.

Ыстæй та æрцыдысты арæзт
Культурæйы хæдзар, медпункт,
Пост, дукани. Алырдæм акæс –
Фæйлыдта Сæрибары дуг.

Хæххон дзигло райдыдта хъал цыд,
Нымæтхуд æрсагъта бæрзонд.
Колхозон быдырæй ныууасыд
Америкаг трактор «Фордзон».

Уынынмæ йæм адæм цыдысты,
Йæ фæстæ ызгъордтой фæрсæг.
Йæ уынæр Цымытимæ хъуысти,
Къуыбылæйттæй калдта фæздæг.

«Йæ хуылфы фæтæгенæй арт и! –
Хъæр кодта Дафа – агроном, –

Нæ хъæуæн æй сæрвыста парти,
Бухарин – Ильичы фæдон».

Уыд уыцы ран Челдытæй Нестъор,
Ысрæдыди хъазæн ныхас:
– «Æххæст-ма дзы ракурæм ГЭС дæр,
Æндæр ма цæмæ у нæ каст?»

«Ды худыс, Нестъор, фæлæ ног цард
Æнæ цырагъ саразæн нæй.
Бæрæгбон у, акæнæм кусарт,
Фыццаг ауæдз, – тохъыл мæнæй».

Йæ ныхасæн хицау уыд парторг, –
Фæссихæрттæм ацæттæ фынг.
Бæрæчетæй дзаг уыди карч̆ онг,
Фæндыры цагъд, зарын ыстынг.

Бæгæныйæ хистæр ыскуывта
Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм:
– Нæ зæххы бæркадыл куыд æфта,
Нæ хъаруйæн ма уæд сæттæн.

Уынут æй, куыд фæлдахы уæртæ
«Уырызмæджы Аласа» æрх.
Хæцынц ын йæ рохтыл æрдхæрдтæ
Лекса æмæ Гуыбыр хъæддых».

Фæдзурын сæм кодта: «Æрлæуут,
Уæ фæллад ысуадзут чысыл.
Уæ «бæх» дæр ыстæвд и, бæрæг у,
Æрфынг сын кæ, дзагдар Быцыр».

Нæ бахъуыди лæппутæм хатын,
Ныууагътой рæстæгмæ сæ куыст.
Уæлиау нæ бакуымдтой бадын, –
Гуыпп-хъазтæй ирон зарæг хъуыст.

Кæм ма уыди уыдонæй хъалдæр,
Каст фесты Къардоны рабфак.

Дæсныйæдтæ базыдтой цалдæр,
Зонд райстой зæххы куыстæн фаг.

Кæцæйдæр æрбарæдыд уазæг,
Газеттæ йæ цырыхъхъы тъыст.
Кæй сæм æртахт партион уасæг,
Уыдис уый йæ тæрныхыл фыст.

Фæсидти: «Æгас цæуæд парти!
Сосо у нæ фæтæг, нæ фыд.
Мæгуырæй уæ алчидæр царди,
Ыстут ныр йæ хурæй рæвдыд.

Цы федтой уæ фыдæлтæ хохы?
Фыдæбæттæ, рыст æмæ над.
Цыдысты сыл хинæй, нæу рохы,
Нæ бонджынтæ, ̀лгъыстаг сæ мард.

Уæ быдыр уын абон фæлдахы
Æлхæд бæх, фæлæ уын зæгъын:
Нæхи завод аразы ахæм,
Ыссарæн кæмæн нæй зæххыл.

Уыдзæни уый харьковаг трактор,
Æрмахуыр, фæразон, домбай.
Къуыримæ цы бакусут галтыл,
Уый иу бонмæ кондыл нымай.

Кæрдут уал уæ мæнæу æхсырфæй,
Кæнут молотилкæйæ най,
Фæлæ уын зæгъын æз хъæддыхæй,
Рæхджы уæм фæзындзæн комбайн.

Уæлдай йын нæ уыдзæни, дасдзæн
Хъæбæрхор, мæнæуы хуымтæ.
Ызгъæлдæй сæ машинæ ласдзæн
Сыгъдæггæнæн мусы кæртмæ.

Дзæгъæлы дзæнгæда кæй хъæуы?
Зыны нæм коммунæйы рагъ.

Фыццагдæр уал хъуамæ уæ хъæуы
Ыссудза Ильичы цырагъ.

Ис уымæн уæхимæ гæнæнтæ,
У ГЭС-æн йæ бынат бæрæг.
Мишкæ дзы ныссагъта къæбæлтæ –
Уæ хъæуы бындурæвæрæг.

Ызнæт Терк Цымытийы фарсмæ
Кæм бакæлы суадонмæ сæрд,
Уым ног бæстыхайæн йæ астæу
Æрцæудзæн турбинæ æвæрд.

Хъæуы йын æхцайы фæрæзтæ
Æхсæз сæдæ минæй фылдæр,
Фæлæ нæм Бухарин фæкæсдзæн,
Æххуыс уын кæндзынæн æз дæр.

Нæ нымайын акци рæдыдыл,
Уæ домæн æрæвæрдтат раст.
Йæ фæдыл нæ обкомы ѐмбырды
Уынаффæ æрцæудзæни хаст».

Лæг банцад, рæдау къæбицгæстæ
Ныргæвстой ма ноджыдæр фыс.
Бæрнон минæвары ныхæстæй
Сæ зæрдæты бацыди ныфс.

Ысбадын æй кодтой уæлиау,
Йæ цæрæнбон рауагътой сидт.
Цыма сæм зæд æртахти, уыйау
Ыскарк сты, сарæзтой симд.

Мишкæ сæм фæрсырдыгæй касти,
Гæды митæй йе сæфт уыдта.
Апрелы Мæскуымæ фæраст и,
Зын фæндаг æй дардмæ хуыдта.

Уыд рагуалдзæг, базмæлыд кæрдæг,
Йæ риуы дзаг сулæфыд зæхх

Цыд поезд, йæ сау-сауид фæздæг
Къуыбылæйттæй зулмæ фæлдæхт.

Йæ вагоны рудзынгæй касти
Уæрæсейы хъæутæм Мишкæ.
Æдзæрæг хæдзæрттæн фæхасти
Сæ сæртæ – æнæрай сæ скæ.

Цыма та Атлантæ ысхæцыд,
Раст уыйау йæ адæм – фæлмæст.
Æрмæстдæр дзы иу ран æрхæцыд
Электрон цырагъыл йæ цæст.

Цыппар боны уазал вагоны
Беслæнæй Мæскуымæ фæцыд.
Æрхызт, уæдæ ма йыл цы бон уыд,
Йæ зæрдæйы сæрыл хæцыд.

Фæрынчын, йæ зонгæйы ссардта,
Фæхуыссыд къуырийæ фылдæр.
Йæ фысым æм хорз зæрдæ дардта,
Фæлæ-иу сæм рауад хыл дæр.

Чекист уыд. Æрттывдтытæ калдта
Йæ бæстыхай. Иунæгæй цард.
Йæ нывæрзæн ифтыгъдæй дардта
Дамбаца, гранат æмæ кард.

Æппæлыд æдзухдæр йæхицæй:
«Мæнæй дзы хъæбатырдæр нæй.
Хъаст чи кæна уарзон Цæдисæй –
Бæрзæйсаст фæуыдзæн мæнæй».

Мишкæйæн Бухаринæй загъта:
«Нæ дæ хъæуы уымæ цæуын.
Йæ цæсгом бынтондæр ысуагъта,
У сафинаг, куыдзы хъæвдын».

«Рæдийыс, цы дын кодта уагæр
Нæ партийы уарзон хъæбул?

Кæм ызмæнты мидбæстон уавæр,
Кæй цæгъды сымахау, Сæдул?

Нæ дæ фæрсын. Базыдтон: чи дæ –
Цыбырзонд политик, жандарм.
Фæзæгъыс: хъæбулы хæс фидæм,
Уæвгæйæ та растигъут царм.

Дæ «сау халон» бамбæхстай кæрты,
Кæй артыл та ауагътат дон?
Цæмæн сафут хæрзты хуыздæрты?
Куы сарæзтат цардæй зындон».

Сæдул æм лæмбынæгæй хъуыста,
Зæрæмæг йæ цæстытыл уад:
Мишкæимæ хъазтæ куыд хызта:
Сæ мусонг сын ахаста уад.

Æвзонгæй уæлыгæс цыдысты
Æлдарæн гуыбыны хæрдыл.
Сæ хуыздæр хæлæрттæ уыдысты
Секъа ̆мæ Къостайы «Фæндыр».

Фæндыди сæ номы хъуыддæгтæй
Ыскæнын сæ комбæстæн кад,
Фæлæ сæ фыдбоны фæндæгтæ
Фæхастой кæрæдзийæ дард.

Сæдулы –Мæскуымæ, Мишкæ та
Йæхицæн нæ ардта бынат.
Бон цинчы гуырæнтæ ысгæрста,
Изæрæй та Къардиумæ уад.

…Дæс азы нæ федтой кæрæдзи,
Уæдмæ та ныссуйтæ и цард.
Сæ фæндаг фæсаджил, фæкъæдз и,
Сæ зондахаст – фыд æмæ кард.

Мишкæ уыди низæн фæразон,
Бæзæрхыгтæ, асæй бæрзонд.

Мæнгæй йæ нæ хуыдтой «Цæразон»,
Тæнæгсæртæн амыдта зонд.

Йæ фысым æй бафтыдта дисы:
Хæдзары æппындæр нæ бадт.
Æхсæвыгон тахти фæдисы,
Бон дардта æхгæдæй йæ уат.

Фæдзæбæх Мишкæ æмæ рацыд,
Æхгæд уатæй музыкæ хъуыст.
«Хъæуы уæ, ирон адæм, сафын!»
Йæ зæрдæйыл сæмбæлд рæхуыст.

– Дæхæдæг та чи дæ? – хæрдмæ йæм
Ысхъæр кодта Поройы фырт.
Дæ мады ныууагътай мæлгæйæ,
Хæрам дын уæд йе ̆хсыры хъуыртт!»

Зын уыди Бухаринмæ бафтын,
Гуылфгæнгæ йæм адæм бырстой.
Фæлæ сæм «кавказаг» куы ̆рхатыд,
Уæд «Бахиз нæ разæй», куырдтой.

Нæй ивæн сызгъæрин æвзистыл,
Йæ балц æм фынфенæгау каст.
Ныр федта æцæг коммунисты,
Уый Бодзы лæгмартæй нæ тарст.

Бухарин æй алцы-æппæтæй
Фæфарста: куыд цæры йæ хъæу?
Хъæздыг ма у Садон æрзæтæй,
Æви та йын загътой: «Æрлæуу!»

«Уæ колхоз цы аразы хорзæй,
Йæ кусджытæн цас дæтты хор?
Хуыздæр, æви цауддæр у ТОЗ -æй,
Цæмæн таут уыйбæрц нартхор?»

Мишкæ йын, куыд партион кусæг,
Ысныв кодта уавæр бæлвырд.

Кæй сæм уыд фæрсæрдыгæй хъусæг,
Уый бамбæрста Поройы фырт.

Æвзыгъд комиссарæн ыссардта
Йæ зæрдæмæ дардыл фæндаг:
«Дæ лæвар «Фордзон» нæ æрцардта,
Нæ зоны æппындæр фæллад».

– Фæстагмæ уæ кусæг фос, бæхтæ
Æрцæудзысты трактортæй ивд.
Куы ссудзой электрон цырæгътæ,
Коммунæ уæд нал уыдзæн миф.

– Мæнæн дæр мæ балцы сæр уый у,
Нæ размæ æрæвæрдтам хæс:
Куыд саразæм хъал дæтты риуыл
Электрон тыхдæттæн фæрæз.

Йæ бынат цæттæ у: хæлд уæтæр,
Сырсыргæнæг суадæтты фæз.
Ыссардзыстæм алцы – æппæтдæр,
Æрмæст нæм турбинæй фæкæс».

Йæ цæстытæ ферттывтой артау,
Нывнæлдта йæ папкæмæ, стæй
Йæ фысыммæ курдиат радта
Гермайнаг гæххæттыл фыстæй.

Бухарин æй бакасти, загъта:
– Æвæдза, куыд диссаг у цард!
Къоста уын цы фæндыр ныууагъта,
Нæ бамынæг уымæн йæ цагъд.

Дæ фыстæгæй сарæзтон хатдзæг,
Кæй ыстут хъаруджын, фæлтæрд.
Нæхимæ конд электростанцæ
Уæ хъæуæн æрцæудзæн лæвæрд».

Цæразоны зæрдæ фырцинæй
Уæрыккау ыскафыд æваст.

Цæмæй зыдта, се знаг сыл хинæй
Кæй рацыди, хуынкъæй сæм каст.

– Стыр бузныг, – систа йæ каскæ, –
Ыскарз и политикон тох,
Уæддæр нын нæ хъуыддагмæ ѐркастæ,
Нæ уыдзæн дæ хорздзинад рох».

Зæрдæрухсæй вагзалмæ араст,
Сæхимæ тел радта: «Зæгъут
Сафонкайæн, хъуыддаг у арæзт,
Фæцæуын, æнхъæлмæ кæсут».

Ыскъæфта йæ поезд фæстæмæ,
(Уæлиауæй арвнæрын хъуыст),
Нæ фыдæлты кадджын бæстæмæ,
Мишкæйæн дзы бирæ уыд куыст.

Æрфынæй, йæ цæстытыл ауад
Зæрæмæг, ызмæст доныл – хид.
Йæ ныййарæг мад æм æрбауад,
Ныууыгъта йæ: «Хъахъхъæ дæхи!

Нæма зоныс адæмы. Гайт-ма
Ис хи срасткæнынæн амал.
Дæ хуыздæр æрдхорд дæ фæсайдта,
Иудæйау, разынд цъаммар».

Лæг фехъал и, хъуыдыты ацыд:
«Цы кодтон, цæмæй мын у тас?
Кæй азар мæ басыгъта балцы,
Мæ цармæй кæй бахъуыди уафс?

Æнæмæт цард бирæ нæ хæссы –
Æрлæууыд репресситы дуг.
Нана мæм дзæгъæлы нæ хæцы,
Ныккæлдзæни мингæйтты туг».

Ысхæццæ и поезд Кавказмæ –
Æрджынарæг – Иры къæсæр.
Тæхудиаг, худгæ ’мæ хъазгæ,
Фыдæлты уæзæгыл фæцæр!

«Беслæныхъæу!» – рупорæй райхъуыст -
Мишкæйæн йæ балцы кæрон.
Ыскодта йæ дзаумæттæ, рахызт,
Йæ лæппуйæн балхæдта рон.

Æниу ма йæ рон дæр цæмæн хъуыд,
Сахат æмæ ’рдæджы фæстæ
«Бутыркæ» -йы ныккæнды стæлфыд,
Фыццаг уал æй кодтой фæрсгæ:

– Кæцæй цæуыс, де ’мбæлттæ чи сты?
Хæцæнгарз кæм ыссардтат, зæгъ.
Бухарины хуызæн фашистыл,
Куыд баивтай райгуырæн зæхх?

Ныххуырстой йыл бирæ цыдæртæ:
«Сæрзилæджджын», «адæмы знаг».
«Ыссардта хæзнайы гуырæнтæ,
Æмбæхстæй сæ дары, æлгъаг!».

«Цы мын кæнут, агъуыд лæгмартæ? –
Цæразонæн рафыхт йæ маст:
Æз домын æвдакат мæ бартæн,
Æрцæуæд мæ урæдмæ каст!».

«Цы рæйыс? Куы нæ дæм ис хъусæг.
Дæ аххосыл басæтт, цъаммар!» –
Ныууырдыг æм оргæнты кусæг,
Ежовы къæбыла, Дзандар.

– Куыд ма уæндыс дзурын та, контрæ,
Агент, провокатор, фашист?
Цы фæкодтай колхозы хъомтæ?
Джыбыйау æрцæудзынæ цъист».

Цæразон йæ уавæр æмбæрста:
Мæнгардæй йыл рацыдис дуг.
Резинæ хæдон æй нылвæста,
Ныббадти йæ цæстыты туг.

Уæддæр ма йæ къудиджын хъалтæ
Сæ уæлныхты айстой нæмгæ:
«Гъе, уый дын республикæ, бартæ,
Дæ кæрон æрцыди, мæлгæ!».

Цы бон æй уыд, хинымæр загъта:
«Лæгхор куыйтæ, ма кæнут тагъд,
Æцæг коммунистты ныццагътат,
Уæхиуыл дæр ауайдзæн над».

Дзæгъæлы нæ дзырдта Конфуци :
«У адæймаг тугмондаг сырд».
Зыгъуыммæ фæлдæхт революци
Йæ хъæбулты хордта бæлвырд.

Нæ фæрæзтой ахст адæм. Царæй
Фыцгæ дон сæ фæсонтыл мызт.
СИЗО -йы сæрсæттæн хæдзарæй
Мæлæг удты æрдиаг хъуыст:

«Цы кодтам? – кæрæдзийы фарстой, –
Цæуыл сæрра «адæмты фыд?»
Гæрзытæй нын не уæнгтæ сбастой,
Нæ хуыздæр хæринаг – æнтыд.

Нæ Бодз у лæджы фыдхор, мах та –
Нывондæгтæ, тарст фосы дзуг.
Йæ æмтохгæнджыты ныццагъта,
Ныр махæн та нуазы нæ туг.

Репресситæй байдзаг и бæстæ,
Чекисттæй нæ ирвæзы саг.
Рæстытæ куы дзурай æдæрсгæ,
Уæд фестдзынæ адæмы знаг».

Мишкæ сæм лæмбынæгæй хъуыста
Æмæ йæм уæлдай диссаг каст, –
Уæхски-уæхск кæимæ фæкуыста,
Æрцыдысты уыдон дæр ахст.

Æвыдæй дзы иу дæр нæ баззад,
Уырды над сæ кодта Дзандар.
Мæлдзыгау ыл базыртæ базад,
Мæнгæй йæ нæ хуыдтой «жандарм».

Уæгъд бынат Бутыркæйы нал уыд,
Йæ къултæ фæйнæрдæм тыдтой,
Уæддæр ма йæм ластой «æвзалы» –
Чекисттæ сæ афтæ хуыдтой.

Сæ мæрдтæ сын рудзгуытæй калдтой
Æнафонты нарæг кæртмæ,
Æндæр хос фыдмийæн нæ ардтой
Цъыфхорты куысыфтæг сæртæ.

Мишкæйы нæ бауагъта марын
Фæдысмудæг Дзугты Гæбæт:
«Цæмæн хъæуы артыл æндзарын,
Тайгайы фæлдахдзæни хъæд».

Фыццаг уал ын радтой дæс азы,
Стæй ма сæм бафтыдтой фондз.
Сыбыр ын йæ удæй ысхъазыд,
Ныккодта йыл галы æфсондз.

Фæлæ йыл цы бон уыд, фæрæзта:
Нæзы хъæд фæлдæхта хырхæй.
Тъунел перфораторæй гæрста,
Йæ пысултæ хаста пырхæй.

Цы федта, цы бавзæрста , уыдон
Йæ фыны дæр ма фенæд лæг:
Хæринаджы бæсты – хыцъыдон,
Уæрагмæ мит хъæды зымæг.

Йæ цахъæнтæй разынди сагдæр,
Фæразон, ныфсхаст æмæ ѐвзыгъд.
Йæ фæрцы нæ хъæутæй фыццагдæр
Электрон рухс Кировы ссыгъд.

Ысхаста ма райгуырæн Ирмæ,
Йæ фæллад ыстджытæ, бецау.
Фæцин кодта Садоныл бирæ,
Йæ ирвæзынгæнæг – Хуыцау!

Ысхызти Хъæриумæ æдæрсгæ,
Ныххæцыди хохы тæрттыл.
Бæрзонд рындзæй, хъомыл цæргæсау,
Фæлгæсыд Цæразон дæрдтыл.

Фæндыд æй ыстæхын æндæргау
Уæларвы тыгъдадмæ æваст,
Фæлæ йæ æмбæрста, ныр дæр ма,
Кæй ысты йæ базыртæ баст.

Хъуыдис æй йæ бинонты дарын,
Хæдзары куыстытæ кæнын.
Хлепа мыггагæн æвзарын,
Æмбæлттимæ цуаны цæуын.

Йæ фыццаджы хъару йæм нал уыд
Мишкæмæ, фæлæ ма уæддæр.
Лæгуæрдоны сифтыгъта галы,
Суг ласта, хос карста, гæн дæр.

Уæдмæ йын геологон парти
Йæ фыццаг ыскодтой. Цæрдæг
Æрзæтагур хæхбæсты хатти,
Сæ уæргътæ сын хаста хæрæг.

Сæ дзаума сæхæдæг æхсадтой,
Зыругдоны ахстой кæсаг.
Зæрæмæджы лæбырды ссардтой
Сæры кæхц, ызгъæрæй конд саг,

Фæрдгуытæ, сæрвасæн, æнгуырстуан,
Тæбæгътæ, æртыскæн, хæсгард.
Сæ бакаст уыд дзурæг – æвдыста
Кæй абухта а бæстыл цард.

Сызгъæрин саг калдта тæмæнтæ,
Кæсынæй йæм не ’фсæсти цæст.
Йæ сыкъатæ ауагъта уæнтæм,
Йæ нуæрттæ – фатау æлвæст.

Цæразон æй райста йæ къухмæ,
Ыскуывта: «Хуыцæутты Хуыцау!
Дæ лæвараæй бузныг, æдзух нæ
Рæвдауыс, æрмахуыр фыстау.

Ныр дæр нын фыдæлты хæзнатæ
Нæ фыццаг ыскодтай сæумæ.
Ысвæййы нæ къæбæр хæрзаддæр,
Куы скувæм зæрдæйæ дæумæ.

Нæма уыди сагæй рæсугъддæр
Хъæддаг сырд, æнувыд цæххыл.
Нæ бавгъау кæндзыстæм нæ удтæ
Йæ бахъахъхъæнынæн зæххыл.

Нæ зæрдæты ахаст нæ ивæм:
Ирыстон у не схæссæг мад.
Дзæбидыр – сæрибары символ
Æрцæуæд нæ гербыл нымад».

Йæ ныхас нæма фæци, афтæ
Ныццарыдта топпы гæрах.
Йæ хъыримаг кæрдæгыл хафгæ
Фæцæйтахти цуанон. Гæнах.

Дыккаг æхстæн расхъиудта рагъæй
Дзæбидыр, йæ мехъхъ ма фæцыд.
Хуыссыди бæрзæйсаст, дыдагъæй,
Мæгуырæг, йæ туджы мæцыд.

Йæ алыварс алæууыд уайтагъд,
Цъæх бирæгътау, цуанонты къорд.
Сæ сæрты æрзылд æмæ атахт
Хъæрццыгъа – цæргæсы æрдхорд.

Хæдмæлхортæн се ’хсæнæй райхъуыст
Хъæлæба, æнæфсарм ныхас:
– Ды ничи дæ. Ардыгæй аккуырс!
Кæмæ уæндыс дзурын, сылваз?

Мишкæ сæм мæстæлгъæдæй касти,
Йæ кусджытæн загъта: «Цæрут!»
Хæлхæлгæнаг донмæ фæраст и,
Æрхауд æмæ систа йæ уд.

Мæлгæйæ ма ауыдта нæууыл
Сæгуытимæ хъазгæйæ саг.
Цы сарæзта хорзæй уæлæуыл –
Хуыдалынгæй рухсмæ фæндаг!

2014 аз

Феппайуйнаг

Кадæнги медесбæл дзуапп дæттуй æрмæстдæр æ автор – Гаджити Илас

ÆГАЙТИДÆР МА

"Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй", – еци æмбесонд ма нæ еухатт дæр æууæндун кæнуй нæ фиддæлти курхондзийнадæбæл.

Айдагъ Задæлесги нæ, фал медкоми дæр Хъæлисти Смалий ка нæ зудта, куд уадзимисæ, циргъзунд лæгæй, уæхæнттæ берæ н' адтæй. Цъухæй-цъухмæ дзурдтонцæ Смалий циргъзунд рæнгъитæ кæрæдземæн, айдагъ æхе кари лæгтæ нæ, фал кæстæртæ дæр. Еу æма дууæ хатти нæ фæхходун кæнидæ нихæси бадгути дзурддзæугæ æма уæздан лæг æ уадзевдзитæй. Нæ мадæ сæ арæх дзоридæ махæн дæр, фал сæмæ еци рæстæги, гъулæггагæн, мæ гъос не 'рдардтон, ниффинсун ба сæ гъудæй æнæмæнгæ. Айдагъ рифмитæй нæ гъазта, фал хуарз лæдæрдтæй æмдзæвги æмзæладæ дæр. Мæ зæрдæбæл ма си лæууцæ, Мæцути тукангæс куд æвзурстонцæ, уобæл ци рæнгъитæ æримиста, етæ:

Нарæ, зæгъуй, æрæмбурд æнцæ
Мæцути лигъзмæ фарæ.
Нæбал сæ адтæй барæ,
Фæссæмæ зиндтæй Гуарæ.
Агурдтонцæ тукангæс,
Нæ ирдтонцæ дуаргæс.
Æмбурди исистадæй еу
Хъамболти Бидзеу – æма уотæ ид.

Кенæ еу æмбурдмæ ци лæгтæ æрвист æрцудæй, уони туххæн дзурдта:

Бæзити уæрдунбæл
Бадтæнцæ бабузтæ,
Горæти æмбурдмæ
Рарвистонцæ фагустæ...

Смалий æрдзон скурдиадæй хайгин адтæнцæ æ кæстæртæ дæр. Æ еу фурт экономикон наукити доктор Хъæлисти Алексей дзæвгарæ рæстæг фæккуста ЦИПУ-й экономикон факультети ахургæнæгæй. Æ иннæ фурт Хясæхъо дзæвгарæ рæстæг фæккуста ахургæнæгæй Камбилеевки астæуккаг скъолай, фал ма уой уæлæмхасæн ба финста аййев æмдзæвгитæ. Цалдæр хатти ин æ уæдзимистæ ниммухур кодтан нæ журнали фæрстæбæл дæр. Гъулæггагæн, сæ дууæ дæр æгас нæбал æнцæ.

Дæлдæр ци æмдзæвгæ мухур кæнæн, уой автор дæр æй Смалий кæстæр фæдон – Петр. Рагæй æвзаруй æ гъудитæ æмдзæвги хузи исфæлундунмæ, фал сæ мухурмæ ба фиццаг хатт равардта æма ин зæгъæн:

– Рæствæндаг фæууæд дæ къахдзæф журналкæсгути зæрдитæмæ!

Колити Витали

ХЪÆЛИСТИ Петр

ЗАДÆЛЕСКÆ

Рагондæр гъæу Дигоргоми,
Сæдгай æнзтæй дæр хестæр.
Æрæнцадтæ æрдзи рони,
Ци рауæн ма ес хуæздæр.
Дæ ном зæрдæн фæлмæн куд æй,
Фæккæнун дæубæл æрхун.
Дæ рæбун цума байтудæй
Рæсугъд горцъе – деденгун.
Нæ, иронх ми ку нæма дæ,
Къадати хъум – æртайæн.
Исдæ кæддæр изæдбадæн –
Нæхе цитгин Нанайæн.
Гъеууой фæрци нæ фиддæлтæ
Багъæуайгонд зиндонæй.
Абони ба æгас гъæу дæр
Нанай номæй кувддонæ ’й.
Хонхи фахсбæл цæгатварси
Бæрзонд къæбури уæлвæд.
Æристадæй цæсти рази
Устур дессаги лæгæт.
Æ тугур ба бунæй цармæ
Саги сиутæй æмæхгæд.
Кæддæр ба, дан, ами цардæй
Дигоргомæн сæ изæд.
Ковунцæ ’ймæ хъæбæр рагæй,
Адтæй амонд фæдзæхсæн.
Адæмæн ба багъæуаги
Уидæ алкæд римæхсæн.
Æргом æнхус – Дигоризæд
Кæнуй зæрдæй ковæгæн.
Цæрæццаг уа нæ фæсевæд
Уой си фæууæн корæгæн.
Цардæй гъæуи фæрнгун адæм,
Сæрбонзонгæ, æд æгъдау.
Уоди фарнæ кадæ – радæй

Лæвардтонцæ æдæгъдау.
Ка нæ зудта нæ медхонхи,
Ке фæцæй æнзтæй стур хай. –
Еци курухон Саулохи,
Е – Бæзити Гамæзай.
Абони дæр æримисæн,
Иронхи дæр нæма ни ’й.
Нæ циргъзунд лæг – уадзимисæ.
Хъæлиси-фурт – Æсмалий.
Нæ фæсевæд тагъд ирæзгæй,
Ахурмæ дæр тулаваст.
Фарни надбæл идард цæугæй,
Куд кæнонцæ фæндараст.
Кæд цæрæн дæуæй идарди,
Ан ди алкæд сомигъон.
Нæ цийнитæ ’ма не ’нкъарди
Дæ нифсæй ан цæрунгъон.

НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

МАКÆД РАМÆЛАЙ...

Цалдæр æнзей разæй не ’хсæнæй фæгъгъудæй Иристони разагъди лæгтæй еу – Хачирти Анзор Хъансауи фурт. Анзор берæ æнзти фæккуста нæхе горæти Гъæууон-хæдзарадон университети ахургæнæгæй, цардмæ бацæттæ кодта берæ æригон фæсевæд устур зонундзийнæдти хæццæ. Профессор Хачирти Анзор æхецæн ном искодта æ публицистикæй, æ философон æрмæгутæй, æ циргъзунд æма адæймагдзийнади фæрци. Рауагъта цалдæр гъæугæ киунуги. Уой уæлæнхасæн ба ма философ Хачирти Анзор адтæй дæсни финсæг дæр. Æ уадзимистæ цудæнцæ радон мухури куд уруссаг, уотæ дигоронау дæр. Анзори рохс ном иссеруни туххæй ин æз ратæлмаци кодтон «Об осетинском этикете», зæгъгæ, ци киунугæ исхудта, уомæй цалдæр цубур радзурди, аргъгæнæг ба син сумах фæууотæ.

Цъеути Замæдин

ХАБОСИ РÆДУД

Æ фуни Хабосæн æ уосæ къурусгидзаг арахъ æрбахаста. Заманай фун: Хабоси алкæд алцæбæл дугъдугъгæнæгæ уосæ, нур ба – мæнæ дессаг! – къурусгидзаг арахъи хæццæ фæззиндтæй æ лæги рази. «Ци дзæбæх, ци мæтæгæнаг уосæ мин ес», – байдзулдæй Хабоси зæрдæ. Фал – «Нæ лæг, арахъ дин гъар бакæнон, æви æй уазалæй ниуазис», – зæгъгæ, уосæ æ лæги ку бафарста, уæдта Хабос фæббостæй: «Уазал арахъ бабæй куд ниуазун... нур райгурдтæ, æви ци», – зæгъгæ.

Идзæгтæ арæзт уосæ рандæ ’й арахъ гъар кæнунмæ, ниуæзтæуарзагæ Хабос ба, уомæ æнгъæл кæсгæй, катай кодта: «Е дин уосæ, гъе! Гъар арахъ ниуазунмæ хуæздæр ке æй, уой ка нæ лæдæруй!..»

Æ катайæй Хабос æрбайгъал æй æма... «Ци куйти рун мæ тилдта арахъæн æ гъартæ ’ма уазалтæ æвзарунбæл... Уой бæсти æй уазалæй дæр ку бæниуазтайнæ...»

ИЗОЛДÆР БА ЦИ?

Цалдæр минутти ма байзадæй лекцити райдайунмæ æма рацо-бацо кодтон факультети азгъунсти рæбун, нæзи бæлæстæ арæзт кæми адтæй, еци æрдози. Еу минкъий нæзи бæласæ мæ комкоммæ фур рæсугъдæй тæмæнтæ калдта. Æрмæст æ цъонгбæл ци бампæги бæндзуг ниццæфстæй, е ба æй фудконд кодта. Æз мæ надæй раампъез кодтон æма æристон и бæмпæги морæ. Мæ рæбун неци фæцæй, кумæ ’й ниггæлстайнæ, уæхæн ести, æма мин æнæбари зæнхæмæ гæлдзгæ рауадæй.

Бæмпæги бæндзуг зелæги фæцæй еу кæрдæги халæй иннемæ, уæдта æнай-æной истахтæй. Уæлдæфи фæлхъæзæнтæ æй хæрдмæ уотæ рæуæг фелвастонцæ æма цалдæр секъундтемæ бæрзонди уорс æстъæлфæ фестадæй æма æрбайсавдæй хори тунти. Уæдта бабæй нæуæгæй фæззиндтæй, æрзилдæй хорнигулæнæй хорискæсæнмæ, æхе еума хатт размæ фенсудта æма фæндзæймаг уæлæдзуги бæрзæндæнæй нæзи бæласи цъонгбæл равзурстæй.

– Æз мæнæ ами дæн, – дзурдта æ уиндæ.

– Гъо, хъæбæр барзондмæ истахтæ, – гъæрæй исдзурдтон æз дæр.

– Раздæр мæмæ ду кастæ сæрæй, нур ба дæмæ бæрзондæй æз кæсун, – дзурдта мæмæ бæмпæги бæндзуг.

– Цард уотæ конд æй, – дзуапп ин равардтон æз, – æрмæст бæрзондмæ исхезунбæл хъиамæт кæнун гъæуй, дæу ба думги фæлхъæзæнтæ исистонцæ хæрдмæ, дæхе хъаурæй не ’схизттæ. Æма нур цитæ кæндзæнæ ду еци бæрзонди?

– Гъа-а! – арф исолæфтæй бæмпæги уорс æстъæлфæ, – иннæ бæрзонди бадгутæ ци кæнунцæ, æз дæр, уой. Цалингæмæ мæ æрлæдæронцæ бунæй дæр æма сæрæй дæр, уæдмæ мæ зæрди фæндон бацæрдзæн.

Нæуæгæй æрбадумдта. Бæмпæги бæндзуг раскъафта, уæлдæфи ’й æрзилдта, уæдта æй фæууагъта... Бæмпæги уорс æстъæлфæ кæрзбунмæ хаунмæ фæцæй æма зæнхи равзурстæй. Кадæр æ рæзти цуд фæцæй, рафсардæй ибæл æмæ æй фæдифæдмæ зæнхæбæл ниннихаста – нæ дæр ин исистæн, нæ дæр ба исуолæфæн.

МАДТА?

Къочити Леонид æ лимæни фиди мардмæ æхцай бæсти нæл фус фæлласта. Æ хæццæ ма адтæй еу къуар лæги. Æгъдау ка æмбурд кодта, е номхигъди рафинста:

Гæдзаонти Радион – 100 соми.

Легойти Олег – 200 соми.

Къочити Леонид – нæл фус.

Къочий-фурт и финст æруидта æма финсæгмæ дзоруй:

– Уотæ цæмæ ниффинстай?!

– Мадта куд? – бафарста æгъдауæмбурдгæнæг.

Дууæ лæги кæрæдземæ сæццæ кæсæ кодтонцæ, кæронмæ кæрæдзей не ’рлæдæрдтæнцæ.

КА КЕ?

Дигорон дууæ гъæуи – Махческæ æма Æхсæу – дзурдсæттæн кодтонцæ, исбуцæу æнцæ, ка циргъзунддæр æй, ке адæм дзурдарæхстдæр æнцæ, зæгъгæ, уæхæн зинрартасæн гъуддаги. Цæмæй æнæбундор буцæутæн кæронгонд æрцæуа, уой фæлдесондæн æхсæйуæгтæ бацæттæ кодтонцæ сæ тæгкæ дзурдæрæхстдæри æма ’й, дзæбæх исаразгæй, рарвистонцæ Мæхчески нихæсмæ бæхбæл. Ниццудæй, Нихæси бадтæй æрмæст цалдæр æригон нæлгоймаги. Хестæртæй еци рæстæги нихæси неке фæцæй.

Æхсæйуаг иуазæг салан равардта. Æрхизтæй бæхæй. Æ къах нихæси устур дорбæл æрæвардта, е ’рæмбуйнæ æ уæраги сæрмæ исбуцæу кæнгæй, бафарста мæхческæгти:

– Лæппотæ, уæ хестæртæ ба уæд кæми æнцæ?

Мæхческаг лæппотæй еу фæццурд æй æма ин дзуапп равардта: «Етæ ба гъæдæмæ рандæнцæ æфсæри буцæутæн цæгиндзитæ кæнунмæ».

Æхсæйуаг балæдæрдтæй: фæккудтæнцæ æ даргъ нади хъиамæттæ, фæссиг æй æ цуд, цæмæй ами, Мæхчески дзурдсæттæни, еске рамола, уомæй, æ бæхбæл фæббадтæй æма сæхемæ фæййауон æй.

Æхсæйуæгтæ се ’рвист лæги дзубандимæ ку байгъустонцæ, уæд сæхе састи бунати банимадтонцæ:

«Сæ биццеутæ уæхæн дзуапгин кæмæн æнцæ, уонæн ма сæ хестæртæ ба кунæг дессæгтæ нæ ’нцæ», – зæгъгæ.

ХАДОХЦИХЪОЙ ФÆСТАГ ФÆНДОН

Зæронд Хадохцихъо рагæй садæй æма æгæрон гъезæмарæ кодта æ риститæй. Арæх имæ уадæй æ фурти кизгæ. Е хъæбæр берæ уарзта æ бабай æма ин уæд еу ести, уæд иннæ ести адгин комидзаг æрбахæссидæ. Еу хатт ба ин сæлдæг æрбахаста, и сæлдæг сæйги зæрдæбæл уотæ æхсидзгон бамбалдæй, æ йадæ имæ уотæ цидæр дессаг фæккастæй, йи æнахур адгийнаг, цийнадæ рагæй ка нæбал фæууидта, еци уод уотæ багъар кодта æма сæйги фудхуз æнæхъаурæ къох æхецæн истухæ кодта, базмалдæй, æхе исиста, рагæй ин куд нæбал бантæстæй, уотæ æма фæлмæн, хъæбæр фæлмæн æрдаудта æ фурти кизги цæсгон. Хъæбæр зин адтæй кизгæн, æ бабай уæхæн зин уавæри уинун, æма зæйгуртæй æ цæсгонбæл цæстисугтæ æрæгъзалдæнцæ.

Уалинмæ æрхъæрдтæнцæ Хадохцихъой фæстæг бæнттæ дæр. Сæйги хуссæнрæбун ци адæм бадтæй, етæ бафеппайдтонцæ, мæлæг уоди цидæр зæгъун ке фæндуй æма ’й исзæгъун ке нæ фæразуй, уой. Уæд æ цæсгом фетинг уидæ, уæд ибæл цидæр æнахур тæлмитæ рабадидæ, уæд е ’гас гурæ дæр фесхъеуидæ, фал ести исзæгъун ба нæ фæразта. Уотемæй ибæл бæнттæ ’ма æхсæвтæ цудæнцæ.

Фал Хадохцихъæ риститæй нæ гъезæмарæ кодта – уонæбæл рагæй ахур адтæй. Сæйгæ æ царди фæстаг надбæл ке ниллæудтæй, уой хуарз лæдæрдтæй æма ’й фæндадтæй æ фæстаг загъди райарфæ кæнун æ зæрди гъар, æ еугур мæтæ, æ табедзæ ин зæрдæй ка равардта, еци фурти кизгæн. Е адтæй Хадохцихъæй фæстаг фæндон, фал æй исзæгъун нæ фæразта, кæд ин еци загъд искæнун æ цардæй хъазардæр адтæй, уæддæр. Æма æ катай уобæл адтæй.

Ци минкъий нæ гъæуй царди, цæмæй нæ еугуремæн дæр хуарз уа, уоми, фал æй куд арæх иронх кæнæн! Ес ма еума гъуддаг дæр: ци устур хуарздзийнадæ æй ескæбæл зæрдæй бауодун, адæймагæн æхе æрлæдæрун. Е æй царди медæгæ, æвæдзи, тæгкæ устурдæр мулк.

ДÆСНИЙ ХУАСÆ

Гæдтули алкæддæр дардта уруссаг арахъ, даргæ дæр – уазалæй уазалгæнæни. Уотæ конд адтæй æ царди фæткæ. Куста шофераей æма алкæддæр кусти фæсте æхемæ дзæбæх фæккæсидæ, уотемæй нихкуссидæ: арахъ нимадта хуарз хуссæги хуасæбæл.

Еу хатт æ уосæ Дзанатхæн æ минкъий биццеуи хæццæ рандæ ’й дæснимæ. Дæсни ба ин байамудта, æ лæги еци нæбæзгæ ахурæй куд фæййерваæзун кæна, уой хуасæ. «Куййи сæри ’стгутæ баинсæ æма ин æ арахъбæл еци инсади кæнæ».

Дзанатхан сæ синхон биццеуи фæрци искодта уæхæн хуасæ æма куййи ’стгути инсад, æ лæги уазалгæнæни ци арахъи авгæ хизта, уобæл никкодта. Изæрæй Дзанатхан гъоцитæ ку дугъта, уæд Гæдтули æ йахур гъуддагмæ æхе бахатта æма сæ уазалгæнæнæй арахъи авгæ раиста. Фал ин æ минкъий биццеу радзурдта, Дзанатхан ин ци хуасæ искодта, уой хабар.

Гæдтули æ цæстæ æхемæ æркъуæрдта. Арахъи æрдæг ракалдта, инней ба фæстæмæ уазалгæнæни ниввардта, æ римæхсæнæй ба æндæр арахъи авгæ раиста, баниуазта си æма нихкустæй. Уæдмæ æ уосæ дæр æрбацудæй хæдзарæмæ, æркастæй уазалгæнæнмæ æма арахъи авгæ æрдæгæй ку фæууидта, уæд бацийнæ кодта.

Бийнонтæ ку нихкустæнцæ, уæд Гæдтули ба барæй куййи рæйд кæнун райдæдта, лæбурдта суваллæнттæмæ, мадæмæ, хъæбæрдæр ба хуæстæй æ уосæбæл.

Дзанатхан фæдес исиста, æ синхонти æригъал кодта, фæдздзурдта милицæмæ, дохтиртæмæ. Етæ ба æмцъухæй загъ-тонцæ: «Гæдтулий – гъæладонæмæ!» Гæдтули ба идзулдæй æма дзурдта: «Нæн-нæ! Гъæладонæмæ Дзанатхан æрветгæ ’й, адæми ка сайуй, уой хæццæ».

Лескен, 20.11.15.
Уруссаг æвзагæй Цъеути Замæдини тæлмац

Н. В. ГОГОЛЬ

«УОСÆРАКУРД»

Пьесæ

А р х а й г у т æ:

А г а ф ь я Т и х о н о в н а, къупеци кизгæ, киндзаг.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а, фидихуæрæ.

Ф е к л а И в а н о в н а, хуæрзгæнæг.

П о д к о л е с и н, службæгæнæг, гъæздуг хæдзари унафф æгæнæг.

К о ч к а р е в, Подколесини æмбал.

Я и ч н и ц а, экзекутор, кустуати хæдзарадон хаййи хецау – завхоз.

А н у ч к и н, службæй уæгъдæгонд пехоти афицер.

Ж е в а к и н, наудзæуæг – моряк.

Д у н я ш к а, хæдзари кизгæ.

С т а р и к о в, иуазæгуати хецау.

С т ъ е п а н, Подколесини фæсдзæуинæ.

ФИЦЦАГ АРХАЙД

1-аг фæззинд

Æнæуосæ лæги уат.

Подколесин еунæгæй, диванбæл хъан уогæй, лолæ думуй.

Адæймаг, хебæраги гъудитæ гæнгæй, уæхæн фæндæмæ æрцæуй: æнæмæнгæ ин уосæ коргæй. Мадта а ци гъуддаг æй? Цæрис, цæрис, уæдта фæстагмæ ба лæг еугур цаудмæ æрхауй. Мæнæ бабæй анз раевгъудæй. Аци хатт ба мæ гъуддаг кæд фæррæстмæ уа. И хуæрзгæнæг дæр ибæл æртæ мæйей бæрцæ зелуй. Хуцауистæн мæхецæй дæр æфсæрми кæнун райдæдтон.

Эй, Стъепан!

2-аг фæззинд

Подколесин, Стъепан.

П о д к о л е с и н. Нæ фæззиндтæй хуæрзгæнæг?

С т ъ е п а н. Нæ. Не ’рбацудæй.

П о д к о л е с и н. Хуйæгмæ ба адтæ?

С т ъ е п а н. Адтæн.

П о д к о л е с и н. Æма куд æй гъуддаг, фрак хуйун райдæдта?

С т ъ е п а н. Гъо.

П о д к о л е с и н. Æма си берæ бахудта?

С т ъ е п а н. Сæхтæгутæ рæхæссун райдæдта.

П о д к о л е с и н. Ци дзорис?

С т ъ е п а н. Сæхтæгути уæнгæ, зæгъун, рахъæрттæй.

П о д к о л е с и н. Æмæ дæ нæ фарста, фрак æй цæмæн багъудæй, уобæл?

С т ъ е п а н. Нæгъ, нæ фарста.

П о д к о л е с и н. Миййаг, кæд, уотæ дзурдта, дæ хецау уосæ корунвæндæ ма искæнæд?

С т ъ е п а н. Уæхæн дзубанди неци кодта.

П о д к о л е с и н. Æвæдзи ймæ æндæр фрактæ дæр фæууидтайсæ?

С т ъ е п а н. Гъо, берæ фрактæ имæ зиндтæй.

П о д к о л е с и н. Фал, æвæдзи, сæ хъумаци гъæдæ ба мæн хъумацæй лæгъуздæр адтайдæ?

С т ъ е п а н. Гъо, дæуæн бакастгиндæр æй.

П о д к о л е с и н. Ци загътай?

С т ъ е п а н. Дæуæн, зæгъун, ахедæггундæр сгæлладæ æй.

П о д к о л е с и н. Æмæ дæ нæ рафарста: уæхæн тæнæг сгæлладæй æй фрак цæмæн багъудæй?

С т ъ е п а н. Нæ.

П о д к о л е с и н. Нæ дæ ракъахта, киндзæ хонун æ зæрди ма æрæфтуйæд, зæгъгæ.

С т ъ е п а н. Нæ, уой тухæй неци дзурдта.
П о д к о л е с и н. Ба ин лæдæрун кодтай, циуавæр цин мин ес, уæдта кæми службæ кæнун, уой?
С т ъ е п а н. Дзурдтон ин.
П о д к о л е с и н. Æмæ дин уæд ци загъта?
С т ъ е п а н. Загъта: архайдзæнæн хуæздæр бакосунбæл.
П о д к о л е с и н. Хуарз. Цо нурба.

Стъепан рандæуй.

3-аг фæззинд

Подколесин еунæгæй.

Мæнмæ гæсгæ сау фрак бакастгиндæр æй. Æндæрхузи фрактæ ба секретартæ æма ниллæгдæр бунæтти косгутæбæл исфедаудзæнæнцæ. Æ цин уæлдæр кæмæн уа, е гъæуама уина мæнæ аци... цидæр дзурд ку адтæй? Мæлæти дзæбæх дзурд адтæй, куд æй æрбайронх дæн? Дæлæ кæнæ, уæлæ кæнæ, уæддæр мæ цин болкъони æмрæнгъæ æй, æфсæддон дарæс нæ дарун, æндæрба.
Гъей, Стъепан!

4-аг фæззинд

Подколесин, Стъепан.

П о д к о л е с и н. Ваксæ ба балхæдтай?
С т ъ е п а н. Балхæдтон.
П о д к о л е с и н. Кæми балхæдтай? Ци тукани дин загътон Вознесеновский проспектбæл, уоми?
С т ъ е п а н. Гъо, гъе уоми.
П о д к о л е с и н. Æма хуарз ваксæ æй?
С т ъ е п а н. Неци ин æй.
П о д к о л е с и н. Ра си æвзурстай цулухътæ кæдзос кæнун?
С т ъ е п а н. Равзурстон.
П о д к о л е с и н. Æма дзæбæх исæрттивтонцæ?
С т ъ е п а н. Хъæбæр хуарз æрттевунцæ.

П о д к о л е с и н. Ку дин æй лæвардта, уæд дæ нæ фарста, дæ барини уæхæн ваксæ цæмæн багъудæй, зæгъгæ?
С т ъ е п а н. Нæ.
П о д к о л е с и н. Неци хузи дæ рафарста, кæд, миййаг, барин уосæ хонунвæндæ искодта?
С т ъ е п а н. Нæ. Неци дзурдта.
П о д к о л е с и н. Гъо, мадта хуарз, цо.

5-аг фæззинд

Подколесин еунæгæй.

Уогæ цулухътæ цанæбæрæг дессаг æнцæ, фал сæ худ ку нæ бæзза, уæдта ма бор ваксæй исæрст ку уонцæ, уæд син неци уоййасæ бакаст уодзæнæй. Никки ба ма къæхтæбæл къуæллитæ ку уа. Алцæмæндæр ниббухсдзæнæн, фал къуæллий ристæн ба нæ. Эй, Стъепан!

6-аг фæззинд

Подколесин, Стъепан.

С т ъ е п а н. Естæмæн ду гъуддæн?
П о д к о л е с и н. Загътай цулухъгæнæгæн, цæмæй сæ æгæр унгæг ма искæна, къæхтæ си къуæллитæ куд нæ кæнонцæ?
С т ъ е п а н. Загътон ин.
П о д к о л е с и н. Æма дин ци дзуапп равардта?
С т ъ е п а н. Хуарз загъта.

7-аг фæззинд

Подколесин, уæдта Стъепан.

П о д к о л е с и н. Уогæ ба ци берæ гъуддæгтæ гъæуй уосæ хонунмæ. Уæд еу, уæд иннæ. Уæдта алцидæр хуæрзрæвдзæ куд уа. На, куд фæдздзорунцæ, уотæ ’нцон нæй гъуддаг кæнун. Эй, Стъепан!

Ærбацæуй Стъепан.

Зæгъуйнаг ма дин адтæн...
С т ъ е п а н. Хуæрзгæнæг æрбацудæй.
П о д к о л е с и н. А, æрбацудæй; медæмæ ’й рахонæ.

Стъепан рандæуй.
О, еци гъуддаг... хумæтæги гъуддаг нæ ’й... зин гъуддаг.

8-аг фæззинд

Подколесин æма Фекла.

П о д к о л е с и н. А, æгас цо, æгас цо, Фекла Ивановна. Гъæйдæ куд? Ци? Къела райсæ, исбадæ æма рахабæрттæ кæнæ. Мадта уæддæр куд? Æ ном куд æй: Меланья?..
Ф е к л а И в а н о в н а. Агафья Тихоновна.
П о д к о л е с и н. О, о, Агафья Тихоновна. Æмæ, æвæдзи, еу дууинсæй анздзуд бадæг кизгæ æй?
Ф е к л а И в а н о в н а. Нæ-ннæ, нæгъ. Мæнæ ’й ку ’рхонай, уæд мин алли бон дæр мæ цæра кæндзæнæ.
П о д к о л е с и н. Сайгæ мæ кæнис, Фекла Ивановна.
Ф е к л а И в а н о в н а. Æгæр фæккаргун дæн мæнгæттæ дзорунмæ, нæ фиди хай.
П о д к о л е с и н. Уæд ин æ бийнонтæ ба киндздзæгтæ ци искæнуниау æнцæ? Нæуæгæй мин сæ ранимайай.
Ф е к л а И в а н о в н а. Æ киндздзаги харз ба: агоридорæй амад дууæуæладзугон хæдзарæ Мæскуй зилди, хуарз пайда-хæссæг, зæрдæ ймæ рохс кæнуй. Æрмæст инсад уæйæгæнæг дæр ин æ азгъунсти тухæй авдсæдæ соми федуй. Ес имæ бæгæниуæйæгæнæн, уордæмæ дæр минкъий адæм нæ цæуй. Никкидæр ма имæ ес дууæ бæстихаййи; еу гъæдæй арæзт, иннæ ба – дорин бундорбæл æвæрд. Алкæцидæр си цуппарсæдæ соми пайда дæттуй. Ес си дзæхæра Выборгский æрдигæй. Æртæ анзи си къупец къабуска нийййаразуй. Е æппундæр æ цъухмæ карз ниуæзтæ нæ хæссуй. Ес ин æртæ фурти; дууемæн си киндзитæ æрхудта, æртиккаг ба ма æвзонг æй æма бал, дан, тукани ракосæд. Уадзæ æма мин, зæгъуй, мæ къох фæррæуæгдæр кæнæд.

П о д к о л е с и н. Нур дессаг, бакастæй ба куд æй?
Ф е к л а И в а н о в н а. Сæкæри хузæн! Уорсцъарæ, сурх-рос, тог æма æхсир хæлæмулæ. Уотæ зæрдæмæдзæугæ æй æма ин зæгъæн дæр нæййес. Мæнæ ай уæнгæ боз уодзæнæ (æ къохæй хъури уæнгæ райамудта). Еу загъдæй, дæ уарзон адæмæн, уæдта де ’нæуарзæнттæн дæр дзордзæнæ: «Е дин Фекла Ивановна! Хуцау ди исарази уæд».
П о д к о л е с и н. Штабс-афицер ку нæ ’й, миййаг?
Ф е к л а И в а н о в н а. Гъæздуг къупеци кизгæ æй. Инæлари уосæн дæр исфедаудзæнæй. Къупецæн ба æ кой кæнун дæр нæ уадзуй. Мæн, зæгъуй, уæхæн лæг гъæуй æма бакастæй уотæ дессаг дæр ма уæд, æрмæст дворян ба уæд. Гъе уæхæн æнахур дессаг æй! Бæрæгбони цилле пъолци ку искæнуй, æма сæр-сæргæнгæ ку рацæуй, уæд, Хуцауæй соми кæнун, æррæстædæр кънязи уосæ.
П о д к о л е с и н. Æз дæр дæ раст гъе уомæ гæсгæ фарстон, аккаг бунати косæг дæн, надворный советник, æма...
Ф е к л а И в а н о в н а. Хъæбæр хуарз дæ лæдæрун. Курдта æй устур бунати косæг дæр, фал ин не ’сарази æй. Бакастгин уогæй имæ адтæй еу устур сахъат – фур мæнгæттæ дзорагæ. Ци ин ракæндзæнæ, уой æ райгурцæй рахаста. Æхе дæр бæргæ нæ фæндæуидæ, фал æнæ мæнгæттæ дзоргæй нæ зудта. Е ин Хуцауæй лæвæрд адтæй.
П о д к о л е с и н. Нур æндæр ке ракурдæуа, уæхæн ба некебал зонис?
Ф е к л а И в а н о в н а. Æма ма дæ циуавæр гъæуй? Æхецæй хуæздæр уогæ дæр нæййес.
П о д к о л е с и н. Гæр, еугуремæй хуæздæр æй?
Ф е к л а И в а н о в н а. Æгас дуйнебæл дæр уой хузæн не ’ссердзæнæ.
П о д к о л е с и н. Расагъæс кæндзæнæн, расагъæс кæндзæнæн, нæ мади хай. Иннæбон бабæй мæ рабæрæг кæндзæнæ, æма бабæй мæнæ атæ: æз мæхе фæндон рауадздзæнæн диванбæл, ду ба мин дзордзæнæ.
Ф е к л а И в а н о в н а. Хатир, нæ фиди хай! Нур дæмæ æртиккаг мæйæ рацо-бацо кæнун æма хуæрз дзæгъæли. Халати бадис æма уотемæй лолæ думис, æндæр неци.
П о д к о л е с и н. Дæумæ ба, æвæдзи, уосæ ракорун уотæ кæсуй: Эй, Стъепан, мæ цулухътæ æрбадавай. Дæ къæхтæ-

бæл сæ искодтай æма рандæ уо? Нæ, расагъæс кæнгæ æй, æркæсун гъæуй.

Ф е к л а И в а н о в н а. Мадта куд? Цæйбæрцæ дæ фæндуй, уой бæрцæ имæ кæсæ. Базайрагмæ æркæсун фæгъгъæуй. Дæ кафтан æрбахæссун кæнæ æма ймæ гъенур сæумæраги бамедæг уо.

П о д к о л е с и н. Гъе нуртæккæ? Æма нæ уинис, ци мегъæ æй, майди-ма уарун райдайа.

Ф е к л а И в а н о в н а. Е дæхецæн фуддæр. Дæ сæри уорс хæлттæ зиннуй, æма ма исон ци гъон исуодзæнæ, ке ма гъæудзæнæ? Ци устур гъуддаг имæ кæсуй, унаффæгæнæг æй, е. Мах хъæбæр дессаги уосгортæ дæр раердзинан.

П о д к о л е с и н. Дзæгъæл дзубанди, кæцæй æримистай еци уорс хæлттæ? Кæми 'нцæ и уорс хæлттæ? (Æ дзигготи ацауй къохæй).

Ф е к л а И в а н о в н а. Æллæх, æма дæмæ е ци дессаг кæсуй, – лæгбæл æнзтæ ку рацæуй, уæд сæригъун дæр уорс кæнуй. Фал уæд еу æ зæрдæмæ нæ фæццæуй, уæд иннæ. Уогæ мин еу капитан бæлдатгонд ес, къæхæни асæ. Ду æ усхъæмæ дæр нæ ракæндзæнæ. Дзоргæ дæр мæнæ цума трубайæй кæнуй. Службæ дæр идими кæнуй, мæнæ алгалантерстви.

П о д к о л е с и н. Мæнгæттæ дзорис, æз нуртæккæ айдæнæмæ бакæсдзæнæн; кæцæй æримистай еци уорс гъунтæ? Эй, Стъепан, айдæнæ рахæссай. Кенæ ба барæн, мæхуæдæг фæццæун. Хуцау уæхæн бæлахæй бахезæд. Е хæбозæй (оспа) фуддæр æй.

Иннæ уатмæ рацæуй.

9-аг фæззинд

Фекла, уæдта Кочкарев æрбагæпп ласуй.

К о ч к а р е в. Гъæйдæ, куд æй, Подколесин?.. (Фекли рауингæй). Ду ба ами кæцæй фæддæ? Ах, анассæни!.. игъосай, цæбæл мæ иселлæг кодтай æма мин тухкæй уосæ цæмæн хонун кæнис?

Ф е к л а. Æма уоми лæгъузæй цийиес? Фæткæ уотæ амонуй.

К о ч к а р е в. Цума уой æнхус гъæуагæ дæн?

Ф е к л а. Дæхуæдæг мæ ку иселлæг кодтай, еске мин багъуддаг кæнæ, зæгъгæ.

К о ч к а р е в. Ии, зæронд уру!.. Нур ами ба уæд цæй тухкæй дæ? Куд цæй тухкæй; Подколесини дæр фæндуй...

Ф е к л а. Æма ци, лæгъуз ин æй? Хуцау ин æ дууæ къохемæй равардта.

К о ч к а р е в. Кæсай, ци цъамар æй, мæнæн ба куд неци иской кодта! Куд сосæггæй гъуддæгтæ кæнуй?

10-аг фæззинд

Ка 'дтæнцæ, етæ æма Подколесин, айдæнæ æ къохи æма ймæ æдзинæг кæсуй.

К о ч к а р е в (фæстити имæ багъузтæй æма 'й фæттæрсун кодта). Пуф!

П о д к о л е с и н (фæгъгъæр кæнуй æма айдæнæ æ къохæй æрхауй). Æрра! Нур цæмæн, цæмæн... етæ ци гъæла миутæ æнцæ! Ци тæрсун мæ фæккодтай, мæ уод рауадæй.

К о ч к а р е в. Гъæйдæ ниууадзæ, гириз кодтон.

П о д к о л е с и н. Циуавæр гиризтæ æримистай. Нури уæнгæ дæр мæ кеми нæма 'рцудтæн. Никки ба мæ айдæнæ дæр басастон. Æма мæмæ лæвари некуцæй æрцудæй, англиссаг тукани æлхæд адтæй.

К о ч к а р е в. Мабал ибæл дзорæ, æндæр айдæнæ дин исмадзал кæндзæнæн.

П о д к о л е с и н. Гъо, зонун æй, исмадзал кæндзæнæ. Фал еци æндæр айдæнтæ – адæймаг си æнæгъæнæ дæс анзи хестæрхуз фæззиннуй, уæдта си ме 'фсæрæ зулун фæззиннуй.

К о ч к а р е в. Байгъосай, мæстгун кæнун мæнæн æмбæлуй. Ду мæнæй, дæ хуæздæр лимæнæй, алцидæр сосæг ку кæнис. Уосæ хонунвæндæ искодтай?

П о д к о л е с и н. Е дзæгъæл дзæнгæда æй; мæ гъудий кæрони дæр нæ 'й.

К о ч к а р е в. Æд æвдесæн дзорун (амонуй Фекламæ). Ци маргъ æй, уой дæр хъæбæр хуарз зонун. Гъæйдæ, неци кæнуй, киристон гъуддаг æй! Фидибæстæн дæр пайда. Барæнай, барæнæ. Æз еугур гъуддæгтæ дæр мæхемæ есун (дзоруй Феклæмæ). Гъæйдæуай, радзорæ кæми, ци æй?

Дворянкæ æй, чиновник, æви сæудегергæнæг, уæдта æ нон куд хуннуй?

Ф е к л æ. Агафья Тихоновна.

К о ч к а р е в. Агафья Тихоновна Брандахлыстова?

Ф е к л æ. Нæ 'й базудтай, Купердягина.

К о ч к а р е в. Е уæртæ Шестилавочныйи ка цæруй, е?

Ф е к л æ. Нæ бабæй æй базудтай. Уоми нæ цæруй, фал Мыльный, зæгъгæ, еци цæхгæрмæ гъæунги.

К о ч к а р е в. А, уоми тукани фæсте гъæдин хæдзари?

Ф е к л æ. Тукани нæ, фал бæгæни уæйæгæнæни фæсте.

К о ч к а р е в. Уоми цийиес, уой ба æз нæ зонун.

Ф е к л æ. Бæгæни уæйæгæнæни фæсте цæхгæрмæ гъæунги ку фæззелай, уæд дæ баррæстæ уодзæнæй будкæ, уоми галеуæрдæмæ фездæхæни, дæ тæккæ бакæсæни уиндзæнæ хуйæги хæдзарæ, раздæр си сенати обер-секретарь цардæй. Уордæмæ ма бацо, фал æ хуæд фæсте, дуккаг дорин хæдзари цæруй нæ киндзаг, Агафья Тихоновна.

К о ч к а р е в. Хъæбæр хуарз. Гъе нур ба алцидæр мæхе бæрагæ уадзæ. Уæгъдæгонд дæ. Дæу сæр си нæбал гъæуй.

Ф е к л æ. Е бабæй дин куд æй? Киндзæхсæвæр æнæ мæнæй райаразунмæ гъавис?

К о ч к а р е в. Æнæ дæу, æнæ дæу; мабал мæ гъигæ дарæ.

Ф е к л æ. Мæнæ ци æдзæсгон æй! Нæлгоймаг хуæрзгæнæг кæд фæууидтай? Ниууадзæ дæ миуæ, нæ фиди хай!

К о ч к а р е в. Рандæ уо, рандæ! Неци лæдæрис æма ма хъор кæнæ.

Ф е к л æ. Мæ къæбæр мин мæ хъурæй цæмæн ласис, Хуцау кæмæн нæйиес, е! Уæхæн æнаккаг дæ, уой дин ку зудтайнæ, уæд ми еу хъипп дæр бæргæ нæ фегъустайсæ. (Рандæй' мæстæйдзагæй).

11-аг фæззинд

Подколесин æма Кочкарев.

К о ч к а р е в. Уæ, мæ лимæн, аци гъуддагмæ фæстæмæ кæсгæ нæбал æй. Цæуæн.

П о д к о л е с и н. Æма æз нерæнгæ ку нецима. Уотид рагъуди кодтон...

К о ч к а р е в. Неци кæнуй, неци. Ду æрмæстдæр æфсæрмитæ, æндæртæ ниууадзæ, æз дин уотæ тагъд æрбакæндзæнæн киндзи гъуддаг æма 'й лæдæргæ дæр нæ ракæндзæнæ. Нуртæккæ цæуæн киндзагмæ æма уиндзæнæ, гъуддæгтæ куд ратагъд уодзæнæнцæ.

П о д к о л е с и н. Е дин нæуæг дессаг! Ци тагъд æрбацæугæ ан!

К о ч к а р е в. Мадта ма, дæ хуарзæнхæй, нæ каст цæмæ æй? Гъæйдæ-уай зæгъæ: ци пайда дин æй æнæ бийнонтæй ке цæрис, е? Æркæсай мæнæ дæ уатмæ. Гъæйдæ-уай, ци дин си ес? Дæлæ хъелæй лæууй дæ ругæйдзаг цулухъ, уæртæ дæхе æхснæн тæгæна, стъолбæл дæ тамакути кæрæ, уотемæй дæхуæдæг ба бон изæрмæ уæсгоммæй лæууис.

П о д к о л е с и н. Уомæй раст зæгъис. Зонун æй, хъæбæр æнæфснайд мæмæ æй.

К о ч к а р е в. Мадта уосæ ку уа дæ хæдзари, уæдта. Æррæстæ дæхе нæбал базондзæнæ, дæ рæбунтæ дæр фендæрхузи уодзæнæнцæ; мæнæ ами дин уодзæнæй диван æвæрд, фæммадзал кæндзæнæ къæбула, еу дзили цъеу къалатий. Дæ цæститæбæл рагъазун кæнай, бадис диванбæл æма æнай-æной дæ фарсмæ заманай силгоймаг æма дæбæл æ къох æрæфтудта.

П о д к о л е с и н. Æцæгæйдæр, ци къохтæ фæууй, ци. Уорс-уорсид, раст, æхсири хузæн.

К о ч к а р е в. Цитæ дзорис! Цума сæбæл айдагъ къохтæ ес... Ме 'нсувæр, уони хуарздзийнæдтæ берæ 'нцæ.

П о д к о л е с и н. Æма дин гъенур раст ку зæгъон, уæд уарзун, мæ фарсмæ дзæбæх силæстæг ку 'рбадидæ, уой.

К о ч к а р е в. Уинис, дæхе дæр фæндуй. Гъенур цурд фæллæуун гъæуй, ду мацæбæл тухсæ. Еугур гъуддæгтæ сауæнгæ киндзæхсæвæри уæнгæ мæ барæ уадзæ. Шампайнаг 12 авги, минкъийдæр нæ, дзæбæх сæнæ еу 6 авги. Киндзагæн фиди хуæртæ æма мади хуæртæ дæр куд нæ фæууй – етæ дæр, æвæдзи, гириз нæ уарзунцæ. Мадта киндзæхсæвæр кæми уодзæнæй, е дæр бæрæг æй; ес мин, уæздæнттæн ка лæггадæ кæнуй, уæхæн зонгæ официант, уотæ нæ исиуазæг кæндзæнæй æма истунгъон дæр нæбал исуодзинан.

П о д к о л е с и н. Байгъосай, ци карз исдæ, цума киндзæхсæвæри бон æрхъæрттæй.

К о ч к а р е в. Уæд цæмæннæ. Ци ма ’й фæстæтæрæ кæнис? Арази нæ дæ?

П о д к о л е с и н. Æз? Æнхæст æй нæма ниллух кодтон.

К о ч к а р е в. Е ба ма дин еума! Гъе нуртæккæ нæ загътай: арази дæн.

П о д к о л е с и н. Æз загътон æрмæстдæр: лæгъуз нæ уайдæ.

К о ч к а р е в. Дæ Хуцауи тухæй, киндзæ хонун дæ нæ фæндуй?

П о д к о л е с и н. Фæндуй мæ...

К о ч к а р е в. Мадта циræуойнаг дæ?

П о д к о л е с и н. Нециræуойнаг дæн, фал дессаг...

К о ч к а р е в. Ци си ес дессагæй?

П о д к о л е с и н. Куд нæ: уосæ дин ма уæд, уæдта æнайæной уосгин æрбауо.

К о ч к а р е в. Гъе нур дин ходуйнаг нæ ’й? Нæ, æнгъæлдæн дæ хæццæ лæмбунæг дзубанди гæнгæ ’й. Æма дзордзæнæн, æргом мæнæ фидæ æ фурти хæццæ куд фæдздзоруй, уотæ. Дæхемæ æркæсай. Уотид æнæпайда гъæди къудурон дæ. Ци хуарздзийнадæн цæрис? Айдæнæмæ бакæсай – ци си уинис? Гъæлай цæсгон æндæр неци. Нурба, рагъуди кæнай: дæ алливарс сувæллæнттæ, дууæ æртæ, кенæ ба, ка ’й зонуй, æнæгъæнæ æхсæз, еугурæй дæр раст дæхе хузæнттæ. Уомæй хуæздæр ма ци уа! Ду, еунæгæй цæргæй, цифæндидæр фестæ: надворный советник, экспедитор, кенæдта еугуремæй устурдæр хецау. Фал дæ цæститæбæл рагъазун кæнай: и сувæллæнттæ дæбæл æртеголæ æнцæ, ка дæмæ æ къохтæ хæрдмæ ивазуй, ка ба дин дæ бакенбардтæмæ æвналуй. Ду ба ймæ дæ фур цийнæй куйи рæйд кæнис. Гъе уомæй хуæздæр, цума, ести ес, зæгъай?

П о д к о л е с и н. Фал хъæбæр фудуаг фæуунцæ: еститæ сæтдзæнæнцæ, гæгъæдитæ пурх кæндзæнæнцæ.

К о ч к а р е в. Æма ци? Фудуаг кæнæнтæ. Еугурæй дæр дæхе хузæнттæ уодзæнæнцæ – дессаг е æй.

П о д к о л е с и н. Æцæгæй ба ходæг куд нæ ’й: еу тумбулрос, мингий къæбула, æма дæу хузæн.

К о ч к а р е в. Куд нæ ’й ходæг, хъæбæр ходæг æй. Гъæйдæ, мадта рараст уæн.

П о д к о л е с и н. Гъо, цæуæн.

К о ч к а р е в. Эй, Стъепан! Тагъддæр дæ баринæн æ бæрæгбони дарæс рахæссæ.

П о д к о л е с и н (айдæнæмæ кæсгæй, æ хъæппæлтæ кæнуй). Æвæдзи мæбæл уорс жилет хуæздæр федаудзæнæй.

К о ч к а р е в. Неци си уæлдай ес.

П о д к о л е с и н (е ’фцæкъуатæ рæвдзæ гæнгæй). И æнаккаг хъæппæлтæ æхснæг. Кæсай, ци лæгъуз сæ никърахмал кодта, е ’фцæкъуатæ кудтитæ ниццæнцæ. Стъепан, еци æдулийæн балæдæрун кæнæ: уæхæн фæййевгъуйон куститæ ку кæна, уæд æй фæссордзæнæн æма æндæр еске байхуæрсдзæнæн. Бæрæг æй, е æ лимæнти хæццæ æ рæстæг æрветуй, æма ’й туй æвæрунмæ кæми евдæлуй.

К о ч к а р е в. Тагъддæр æзмæлай. Кæдмæ мæз-мæз кæндзæнæ?

П о д к о л е с и н. Гъо, нуртæккæ. (Фрак æ уæле искæнуй æма исбадуй). Байгъосай, Илья Фомич. Дæхуæдæг фæццæуай.

К о ч к а р е в. Е ба дин дзубанди; дæ зунд фæццудæй? Мæнæн цæугæ ’й? Ка ни хонуй уосæ: ду æви æз?

П о д к о л е с и н. Ма-гъа, куддæр мæ нæ фæндуй. Исон ку фæццæуæн, уæд хуæздæр уодзæнæй.

К о ч к а р е в. Гæр, æппундæр дæмæ зунди цъиртт нæййес? Ци еугур гъæла дæ. Дæхе исрæвдзæ кæдтай, нурба ниццæхгæрмæ дæ. Зæгъай, ци миутæ кæнис? Дæхемæ, цъамар, чушка нæ кæсис?

П о д к о л е с и н. Ниууадзай, цæбæл исхъаугъагæнæг дæ? Лæгъузæй дин ци ракодтон?

К о ч к а р е в. Æдули, хуæрз æдули, – æндæр дæ неке некуд рахондзæнæй. Гъæла, бунтон гъæла ку дæ, экспедитор кæд дæ, уæддæр. Æз ба цæбæл мæ уодæй уод кæнун? Дæу пайдайæн, æндæр еске дæбæл фæрраздæр уодзæнæй æма дин дæ комидзаг дæ хъурæй фелвасдзæнæй. Уæлгоммæй лæууис, æнæхаири уосгор. Ду силæ дæ, силæй фуддæр!

П о д к о л е с и н. Гъо, ду дæр хуарз дæ (идарддæр ба нидæнгомау дзоргæй). Дæ цори лæггадæгæнæг истуй æма æ рази алли æнаккаг дзубандитæ кæнис. Хуæздæр рауæн не ’ссердтай?

К о ч к а р е в. Дæумæ дор дæр нæ ниллæудзæнæй. Æгъдауæй, лæги хузæн, уосæ корунвæндæ искодта. Æ сæри зунд

бацудæй, гъе уæдта, æнай-æной, æ къæхтæ ниббуцæу кодта, гъæдин лæг фестадæй...

П о д к о л е с и н. Гъæйдæ, фагæ уæд, – цæун, цæбæл ма фæдес кæнис?

К о ч к а р е в. Цæуис? Æнæ цæугæ дæр дин ци хуасæ ес! (Стъепанмæ дзоруй). Е шляпæ æма ин æ ходæ рахæссæ.

П о д к о л е с и н (дуаргæрон). Ци æнахур лæг æй. Уайтæккæ дæр дин, нецæбæл – естæбæл алцитæ никъкъирхдзæнæй. Ке хæццæ куд дзоргæ 'й, уой нæ лæдæруй.

К о ч к а р е в. Гъæйдæ, ниууадзæ, нæбал хилæ кæнун! (Сæ дууæ дæр рандæунцæ.)

12-аг фæззинд

Агафья Тихоновни хæдзари, еу уати.

Агафья Тихоновна (фæрсунмæ) рарæнгъæ кæнуй къартæ.

Фæрсæрдигæй имæ кæсуй æ фиди хуæрæ Арина Пантелеймоновна.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæуæгæй бабæй фæндаг. Мæнæ зиннуй къарол, галеуæрдигæй валет гъуддагбæл зæрдæй архайуй. Фал æй цидæр хæранзæрдæ силгоймаг хъор кæнуй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Æма куд гъуди кæнис, еци къарол ка æй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ 'й зонун.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мадта 'й æз ба зонун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ка?

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Гъæздуг къупец, сгæлладæ хъумæцтæ уæйæгæнæг Алексей Дмитриевич Стариков.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Фæйбæл рæдудтæ, е нæ йæй, дæ хæццæ хæснæ кæнун.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Уæхæн борхелæ æндæр неке униау æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Къартæ куд амонунцæ, уотемæй аци къарол дворян æй. Сæудегер неци хузи уодзæнæй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Эх, Агафья Тихоновна, уотæ бæргæ нæ зæгъисæ, дæ рохсаггаг фидæ ма æгас ку уайдæ, уæд. Арæх хъæбæр карзæй дзоридæ: «Е цæй лæг

æй, къупец ун æ сæрмæ ка нæ хæссуй? Æз, дан, мæ кизги болкъонæн дæр не 'саккаг кæнинæ. Мæ фурти ба паддзахи службæмæ нæ раттинæ. Кæмæй си лæгъуздæр æй къупец? Уотæ дзоридæ æ мæстгуни. Раст зæгъгæй, карз лæг адтæй. Дæ мади дæр дин е фæттагъд кодта мæрдтæмæ, æндæр ба фулдæр фæццардайдæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъо, мæнæн дæр ма уæхæн карз лæг уа! Сæудегермæ неци хузи æрцæудзæнæн.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Нæ, Алексей Дмитриевич уæхæн нæ 'й.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ мæ фæндуй, нæ мæ фæндуй! Хуæргæ-хуæрун æ закъæбæл хуæруйнаг тæдздзæнæй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мадта дин дворян ба кæцæй æрхæссон?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Фекла Ивановна иссердзæнæй. Зæрдæ мин байвардта хъæбæр хуарз лæг, дан, дин иссердзæнæн.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Ма ’йбæл æууæндæ. Хъæбæр мæнгæдтæ дзорагæ æй.

13-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Фекла.

Ф е к л а. Тæрегъæд гъуддаг æй, Арина Пантелеймоновна, дзæгъæл даутæ имисун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ах, е Фекла Ивановна ку æй! Гъæйдæуай куд, ци, дзорæ! Исссердтай?

Ф е к л а. Иссердтон, иссердтон; æрмæст мæ еуминкъий исолæфун бауадзæ, бауæгæ дæн. Дæ гъуддаги фæдбæл кæми нæ равзурстæн – æрзилдтæн къæнцæларитæ æма министрадитæбæл. Минкъийтæбæл бæлахи дæр нæ бахаудтæн. Мæнæ Аферовти ка баеу кодта, еци хуæрзгæнæг зæронд уосæ мæбæл фембалдæй æма мин лæгъузтæ нидздзурдта. Ду мин, зæгъуй, мæ комидзаг мæ хъурæй ци ласис? Дæхе квартæли ци кæнис, уой кæнæ. Æз дæр ин æргом загътон: æз, зæгъун, ме ’хсийнæн неци бавгъау кæндзæнæн. Гъо æма дин циуавæр уосгортæ æрбæлдат кодтон! Æгас дуйнебæл уони хузæн нæййес. Аци бон дæр си ескетæ фæззиннуниау æй. Уайгæ дæр дæмæ уой тухкæй æрбакодтон.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Куд аци бон? Æллæх, æллæх, Фекла Ивановна, тæрсгæ кæнун.

Ф е к л а. Гъуди дæр æй ма кæнæ. Царди ка хæтуй, уæхæн гъуддаг æй. Æрбацæудзæнæнцæ, æркæсдзæнæнцæ – æндæр неци. Ду дæр сæ фæууиндзæнæ – дæ зæрдæмæ ку нæ фæццæуонцæ, уæд фæстæмæ рандæ уодзæнæнцæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Ке зæгъун æй гъæуй, сæ хуæздæрти æрбасайдтон.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæйбæрцæ æнцæ? Берæ?

Ф е к л а. Еу æхсæз.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (фæгъгъæр кæнуй). Ух, æхсæз?

Ф е к л а. Ци ’рцудæй, ку фесхъиудтæ? Равзарунмæ хуæздæр-еу нæ, уæд иннæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ка ’нцæ дворянтæ?

Ф е к л а. Амæй, а хуæздæр дворянтæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ци хузæнттæ æнцæ, циуавæр?

Ф е к л а. Хъæбæр хуæрзтæ, æгъдаугин, æфснайд. Фиццаг Балтазар Балтазарович Жевакин – хъæбæр кадгин лæг – службæ кодта флоти. Куд дзорунцæ, уотемæй дæу хузæн исæвгунтæ уарзуй.

Иннæ Иван Павлович – экзекутор, сæрбæрзонд, бакастгин. Еци æставд мæбæл нигъгъæр кодта: «Ду мин киндзаги ма æппæлæ, фал мин лæмбунæг æрдзорæ, мулки æгъдауæй имæ циййес, уой. Загътон ин – етæ æма етæ. Нæ дæбæл æууæндун, зæгъгæ, мæбæл фæззуст кодта, уæдта мæ никки исæлгъиста. Æма ’й уайтагъддæр балæдæрдтæн, аци лæг хъæбæр бонгин æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æндæр ма ка?

Ф е к л а. Ка зæгъгæ, уæд Никанор Иванович Анучкин. Æ билтæ муркъи хузæн, сурх-сурхид. Мæн, зæгъуй, бакастгин, хуæрзæгъдау киндзаг гъæуй, францаг æвзаг дæр ка зона. Æхуæдæг ба дæргъæлвас, нарæгастæу æма листæгкъах.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Магъа, уæхæнттæ мæ зæрдæмæ нæ цæунцæ.

Ф е к л а. Фал дæ кæд исæвгундæр гъæуй, уæдта – Иван Павлович. Е дин æцæг барин, исæвгун – мæнæ аци дуарбæл дæр не ’рбацæудзæнæй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цал анзи йбæл цæуй?

Ф е к л а. Нурма æригон æй, еу 50 анземæй фулдæр ибæл нæма цæуй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æ муггаг ба куд æй?

Ф е к л а. Æ муггаг Иван Павлович Яичница.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъе уотæ ’й æ муггаг?

Ф е к л а. Гъо, уæхæн муггаг.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Дессаг, е циуавæр муггаг æй Яичница. Байгъосай, Феклуша, нур, зæгъæн, киндзи ймæ æрцудтæн, уæд Агафья Тихоновна Яичница уодзæнæн? Хуцау бахезæд!

Ф е к л а. Ой дæ бонæн уай, Уæрæсей ци муггаг нæ фегъосдзæнæ! Фал, кæд, еци муггагæй æфсæрми кæнис, уæдта дин заманай уосгор Балтазар Балтазарович Жевакин.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æ сæригъун ба цихузон æй?

Ф е к л а. Дзæбæх сæригъун ин ес.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а, Æ фий ба?

Ф е к л а. Æ фий дæр хъæбæр рæсугъд æй. Еу загъдæй, неци фауд имæ æрхæссæн ес. Фал ма рамæстгун уо: æ хæдзари мулки æгъдауæй æрмæстдæр лолæ ес, æндæр неци.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æндæр ма ка?

Ф е к л а. Акинф Степанович Пантелеев, чиновник, титулярон советник. Еу минкъий къуæзгæ кæнуй, фал хуæдæфсæрмæ æй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Чиновник, чиновник ци кæнис? Ниуæзтæ æрдæмæ ба куд æй, уой тухх æй цæмæннæ ести зæгъис?

Ф е к л а. Ниуазгæ дæр кæнуй, нæ ’й римæхсун, ниуазуй. Мадта уæхæн устур бунати косæгæн æндæр цигæнæн ес; фал сабур æй, изæди хузæн.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ, нæ мæ фæндуй, мæ лæг расуггæнагæ уа, е.

Ф е к л а. Барæ дæхе, æхсийнæ. Ке дæ фæндуй, уой равзарæ. Æной ба ци дессаг æй, уæлдай ку раниуаза, уæд. Æнæгъæнæ къуæре расуг нæ фæууй, ескæд ин æрвонг бон дæр раййафуй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æндæр ба ма ка?

Ф е к л а. Ес ма еу, фал цидæр уæхæн æй...

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ, нæ, уæддæр ка ’й?

Ф е к л а. Уой тухх æй мæ дзорун дæр нæ фæндадтæй. Бæргæ устур бунати косæг æй, надворный советник, фал уæхæн уæзбун æй, хæдзарæй ин æндæмæ ракæсæн нæййес.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æндæр ма ка? Æхсæз ку загъ-тай.

Ф е к л а. Æма дин фондз фагæ нæ ’й. Кæсай, цæйбæрцæ дæ æргъудæй, уæдæйти ба син сæ койййæй дæр ку фæттарстæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Æма ци, ци ’нцæ дæ дворянтæ? Еу къупеци аргъ нæ ’нцæ æхсæземæй дæр.

Ф е к л а. Нæ-а, ма зæгъæ, Арина Пантелеймоновна, дворян кадгиндæр æй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Æма кадæ ци давуй? Мæнæ Алексей Дмитриевич сæлаурдзар ходи цонæгъи ку расуффут ласа...

Ф е к л а. Дворянбæл ба апъалеттæ, дæ рæзти рацæугæй, уотæ ку зæгъа: «А, купчихæ, мæ надæй раеуварс уо». Кенæ ба: «Купчихæ, ба мин амонай тæккæ хуæздæр хъæдавæ». Дæ къупец ба ймæ бадзордзæнæй: «Исаккаг кæнæ, нæ фиди хай». Фал ин дворян ба зæгъдзæнæй: «Де шляпæ исесай, æнæфæууинд!»

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Къупеци ба ку бафæндæуа, уæд ин сгæлладæ нæ ратдзæнæй. Æма дæ дворян бæгънæгæй цæудзæнæй.

Ф е к л а. Дворян рамардзæнæй къупеци.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Къупец пъæлицæмæ багъаст кæндзæнæй.

Ф е к л а. Дворян æ гъаст бахæсдзæнæй сенатормæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Къупец ба – губернатормæ.

Ф е к л а. Дворян ба...

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Саис, саис: дворян... Губернатор бæрзонддæр æй сенаторæй. Нибберæ дæ дæ дворяни хæццæ. Дворян дæр, кæми багъæуй, уоми ниллæг æрковуй...

Медæмæ æрбадзæнгæрæг киндæ ’й.

Цума кадæр дзоруй.

Ф е к л а. Æллæх, етæ æнцæ!

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Ка етæ?

Ф е к л а. Етæ... уосгортæй еске.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (фæцъцъæхахст ласуй). Ух!

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. О, цитгин изæдтæ. Нæ уат ци æнæфснайд æй... (искатай æй, цурд цурдæй стъол æфснайунбæл архайуй, дзæгъæл зелæ кæнуй уати). Стъолæмбæрзæн, и стъолæмбæрзæн сæнтсау ниццæй. Дуняшка, Дуняшка!

Æрбацæуй Дуняшка.

Тагъддæр – кæдзос стъолæмбæрзæн. (Стъолæй æмбæрзæн фелвасуй æма æ катаййи дууердæмæ кæнуй.)

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ах, нæ фиди хуæрæ, ци ракæнон? Мæ уæле хæдонæй уæлдай ку неци ес!

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Тагъддæр уайгæ æма дæ дарæс кæнæ. (Искатай æй уати.)

Дуняшка æмбæрзæн æрбахæссуй; нæуæгæй бабæй дуари дзæнгæрæг игъусуй. Уайгæуай, зæгъæ ин: «Нуртæккæ!»

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Уæ мæ фиди хуæрæ, дæ пъолцибæл туййæвæрд ку нæйиес.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. О Хуцуау, ма нæ фесафæ. Æндæр ести искæнæ.

Ф е к л а (фæммедæг æй). Цæмæннæ ракæсетæ æндæмæ? Агафья Тихоновна, æхсийнæ, тагъддæр! (Игъусуй дзæнгæрæг.) Ах, и уосгор æхуæдæг ба æнгъæл кæсуй!

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Дуняша, æрба ’й хонæ æма бал балæууæд.

Тагъдгомау рацæуй Дуняша æма байгон кæнуй дуар.

Игъусуй дзубанди: «Ами айтæ?» – Медæмæ, медæмæ.

Еугурæйдæр къумай цъасæй цæмæдесæй æндæмæ кæсунцæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (гъæрæй). Ах, ци ставд æй!

Ф е к л а. Фæццæуй, фæццæуй!

Еугурæйдæр уайунцæ сæртæ-бунтæ гæнгæй.

14-аг фæззинд

Иван Павлович Яичница æма кизгæ.

К и з г æ. Ами бангъæлмæ кæсетæ. (Рандæуй.)

Я и ч н и ц а. Ка ’й зонуй бангъæл кæсдзæнæн, æрмæст куд нæ ниффæстеуат уон. Мæ кустуатæй цалдæр минутти ратудтон мæхе. Майди-ма мæ инæлар байагора: «Кæми ’й экзекутор?» – «Киндзаг уинунмæ рандæ ’й». Цæмæй мин фудæн ма фæууа еци киндзаг... Фал ма уæддæр еухатт къохæвæрдмæ æркæсон. (Кæсуй.) «Дорæй амад дууæуæладзугон хæдзарæ...» (Лæмбунæг кæсуй уатмæ). Ес! (Идарддæр кæсуй). «Дууæ флигели: еу гъæдин, иннемæн ба дорин бундор».

Гъæдин флигель неци хæзна æй. Медæгæй дæр си дессагæй неци ес. Зæронд уосæ ба сæ хуарз хонуй. «Дууæ дууадæси си æвзестæ едгутæ...» Хæдзари гъæунцæ æвзестæ едгутæ. «Дууæ кæрци – робасдзæрттæ...» Идарддæр. «Цуппар устур пакъу бази, дууæ ба – минкъийдæртæ». (Æ билтæ бацъопп кæнуй). Дууадæс цилле æма дууадæс басма пъолций, дууæ æхсæвдарæн халати, дууæ...» «Медæггаг дарæс, салфеткитæ...» Етæ дæр уæнтæ, æхе куд фæндæуа, уотæ. Уогæ сæ гъуддагæй базонун гъæуй. Рагацау берæ цæмæйдæрти зæрдæ февæрунцæ: хæдзæрттæ, экипажтæй, ку багъуддаг кæнай, уæдта дивилтæ æма бæзтæмæ æрхаудзæнæ.

Райгъусуй дзæнгæрæг. Дуняша ратæхуй лæф-лæфгæнгæ, байгон кæнуй дуар. Игъусуй дзурд «Хæдзари айтæ?» – «Хæдзари».

15-аг фæззинд

Иван Павлович æма Анучкин.

Д у н я ш к а. Ами фæллæууæ. Ра дæмæ цæудзæнæнцæ. (Рандæуй.)

Анучкин салам дæттуй Яичницан.

Я и ч н и ц а. Ма сæрæй дин ковун.

А н у ч к и н. Æз, æвæдзи, дзорун аци хæдзари тæккæræсугъддæри фиди хæццæ?

Я и ч н и ц а. Нæгъ, æз æ фидæ нæ дæн. Уæдта мин сувæллæнттæ дæр нæйиес.

А н у ч к и н. Ах, бахатир кæнæ, бахатир кæнæ!

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ). Аци лæги къембуртæ мæмæ цидæр гурусхаг кæсунцæ. Цума а дæр уосгортæй æй, уотæ æнгъæлун. (Гъæрæй). Æвæдзи дæ ести гъуддаг ес аци хæдзари хецаумæ (силгоймагмæ)?

А н у ч к и н. Нæ, неци гъуддаг. Уотид тезгъо кодтон гъæунгти æма мæ фæндаг абæлти ракодтон.

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Сайуй, сайгæ мæ кæнуй. Уосгор æй, цъамар!

Игъусуй дзæнгæрæг. Дуняшка са рæзти рауайуй дуар игон кæнунмæ.

Игъусуй дзурд: «Ами айтæ» – «Ами ан».

16-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Жевакин æрбацудæй кизги хæццæ (Дуняшка).

Ж е в а к и н (дзоруй Дуняшкамæ). Табуафси, æр мæ кæдзос кæнай... Гъæунги уотæ ругæ æй æма. Мæнæ пакъу æрсæрфай. (Æхе разелгæй амонуй). Мæнæ ма ами дæр æркæсай, цума си хæлаур хелуй, мæ думæггагбæл фæстегæй неци ес? Де ’гъдау берæ, мæ хор. Ами дæр ма æнгъæлдæн (æ къохæй дауй æ фраки дус æма бакæсуй ку Анучкинмæ, ку ба Иван Павловичмæ). Англисаг сгæлладæй конд æй! Æма ци берæ цæруй! Науæдзæ фæндзæймаг анзи нæ эскадрæ Сицилий адтæй æма ’й уоми балхæдтон. Уæд ма мичман адтæн æма си мундир бахуйун кодтон астсæдæ фиццаг анзи, Павел Петровичи рæстæги. Райстон лейтенанти цин – уæд аци сгæлладæ дзихъиртт нæуæг адтæй. Астсæдæ цуппæрдæсæймаг анзи зæнхи къоребæл æрзелунмæ ци экспедиций адтæн, уоми æ худтæбæл еуминкъий бафехсудæй. Астсæдæ финддæсæймаги службæй исуæгъдæ дæн æма ’й (мундир) иннердæмæ рахаттон. Гъе уæдæй ардæмæ дæр æй дæс анзи дарун, уæддæр ма нæуæги хузæн æй. Арфæ дин кæнун æвзонг рæсугъд. (Æ къохæй ин арфи хузи райамонуй, уæдта, айдæнæмæ бацæугæй, æ дзигготæ гæзæмæ фæппихцилдæр кæнуй.)

А н у ч к и н. Бафæрсун аййепп ма уæд, Сицили... Хуарз бæстæ æй Сицили?

Ж е в а к и н. Æнæкæрон дессаг... Уоми фæцан цуппæрдæс æма инсæй бони æма дин зæгъун: æмбал кæмæн нæййес, уæхæн бæстæ æй. Уæд сæ кизгуттæ ба ци рæсугъд æнцæ. Ба ймæ цо æма ин нибба кæнæ, хиццаг æнцæ.

И в а н П а в л о в и ч. Куд байгъустан, уотемæй æндæр бæстити цард дессаг æй. Æхцæуæн мин æй, берæ фæууинæг адæймаги хæццæ ке исамбалдтæн. Фæндуй мæ дæ хæццæ базонгæ ун.

Ж е в а к и н. Жевакин-с, кустæй уæгъдæгонд лейтенант. Мæн дæр фæндуй дæу хæццæ базонгæ ун.

И в а н П а в л о в и ч. Хæдзаради хайади хецау, Иван Павлович Яичница.

Ж е в а к и н (дзæбæх нæ балæдæрдтæй). Æз дæр рахуардтон яичница. Над ма – даргъ, рæстæг ба уазалгомау.

И в а н П а в л о в и ч. Нæ, æнгъæлдæн мæ раст нæ балæдæрдтæ. Е мæ муггаг Яичница æй.

Ж е в а к и н (æрковгæй). Ах, бахатир кæнетæ! Еу минкъий бæзгъосгомау дæн. Æма, цума, уотæ загътай: яичница рахуардтон.

И в а н П а в л о в и ч. Ци киндæуа, фæндадтæй мæ генералæн зæгъун, цæмæй мин мæ муггаг æййевун бауадза. Фал уобæл мæхеуонтæ не ’сарази æнцæ.

Ж е в а к и н. Уотæ фæууй. Махмæ, æртиккаг эскадри афицертæ æма матростæн – сæ еугуремæн дæр æнахур муггæгтæ адтæй: Помойкин, Ярыжкин, Перепреев... Еу мичманæн ба æ муггаг Дырка адтæй. Æма йбæл уой тухæй еугурæй дæр гириз кодтонцæ.

Игъусуй дзæнгæрæги зæлланг. Фекла фæууайуй дуар игон кæнунмæ.

Я и ч н и ц а. А, æгас цо, нæ мадихай.

Ж е в а к и н. Дæ бон хуарз, нæ мадихай.

А н у ч к и н. Æгас цо, нæ мадихай, Фекла Ивановна.

Ф е к л а (фæлледзуй, æ хъуæцæ кæлгæй). Уæ салам берæ, нæ фиди хæйттæ. Неци мин æй, дзæбæх, æнæнез дæн.

Байгон кæнуй дуар.

Дзатмабæл райгъусуй дзурд: «Ами айтæ?» – «Ами ан».

Æрæгиау ба Фекла кæмæндæр исдзуапп кæнуй мæстгунæй:

«Кæсай, цæхæн дæ!»

17-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Кочкарев, Подколесин æма Фекла.

К о ч к а р е в (Подколесинмæ дзоргæй). Гъуди кæнæ ами æндиуддзийнадæй æндæр неци гъæуй (алли ’рдæмæ кæсгæй, дес кæнуй, ковуй, æхецæн дзоруй). А ци æй? Æнгъæлдæн еугурæй дæр уосгортæ æнцæ. (Фекли бакъуæруй æма ’й сосæггай фæрсуй:«Аци халæнттæ кæцæйти æрæмбурд кодтай?»)

Ф е к л а (нидæнгомау). Ами халæнттæ нæйиес, еугурæй дæр раст адæн æнцæ.

К о ч к а р е в. Æнæбæрцæ берæ иуазгутæ, сæ кафтантæ ба тундтитæ.

Ф е к л а. Дæу тахт дæр бæрзонддæрти нæ ’й. Дæхе цæмæй раппæлай, уæхæн дессагæй дæмæ неци ес: дæ ходæ соми аргъ, дæ цумуйнаг æнæ гъæст.

К о ч к а р е в. Æвæдзи дæуæн æфстайуаг æнцæ, цъæстæ дзиппити хæццæ. (Дзоруй гъæрæй.) Нур ба ма ци архайуй? Мæнæ аци дуар, æвæдзи, уой уатмæ æй? (Дуари размæ бацæуй).

Ф е к л а. Æдзæсгон! Не ’гъосис, æ хъæппæлтæ кæнуй.

К о ч к а р е в. Ци бæлах æрцудæй? Æррæстæ цъасæй бакæсдзæнæн, æндæр неци. (Кæсуй къумай цъасæй).

Ж е в а к и н. Рауадзайтæ мæн дæр, – бакæсон.

Я и ч н и ц а. Æз дæр еу каст ку бакæнинæ.

К о ч к а р е в (кæсуй ма медæмæ). Неци си зиннуй, уæ бæрзонддзийнадæ. Цидæр уорс си уинун: силгоймаг æй, æви баз.

Еугурæй дæр томар кæнунцæ дуари цъасæй бакæсунмæ.

Ус... кадæр рацæуй!

Еугурæй дæр сæхе фæййеуварс кæнунцæ.

18 фæззинд

Ка ’дтæнцæ, етæ, уæдта Арина Пантелеймоновна æма Агафья Тихоновна. Еугурæй дæр ниллæг æрковунцæ, кæрæдземæн салам дæттунцæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Ци гъуддаги фæдбæл айтæ ами?

Я и ч н и ц а. Газети мухургонд адтæй, зæгъгæ, дан, уæмæ гъæдæрмæг уæййаг ес æма мæ фæндуй еске хæццæ радзубанди кæнун, сæ рауæйæ кæнуни тухxæй. Æз, куд экзекутор

къазнай медæгæ, уотæ базонунмæ æрцудтæн: цихузи гъæдæ уæмæ ес, цæйбæрцæ, уæдта ’й кæдмæ æрцæттæ кæндзинайтæ?

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Уæййаг нæмæ неци ес, фал нин де ’рбацуд ба æхцæуæн æй. Кæмæй айтæ?

Я и ч н и ц а. Коллежи асессор, Иван Павлович Яичница.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Уæ Хуцауи хатирæй, æрбадетæ. (Дзоруй æма кæсуй Жевакинмæ). Фæндуй мæ базонун...

Ж е в а к и н. Æз дæр фæууидтон газети цидæр игъосункæнуйнаг æма мæ бафæндадтæй æрбацæун. Бонигъæдæ мæмæ дзæбæх фæккастæй, фæндаггæрæнтти алкæмидæр кæрдæг.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Дæ муггаг ба кæмæй æй?

Ж е в а к и н. Денгизон службæй уæгъдæгонд лейтенант Балтазар Балтазарович Жевакин – дуккаг. Адтæй ма нæмæ æндæр Жевакин дæр, фал е службæй мæнæй раздæр исуæгъдæ æй: æ уæраг фæццæф æй, нæ мади хай, æстæг неци лазæ баййафта, фал едагæ гъигæдард æрцудæй, – уой адæбæл æ къах фæссахъат æй, цума ин æй содзийнæй бахуд киндæй, уотæ. Дæ хæццæ ку лæууа, уæд æнгъæлдзæнæ: нуртæккæ мæ æ уæрагæй фæстегæй æрбацæвдзæнæй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а (нурба Анучкинмæ дзоруй). Бадгæ искæнæ. Де ’рбацуд цæй тухxæй æй?..

А н у ч к и н. Куд синхон, уотæ. Хъæбæр хæстæг цæрæн...

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мæнæ нæ бакомкоммæ къупеци уосæ Тулубовайи хæдзари цæрис?

А н у ч к и н. На, нур бал цæрун Зменсгун гъæунги, фал гъавун горæтæн æ аци хаймæ æрбаййевунмæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Дæ Хуцауи тухxæй, исбадæ. (Дзоруй Кочкоревмæ). Фæндуй мæ базонун...

К о ч к а р е в. Гæр, нæбал мæ базудтайтæ? (Уæдта дзоруй Агафья Тихоновнæмæ). Мадта мæ ду дæр нæбал базудтай?

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Куд зонун, уотемæй дæ некæд фæууидтон.

К о ч к а р е в. Нæ-ннæ, æргъуди кæнайтæ. Ескæми мæ æнæ фæууингæ нæ фæцайййайтæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ зонун. Кæд дæ Бирюшкинтæмæ фæууидтон, æндæр ба?

К о ч к а р е в. Гъо, гъо, Бирюшкинтæмæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æвæдзи нæ зонетæ, ци цау ибæл æрцудæй, уой.

К о ч к а р е в. Куд нæ, киндзи æрцудæй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Е ба неци кæнуй, фал æ къах басастæй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Хъæбæр æй ниппурх кодта. Цæветтонгæ æнафони бæхбæл сæхемæ æздахтæй. Бæхтæрæг расуг адтæй æма силгоймаг уæрдунæй рахаудтæй.

К о ч к а р е в. Уотæ цидæр гъуди кæнун, цидæр адтæй: киндзи æрцудæй æви æ къах басаста.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Дæ муггаг ба куд æй?

К о ч к а р е в. Куд ку зæгъай, уæдта Илья Фомич Кочкарев, хеуон дæр æйиафæн. Мæ уосæ æносидæр уой дзоруй... Бахатир кæнайтæ, бахатир кæнетæ (Подколесинæн æ къохбæл рахуæстæй æма 'й æрбахонуй) мæ лимæн Подколесин Иван Кузьмич, надворный советник, косуй экспедиторæй, æхуæдæг еунæгæй еугур гъуддæгтæ дæр æнхæст кæнуй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Хуарз, корун æма æрбадетæ.

19 фæззинд

Ка 'дтæнцæ етæ æма Стариков.

С т а р и к о в (æ сæрæй син æркувта, къупецæн куд æмбæлуй, уотæ, уæдта æ астæутæбæл æрхуæцуй). Уæ бон хуарз, нæ мади хай, Арина Пантелеймоновна. Лæхъуæнтæ мин Иуазæгуати тургъи дзурдтонцæ: нæ мади хай, дан, цъопп уæйæ кæнуй!

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (æхе разилдта æма нидæнгомау, цæмæй æй Стариков дæр игъоса, уотемæй исдзурдта). Ами къупецагæн тукан нæйиес.

С т а р и к о в. Дессаг! Кæд æйиевдзи æрбацудтæн. Æнæ мах дæр, æнгъæлдæн, гъуддаг исрæвдзæ æй.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Нихх атир кæнæ, корунди, медæмæ рацо, Алексей Дмитриевич. Кæд цъопп нæ уæйæ кæнæн, уæддæр нин де 'рбацуд æхцæуæн æй. Дæ Хуцауи тухх æй, исбадæ.

Еугурæй дæр æрбадунцæ. Неке си неци дзоруй.

Я и ч н и ц а. Рæстæг цидæрхузи хæссуй. Сæумæй хъæбæр уарунгарæ адтæй, нурба арв дзæбæх ракæдзос æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъоо, аци рæстæгбæл нæ фæххуæст уодзæнæ. Еуæй-еу бон, райдзаст уодзæнæй, хор кæсдзæнæй, æндæр хатт ба уарунбæл нихх уæцуй. Æма зæрдæ бунтон ниммæгур уй.

Ж е в а к и н. Мадта Сицилий ба, нæ эскадрæ си уалдзæги адтæй. Æма си уæд, мæнæ махмæ феврали куд фæууй, уæхæн рæстæг хаста. Дæ хæдзарæй хор бони рацудайсæ æма, æнай-æной – уарун.

Я и ч н и ц а. Фуддæр ба неци фæууй, уæхæн рæстæги еунæгæй ку бадай. Уосгин лæгæн ма уотæ неци æй, фал æнæ бийнонтæ лæгæн ба уæхæн уавæр æррæстæ...

Ж е в а к и н. Гъо, мардæрцуд, содзгæ мардæрцуд.

А н у ч к и н. Гъо, 'цæгæйдæр уотæ 'й.

К о ч к а р е в. Æма куд нæ. Æррæстæ гъезæмарæ. Дæ цард дæр дæ нæбал тавдзæнæй. Хуцау лæги уæхæн уавæрæй бахезæд.

Я и ч н и ц а. Мадта куд, сударыня, зæгъæн ести дзаумау дæ равзарун гъæуй, уæд куд? Ци уарзис, уой дин ку зонинæ. Хатир мин бакæнæ, æгæр æргом дзорун. Дæумæ гæсгæ, гъæуама циуавæр службæгæнæг уа дæ лæг.

Ж е в а к и н. Ба дæ фæндæуидæ, сударыня, денгизи тумугъти хæццæ зонгæ ка уа, уæхæн дæ ку ракоридæ, е?

К о ч к а р е в. Мæнмæ гæсгæ ба æнæгъæнæ департаментæн еунæгæй разамунд ка дæттуй, е дин еугуремæй хуæздæр лæг уайдæ.

А н у ч к и н. Барæнай, мæн ци æнгъæл айтæ? Пехоти ка службæ кодта, еци адæймаг дæр уæлдæр æхсæнади исфедаудзæнæй. Уæд уæлбекъон дзубанди кæнун цæмæн гъæуй?

Я и ч н и ц а. Сударыня, фарста еуæрдæмæ ниллух кæнæ.

Агафья Тихоновна неци дзоруй.

Ф е к л а. Дзуапп радтæ, мæ мадæ. Ести син зæгъæ.

Я и ч н и ц а. Мадта куд, нæ мади хай?

К о ч к а р е в. Дæ фæндæ куд æй, Агафья Тихоновна.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (сабургай). Æфсæрми кæнун, хъæбæр æфсæрми кæнун. Нуртæккæ рандæ уодзæнæн ардигæй. Мæ фиди хуæрæ мæ бæсти рабадæд ами.

Ф е к л а. Ах, уотæ ма бакæнæ, ма рандæ уо. Еугур ходуйнаг фæууодзæнæ. Иуазгутæ ба ци рагъуди кæндзæнæнцæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ, рандæ уодзæнæн. Рандæ уодзæнæн! (Раледзуй.)

Фекла æма Арина Пантелеймоновна рацæунцæ æ фæсте.

20-аг фæззинд

Ка ма си байзадæй, етæ.

Я и ч н и ц а. Дессаг, еугурæйдæр рандæ ’нцæ! Цæ бæлах уа?

К о ч к а р е в. Æвæдзи ести ’рцудæй.

Ж е в а к и н. Кæд æ медæггæгтæй ести раскъудæй, кенæ ба...

Æрбацудæй Фекла. Еугурæйдæр æй фæрсунцæ: «Ци ’рцудæй?»

К о ч к а р е в. Ести хабар ес?

Ф е к л а. Ци гъæуама æрцæуа. Ард уин хуæрун, – неци.

К о ч к а р е в. Мадта æхсийнæ цæмæн рандæ ’й?

Ф е к л а. Ма-гъа, фæ ’й æфсæрми кодтайтæ æма æ бон уоми бадун нæбал бацæй. Хатир уи коруй: изæри, зæгъуй, цай цумунмæ исаккаг кæндзинайтæ. (Рандæуй).

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ). Ма байрайетæ уæ цаййæй! Гъе уой тухкæй нæ уарзун уосгор цæун – райдайунцæ дæргъвæтийнæ гъуддæгтæ; аци бон не ’нгъезуй, исон нæ рабæрæг кæнетæ, уæдта иннæбон цай цумунмæ æрбацотæ, кенæ ба – гъуддагбæл рагъуди гъæуй. Æз бунати косæг лæг дæн, мæн уойбæрцитæ нæ евдæлуй!

К о ч к а р е в (Подколесинæн). Фал, æнгъæлдæн, æхсийнæ лæгъуз нæ ’й, уæй?

П о д к о л е с и н. Гъо, бæззуй.

Ж е в а к и н. Хъæбæр хуарз æй æхсийнæ.

К о ч к а р е в (еуварсмæ). Æнгъæлдæн æй аци сæргъæн

бауарзта æма мæ, æвæдзи, хъор кæндзæнæй. (Гъæрæй). Хуарзæй имæ неци ес!

Я и ч н и ц а. Æ фий устур æй.

Ж е в а к и н. Нæ, æ фий ин не ’ргъуди кодтон, фал цидæр дзæбæх сурхрос æй.

А н у ч к и н. Æз дæр сæ хæццæ арази дæн. Неци уæхæн æй. Уотæ æнгъæлун æма уæлдæр æхсæнади æхе куд даргæй, уой дæр нæ лæдæруй. Уæдта францаг æвзаг зонуй, е дæр ми не ’руагæс кæнуй.

Ж е в а к и н. Æма сумах ба, бафæрсун аййепп ма уæд, æ хæццæ францагау дзорун ку нæ равзурстайтæ. Кæд мийййаг зонуй, уæдта.

А н у ч к и н. Æма уотæ æнгъæлетæ,æз ба францагау дзорун? Уæхæн нивæ мæмæ нæ ракастæй. Мæ фидæ цъамар адтæй, фонси хузæн. Æ фæсонæрхæги дæр н’адтæй, мæн францаг æвзагбæл исахур кæнун. Æндæра ибæл минкъийæй куд нæ фæццæфстайнæ.

Ж е в а к и н. Гъома нур кæд дæхуæдæг дæр нæ зонис, уæд дин ци пайда æй, е ку...

А н у ч к и н. Нæ, уотæ ма дзорæ. Силгоймаг бунтон æндæр гъуддаг æй. Гъæуама зона. Æнæуой ба гъуддæгтæ куд уодзæнæнцæ, Хуцау зонуй.

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Гъæйдæ уобæл æндæр еске сæр ресæд. Æз ба цæуон тургъæмæ æма син сæ фадуæттæмæ лæмбунæг æркæсон. Мæ зæрдæмæ ку фæццæуонцæ, уæд аци изæр мæ гъуддагбæл æцæгæй байархайдзæнæн. Аци уосгортæй мæнæн неци тæссаг æй, цидæр нецæййаг æнцæ. Уæхæнтти кизгуттæ нæ фæууарзунцæ.

Ж е в а к и н. Цæуон еу лолæ бадумон. Бафæрсун æййепп ма уæд, кæци рауæн цæретæ. Мийййаг нин еуæрдæмæ цæугæ ’й?

А н у ч к и н. Мæнæ Зменсгуни, Петровскийи фæззелæни.

Ж е в а к и н. Æгæр изæлттæбæл цуд мин уайуй. Æз сакъадахбæл цæрун, Æстдæсæймаг рæнгъæбæл, фал уæддæр еумæ цæудзинан.

С т а р и к о в. Нæ, атæ æгæр схъæл арæзт æнцæ. Æр ма мæ имисдзинайтæ уой фæсте, Агафья Тихоновна. Мæ сæрæй уин ковун, господатæ. (Ковуй æма рацæуй).

П о д к о л е с и н. Гъæйдæ, мадта мах дæр рандæ уæн.

К о ч к а р е в. Æцæгæйдæр, хæдзари хецау дзæбæх æй.

П о д к о л е с и н. Раст дин ку зæгъон, уæд мæн зæрдæмæ нæ цæуй.

К о ч к а р е в. Цитæ дзорис? Дæхуæдæг ку ниддессаг дæ; хъæбæр дзæбæх æй, зæгъгæ.

П о д к о л е с и н. Ма-гъа, куддæр æй: æ финдз дæр цидæр устур, уæдта францаг æвзаг нæ зонуй.

К о ч к а р е в. Æндæр ба ма ци? Дæу цæмæн гъæуй францагау зона, е?

П о д к о л е с и н. Уæддæр гъæуама киндзæ францагау зона.

К о ч к а р е в. Цæмæ, гъома?

П о д к о л е с и н. Уомæн æма... Цæмæн, уой нæ зонун, фал æнæ ’взаг зонгæй куддæр уодзæнæй.

К о ч к а р е в. Гъæйдæ, еу гъæла цидæр дзубанди ракодта, æма ймæ ду ба дæ гъостæ нихъхъел кодтай. Хъæбæр хуæрзконд адæймаг æй, дессаг хуæрзконд; уæхæн кизгæ некæми иссердзæнæ.

П о д к о л е с и н. Уогæ, ку ’й фæууидтон, уæд мæхемæ дæр хуæрзконд фæккастæй. Фал уой фæсте, ци устур финдз ин ес, зæгъгæ, дзорун ку райдæдтонцæ, уæдта мæнæй дæр байруагæс æй.

К о ч к а р е в. Уæ ци æдули дæ! Етæ еугурæй дæр барæй дзурдтонцæ, цæмæй дин фенадæ адтайдæ. Мæн дæр уидтай, æз дæр æй ку нæ раппæлдтæн. Æцæгæй ба хъæбæр дессаг кизгæ ’й. Листæг ин æркæсай æ цæститæмæ. Ци цæститæ ин ес, цума дзоргæ дæр кæнунцæ, уолæфгæ дæр. Æ фий ба? Ци хуæрзконд фий ин ес. Уорсбауæр – алебастри хузæн. Алебастрæй дæр уорсдæр. Дæхуæдæг имæ листæг æркæсай.

П о д к о л е с и н (идзулуй). Гъе нур бабæй мæ цæститæбæл дессаг хуæрзкондæй рагъазта.

К о ч к а р е в. Гъай-гъай, хуарз æй. Нур иннетæ рандæ ’нцæ, цæуæн æма нæ гъуддаг кæронмæ ниллух кæнæн.

П о д к о л е с и н. Уотæ ба нæ бакæндзæнæн.

К о ч к а р е в. Цæмæннæ?

П о д к о л е с и н. Е ци налатдзийнадæ уодзæнæй? Берæ ан, уадзæ æма æхуæдæг равзарæд.

К о ч к а р е в. Уонæй цæстæ цæмæн хезис? Кæд дæ фæндуй, уæд сæ зæхъ минутмæ фендæбилтæ кæндзæнæн.

П о д к о л е с и н. Куд сæ фендæбилтæ кæндзæнæ?

К о ч к а р е в. Е ба мæхе гъуддаг æй. Æрмæстдæр уой фæсте ду ма ниццæхгæрмæ уо. Дзурд мин радтæ.

П о д к о л е с и н. Цæмæннæ ратдзæнæн? Дæ барæ дæхе уæд. Нихмæ нæ дæн: фæндуй мæ уосæ корун.

К о ч к а р е в. Дæ къох!

П о д к о л е с и н (дæттуй имæ). Гъа!

К о ч к а р е в. Гъе æндæр мæ неци гъудæй.

Сæ дууæ дæр рандæ унцæ.

ДУККАГ АРХАЙД

Уат Агафья Тихоновни хæдзари.

1-аг фæззинд

Агафья Тихоновна, уæдта фæззиннуй Кочкарев.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æцæгæй, зин гъуддаг æй цардæмбал равзарун. Уомæй ба ма еу, кенæ дууæ уосгори ку уайуонцæ, фал цуппар. Æма, цо, хуæздæр си ка ’й, уой базонæ. Никанор Иванович дзæбæх адæймаги хузæн æй, æрмæст фудхузарæзт æй. Иван Кузьмич дæр лæгъуз нæ ’й. Уæдта Иван Павлович дæр, æставд ке æй, æндæрба уиндгун адæймаг æй. Мадта Балтазар Балтазаровичмæ дæр хуарздзийнæдтæ ес. Æма уотемæй куд киндæуа, ци хуæздæр фæндæ рахæссæн ес! Зæгъæн, уотæ гæнæн ку уайдæ, Никанор Ивановичи билтæ æма Иван Кузьмичи фий еу цæсгонбæл æрæвæрæ, уони хæццæ ба ма райсæ Балтазар Балтазаровичи къæйнихдзийнадæ, никки ба ма сæбæл бафтауæ Иван Павловичи мизихъдзийнадæ, уæд мæхецæн исфæндæ кæнунбæл дузæрдуг нæ кæнинæ.

Æвæдзи хуæздæр ба хæлттæ исцæгъдун æй. Хуцауи фæндæбæл дæхе ниууадзæ: ке халæ исхауа, е дæ лæг. Стъоли размæ бацæуй, кæрдæн æма гæгъæди райсуй, ра си лухтæ кæнуй билеттæ, æздохуй сæ дзоргæ-дзорун.

Гъе атæ æнамонд æй кизги уавæр, уæлдайдæр ба ма уарзгæ ку кæна, уæд. Аци гъуддаги нæлгоймæгтæн æнцондæр æй.

Гъа, мæнæ цæттæ ’нцæ хæлттæ. Хизини сæ нивварон, мæ цæститæ ницъцъундæ кæнон æма ци уа, е уæд. (Билеттæ æвæруй хизини æма сæ къохæй хæлæмулæ кæнуй.) Дæдæ-дæй, ци уодзæнæй... Ах, Хуцау ку раттидæ, Никанор Ивановичи халæ ку исхауидæ. Нæ, уой халæ ба цæмæн? Иван Кузьмич уомæй хуæздæр. Уогæ Иван Кузьмич дæр цæмæн? Иннетæ ба ци кæнунцæ? Цæй, кейфæнди халæ дæр исхауæд. (Урзацауæн кæнуй æ хизини æма еугурей дæр исесуй.) Ух, еугурей хæлттæ дæр исхаудтæнцæ. Нæ, еунæгей халæ гъæуй, æнæмæнгæ еунæгей. Билеттæ фæстæмæ æвæруй æ хизини æма сæ цæгъдуй.

Еци рæстæги сабургай æрбацæуй Кочкарев, æ фæсте ислæууй.

К о ч к а р е в. Иван Кузьмичи райсæ, еугуремæй хуæздæр е æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Фæцъцъæхахст кæнуй, æ дууæ къохемæй æ цæсгон нимбæрзуй, фæстæмæ ракæсуй тæссæй.

К о ч к а р е в. Цæмæй уотæ фæттарстæ? Æдас уо, е æз дæн. Æцæгæй, Иван Кузьмичи исаккаг кæнæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Дæ-дæ-дæй, фæммæ игъустай, фæхходуйнаг дæн, ох.

К о ч к а р е в. Ма тухсæ. Æз дæхеуон дæн, мæнæй ма æфсæрми кæнæ. Дæ рæсугъд цæсгон ма римæхсæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (æрдæгмæ райгон кæнуй æ цæсгон). Æцæгæй, хъæбæр ди æфсæрми кæнун.

К о ч к а р е в. Гъæйдæ, исаккаг кæнæ Иван Кузьмичи. Æнæсайд адæймаг æй, æнæбæрцæ хуарз адæймаг.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (минкъийгай æ цæсгон райгон кæнуй). Æма Никанор Иванович ба цæмæннæ. Е дæр хуарз адæймаг æй.

К о ч к а р е в. Бахатир кæнæ, е Иван Кузьмичи рази ци æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæмæн уотæ зæгъис?

К о ч к а р е в. Уомæн æма Иван Кузьмич лæг æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта Иван Павлович ба?

К о ч к а р е в. Иван Павлович ба бунтон неке. Иннетæ дæр некетæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гæр, еугурæй дæр.

К о ч к а р е в. Нæ, Иван Кузьмичи рæнгъи си неке æрæвæрдзæнæ. Иван Павлович æма Никанор Ивановичи ци рахундæуа, нæ зонун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мæнмæ гæсгæ ба хъæбæр хуæдæфсæрмæ æнцæ.

К о ч к а р е в. Кæдæй ардæмæ исхуæдæфсæрмæ æнцæ! Хилкъахгутæ, уонæй хæлхъойдæр адæм нæййес. Дæ киндзæхсæвæри фæсте, и дуккаг бон дæ ниддæræн кæнонцæ, е дæ фæндуй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Хуцау бахезæд, уомæй устурдæр æнамонддзийнадæ ци уодзæнæй.

К о ч к а р е в. Уомæй фуддæр гъуддаг æргъуди кæнунмæ дæр зин æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта, зæгъис, Иван Кузьмич иннетæй хуæздæр æй?

К о ч к а р е в. Иван Кузьмичи, æрмæстдæр Иван Кузьмичи. (Фæрсæрдæмæ дзоргæй). Æнгъæлдæн гъуддаг исирæздзæнæй. Подколесин хуæрæндони æй, тагъддæр ин фегъосун кæнон.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта, зæгъис, Иван Кузьмич?

К о ч к а р е в. Æнæ дузæрдугæй, Иван Кузьмич.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Уæд иннетæн ба ци зæгъон?

К о ч к а р е в. Расæ æздахæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Уотæ син куд зæгъон, æфсæрми си кæнун.

К о ч к а р е в. Зæгъæ син, æригон ма дæн, киндзи нæма цæун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæ мæбæл бауæнддзæнæнцæ: фæрсдзæнæнцæ.

К о ч к а р е в. Уотæ дæ кæд фæндуй æма дæ дуарæй дæр мабал бакæсонцæ, уæдта син æнæфсæрмæй зæгъæ: «Рандæ уотæ мæ хæдзарæй, гъæлатæ!»

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Уотæ ба син куд бандеудзæнæн?

К о ч к а р е в. Равзарай-ра. Фæссæ уиндзæнæ, – еугурæй дæр фæлледзæги уодзæнæнцæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Хуарз нæ рауайдзæнæй, – исмæстгун уодзæнæнцæ.

К о ч к а р е в. Сæ фур мæстæй тъæппитæ ку рахауонцæ, уæддæр ци? Гъуддагæй ести рауайдзæнæй, зæгъгæ, уæд ма гъа. Нур ба дин устурдæр маст ци искæнонцæ, е – дæ цæсгонбæл дин ба – ту кæндзæнæнцæ, æндæр неци.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъе, нæ уинис!

К о ч к а р е в. Уой ба гъудидæр ма кæнæ. Хуцауистæн, еуетæбæл берæ хæттити ба – ту кæнунцæ. Æз дæр еу лæги зонун, дзæбæх, хуæрзконд. Æ хецауи æносидæр хуц-хуц кодта, мæ мизд мин фæффулдæр кæнæ, зæгъгæ. Е дæр ин еухатт æ цæсгонбæл дзæбæх ба – ту кодта. Фал ин уæддæр æ миздбæл бафтудта. Æма уæд ба – ту кæнун цанæбæрæг устур гъуддаг æй. Дæ дзиппæй къохмæрзæн исесæ æма си дæ цæсгон ниссæрфæ.

Дзатмабæл дзæнгæрæги гъæр исигъусуй.

Хуайунцæ дуар, уонæй еске уодзæнæй.

Ку неке мæ си фæууинидæ. Æндæр ескæбæлти рацæуæн нæййес?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæмæннæ. Сау асийнæбæл ниххезæ. Æллæх, мæ зир-зир цæуй.

К о ч к а р е в. Гъудидæр сæ ма кæнæ. Хуæрзбон. (Фæрсæрдæмæ дзоргæй). Подколесини тагъддæр ардæмæ ку æрбалæуун кæнинæ.

2-аг фæззинд

Агафья Тихоновна æма Яичница.

Я и ч н и ц а. Сударыня, еу минкъий дæмæ раздæр æрбацудтæн, цæмæй дæ хæццæ хебæраги радзорон. Мæ бæргутæ мин зонуниау дæ: службæ кæнун коллежи асессорæй. Хецауадæ мæ уарзунцæ, мæ дæлбарæ ка ’й, етæ мæмæ игъосунцæ... Æрмæст мин еу гъуддаг нæ фагæ кæнуй: цардæмбал.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъо, е устур гъуддаг æй.

Я и ч н и ц а. Нурба иссердтон цардæмбал дæр. Е ду дæ. Зæгъæ мин комкоммæ – гъо, кенæ ба – нæ. (Æ усхъæмæ ин кæсуй æма фæрсæрдæмæ дзоруй). Айæ иннæ немуцæгти хузæн фудхуз нæ йæй, цидæртæ си ес!

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æз нурма æвзонг дæн, киндзи цæуни зæрди нæма дæн.

Я и ч н и ц а. Мадта уæд и хуæрзгæнæг ба ци исдессаг æй? Кæд дин æндæр рæуонæ ес? Ма мæбæл æй сосæг кæнæ...

Дзæнгæрæги гъæр игъусуй.

Æнæхаир фæууотæ, лæги гъуддаг кæнун нæ бауадздзæнæнцæ.

3-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта Жевакин.

Ж е в а к и н. Сударыня, хатир бакæнæ, æвæдзи æгæр раги æрбацудтæн (æхе разелуй æма уинуй Яичници). Ах, мæнæ си кадæр ку ес... Иван Павловичæн салам.

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Дæлдæр ниххаугæ дæ арфи хæццæ! (Гъæрæй дзоргæй). Ци дзуапп мин кæнис, сударыня: гъо æви нæ?

Райгъусуй дзæнгæрæги зæлланг, Яичница е ’цæгæй исмæстгун æй.

Нæуæгæй бабæй дзæнгæрæги гъæр!

4-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Анучкин.

А н у ч к и н. Сударыня, æз æвæдзи афонæй раздæр... æма хатир. (Иннети фæууингæй, ниллæг æрковуй). Арфæ уин кæнун.

Я и ч н и ц а (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Æнæхаир ис уо дæ арфити хæццæ. Ци сайтани хæйттæ дæ æрбахастонцæ. Ардæмæ цæугæй дæ зæнгæ ку басастайсæ. (Гъæрæй дзоруй.) Сударыня, æз бунати косæг лæг дæн. Уойбæрцæ рæстæг мин нæййес. Дæ дзуапп мин зæгъæ: гъо æви нæ?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (æфсæрми гæнгæй). Нæ гъæуй... нæ гъæуй... (Фæрсæрдæмæ дзоргæй.) Неци ин лæдæрун, ци дзорун, уомæн.

Я и ч н и ц а. Цæмæ гæсгæ зæгъис, нæ гъæуй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Неци, неци... Æз уотæ зæгъуйнаг... (Æхе æрбамæстгунхуз гæнгæй.) Рандæ уотæ ардигæй. (Ра фæсмон кæнуй. Ах, мæнæ ци загъд исфæразтон?)

Я и ч н и ц а. Рандæ уотæ зæгъис? Е куд лæдæргæ ’й? (Æ суйни сæрбæл хуæцгæй имæ тузмæгæй хæстæг бацудæй.)

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (æ тузмæг цæсгоммæ ин бакæсгæй, ницъцъæхахст кæнуй). Ах, мардзæнæй мæ, мардзæнæй! (Раледзуй.)

Я и ч н и ц а. Мæнæ устур æмбесонд, æнæрцæугæ дессаг.

Кадæр бабæй дзæнгæрæг кæнуй.

Кочкареви дзурд игъусуй: «Æрбацо, æрбацо, ци ниллæудтæ?»

П о д к о л е с и н. Ду разæй бацо. Æз мæнæ мæ цæппæртæ бафтауон, мæхе рарæвдзитæ кæнон.

К о ч к а р е в. Ма бабæй мин æрбайсæфæ.

П о д к о л е с и н. Ма тæрсæ, Хуцауистæн некумæ фæййауон уодзæнæн!

5-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Кочкарев.

К о ч к а р е в. Гъенур дæ хæлафи фадуг равдзæ кæнунмæ рæстæг иссердтай.

Я и ч н и ц а (Кочкаревмæ дзоргæй). А киндзаг сæрæй рæвдзæ æй?

К о ч к а р е в. Æма ци, ести æрцудæй?

Я и ч н и ц а. О, цидæр æнахур миутæ. Æндæмæ ралигъдæй гъæр гæнгæ: «Мардзæнæй мæ, мардзæнæй!» Цо ба ’й зонæ, ци æй, уой!

К о ч к а р е в. Гъо, уæхæн миутæ ймæ фæууй, æдули æй.

Я и ч н и ц а. Ду æ хеуон дæ?

К о ч к а р е в. Гъо, хæстæг ан.

Я и ч н и ц а. Æма куд хæстæг айтæ?

К о ч к а р е в. Дзæбæх æй нæ зонун. Цума, мæ мади хуæрæн æ фидæ цидæр хæстæг æй, æви, æ фидæ мæ мади хуæрæн куддæр бауй. Мæ уосæ еци гъуддæгтæ хуарз зонуй.

Я и ч н и ц а. Æма рагæй уотæ æй?

К о ч к а р е в. Гъо, æ сувæллони бонтæй фæстæмæ.

Я и ч н и ц а. Бæргæ, зундгиндæр ку адтайдæ. Фал неци кæнуй, еци гъæдонæй дæр мулкгин уо.

К о ч к а р е в. Æма ймæ уотæ дæр неци ес.

Я и ч н и ц а. Агоридорæй хæдзарæ ба.

К о ч к а р е в. Еци хæдзарæн æ нон ци æй æндæрба. Фæрстæбæл æндегæй агоридорæй цъарæгонд. Медæгæй ба си алли хъилма: бугътæ, къуæцæлтæ, хæлхъæ.

Я и ч н и ц а. Хуцауи туххæй!

К о ч к а р е в. Æной ба ’й, цума, нæ зонис, нуртæккæ хæдзæрттæ куд аразунцæ? Æ нон уæд æндæрба... Гъæуй цæмæй ссудæ райса.

Я и ч н и ц а. Кæд аци хæдзарæ уотæ æвæрд нæ ’й?

К о ч к а р е в. Æ бæлах дæр е æй æма æвæрд ке æй. Уой хæццæ ба ма дууæ анземæн æ процентæ дæр фист нæма

æнцæ. Сенати ба ес уæхæн æмбал, кæци хæдзарæбæл æ цæстæ æрæвардта. Уæхæн æй æма æ мадæн дæр неци нихкатир кæндзæнæй.

Я и ч н и ц а. Мадта мæ и зæронд уосæ – хуæрзгæнæг ба, æвæдзи, сайдта. Кæсай еци æвдеумæ. (Фæрсæрдæмæ дзоргæй). Аци лæг дæр мæ, æвæдзи, сайгæ кæнуй. Мæнæ зæронд уоси (хуæрзгæнæги) лæмбунæг æрфæрститæ кæнон. Æцæгдзийнадæй уотæ ку уа, уæд ин æз æ фагæ фæууодзæнæн.

А н у ч к и н. Хатир корун, æз дæр уæ еу гъуддагæй бафæрсон: «А хæдзари хецау францагау зонуй?» Уогæ мæхуæдæг дæр нæ зонун еци æвзаг, фал...

К о ч к а р е в. Еу хъипп дæр нæ?

А н у ч к и н. Уанцон нæ ’й.

К о ч к а р е в. Ци йбæл дес кæнис? Мæ уоси хæццæ еу пансиони ахур кодтонцæ. Æма еугуремæй зийнадæдæр гæнагæ адтæй. Францаг æвзаги ахургæнæг æй еудадзугдæр лæдзæгæй надта.

А н у ч к и н. Ба ди æруагæс уæд, францагау ке нæ зонуй, уой фиццаг хатт æй ку фæууидтон, уæд мæ зæрдæ балæдæрдтæй.

Я и ч н и ц а. Дæлзæнхæ фæууæд аци францаг æвзаг. Фал и æлгъисти хуæрзгæнæг... Ах, хайуан ка ’й е, æвдеу! Е ба ’й сугъдæг изæд искодта. И, зæронд æнаккаг! Мæ цæстæ дæбæл æрхуæца...

6-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ, етæ, уæдта ма Фекла. Куддæр æй рауидтонцæ, уотæ ймæ еугурæйдæр зустæй дзорунцæ.

Я и ч н и ц а. А, мæнæ ’й! Хæстæгдæр æрбацæуай, зæронд сайæгой!

А н у ч к и н. Куд мæ рафæливтай, Фекла Ивановна?

К о ч к а р е в. Рацæуай-ра, дзуапп радтунмæ.

Ф е к л а. Æппундæр уин неци лæдæрун, уæхе мæбæл еци-еу цæф никкодтайтæ, фал.

Я и ч н и ц а. Сæ гъæздугдзийнæдтæн кæрон нæййес, зæгъгæ, дзурдтай æма кæми ’нцæ? Дзурдтай, хæдзарæ еудадзуг агориæй амад æй.

Ф е к л а. Уой æз нæ зонун, æз æй нæ амадтон. Æвæдзи, и хæдзарæ уотæ аразун гъудæй, æма уомæн уотæ ’й.

Я и ч н и ц а. Сайтæнтти амæттаг фæууай, зæронд æвдеу. (Æ къæхтæ йбæл исцæгъдуй.)

Ф е к л а. Дæ гъуддагбæл дин зæрдиуагæй базилдтæн æма боз нæ дæ, фал ма хилæ кæнис.

А н у ч к и н. О, Фекла, мæн дæр расайдтай, францагау, дан, зонуй.

Ф е к л а. Хъæбæр хуарз зонуй немцуагау дæр, уæдта алли ’рдигонау дæр.

А н у ч к и н. Мæнæй уотæ æрмæстдæр уруссагау зонуй.

Ф е к л а. Æма уоми лæгъузæй циййес? Уруссагау лæдæрддæр æй æма уруссагау дзоруй. Еугур дини лæгтæ дæр уруссагау дзурдтонцæ.

Я и ч н и ц а. Хæстæгдæр мæмæ æрбацæуай, æлгъистæ адæймаг!

Ф е к л а (æхе дуарæрдæмæ ласгæй). Нæ дæмæ бацæудзæнæн, тæрсгæ ди кæнун. Нецæй тухxæй дæр ду лæги рамардзæнæ.

Я и ч н и ц а. Аци гъуддаг дин уотæ асланбæл нæ рацæудзæнæй. Мæнæ дæ пъæлицæмæ æркæндзæнæн æма ’й базондзæнæ, æууæнкгин адæймаги куд фæссайунцæ, уой. Киндзагæн ба зæгъæ: «Цъамар дæ!» (Рандæуй.)

Ф е к л а. Кæсай имæ, е ’цæгæй истæвдæ ’й. Нур, æвæдзи, исæвгун æй æма ймæ уотæ кæсуй – нихкъуæрд ин неке ратдзæнæй. Æз ба дин мадта зæгъун: ду дæхуæдæг æнаккаг дæ!

А н у ч к и н. Уотæ сайæгой дæ, уой дин нæ зудтон. Уой ку зудтайнæ, и киндзагмæ уотæ некуцон ахурдзийнадæ ес, уæд мæ къах аци меддуар не ’ræвардтайнæ. (Рандæуй.)

Ф е к л а. Уæ хуарзæнхæй, еугурæй дæр сансала бахуардтайтæ æви раниуазтайтæ. Нæ сæмæ кæсис, аллиræуæнттæй хъаугъагæнæг иссæнцæ!

7-аг фæззинд

Фекла, Кочкарев, Жевакин.

Кочкарев Фекламæ æнгулдзæй амонгæй, къæл-къæлæй ходуй.

Ф е к л а (мæстгунæй). Цæбæл ходæгæй мæлис? (Кочкарев уæддæр гъæрæй ходуй.) Ци устур гъуддаг æрцудæй!

К о ч к а р е в. И хуæрзгæнæг. Дессаг, ци дæсни æй гъуддаг кæнунмæ. Уайтагъддæр лæги æрбарæвдзæ кæнуй. (Уæддæр ма къæл-къæлæй ходуй.)

Ф е к л а. Касайтæ имæ, цийнæй куд мæлуй. Æвæдзи дæу ерунбæл дæ мадæн æ сæризунд фæццудæй. (Фæббостæ уогæй, рандæуй.)

8-аг фæззинд

Кочкарев, Жевакин.

К о ч к а р е в (уæддæр ма гъæрæй ходуй). Ох, мæ бон нæбал æй фур ходæгæй. Ести мæбæл ку не ’рцæуидæ. (Уæддæр ма ходуй.)

Жевакини дæр уой ходунмæ ходæг æрахæста.

Ж е в а к и н. Мæ зæрдæмæ цæуй де ’гъæлдзæгдзийнадæ... Ци эскадри службæ кодтан, уоми мичман Антон Иванович Петухов, е дæр раст дæу хузæн игъæлдзæг адæймаг адтæй. Де ’нгулдзæ ймæ ку равдистайсæ, уæд ибæл æгас бон къæлкъæлæй фæххудтайдæ. Уой ходунмæ ка нæ нихкудтайдæ!

К о ч к а р е в (нæбал ходуй). О Хуцау, хатир нин кæнæ. Амæй цæй хуæрзгæнæг ес? Мæнæ æз ку исфæндæ кæнон, уæд ес – нæййесæй дæр гъуддаг исирæздзæнæй.

Ж е в а к и н. Æцæгæй дæр багъуддаг кæнисæ?

К о ч к а р е в. Æнæсайдтæй. Кæмæн фæндидæр, ке ’й фæндидæр.

Ж е в а к и н. Кæд уотæ ’й, уæд мин мадта мæнæ аци хæдзари хецауи багъуддаг кæнæ.

К о ч к а р е в. Дæуæн? Æма дæу ба уосæ цæмæн гъæуй?

Ж е в а к и н. Куд цæмæн? Лæги уосæ цæмæн фæгъгъæуй, уомæн.

К о ч к а р е в. Нæ зонис, æвæдзи, мулкæй имæ неци ес?

Ж е в а к и н. Æппун имæ мулкæй ку неци уа, уæддæр уæхæн хуæрзæгъдау кизги хæццæ цæрунбæл исарази ун æнгъезуй.

К о ч к а р е в. Уанæбæрæг си дæ зæрдæмæ ци фæццудæй?

Ж е в а к и н. Дзæбæх исæвгун силгоймаг æй. Æз ба уæхæнттæ уарзун.

К о ч к а р е в (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Кæсай амæ, æ хъуæл кумæти æнтъохуй. Цума ма æзиниккон æй. (Гъæрæй дзоруй). Нæ, дæу уосæ хонун нæбал гъæуй.

Ж е в а к и н. Куд нæ?

К о ч к а р е в. Гъулæг дин ма уæд, фал дæ гурикондмæ æркæсай! Уасæнги къах...

Ж е в а к и н. Æма ци?

К о ч к а р е в. Гъо, æркæсай, ци хузæн дæ!

Ж е в а к и н. Мадта уæддæр куд уасæнги къах?

К о ч к а р е в. Гъо уасæнги.

Ж е в а к и н. Гъенур мæ æфхуæргæ кæнис...

К о ч к а р е в. Æргом дин уой тухæй дзорун æма дæ æмбаргæ, лæдæргæ адæймагбæл нимайун. Гъо, æз дин багъуддаг кæндзæнæн. Æрмæст æндæр силгоймаги.

Ж е в а к и н. Нæ, æндæр мæ неке гъæуй, æрмæстдæр аци силгоймаг.

К о ч к а р е в. Хуарз, ба дин æй гъуддаг кæндзæнæн, фал уæхæн дзурдæй: куд нæ мæ хъор кæнай, уæдта киндзагмæ дæр дæхе ма ’вдесæ, уотемæй. Æнæ дæхе дин дæ гъуддаг исараздзæнæн.

Ж е в а к и н. Æнæ мæхе ба куд? Уæддæр мæ мæхе бавдесун нæ гъæудзæнæй.

К о ч к а р е в. Ду си нецæмæн гъæуис. Цо дæ хæдзарæмæ æма хезæ. Аци изæр алцидæр исараздзæнæн.

Ж е в а к и н (æ къохтæ кæрæдзебæл сæрфуй). Е бæргæ хуарз уайдæ. Фал аттестат, уæдта мæ мæ хуарзæнхити номхигъд нæ гъæуй? Миййаг, киндзаги уони фæууинун ку бафæндæуа.

К о ч к а р е в. Неци гъæуй, дæ хæдзарæмæ цо æма хезæ. Изæрмæ дæмæ фæххабар кæндзæнæн. (Ра ’й æрветуй.) Гъо, мæтæй дæбæл мæлун! Цума Подколесин ба уотæ кæми радзебæл æй?

9-аг фæззинд

Кочкарев, Агафья Тихоновна, Жевакин.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а (алли ’рдæмæ ракæс-бакæс кæнуй). Рандæ ’нцæ?

К о ч к а р е в. Гъо, рандæ ’нцæ, ами си некебал ес.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æллæх, куд зир-зир кодтон. Уæхæн уавæри некæдма бахаудтæн. Яичницæй ци тарст фæккодтон! Е ци тиран униау æй æ уосæн. Нæуæгæй ардæмæ ку не ’рбацæуидæ.

К о ч к а р е в. Мæ тæрсæ, еци дууемæй æ финдз дæр некебал æрбадардзæнæй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. И æртиккаг ба?

К о ч к а р е в. Кæци æртиккаг?

Ж е в а к и н (æ сæр дуарæй радаруй). Уæ, ци хъæбæр мæ фæндуй, еци сурхрос цитæ дзордзæнæй мæн тухххæй, уой зонун!

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Балтазар Балтазаровичæй зæгъун.

Ж е в а к и н. Ах, нуртæккæ, нуртæккæ! (Æ къохтæ кæрæдзебæл дауй.)

К о ч к а р е в. Фу, дæлзæнхæ фæууæд. Æз ба зæгъун, ке кой кæнис. Æма е бунтон æдули ку æй.

Ж е в а к и н. Цитæ дзоруй? Æ еци миутæ ин æппундæр нæ лæдæрун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта мæнмæ ба хъæбæр хуарз адæймаги хузæн фæккастæй.

К о ч к а р е в. Расуггæнагæ.

Ж е в а к и н. Дессаг, нæ ’й лæдæрун, цитæ дзоруй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Расуггæнагæ дæр ма æй?

К о ч к а р е в. Бахатир кæнæ, фал уомæй цъамардæр адæймаг нæййес.

Ж е в а к и н (гъæрæй). Уой ба ди нæ агурдтон. Кæд зæгъун ести æппæлæн дзубандитæ кæндзæнæ. Уæхæн миуæ ба дин нецихузи ниххатир кæндзæнæн!

К о ч к а р е в (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Кæцæй фæззиндтæй. (Агафья Тихоновнæмæ дзоруй сосæггайгомау). Кæсай имæ, æ къæхтæбæл дæр нæ лæууй. Алли бон дæр еци гъæдон фæууй. Ра ’й сорæ ардигæй æма фæцæй. (Фæрсæрдæмæ дзоргæй). Подколесин ба нурдæр ами нæма ’й. Ци æнаккаг æй. Барæн, уомæй ба мæ маст райсдзæнæн... (Рандæуй).

10-аг фæззинд

Агафья Тихоновна æма Жевакин.

Ж е в а к и н (фæрсæрдæмæ дзоргæй). Зæрдæ мин æвардта, дæ гъуддагбæл дин байархайдзæнæн, зæгъгæ. Фал мæбæл фесинмæ фæдздзурдта (гъæрæй дзоргæй). Сударыня, ма йбæл бауугендæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Хатирæй мин фæууæд, цидæр кæнун... мæ сæр ресуй. (Гъавуй рацæунмæ.)

Ж е в а к и н. Кæд, дæ зæрдæмæ естæмæй нæ цæун? (Æ сæрмæ амонуй.) Ами мин еуминкъий гæмæхгомау ке æй, уомæ мин ма кæсетæ. Е неци кæнуй. Резæнги фæсте уотæ бадæн, мæ сæригъунтæ рæхги нæуæгæй райрæздзæнæнцæ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цифæндидæр уо, мæнæн неци игъауги æй.

Ж е в а к и н. Сау фрак ку искæнон, уæд мæ цæсгони цъарæ дæр уорсдæр зиндзæнæй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Куд дин хуæздæр æй, уотæ кæнæ. Хуарзæй изайæ! (Рандæуй.)

11-аг фæззинд

Жевакин еунæгæй, æ фæсте дзоруй.

Сударыня, бахатир кæнетæ, ци рæуонæй, цæмæн? Ести бæрæг аййепп мæмæ иссердтай? Рандæ ’й, дессаг хабар.

Нур æвддæсæймаг хатт еци еухузи уавæри бахаун: райдайæни гъуддаг рараст уй, фал кæронмæ ба фæггуз уй. (Уати сагъæси рацо-бацо кæнуй.) Гъо, гъенур мин айæ, ке курдтон, уонæй æвддæсæймаг æй. Цума йæй ци губуни нез гъæуй? Расагъæс кæнуй, æхемæ æркæститæ кæнуй, фал неци сек хæссуй...

Цæуон нæхемæ, кири мин æмдзæвгитæ адтæй. Уони нихмæ ба, бæлвурд, неке фæллæудзæнæй. Уæддæр мæмæ дессаг кæсуй, райдайæни, цума гъуддаг рараст æй. Æвæдзи ар фæстæмæ разелун гъæуй. (Рандæуй.)

12-аг фæззинд

Æрбацæунцæ Подколесин æма Кочкарев, сæ дууæ дæр фæстæмæ гъæуæйттæ гæнгæй.

К о ч к а р е в. Нæ нæ фæууидта. Кастæ ймæ, æ фий цæй уæнгæ æруагъта?

П о д к о л е с и н. Уой дæр Агафья Тихоновна иннети хузæн раздахта?

К о ч к а р е в. Цæхгæр.

П о д к о л е с и н (æ били буни бахудтæй). Кунæг гъулæг нæ фæууй, лæгæн «нæгъ» ку фæззæгъунцæ, уæд. Нур дæр ми нæма æруагæс кæнуй, иннæ уосгорти æхсæн мæн равзурста, е.

К о ч к а р е в. Цитæ дзорис! Æ зæрдæмæ уотæ бацудтæ æма дессаг. Уæхæн уарзт: ци берæ дзæбæх нæмттæ ба дæбæл исæвардта. Æ фур дессагæй кæми 'й, уой дæр нæ зонуй.

П о д к о л е с и н (сæрустурхузæй байдзулдæй). Уотæ ба силгоймаги ку фæндæуа, уæд ци дзурдтæ не 'ссердзæнæй: мæ минкъий къембур, мæ хъæбуза, сау къубарæ...

К о ч к а р е в. Етæ уоййасæ дессаг нæ 'нцæ, мæнæ 'й ку 'рхонай, уæд æй уиндзæнæ, ци фæлмæн дзурдтæ си игъосдзæнæ, уой. Æррæстæ тайдзæнæ.

П о д к о л е с и н (æ били буни ходуй). Уанцон нæ 'й.

К о ч к а р е в. Арт дин хуæрун. Гъæйдæ, гъе нур ба нæ гъуддагбæл лæмбунæг æрдзорæн. Нуртæккæ ин дæ зæрдиуаг балæдæрун кæнæ æма си еци фæдбæл дзуапп агорæ.

П о д к о л е с и н. Уотæ рæхги куд, цитæ дзорис?

К о ч к а р е в. Æндæр некуд, æрмæстдæр аци сахат... А, мæнæ æхуæдæг дæр фæззиндтæй.

13-аг фæззинд

Ка 'дтæнцæ етæ, уæдта Агафья Тихоновна.

К о ч к а р е в. Сударыня, мæнæ дæмæ æрбахудтон еу мæлуйнаги, дæ рази лæууй. Ай хузæн уарзгæ некæд фæууиндæй.

П о д к о л е с и н (ба 'й æсхуайуй æма ин сабургай дзоруй). Гъе нур ба и гъуддаг еугур дессаг никкодтай.

К о ч к а р е в (Подколесинæн). Неци кæнуй, неци. (Агафья Тихоновнæн сабургай.) Æндиуддæр уо æ хæццæ. А не 'уазæг æгæр хуæдæфсæрмæ æй. Де 'рфгутæ дæр базмæлун кæнисæ, дæ цæстæ дæр имæ фæнникъолæгау кæнисæ. Уæдта, цума, æнæбари, уотæ дæ усхъæ дæр байгон кæнæ. Уадзæ æма и æнаккаг кæса.

Гъæйдæ, хебæраги бал уæ уадзун. Æз бал хуæрæндонæмæ бакæсон, уæдта цæлгæнæнмæ. Нуртæккæ официант æрбацæудзæнæй æма нин æхсæвæрæн еститæ æрцæттæ кæнæд. Ка 'й зонуй, еу дзæбæх сæнæ дæр æрхæссонцæ... Гъæйдæ, уадзун бал уæ. (Подколесинмæ дзоруй.) Æндиуддæр, æндиуддæр уо! (Рандæуй.)

14-аг фæззинд

Подколесин æма Агафья Тихоновна.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Дæ Хуцауи хатирæй, бадгæ искæнæ.

Исбадунцæ æма неци дзорунцæ.

П о д к о л е с и н. Сударыня, уарзис лодкай накæ кæнун?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъома, куд накæ?

П о д к о л е с и н. Мæ гъæуи сæрди хъæбæр дзæбæх æй лодкай накæ кæнун.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æз дæр еуæй-еу хатт мæ зонгити хæццæ уæхæн рауæнтæмæ фæццæун.

П о д к о л е с и н. Аци сæрдæ циуавæр уодзæнæй, Хуцау æ зонæг.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Тæходуй, хуарз рæстæг ку никкæнидæ.

Дууемæй дæр неци дзорунцæ.

П о д к о л е с и н. Сударыня, фулдæр циуавæр деденæг уарзис?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Карздæр тæф ка кæнуй, уой: даричин.

П о д к о л е с и н. Силгоймаг деденгути хæццæ федауй.
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Е раст æй: деденгутæ ка нæ уарзуй.

Ниссабур æнцæ.

Аци Хуцаубони кæци аргъауæни адтæ?
П о д к о л е с и н. Вознесенский аргъауæни. Уой размæ къуæрей ба Хъазани устур аргъауæни. Уогæ си ци игъауги ес: кæцифæнди аргъауæни дæр исковæ. Æрмæст Хъазайнаг аргъауæн аййевдæр фæлгонцгонд адтæй медæгæй.

Неци дзорунцæ. Подколесин е ’нгулдзитæй дагæрна кæнуй стъолбæл.

Мæнæ тагъд екатеринграфаг озер уодзæнæй.
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Гъо, æнгъæлдæн мæйи фæсте.
П о д к о л е с и н. Мæйæ дæр имæ æнхæст нæбал ес. Аци бон æстæймаг (е нгулдзитæбæл бæнттæ нимайуй) фарæстæймаг, дæсæймаг.. дууæ æма инсæй боней фæсте.
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мæнæ куд тагъд æрхъæрттæй.
П о д к о л е с и н. Æз аци бон дæр нæбал банимадтон.

Нигъгъос бабæй æнцæ. Подколесин нæуæгæй дæгæрна кæнун райдæдта е ’нгулдзитæй. Æппунвæстаг е шляпæ райсуй æма æ сæрæй ниллæг æрковуй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæунмæ гъаветæ?..
П о д к о л е с и н. Хатир бакæнетæ, кæд ми исгъигæ айтæ, уæд. Цæунмæ гъавун.
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæмæн уотæ зæгъис, дæ ами ун мин æхцæуæн адтæй.
П о д к о л е с и н (идзулгæй). Мæнæй уотæ ба ми исзæрдцъæх дæ.
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæмæн уотæ зæгъис, нæгъ.
П о д к о л е с и н. Мадта ма, кæд, æнгъездзæнæй, уæд еу æндæр хатт изæрæрдæмæ фæззиндзæнæн, æма бабæй...
А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Табуафси, мæнæй дин нади барæ ес.

Кæрæдземæн сæрæй æрковунцæ. Подколесин рацæуй.

15-аг фæззинд

Агафья Тихоновна еунæгæй.
Ци хуæрзæгъдау адæймаг æй. Фал цидæр тагъд рандæ ’й, ба маймæ игъустайнæ.

Мæн дæр еу дууæ загъди кæнун фæндадтæй, фал куддæр нæбал исарæхстæн. Мæ зæрдæ цидæр æнахур тæпп-тæпп кæнун райдæдта. Æмбесонди хуарз адæймаг. Цæуон, мæ фиди хуæрæн рахабæрттæ кæнон. (Рандæуй).

16-аг фæззинд

Æрбацудæнцæ Подколесин æма Кочкарев.

К о ч к а р е в. Цæмæн фæццæуæг дæ уæхемæ? Ци æдзæллаг миутæ кæнис?
П о д к о л е с и н. Мадта ма ци хуарздзийнадæмæ лæууон. Ци æнгъизтæй, уой ин загътон.
К о ч к а р е в. Дæ зæрдиуаг ин раргом кодтай?
П о д к о л е с и н. Нæ, уой уæнгæ ба не ’рхъæрттан.
К о ч к а р е в. Дæ миутæбæл сагъæс кæнис? Хъæбæр хуарз æй ку зонис, сахатти фæсте нæ аргъауæнмæ цæун гъæуй.
П о д к о л е с и н. Цитæ дзорис? Аци бон аргъауæнмæ.
К о ч к а р е в. Цæмæннæ ба? Дзурд мин ку равардтай, куддæр иннæ уосгорти ратæрай, уотæ цæттæ дæн.
П о д к о л е с и н. Нур дæр «нæгъ» нæ зæгъун. Фал мæ еу мæйи бæрцæ рæстæг куд нæ гъæуй.
К о ч к а р е в. Мæйæ!
П о д к о л е с и н. Гъай, гъай, мадта.
К о ч к а р е в. Дæ сæри зунд фæццудæй?
П о д к о л е с и н. Мæйæй раздæр не ’срæвдзæ уодзæнæн.
К о ч к а р е в. Æз официантки хæццæ ку бадзубанди кодтон æхсæвæри тухæй. Æдули! Байгъосай, Иван Кузьмич, ма ниццæхгæрмæ уо, нур æрхонæ.
П о д к о л е с и н. Барæнæ уай, ме ’нсувæр, нур цитæ дзорис? Аци фæдбæл куд рагъуддаг кæнон?

К о ч к а р е в. Корун ди. Кæд дæ дæхе тухæй нæ фæндуй, уæдта 'й мæн тухæй ракорæ.

П о д к о л е с и н. Уотæ не 'нгъезуй.

К о ч к а р е в. Æнгъезуй, алцидæр æнгъезуй. Корун ди ма, ниггурумухъ уо. Зундгин лæг дæ æма рагъуди кæнай. Экспедитор ке дæ, уой тухæй дин нæ козбау кæнун. Фал дæ берæ уарзун. Гъæйдæ, лæдæргæ адæймаг дæ æма исарази уо.

П о д к о л е с и н. Ку федауидæ, уæд...

К о ч к а р е в. Иван Кузьмич, ма хъазар адæймаг. Гъæйдæ, кæд дæ фæндуй, уæд дин мæ уæргутæбæл дæр лæуун.

П о д к о л е с и н. Цæмæн гъæуй?..

К о ч к а р е в (æ уæргутæбæл æристуй). Гъа, уинис, корунди. Исарази уо, цалинмæ цæрон, уæдмæ дæр дин еци хуарздзийнадæ нæ байронх уодзæнæн.

П о д к о л е с и н. Нимайун дæ, фал неци уайуй гъуддагæй!

К о ч к а р е в (исистадæй æма æ фур мæстæй ниццæлхъ ласта). Дзæргъæ!

П о д к о л е с и н. Еци нон дæхецæн уадзæ.

К о ч к а р е в. Гъæла. Ауæхæн си нæма фæууиндæй.

П о д к о л е с и н. Æлгъетæ, æлгъетæ.

К о ч к а р е в. Ке тухæй фæййархайдтон, цæй тухæй? Еугур гъуддæгтæ дæр мæнæ дæу гъæла сæри хуарздзийнадæн. Мæнæн ба си цийиес? Нуртæккæ дæ нихъхъудти уадздзæнæн.

П о д к о л е с и н. Æма дин тухæ еске кæнуй. Ис мæ уæгъдæ кæнæ.

К о ч к а р е в. Æз дин ку нæ багъуддаг кæнон, уæд дæ дуйнебæл гъæлайæй байзайдзæнæ.

П о д к о л е с и н. Æма си дæуæн ци уæлдай ес?

К о ч к а р е в. И, къудурсæр, дæу хуарзæнхæн архайун.

П о д к о л е с и н. Æнæмæтæ уо. Дæхе уæнтæ дæ хуарздзийнæдтæ.

К о ч к а р е в. Фесæфæ ардигæй!

П о д к о л е с и н. Рандæ уодзæнæн, ма тухсæ.

К о ч к а р е в. Уордæмæ 'й дæ фæндаг.

П о д к о л е с и н. Ма тухсæ, рандæ уодзæнæн.

К о ч к а р е в. Цо, цо æма дæ зæнгæ ци басæтта. Расуг бæхтæрæг дин æ бæхти дышлой дæ хорхи хæтæл ци баргъæва! Ду чиновник нæ дæ, фал дивили пъæсту. Мах æхсæн нецибал ес æма дæ куд нæбал фæууинон, уотæ бакæнæ!

П о д к о л е с и н. Ма тæрсæ, нæбал мæ фæууиндзæнæ. (Рандæуй.)

К о ч к а р е в. Дæ зæронд лимæн, дæ сайтани хаймæ цо! (Дуар байгон кæнуй æма ма æ фæсте рагъæр кæнуй.) Гъæла!

17-аг фæззинд

Кочкарев еунæгæй байзадæй, мæстгунæй дууердæмæ кæнуй.

Ауæхæн æдули мæ дуйнебæл некæдма фæууидтон. Уогæ мæхуæдæг дæр сæргъæн, æдули дæн. Цæбæл иселлæг дæн, мæ хъур ку нийиасустæй? Мах кæрæдземæн ка йан. Ци сайтани хай мæ иселлæг кодта? Мæхе цæбæл ухерий бафтудтон? Сæрисæфт дæр фæууæд. Нæ 'й лæдæрун, аци ихæс мæхемæ цæмæн райстон? Еуæй-еу хатт лæг ци фæккæнуй, уой æнхæст нæ фæллæдæруй. Куд цъамар æй! Ци илгъаг, æнаккаг æй. Уотæ мæстгун имæ дæн æма 'й дзæбæх æрræгъæд кæнинæ... Æма мин бустæги гъулæг ба ци æй – уартæ æхецæн рандæ 'й, æнæ мæтæ, æнæ сагъæсæй. Бацæудзæнæй æ фатермæ, радæргъæмæ уодзæнæй æ хуссæни æма лолæ думдзæнæй. Илгъаг фæлдесонд. Фæууй æнадæ адæймæгтæ, фал си амæн ба æмбал нæйиес.

Нæ-ннæ, уотемæй ба 'й нæ рауадздзæнæн, фудæнæн дæр æй фæстæмæ æздахдзæнæн и фунуктъизи. Нæ мин фæллædздзæнæй, цæуон, и цъамари æрбакæнон. (Фæууайуй.)

18-аг фæззинд

Æрбацæуй Агафья Тихоновна.

Æллæх, æллæх, мæ зæрдæ уотæ гупп-гупп кæнуй æма дзорунгъон дæр нæ дæн. Кæцифæнди æрдæмæ дæр мæхе ку разелун уæд, цума, Иван Кузьмич мæ уæлгъос лæууй. Æзинæ дæр ма мæ бунтон æндæр цæбæлдæр гъуди кæнун фæндадтæй. Нур ба æдзохдæр Иван Кузьмич мæ цæститæбæл гъазуй. (Еу рæстæг неци дзоруй.) Гъе нур бæрæг æй, мæ царди æййивддзийнадæ цæудзæнæй. Фæткæмæ гæсгæ мæ аргъауæнмæ бахондзæнæнцæ... уæдта мæ нæлгоймаги

хæццæ еунæгæй ниууадздзæнæнцæ – уф! Мæ бауæр нирриз-тæй. Хуæрзбон зæгъæ дæ кизгон цардæн! (Кæуй.) Ци дзæбæх æнæмæтæй æрвистон мæ рæстæг... Нурба мин гъа, киндзи цæугæ рауадæй! Цæйбæрцæ исуодзæнæнцæ сагъæстæ, су-вæллæнттæ... Биццеутæ хиликъи фæуунцæ, кизгутти ба кинд-зи æрветæ. Бæргæ, дзæбæх лæгтæмæ ку æрцæуиуонцæ, фал сæ лæгтæ расуггæнагитæ ку уонцæ, уæдта адæймаги æ дуйней цард дæр нæ гъæуй. (Кæун бабæй райдæдта.) Мæ кизгон догæ дæр уотæ рохс н 'адтæй, авд æма мæбæл инсæй анзи æнхæст нæма цæуй. (Æ дзурди уаг раййевуй.) Нур, цума, Иван Кузьмич уойбæрцæ ци ракæнæ-бакæнæ кæнуй?

19-аг фæззинд

Агафья Тихоновна æма Подколесин. Кочкарев æй сценæ-мæ дуарæй бансонуй дууæ къохемæй.

П о д к о л е с и н (къуæзгæ-къуæзун дзоргæй). Судары-ня, хатир, æз дин еу гъуддаг зæгъунмæ фездахтæн. Фал мæ рагацау зонун фæндуй: ци дин зæгъон, е дæмæ дессаг нæ фæккæсдзæнæй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æппундæр мацæбæл дузæрдуг кæнæ, – ду мин цийфæнди ку зæгъай, уæддæр мин æхцæуæн уодзæнæй.

Агафья Тихоновна никки хъæбæрдæр нифсæрми уй. Æ цæстингас ниллæгдæр æруадзуй. Еци рæстæги æрбацæуй Кочкарев æма ислæууй Подколесини фæсте.

П о д к о л е с и н. Ци зæгъдзæнæн, уой нурмæ некæдма фегъустайсæ. Уой зæгъунмæ гъавун... Нæ, æндæр хатт æй зæгъдзæнæн.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æма уогæ ци æй?

П о д к о л е с и н. Мæнæ... Фæндуй мæ зæгъун, фал куд-дæр дузæрдуг кæнун.

К о ч к а р е в (е 'нгулдзитæ дзиуарæвæрд искæнгæй, æхе-цæн дзоруй). Хицауи тухæй, айæ циуавæр адæймаг æй! Лæг нæ 'й, цидæр неци, ходуйнаггæнæг, зæронд уоси басмахъ.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Цæбæл дузæрдуг кæнис?

П о д к о л е с и н. Нæ 'й лæдæрун, цидæр гурусхæдзийна-дæ мæмæ ес.

К о ч к а р е в (гъæрæй). Гъе, сударыня, нæ 'й уинис: фæн-дуй æй, цæмæй ин аразий дзуапп радтай. Гъæйдæ, аци мæ-гурдæйраги зæрдæ исрохс кæндзæнæ æви?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Æз уотæ нæ зæгъун æма 'й иснивгун кæндзæнæн. Фал арази ба дæн.

К о ч к а р е в. Нурмæ дæр уин уотæ гæнгæ адтæй. Кæрæд-земæ уæ къохтæ радтетæ.

П о д к о л е с и н. Нуртæккæ. (Æ гъоси ин цидæр дзорунмæ гъавуй. Кочкарев имæ æ тумбул къохæй бавзедуй...)

К о ч к а р е в (сæ къохтæ син еу гæнгæй). Гъæйдæ, Ху-цау уин агъазгæнæг уæд. Æхцæуæн мин æй уæ гъуддаг. Цард баеу кæнун, е устур гъуддаг æй. Уони дзорунмæ мин нур рæ-стæг нæййес. Гъæйдæ, Иван Кузьмич, гъе нур ба дæ бон æй киндзæн ра ба кæнун.

Неци кæнуй, сударыня, ра дин ба кæнæд. (Агафья Тихонов-на æ цæститæ дæлæмæ æруадзуй).

П о д к о л е с и н. Сударыня, гъе нур ба мин барæ радтæ. (Ра ин ба кæнуй æма ин æ къохбæл æрхуæцуй.) Ци рæсугъд къох дин ес, ци дессаг къох. Нуртæккæ нин аргъауæнмæ цæу-гæ 'й, тæккæ гъе нур.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Е ба куд, æгæр тагъд нæ кæнæн?

П о д к о л е с и н. Нæ кæнæн тагъд. Æвæстеуатæй нин аргъауæнмæ цæугæ æй.

К о ч к а р е в. Е дин лæг. Рагæй дæр æй зудтон, дæ бон берæ хуарз гъуддæгтæ исаразун æй. Гъе нур ба, Агафья Ти-хоновна, ду дæр тагъддæр раййевæ дæ дарæс. Аци гъуддаги тухæй цæттæ æй каретæ, уæдта адæнмæ дæр рарвистон. Айфонмæ етæ аргъауæни æнцæ. Дæ киндздзон дарæс рæвд-зæ æй, æвæдзи.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта, рагæй цæттæ 'й. Нур-тæккæ мæхе рарæвдзæ кæндзæнæн.

20-аг фæззинд

Кочкарев и Подколесин.

П о д к о л е с и н. Арфæ дин кæнун, ме 'рдхуард. Гъе нур

бæрæг æй, мæ гъуддагбæл мин цæйбæрцæбæл зæрдиуагæй зилдтæ, е. Е нæ лимæндзийнади бæрæггæнæн æй. Дæ хуарздзийнадæ дин некæд байронх уодзæнæн. (Еци игъæлдзæгæй.) Уалдзæги мин дæ фиди цирт æнæ бабæрæггæнæн нæййес.

К о ч к а р е в. Мæнæн дæр æхцæуæн æй уæ хабар. Рацæуай, ра дин ба кæнон. (Фиццаг ин æ еу росæн, уæдта иннæ росæн ра ба кæнуй.) Дæ цард дæхе фæндон куд уа, Хуцау уой зæгъæд. (Ба кæнунцæ.) Нивæй хайгæн уотæ. Берæ сувæллæнттæ уин ци исæнтæса...

П о д к о л е с и н. Гъе нур, æппунвæстаг, цард ци 'й, уой банкъардтон.

К о ч к а р е в. Æхцæуæн мин æй, æхцæуæн. Нурба цæуон æма æркæсон, фингæ куд бафснайдтонцæ. Еци фæдбæл фæстæмæ æрбаздæхдзæнæн.

21-аг фæззинд

Подколесин еунæгæй.

Æцæгæй æз нурмæ ци адтæн? Цардæн æ нисан ци æй, уой зудтон? Нæ, неци ин лæдæрдтæн! Æнæ уосæй ци рæстæг рарвистон, уой ци исхундæуа? Цардтæн, службæ кодтон, хустæн. Еу дзурдæй, а зæнхæбæл адтæн дзæгъæл æма хумæтæги цæрæг. Гъе нур æй фæууидтон, ци гъæла фæуунцæ, уосæ ка нæ фæххонуй, етæ сæ еугур дæр. Æма ци берæ æнцæ уæхæн курмæги цæрæг адæн. Æз ескæци бæсти паддзах ку уайнæ, уæд еугуремæн дæр тухæйти уоститæ хонун кæнинæ.

Дессаг мæмæ кæсуй, еу къуар минутти рацæудзæнæй æма уосгин исуодзæнæн. Æвеппайди уæхæн æхцæуæндзийнадæ банкъардзæнæ, кæци фæууй æрмæстдæр аргъæутти.

Фал иннердæмæ рагъуди гæнгæй ба куд уайуй? Дæ дуйней царди медæгæ дæхебæл архъан багæлстай. Уой фæсте ба фæсмонæй мæлæ, нецибал гæнæн уодзæнæй, гъуддаг конд æрцудæй. Мæнæ нур дæр: ци ма ракæндзæнæ? Æндегæй хуæрзрæвдзæй каретæ лæууй. Æма нур ардигæй рандæуæн ба набал ес? Гъай-гъай, нæбал æнгъезуй. Дуари рацæуæни алкæмидæр адæм лæууй. Майди-ма дæ еске рафарста: кумæ, цæмæн? Не 'нгъезуй, нæгъ! Мæнæ ами ба къæразгæ игон: нур абæлти ба? Бацæуй къæразги размæ, уоййасæ бæрзонд

нæ 'й а нихxезæн. Фал æнæ шляпæй дæр кутемæй? Уогæ æд шляпæ нæ райгурдтæн. Мадта равзарон.

Къæразгæмæ исхезуй æма исковуй: «Хуцау, байагъаз кæнæ». Уотемæй гъæунгæмæ æргæпп кæнуй. (Фæссценæ нæтуй æма гъæрзуй.) Ох ци бæрзонд адтæй! Гъей, бæхтæрæг!

Бæхтæрæги дзурд: гъæунцæ бæхтæ.

Подколесини дзурд: Семенови хеди размæ мæ баласæ.

Бæхтæрæги дзурд: дууæ саурий, æнæ уæлдай дзубандийæй.

Подколесини дзурд: Гъæйдæ, рахуæцæ!

(Бæхтæрæг бæхтæ нихxуайуй æма дæгæрна гæнгæ раевгъуйунцæ.)

22-аг фæззинд

Агафья Тихоновна æ киндздзон дарæси æфсæрми гæнгæй, æ цæститæ бунмæ æруадзуй.

Нæ ’й лæдæрун, ци кæнун, уой. Фур æфсæрмæй бабæй мæ зир-зир цæуй. Кæми æй, тæходуй, естæй тухкæй æндæмæ ку рауаидæ. (Æфсæрми гæнгæй алли ’рдæмæ рагъæуай кæнуй.) Мадта ци фæцайдæ? Дуар райгон кæнуй дзатмамæ æма дзоруй: Фекла, кумæ рандæ ’й Иван Кузьмич?

Игъусуй Фекли дзурд. Уоми æй.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Кæми уоми?

Ф е к л а (медæмæ æрбацæугæй). Мæнæ аци рауæн бадтæй, аци уати.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Ами некæми æй.

Ф е к л а. Мадта æндæмæ дæр нæ рацудæй, æрбацæуæни бадтæн.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта ци ’рбацæй?

Ф е к л а. Нæ зонун. Фæстегæй ци æрбацæуæн ес, уобæлти ма рандæ уæд. Кенæ ба, кæд, Арина Пантелеймоновни уати бадуй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мæ фиди хуæрæ, мæ фиди хуæрæ!

23-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ, етæ, уæдта Арина Пантелеймоновна.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а (еци хуæрзарæзтæй). Ци ’рцудæй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Иван Кузьмич ами æй?

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мæнмæ не ’рбацудæй.

Ф е к л а. Æрбацæуæни дæр æй нæ фæууидтон, æз уоми бадтæн.

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Мадта ами дæр ку нæ æй.

24-аг фæззинд

Ка си адтæй, етæ, уæдта Кочкарев.

К о ч к а р е в. Ци хабар æй?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Иван Кузьмич фæццидæр æй.

К о ч к а р е в. Ци фæууа, мадта? Рандæ ’й?

А г а ф ь я Т и х о н о в н а. Нæгъ, æндæ нæ рацæй.

К о ч к а р е в. Е ба дессаг æй – ами дæр нæ ’й, æндæ дæр нæ рацæй?

Ф е к л а. Гъенур е ци фæууа? Раззаг уати бадтæн, мæ бунатæй æнкъусгæ дæр нæ фæккодтон.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мадта фæстегæй æрбацæуæн асийнæбæл дæр нæ нихкизтайдæ.

К о ч к а р е в. А мæ сайтани хай нæ ’й? Мадта уатæй дæр нæ рандæ адтайдæ. Æхе ма баримæхсæд? Иван Кузьмич, кæми дæ, гъæла миутæ ма кæнæ, тагъддæр рацо! Е циуавæр гириз æй? Аргъауæнмæ цæун гъæуй, байрæги æй! (Скъаппи дуар райгон кæнуй, къелати бунмæ дæр бакæсуй.) Устур дессаг æй, гъа! Нæ, нæ рандæ адтайдæ, неци хузи. Ами æй, уæртæ е шляпæ дæр иннæ уати. Æз æй уоми барæй ниввардтон.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Мæнæ ма и кизги дæр ку бафæрсианæ. Уæдæй-уæдмæ гъæунги адтæй æма ести зонуниау æй... Дуняшка! Дуняшка!..

25-аг фæззинд

Ка ’дтæнцæ етæ, уæдта ма Дуняшка.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Кæми ’й Иван Кузьмич, нæ ’й фæууидтай?

Д у н я ш к а. Къæразгæбæл рагæпп кодта.

Агафья Тихоновна ницъцъæхахст кæнуй, æ къохтæ кæрæдзебæл десгæнгæй, æртъæпп кæнуй.

Æ р т е м æ й е у м æ. Къæразгæбæл!

Д у н я ш к а. Гъо, ку рагæпп кодта, уæд бæхтæрæгмæ фæдздзурдта æма рандæ ’нцæ.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а. Уой æцæгæй дзорис?

К о ч к а р е в. Уотæ неци хузи униау æй, сайгæ кæнис!

Д у н я ш к а. Хуцауистæн, рагæпп кодта. Инсад уæйæгæнæг къупец дæр æй фæууидта.

А р и н а П а н т е л е й м о н о в н а (Кочкаревмæ хæстæгдæр бацæугæй). Гъи, нæ фиди хай, ра нæбæл айуан кæнай æма раходай, уой тухxæй æргъуди кодтай аци миуæ? Ходдуйнагæй нæ зонис? Æртинсæй анзей дæргъи уæхæн æгадæ уавæри некæдмæ бахаудтæн. Гъе уой тухxæй дин, нæ фиди хай, кæд раст лæг дæ, уæд дæ цæсгонбæл ба-ту кæндзæнæн. Ци миуæ бакодтай, уомæ гæсгæ ду цъамар лæг дæ. Æгас адæни рази нæ фæxходуйнаг кодтай. Лæги нон хæсгæй, æз уотæ некæд бакæндзæнæн. Уотемæй ба æxе дворян хонуй. Дæ дворяндзийнадæ, æвæдзи, æнаккаг æма фæливд миутæ кæнунæй æвдесис!

Кочкарев сах лæугæ байзадæй, цума æрвдзæф фæцæй, уоййау.

Ф е к л а. Ци? А мæнæ гъуддаг кæнунмæ æxе хуæрзарæхст ка хонуй, е æй! Гъо, æз кæмæн фæгъгъуддаг кæнун, етæ уотæ дессаг кæд нæ фæууцæ, уæддæр хатир бакæнæ, къæрæзгитæй нæ фæггæппитæ кæнунцæ.

К о ч к а р е в. Ниууадзетæ, сæнттæ ма цæгъдетæ, нуртæккæ мæмæ кæсайтæ, цума ’й фæстæмæ не ’рбаздахдзæнæн. (Рандæуй.)

Ф е к л а. Цо, æрба ’й кæнæ! Цума киндзæ хонуни гъуддæгтæ нæ зонис, уоййау. Дуарбæл дæр ма ку ралигъдайдæ, фал къæразгæбæл расæррæтт кодта. Уотемæй гъуддаг ци устур зин балæдæрæн æй.

Уруссаг æвзагæй
Къибирти Амурхани тæлмац.

АДÆМОН СФÆЛДИСТАДÆ

(Киунугæ "Нартæ"-й. Идарддæр. Райдайæн 2016 анзи журнал "Ирæф"-и 1-аг æма 2-аг номерти)

НАРТÆ

Мифологи æма эпос дигорон æвзагбæл

Киунугæ исаразтонцæ
Скъодгати Эльбрус æма Къибирти Амурхан

ДЗÆУÆГИГЪÆУ
ГАССИТИ ВИКТОРИ НОМБÆЛ
РАУАГЪДАДОН-ПОЛИГРАФИОН КУСТУАТ
2005

ТЪИЗМУДÆ ÆМА НАРТИ ÆГÆНОН СИНД

Нарти рæсугъд Тъизмудæ авд æрвадей еунæг хуæрæ адтæй. Æ конд, æ уиндæн н' адтæй Тъизмудæн. Коргутæ 'й куд н' адтайдæ 'ма некæбæл æнвæрстæй.

Æхецæн уæлеуат авд надей астæу гъæдин мæсуги сæрбæл искæнун кодта, уордæмæ бацудæй 'ма, æнæ æндæмæ рацæугæй, и нæдтæбæл ка цудæй, уонæбæл фауи фаутæ æвардта æ унæути цъухæй.

Сослан нæрæмон адтæй 'ма уотæ зæгъуй:

– Мадта мæнбæл ести фау исæвæрдзæнæй?

Æма имæ бамийнæвар кодта.

Тъизмудæ имæ е усхъи сæрæй дæр нæ ракастæй.

Уонтæбæрзонд æма сæргубурæй иссудæй Нарти Устур нихæсмæ 'ма дзоруй адæми æмбурдмæ:

– Дæлæ денгизи билæбæл еу налат силæ исæнтæстæй, адæммæ æндæмæ нæ кæсуй, æхуæдæг ба, авд надебæл кадæр цæуй, уонæбæл æнæ фауи фаутæ æвæруй. Нур ба имæ ниццæуæн 'ма 'й дортæй рамарæн, кенæ ба не 'нккæтей дæр сæрæвгарст кæнуй.

Нарти дзæбæхтæ ин загътонцæ:

– Нартæн ходуйнаг уодзæнæй еу сабийи туххæн уордæмæ ниццæун 'ма уобæл дортæ калун, фал ин дæхуæдæг ба, ци амал ерис, уомæй ести фæрæзнæ кæнæ!

Уордигæй фæстæмæй ибæл Сослан зелун райдæдта 'ма ин неци мадзал ирдта. Уæдта æ фæстаг бон къæсибадæг уосæмæ æрцудæй. Е ба ин загъта:

– Мæ бон дин неци 'й, фал сау гъæди астæу устур мæрæ ес. Уой астæу ба сау кæлдæ. Уой буни ба узун бадуй 'ма уой бафæрсæ, 'ма дин е бæрæг зæгъдзæнæй.

Сослан хæтун райдæдта сау гъæди 'ма ин и къæсибадæг ци æрдозæ амудта, уой иссердта. Ра 'й зелæнтæ кодта 'ма и кæлди рази ниллæудтæй, 'ма дзоруй:

– Ами цæрæг ка ес, – де 'уазæгмæ ракæсæ!

Узун дæр уотæ тагъд кæми æзмалдайдæ 'ма имæ æртиккаг гъæри ба туххæй рацудæй. Сослан ин радзубанди кодта, цæй туххæн æрцудæй, уой. 'Ма ин и узун загъта:

– Неци мадзалæй уæмæ рацæудзæнæй, фал æгас Нартæн дæр зæгъæ 'ма алкедæр, цæмæй косуй, уони хæццæ, æ усхъитæбæл сæ æриварæд, 'ма уотемæй кизгæй дæр, уосæй

дæр, зæрондæй дæр ’ма лæхъуæнæй дæр авд надей астæу Тъизмуди уæлеуати буни синдбæл нихкуæцетæ, уæдта уæмæ зиндзæнæй.

Сослан Нартæмæ æрбацудæй ’ма дууæ федогемæн загъта:

– Фæгъгъæр кæнетæ: исони бони цæунгъон ка ’й, етæ еугурæй дæр авд надей астæумæ Тъизмуди уæлеуати бунмæ куд рацæуонцæ ’ма уоми, ка цæмæй косуй, етæ сæ усхъити, уотемæй зилдæй синдбæл куд нихкуæцонцæ, уотæ.

Уæллаг синхи федог Цæразон, Дæллаг синхи федог ба Сибека – рацудæнцæ ’ма фæгъгъæр кодтонцæ. И дуккаг бон ба Нартæ рамбурд æнцæ Тъизмуди уæлеуати бунмæ ’ма синдбæл исхуæстæнцæ.

Нарти уоститæй, кæмæн æ усхъæбæл амæнтæн, кæмæн пахса, кæмæн сагойнæ, уотемæй семунцæ. Нарти æгæнон синди хабар райгъустæй æгас дуйнебæл ’ма имæ цæун райдæдтонцæ. Сау хонхи Сау уæйуг дæр еци синдмæ рацудæй: æ еу усхъæбæл устур къæйæ Сау хонхæй, е ’ннæ усхъæбæл ба Уорс хонхæй ’ма уотемæй синди нихкуæстæй.

Ци расиндтонцæ, уæдта Сау хонхи Сау уæйуг æхе исцагъта ’ма къæйтæ æркалдæнцæ, ’ма, фæрстæмæ к’ адтæй, уонæй кедæрти никъкъуæрдтитæ кодтонцæ. И дуккаг бон дæр бабæй æрцудæй ’ма ’й уæдта Хуцау Хæмици фурт Батрази размæ хуæст фæккодта. Батраз ин семгæй æ къахи уæлфадбæл фефсардæй ’ма Сау хонхи Сау уæйугæн æ къах æ фадигъолæй дæлæмæ уоми райзадæй.

Уæйуг æхе райвазта ’ма ’й Батраз дæр æхердæмæ æрбайвазта, ’ма и уæйугæн æ цонг фелвæстæй. Сау хонхи Сау уæйуг нийæх кодта ’ма рандæ ’й цонгой æма къахойæй æ фиди хæдзарæмæ. Æ фидæн рагъæститæ кодта ’ма ин е ба загъта:

– Нæ дин загътон, ма цо Нарти синдмæ, еске дæуæй хъаурæгиндæр разиндзæнæй!

И æртиккаг бон бабæй Сау хонхи Сау уæйуг рацудæй ’ма ’й Хуцау Нарти устур Хумбарбæл æрцæун кодта. Е ба уæд сæдæ готонемæй хумæ кодта. Кæрæдземæн райарфитæ кодтонцæ, радзубандитæ кодтонцæ ’ма Нарти устур Хумбар дæр Нарти æгæнон синдмæ ранæхстæр æй.

Сæдæ æфсæни ’ма сæдæ дзиргъæги æ дууæ усхъебæл æрауигъта, уотемæй дзæнгал-мунгулгæнгæ Нарти устур Хумбар Нарти æгæнон синди нихкуæстæй. Хумбар æхе ку сцагъта, уæд сæдæ æфсæни ’ма сæдæ дзиргъæги сæдæ æвзагемæй исуастонцæ. Тъизмудæ уой ку æригъуста, уæд нæбал фæллæудтæй ’ма мæсуги сæрæй рахизтæй.

Раст еци сахат ба Нарти Уорæзмæги дæр Хуцау уордæмæ æрбахаста. Æсхъæр, уормег, Нарти хæзнатæ: церхъæй, æндæрæй æ уæле адтæнцæ, уотемæй Нарти устур уорс æрфæнбæл бадтæй. Рафестæг æй æма синди нихкуæстæй.

Тъизмудæ дæр рацудæй синдмæ æма Уорæзмæги е усхъи сæрæй райста. Тъизмудæ Уорæзмæги бацæй. Æ уорс æрфæн син федауæггаг равардта. Æ саргъ е усхъи, уотемæй бон æнгъудæй сæхемæ ранæхстæр æй.

Синд рахæлеу æй ’ма Æхсийнæмæ бахабар æй, Тъизмудæ Уорæзмæги е усхъи сæрæй райста ’ма ’й Уорæзмæг æхецæн бийнонтæн хонуй, зæгъгæ. Æхсийнæ дæр мæсуги сæрæй фæккастæй ’ма Уорæзмæги будури, æ саргъ е усхъи, уотемæй ниууидта. Æ зæрдæ цæмæннæ ниммæгур адтайдæ ’ма бацудæй, ’ма сæддæндагон æхсинæнтæбæл гъун перонгом кодта, уотемæй æхсидта.

Уæдмæ ба Уорæзмæг дæр исхъæрттæй ’ма имæ ходæзмолтæй дзоруй Æхсийнæ:

– Ци ’й а, нæ хецау? Нурмæ дæ дæ бæх ку хаста, нура дæхуæдæг дæ бæхи хæссун ку райдæдтай?!

Уорæзмæг дæр ин рахабæрттæ кодта ’ма ин бæдæйнаг уосæ зæрдитæ раивардта:

– Рахуссæ, уæдта де ’нгъудмæ куд рахъæртай, еци афони ба дæ æз игъал кæндзæнæн.

Уорæзмæг дæр афæй балци адтæй ’ма бæхвæлладæй рахустæй. Æхсийнæн искурдиадæ адтæй ’ма и хæдзари фæрстæ мæйтæ ’ма æстъалутæ фестун кодта.

Ци рахустæй, уæдта Уорæзмæг фегъал æй ’ма дзоруй Æхсийнæмæ:

– Ра мæ рæвдзæ кæнæ, цæун афонæ мин æй ме ’нгъудмæ.

Е ба ин загъта:

– Арвмæ нæ кæсис, нерæнгæ ма æмбесæхсæвæ дæр ку нæма ’й, рахуссæ бал, уæдта цæудзæнæ!

Уотемæй æй къулумпигæнгæ цудæй ’ма ’й е ’нгъудмæ нæ рауагъта.

Уорæзмæг е ’нгъудмæ ку не ’рцудæй, уæд уордæгæй фæстæмæ ба Тъизмудæ исуæгъдæ ’й ’ма бабæй имæ коргутæ цæун райдæдтонцæ. Хъæрæм Саухали фурт Хъæрæм Солтан уой ку фегъуста, уæд æ уорс аласабæл æхе багæлста

’ма ранæхстæр æй Тъизмуди корунмæ. Æгас надæндæргъцæ Хъæрæм Солтан еунæгæй дуурдæмæ гъазгæ цудæй ’ма сæдæ бæхгиней бæрцæ зиндтæй. Тъизмуди мæсугмæ æрхъæрттæй, æ бæх бафæскъох кодта ’ма бацудæй и кизгæмæ, ’ма ин загъта:

– Бийнонтæн дæ агорун, нур ба мæ дæхецæн исаккаг кæнæ, Хъæрæм Солтан, Хъæрæм Саухали фурт дæн, Сау денгизи билæбæл мæ цæрæнтæ ’ма мæ бæстæ.

Е ба ин загъта:

– Фæддæмæ цудайнæ, фал дæмæ неци фæццæудзæнæн!

Хъæрæм Солтан дæр рацудæй ’ма бабæй æ бæхбæл уотæ гъазгæ ранæхстæр æй.

Тъизмудæ æ фæсте кастæй ’ма имæ радзорун кодта. Хъæрæм Солтан æрбацудæй ’ма ин е загъта:

– Цæун дæмæ, фал денгизи синдзæмæ ниццо. Уоми Сау робас бадуй. Уой рамарæ, æ думæг ин дæ ходи æскъели ниццæвæ, куд дæ фæсмæрон, уотæ. Дæхуæдæг ба Бецени рæсугъд кизгуттæй инсæй, Ногъаййи лæхъуæнтæй инсæй, уони ба æхсæн-мæхсæнти исбæттæ ’ма уони æрбаскъæрæ, ’ма уæдта дæу уодзæнæн!

Хъæрæм Солтан денгизи синдзи хæтун райдæдта ’ма е ’фсæн гебунтæ исхаудтæнцæ, æ приска æсгæлладæ цохъа дæлтæ-уæлтæ бафехсудæй, æ аласай къæхти тог дæр алли æрдой бунæй калдæй, уотæ фæххаттæй. Æрæгиау ба и Сау робас иссердта: ра ’й мардта, æ цар ин нистъигъта, уотемæй Бецен æма Ногъаймæ лæбурди рандæ ’й.

Беценæй инсæй кизги, Ногъайййæй ба инсæй лæхъуæни, уони æхсæн-мæхсæнтæ баст искодта, уотемæй сæ ратардта.

Бецени æма Ногъаййи фæдес ибæл истухтонцæ ’ма ’й и дуурæ фæдеси æставд цæфтæ ’ма листæг цъæрæмухститæ никкодтонцæ, уæддæр син нæ басастæй ’ма фонсиконд Тъизмуди мæсуги бунти баскъардта:

– Æнирай си искæнæ!

Нур ба æз мæлгæ кæнун, зæгъгæ, ’ма и бæхи къембур ра–къуæрдта, ’ма æ хæдзарæмæ туххæй исхъæрттæй.

Адæм ибæл æмбурдтæ кодтонцæ. Хъæрæм Солтан дæр дуурдæмæ рафтауæ-бафтауæ кодта. Уалæнги Тъизмудæ бæхтæ раефтиндзун кодта хъæндзалгун уæрдунбæл ’ма æ сæргъи балæудтæй. Æ гузавæ сæйгæ ин ку базудта, уæд загъта адæмæн:

– Нури уæнгæ мæ цæсгон адæмæн нæ фæйнун кодтон, нур ба ходуйнаг ма уæд, Хъæрæм Солтани уинунмæ мæ рауадзетæ!

Адæм дуурех фæрсагæй ралæудтæнцæ ’ма сæ астæути бацудæй Тъизмудæ. Æ цæфтæ ин фæйдта ’ма загъта адæмæн:

– Ходуйнаг ку уа, уæддæр нæ хебæрагæ бауагътæ.

Адæм рацудæнцæ. Тъизмудæ дæр æхе рабæгънæг кодта ’ма Хъæрæм Солтанæн æ царæй фиди астæути ралæстæй, ’ма æ мадæй райгурæгау иссæй. Уотемæй Хъæрæм Солтан æма Тъизмудæ, абони уæнгæ дæр ма, лæг æма уосæй цæрунцæ.

НОКАРИ ФУРТ ÆХСÆ-БУДАЙ

Нокари фурт Æхсæ-Будай цардæй Уæрппи сæри æма адтæй берæ хъабагъти хецау. Ци дзиллæ нæ басаста, уæхæн ин нæбал адтæй Нартæй фæстæмæ.

Нокари фурт Æхсæ-Будай Нарти басæттун фæндæ искодта æма æ устур хъадирбæл ранæхстæр æй. Бæхæн хъадир дардта. Сослан уой ку фегъуста, уæд рæуæнттæй рандæ ’й балци. Сослан рауон-циуон адтæй.

Цидæр адтæй, æ фусун Уорæзмæгмæ æркодта. Æрæхсæвæ ’й, æма Сослан æхецæн иуазæгдони уат кæнун дæр нæ бауагъта, хæдзарæй фæстæмæ.

Æхсæ-Будай и Нартбæл æстæмæй-астмæ ниббадтæй. Æхсæвæ гал равгæрдидæ, бонæ гал, уотемæй сæ сæ уодтæбæл искодта. Кизгæ кизги æгъдаубæл нæ уагъта, ностæ ности фæлхæнбæл нæ уагъта. Тухæ син кодта алцæмæй дæр æма и Нарт сæ уодæн нæбал адтæнцæ.

Æхсийнæ еци бони æраиста Уорæзмæги фурти Айсанай. Гъæдин саг ин искодта, раледзгæ куд адтайдæ, уотæ. Никки ба ма ин Æхсийнæ æ еу фарси ходгæ хор, е ’ннæ фарси ба цогæ мæйрохс искодта, æ уонти астæу ба сайнæг æстъалу æма æй уотемæй рарвиста Уæрппи бунмæ, æхецæн ба ин ниффæдзахста:

– Æхсæ-Будаййи уосæ дæ ескæми ку фæйна, уæд дин цалинмæ хъæбæр балихстæ кæна, уæдмæ имæ ма баздæхæ.

Айсана Уæрппи бунмæ бацудæй. Уоми ба Æхсæ-Будаййи

уосæ Уорс хонхи билæбæл бадуй æма æлвесуй: конгъæдæ – е ’лхуйнæ, куронфид – æ уæдæртæ,ræвæйнæ ба – æ халæ, уотемæй е ’лхуйнæ хонхи бунмæ хъæртуй.

Айсана расурдта и саг, фæ ’й æхста, ба ин нисан кодта, цауæйнон куд фæууй, уотæ. Лæкъæф е ’рагъи ракодта æма ранæхстæр æй. Уотæ ба ’й и уосæ фæйдта æма имæ дзоруй:

– Æлдар-Хуар-Æфсатий мæ мади æрвадæ ’й; никкидæр дин ракордзæнæн æма æрбаздæхæ!

Уа, нæ уа ку нæ ’здахтæй, уæдта ибæл Хуцауи багъардта æма Айсана дæр баздахтæй. И уосæ æй æ уæдæртæбæл исиста уæлбилæмæ. Уоми кæрæдзей зæрдиуаг ку иссердтонцæ, уæд Æхсæ-Будайбæл маруни фæндæ искодтонцæ. Уосæ загъта:

– Мæлæт ин нецæмæй ес мæ сæри хецауæн, уæртæ и кири минкъий болат хъæмайæй ин æ тæрнихи уорс æстъæлфæ ку нæ рацæвай, уæд.

Айсана и кирæмæ хатиагау исдзурдта, кирæ байгон æй æма исиста и хъæма. Уæдта æй и уосæ æ уæдæртæбæл æруагъта зæнхæмæ.

Æхсæ-Будай Нарти æ разæй куд ракодта æма, Æхсийни хæццæ еумæ куд бадтæй, уотæ нихъхъæрттæй Айсана дæр. Нур мæмæ хицæ кæндзæнæй, зæгъгæ, уой балæдæрдтæй æма Хуцауæн искувта, сæ астæу устур бурæу куд фестадайдæ, уобæл.

Æхсæ-Будай Айсанай ку æруидта, уæд æй расурдта æма сæ астæу бурæу фестадæй.

Æхсæ-Будай дæлгоммæ бахаудтæй бурæуи. Айсана дæр имæ фæццурд æй æма ин æ хъæмайæй æ тæрнихи уорс æстъæлфæ расæрфта. Уотемæй, Æхсæ-Будай уоми ниххæрнæгъ æй.

Нарт æрбаздахтæнцæ. Айсана ба цæун райдæдта æма Уæрппи бæрзондмæ иссудæй. И уосæ фæгъгъæр кодта æ адæмбæл:

– Æхсæ-Будай Нарти басаста æма æрбарвиста, цæрунмæ уордæмæ куд æрцæуайтæ, уотæ.

Айсана и уоси æхецæн бийнонтæ искодта, адæми ба æракодта Нартмæ. Айсанайæн æ фиццаг фонсиконд дæр æма æ фæстаг фонсиконд дæр е адтæй.

ЕЛÆХСÆРДТОН ÆМА НЕГОР ÆЛДАР

Æлæхсæрдтон æма Негор æлдар дууæ адгин æнсувæри адтæнцæ. Уонæн ба адтæй еунæг хуæрæ, æ ном Агундæ. Е ба адтæй Асти уосæ. Астæмæ ба уæхæн уорс аласа адтæй, æма ибæл изæрæй ку рабадтайсæ, уæд арви къабæзти æртæ зилди кодта.

Елæхсæрдтон хæтæг лæг адтæй ’ма фæццудæй Астæмæ, ’ма ракурдта и бæхи балци кæнунмæ. Астæ ин загътонцæ:

– Ду нин нæ бæхæн æ фид корис, фал дин маха æ сæр дæр ма ратдзинан, – ’ма ин и аласа медæгдон æма медæгхуарæй хæссун райдæдтонцæ.

Еу хатт кæми адтæй, уоми Негор æлдар Нарти нихæсмæ рацудæй ’ма уоми æртæ лæхъуæни дзубандитæ кодтонцæ:

– Цума и Асти уорс аласа радавун дæр еске бафæраздзæнæй?!

И лæхъуæнтæй сæ еу уотæ загъта:

– Не ’нгъæл дæн! Еци гъуддаг неке арми бафтуйдзæнæй, Негор æлдари арми ку нæ бафтуйа, уæд.

Иннæ ба уотæ:

– Нарти кæркитæ ’ма гогузтæ, хъæзтæ ’ма бабузтæй æндæр æ арми ку неци бафтуидæ! Мадта и Асти уорс аласа е ку нæ радава, уæдта ци фæууодзæнæй!

Негор æлдар еци дзурдтæ æ зæрдæмæ байста ’ма исфæндæ кодта Нарти уорс аласа радавунбæл.

Еу хатт кæми адтæй, уоми бацудæй æ хуæрæмæ ’ма ин загъта:

– Уæ уорс аласа мæ арми цæмæй бафтуйа, уой мин байамонæ, кенæ ба хуæр-иурст æма хуар-æвдесæн куд бакæнæн, уотæ!

Агундæ ба ин загъта:

– Цæмæн уотæ зæгъис, нæ хецаутæ и бæхи Елæхсæрдтонæн медæгхуар æма хуасæй ку хæссунцæ, уæд?! Дæ хæлар æрвадæ уой ку базона, уæд дин ци зæгъдзæнæй?

– Цидæр æй, уæддæр ин æнæ радавун нæйййес, – разагъта Негор æлдар.

На, нæ уа дæр мадзал ку нæбал ирдта, уæдта загъта Негор æлдарæн Агундæ:

– Нæ бæхæн фиццаги-фиццагдæр гæсæн ес еу сауæдон. Е ба æсмаг уотæ кæнуй, æма ин е смаг уорамун неке фæ-

разуй, ’ма уой ци мадзалæй бафæраздзæнæ ниуазун? Дуккагæй ба тауæг фæткъу, æ тауæг æсмагæй æ рæзти рацæуæн кæмæн нæ ес, уæхæн. Уæдта æфсæнцъух берæгъ æма æфсæнцъух хъæрццигъа. Уонæй ку баервæзай, уæдта Тула æма Тулабег æ дуаргæстæ ’ма дæ етæ уæддæр мардзæнæнцæ. Уонæй дæр баервазтдæ, уæдта æ дуарбæл къума ’ма ’й ци мадзалæй байгон кæндзæнæ? Е дæр дин ку байгон уа, уæдта дуарæй и бæхмæ ес нарæг хед, æма ибæл куддæр бамбæлай, уотæ уасæнги уаст никкæнуй ’ма дин уæдта æнæ базонун æма рамарун нæ ес.

Хуарз, е ба неци кæнуй, зæгъгæ, загъта Негор æлдар æма рандæ ’й сæ хæдзарæмæ. Æхе цæттæ кæнун райдæдта ’ма исаразта дууæ фурдзар кæрци, нæл фуси фæхсун, фаги къæсса, сойни æвгæд сæдæ дæгъæли ’ма уотемæй ранæхстæр æй и Асти уорс аласа давунмæ. Цæун райдæдта ’ма и бæх сауæдонæмæ бахæстæг æй.

Е смаг ин æ бæхи финдзи хъæлтæ ниццавта ’ма ’й фæстæмæ кæсгон хумæ ’ндæргъцæ рахаста. Негор æлдар дæр æй æрцæфтæ кодта:

– Куйтæ дæ бахуæрæд, ду мæ еци дзæхдонæй ниуазун ку нæ бауадзай, уæд!

И бæх дæр багæпп кодта æма баевгъудæй сауæдонæбæл. Негор æлдар рахизтæй æ бæхæй, сауæдонæй баниуазта ’ма загъта:

– Ох, ох, ох! Аци донæй адгиндæр дон нæма баниуазтон!

Фæндараст фæууо, мæнбæл ка банвæрстæй, зæгъгæ, имæ исдзурдта и сауæдон.

Цæуй Негор æлдар ’ма бабæй æй æ бæх фæстæмæ райста. Е дæр æй никъкъæрццитæ кодта:

– Куйтæ дæ исхуæрæд, ду мин еци адгин фæткъуйæй хуæрун ку нæ бауадзай, уæд!

Бæх маргъау батахтæй бæласи цорти. Негор æлдар дæр фæффестæг æй ’ма еу фæткъу рахуардта, ’ма:

– Ох, ох, ох! Ци адгин рæзи муггаг æй, – исдзурдта.

Фæндараст фæууо, мæнбæл ка банвæрстæй, зæгъгæ, имæ исдзурдта и бæласæ дæр.

Цæуй, цæуй, уотæ ба имæ и æфсæнцъух берæгъ æма æфсæнцъух хъæрццигъа сæхе рауагътонцæ. Негор æлдар дæр нæл фуси фæхсун берæгъæн рагæлста, фаги къæсса хъæрццигъайæн райтудта.

– Фæндараст фæууо! Астæ нин цъæмæлтæ дæр, кенæ ба къабеллаг дæр некæд равардтонцæ.

Уонæй баевгъудæй ’ма имæ бæхи дуаргæстæ Тула æма Тулабег сæхе рагæлстонцæ. Негор æлдар дæр син фæйнæ фурдзар кæрци равардта ’ма ин над равардтонцæ. Дуармæ бахъæрттæй, и дæгъæлтæ æвзарун байдæдта ’ма ’й еу дæгъæлæй байгон кодта. Уæдта, и сойнæ тайун гæнгæ ’ма уомæй и хед исæрдгæ, уотемæй и хед æрфæлмæн кодта, хъист дæр нæбал кодта, уотæ ’й искодта ’ма и бæх раласта.

И бæх æ къохи ку бафтудæй, уæд æрдæг изæр фæййауон уидæ ’ма бонивайæнмæ кизгæ ’ма лæхъуæни хæццæ фездæхидæ. Уони ба рабæттидæ æ хуæрæ Агундæмæ.

Цæй бæрцæ ибæл рацудæй, уæд Елæхсæрдтон æрцудæй ’ма Асти бæхи давд фегъуста. Фæ ’й агурдта арви кæрæнтти ’ма ’й кæми иссердтайдæ, и бæх сæхемæ уогæй.

Уæд е бафарста къæсибадæг уоси ’ма ин е ба загъта:

– Ахсæви дæлæ Нарти устур хедбæл бадæ ’ма дæ бæх дæ къохи бафтуйдзæнæй!

Раизæр æй. Негор æлдар дæр балци ниффардæг æй. Æхсæвæ Елæхсæрдтон и хеди гъосмæ ниццудæй, уоми æхе баримахста æма гъæуай кæнун райдæдта. Бон ивайун куд райдæдта, уотæ ба Негор æлдар, кизгæ ’ма лæхъуæн æ фæсабæрцæ, уотемæй и хедбæл æрбацæйцудæй. Хеди астæумæ ку æрбахъæрттæй, уæд æй и бæх фæстæмæ райста.

– Куйтæ дæ бахуæрæд, кæд Нарти нæртон Елæхсæрдтон дæ рази нæ бадуй, уæд!

И бæдæйнаг бæх æрбатахтæй. Елæхсæрдтон дæр æй фехста ’ма Негор æлдар бæхæй рахаудтæй. Елæхсæрдтон иссудæй ’ма е ’рвади ку æрфæсмардта, уæдта никкудтæй:

– Мæхе фид ку бахуардтон!

Сæумæ фæффæдес кодта. И Нартæ æрæмбурд æнцæ. Æрхи табæт ин искодтонцæ ’ма и марди цæнгтæн райаразун мадзал нæ ирдтонцæ, ци нæ син кодтонцæ, уæддæр фæйнердæмæ итигъдæй лæудтæнцæ.

Уæд имæ Агундæ рацудæй гъарæнгæгæнгæ; кизгæй, лæхъуæнæй ке ’рхаста, уонæй еу къуар сæхемæ баримахста, æндæра етæ дæр æ хæццæ, уотемæй. ’Ма и мард æ рахес къох рараст кодта е ’ндæргъцæ. Е ’ннæ цонгæн ба ин мадзал нæ ирдтонцæ.

Агундæбæл исгурусхæ ’нцæ:

– Амæ ма ести уодзæнæй, – ’ма имæ Нартæ батхалдтонцæ.

Е дæр фефсæрми æй ’ма иннети дæр рахудта. Етæ ку рахъæрттæнцæ, уæдта и мард е ’ннæ цонг дæр рауагъта ’ма ’й æрхи табæти байвардтонцæ.

Елæхсæрдтон ба уони хæццæ цæргæ байзадæй.

УАСГЕРГИ ’МА ÆНÆ ФИНДЗ МАРГЪУЗ

Уасгерги фæууй Уæларвон цæрæг;
Дууæ уоси ин; Уæллаг дзиллити
Цæруй сæ хестæр, Дæллаг дзиллити
Цæруй сæ кæстæр, Къурпи бæрзондбæл.
Цæттитæ кæнуй æхе Уасгерги,
Цæунмæ гъавуй афæдзи балци.
Æ хестæр уосæ зæгъуй кæстæрæн:
«Исони бон æй нæ лæги нæхстæр,
Дæуæн ба нур дæр дæ хуйуйнæгтæ

Уæртæ лæууцæ æрдæг кæрститæй,
Æрдæг кæрститæй, æрдæг худтитæй.
Ходуйнаг, мæ йарт! Курондзаутæ ’ма
Дондзау уоститæ зар скæндзæнæнцæ,
Уой нин базонгæй, нæ дууебæл дæр».
Кæстæр æмигир уæд æ медбилтæ
Баходуй æма дзиуапп саразуй:
«Уанæбæрæг ма куд æхцул уисæ
Нæ лæгбæл, мæ хор, æнæ финдз Маргъуз
Куд æй алцæмæй, уотæ ку уайдæ».
Нецибал дзоруй хестæр уосæ дæр,
Фал баиваæруй сау маст æ зæрди.
Æхсæвæй ’ссæуй хестæр уосæмæ
Уасгерги, уинуй, мæтъæлæй бадгæй,
Къæразги рæбун æ рæсугъд уоси.
«Ци кæнис? – зæгъуй. – Дæ хуарз цæгатæй
Маке ’рбахæссæд фуд хъонцци хабар».
– Мæ хурфæ содзуй, мæ сæри хецау,
Мæстæй абонккæй: нæ Къурпи бадæг,
Дæ хуарз æфсийнæн, айсоми зæгъун:
«Дæ хуйуйнæгтæ ратагъддæр кæнæ!»
Хуæздæр дзурдæн мин уотæ фæккодта:
«Æнæ финдз Маргъузи хузæн ку уайдæ
Алцæмæй æнхæст, уæд ибæл цума
Куд æхцул уисæ – уæд æй дæхецæн
Хъури æгъæнæгæн бæргæ дарисæ».
Ходуй Уасгерги æма фæррохс уй
Аварæ уомæн æ худтæй æваст:
«Цитæ мин дзорис... уæхе нимæри
Кунæг зæгъдтæлтæ сумах нæ кæнтæ».
И сæумæ фестуй æма ниццæуй
Дæллаг дзиллити кæстæр уосæмæ:
«Ку нæ разинна æнæ финдз Маргъуз,
Куд зæгъис, уотæ – мæгур дæ къоппа,
Дæ сæри къоппа! Ис дæ бæтдзæнæн
Емиллæг бæхбæл, тъæпæн будурти
Радæуадздзæнæн еци хузæнæй.
Æцæг к’ уа дæ дзурд, – дæуæй адгиндæр
Нæбал уодзæнæй мæнæн дуйнебæл».
Уасгерги сбадуй æ уорс æфсорхъбæл,

Ни ’й цæфтæ кæнуй æвзестæ æхсæй,
Будуртæ дауй уомæн е ’хси къæрцц,
Будуртæ дауй, хуæнхтæ арауй.
Цæун байдайуй идард бæстæмæ,
Æ цуд не ’халуй сæумæй изæрмæ.
Изæри цæуй æхсæвæртæмæ.
Идардмæ уинуй арти цæститæ,
Æ гъоси цæуй бæхгæси гъæртæ.
Идардæй сæмæ ку багъæр кæнуй.
Ра имæ уайуй фараст лæхъуæни,
Е ’донæбæл ин фæххуæцунцæ ’ма:
«Медæгмæ ’уазæг», – зæгъгæ, зæгъунцæ.
Нивгæрдунцæ ин æнæ бадт байраг,
Хуарз æй хинцунцæ. Сæумæ ку фестуй,
Ку рафæлгæсуй – будур нæ зиннуй,
Дзурд дæр не ’гъусуй бæхти гур-гурæй.
Сæ бæхгæстæ ’нцæ фараст фарасти,
Хъойрагъти хæццæ, архъанти хæццæ.
Бæхтæ раздæхун туххæй комунцæ.
Фæрсуй Уасгерги: «Атæ кети ’нцæ?»
«Ани хецау æй æнæ финдз Маргъуз,
Æр нæмæ кæнуй анзæн еунæг цуд
Æма фæлласуй бæрцæлвид байраг».
«Æ цæрæн кæми ’й, кæми гъæубæсти ’й?»
«Хуарзæй-фудæй ин неци лæдæрæн».
Бæхбæл фæббадуй æвæсмард ’уазæг,
Бæхбæл фæббадуй, бон-сауизæрмæ
Цæун байдайуй уæларвон бæхбæл.
Галæргъæуттæ ’ма къамбецæргъæуттæ,
Идзаг фæздойнæ – хуæрдгун гъоцитæ
Зиннун байдайуй нæ хуарз бæлццонмæ.
Уонæн сæ уотар – æгас гъæубæстæ,
Се стæнтæн ахæст – æгас будуртæ,
Сæ нимæдзæ син туххæй ерунцæ,
Минтæй нимайгæ – сæ гъонгæстæ дæр;
Уасгергий размæ æрацæунцæ.
– «Уæ фонс беурæ уа!» – «Беурæ фæццæрæ!
Изæр æй, ’уазæг, махæн нæ рæзти
Некæд фецауй фæллад бæхгин лæг.
Мах дин фусун ан, фусун, иуазæг».

Дууæ æхсæви ’й нæ рауадзунцæ,
Æвгæрдунцæ ин бонæн ионуг,
Хуарз æй уинунцæ хуæрдæй-ниуæзтæй.
Етæ Уасгергий нæ фæсмæрунцæ.
Æ нæхстæрбæл син уотæ ку зæгъуй:
«Аци мийнасæ ке фæрци кæнун,
Уой ку нæ зонун, циуаваæр лæг æй?»
«Махæн не ’лдар æй æнæ финдз Маргъуз,
Æ фонси бæрæг райсунмæ анзæн
Еунæг цуд кæнуй, – идард кæмидæр
Цæруй æхуæдæг; исон рæфтæмæ
Ду фембæлдзæнæ æ фиййаутæбæл,
Уонæн зундгонд æй æ гъæумæ фæндаг».
Райарфæ кæнуй, рафæндараст уй,
Цæун байдайуй уæларвон бæхгин.
Бонæ ку цæуй – е ’мбал æй сах хор;
Æхсæвæ цæуй – æ над амонæг
Арвæн е ’фсийнæ – рохс цæсгон мæйæ,
Сæумон æстъалу – æ сæумон æмбал.
Рæфти нихъхъæртуй урух тагæмæ,
Донбæл бадунцæ фустæ ’ма сæгътæ,
Фустæ ’ма сæгътæ дори арæхæн.
И дони æрхæ бæлæсти æхсæн
Уонæй сау даруй кæрæй-кæронмæ,
Кæцæйдæр цæуй хæтæли цæгъдун,
Хæтæли цæгъдун – æнгом æрдзæфгъæр.
Зилдæй бадунцæ инсæй лæхъуæни
И хорæфтуди, бæласи буни;
Еу си ку цæгъдуй, дууæ си кафуй,
Дууæ си кафуй рагон кæсгон кафт.
Сæ уосонгæмæ ’й ку бахонунцæ,
Уазал месин ин æрбадавунцæ,
Æрбавгæрдунцæ нард хæрсгæ далис,
Æрбакъæр-къур уй ухстбæл фезонæг.
«Маргъуз фæдзахста махæн, – зæгъунцæ, -
Æрцæуæггаги губун æфсадун.
Хуарзи хабар дæр, фудкойгæнæг дæр
Нæ царди астæу бæлццон лæг фæууй».
Æртæ ’хсæви ’ма æртæ даргъ бони
Етæ хинцунæй нæ ауæрдунцæ.

Цуппæрæймаг бон æ дзоргъа бæхбæл
Рафæндараст уй ’уазæг Маргъузмæ.
Къулдуни сæрæй кæсуй дæлæмæ,

Кæсуй дæлæмæ: урух будурбæл
Гъæу нитътъæпæн æй, æ бæрæг астæу
Гъæуæн æрттевуй даргъ ’уазæгдонæ,
Хорау æрттевуй и цъæх зæлдæбæл.
Æ бæх уордæмæ уæд нийййаразуй,
Рæуæг бацæуй ’уазæги цудæй
Æма ниллæууй Маргъузи тургъи
Уæларвон бæхгин, æвæсмард цæуæг.
Ра имæ цæуй асæй рæстæмбес,
Æ уиндæ – неци, гурæй дæр – уотæ,
Сæгъдзар бор ходæ, цъæх цохъагин лæг.
Бæхæй Уасгергий æрхезун кæнуй,
Æ цъæх нимæт ин исесуй æма ’й
Бахонуй, базбæл пилæстæг сирей

Æрбадун кæнуй хуарз иуазæги.
Дзоруй Уасгерги: «Маргъуз мæ гъæуй».
«Маргъуз дæ размæ ’й», – зæгъуй ин е дæр.
Ниддес уй ’уазæг æхе нимæри:
«Циуавæйраг æй – Хуцауи дессаг -
Мæнæн мæ фусун; æ уиндæ – неци.
Хузæнæн ма ин финдз дæр ку уидæ.
Æ кой ба кæми ’й, æ фонс дæр ахид!»
Уомæй дессагдæр е ’уазæгдонæ:
Æрхи – æ фæрстæ, æ сæри астæу
Цирагъи бæсти сæумон æстъалу;
Доммаййи сиутæ æ рагъæнтæ ’нцæ,
Уонæбæл ауигъд – æ тохæн гæрзтæ.
Сæнт уорс пилæстæг æ бадæнтæ ’нцæ,
Уонæбæл æфтуд – рæсугъд дангъатæ.
Уалдæнмæ ибæл изæрæрдæмæ
Æмбурдтæ кæнуй беурæ адæмтæ,
Рæнгъæй и дуармæ даргъ ’уазæгдони
Етæ лæууцæ ’уазæги сæргъи.
Хинцун байдайуй фусун ’уазæги:
Сæумæ ин – уорс гал, цъæх гал – æхсæвæ.
Æстæмæй-астмæ ’й некумæ уадзуй.
Игъæлдзæг уогæй хуæрдæ-ниуæзтæй,
Уæгæ нæ кæнуй идардæй бæлццон.
Æстæймаг бони зæгъуй Уасгерги:
«Фæлдад дзабурæй хъæбæрдæр нæрсуй
’Уазæг æдзохдæр хуæрдæ-мийнасæй!..
Никки февулæд дæ беурæ фонс дæр;
Фал æз бадунмæ дæумæ нæ цудтæн.
Загътон мæ зæрдтæй, Маргъузи хæццæ
Лæбурди еу цуд ку фæккæнинæ;
Дæу фæрци, Маргъуз, нæхе бæстæмæ
Де ’знæгти фонсæй ку фæттæринæ».
Маргъуз радзоруй: «Мæ бæх, лæхъуæнтæ!»
Æрбаласунцæ губунгин бор бæх,
Губунгин бор бæх, æ цæсти къеутæ
Халони æстæ; зулун къæхтæ ’ма
Дони хъаймагъæй – æ дæлхъуртæмæ,
Къæндзæги буни – æ еугур барцæ,
Байрæгути хуæрд – æ цубур думæг.

«Гъе, уæууæй, Маргъуз, – дзоруй е ’уазæг, -
Ци мæрдцæстæ дæ, дæхецæн дæр ма
Хузæнæн бæхбæл ауæрдгæ кæнис?
Уомæй хуæздæр бæх нæбал иссердтай?
Ра ’й уадзæ, е ба хæта хæмпæлти,
Фагус æзмæнта æ даргъ сæфтгутæй».
«Нæ даргъ фæндагбæл бæрæг уодзæнæй! -
Зæгъуй ин фусун. – Æ дангъа – æ цуд!»
Рабадунцæ ’ма ранæхстæр унцæ
Цудгин бæхтæбæл Маргъузи тургъæй.
И гъæдрæбунмæ ку бахъæртунцæ
Æ бæхæргъаумæ; дзоруй Уасгерги:
«Анæй мин раттæ сæ барæуæдзтæй,
Зæрдæ нæ коруй анæй хуæздæр фонс,
Ду дæр раздæхæ дæ хæдзарæмæ,
Æз дæр цæудзæнæн мæ даргъ фæндагбæл».
«Сæрбæлтау дин уæд мæ нард бæхæргъау,
Æгайтима сæ дæ сæрмæ хæссис!
Де ’ннæ фæндæ ба дзæгъæл æй, ’уазæг,
Ме стæги гъæдæ федар кæдæй æй,
Кæдæй байдæдтон лæбурди цæун, -
Некæд раздахтæй æрдæг фæндагæй
Æнæ финдз Маргъуз æ гъæугæронæй.
Зæгъдзæнæнцæ ми: лæбурди цæун
Нæбал бандиудта æнæ финдз Маргъуз.
Хæсгæ мард фæуун беурæ хуæздæр æй
Маргъузæн, мæ хор, уæхæн фудкойййæй.
Дони урухбæл денгизи уордæг
Дууæ гъæуи ’нцæ мæ хъалондартæ.
Донæн æ еу фарс Тæтæр цæрунцæ,
Донæн е ’ннæ фарс Туркаг сахар ес.
Ниуæзтæй нæ хуарз фæххинцдзæнæнцæ.
Сугъзæрийнæй худ – сæ еу тъæпæнæг.
Мæхе сласдзæнæн сæ тъæпæнæгмæ.
Рауадздзæнæн æз фæстаг ниуазæн,
Нæ Уасгергийæн æ даргъ цæрæнбон,
Мæ цæстæ дæмæ фæнникъолдзæнæн,
Тъæпæнæг дæмæ æз исдæтдзæнæн,
Дæ бæхбæл цæфтæй мабал ауæрдæ,
Уæдта уодзæнæй – Хуцауи фæндæ...»

Фæннæхстæр унцæ, уонæн сæ бæхтæ
Дони кæнунцæ бабузи накæ,
Урух сау денгиз етæ кæрдунцæ
Сæ реугудуртæй цъæх фелауæнтæ.
Сæ кæрæдземæн и дууæ бæхи
Рази барæ дæр нæбал дæттунцæ.
Идардбæл бадуй сæ дони финкæ,
Сæ пурфæй сах хор нæбал фæззинуй.
Ку бацæунцæ Тæтæри гъæумæ...
Дууæ дзилли дæр æрбамбурд унцæ,
Цæттæ дарунцæ хуæрдæ-ниуæзтæ.
Сæ сугъзæрийнæ тъæпæнæг уæллæй
Æрæвæрунцæ Маргъузи фарсмæ.
Даргъ фингитæбæл æрабадунцæ,
Фæссæ хинцунцæ дуккагræфтæмæ.
Исистуй Маргъуз æ финги сæргъи,
Разæгъуй уотæ æ кæдзос хъурæй:
«Фæууй афонæ хуæрдæ-ниуæзтæн,
Фал ес афонæ сæ фæуунæн дæр!
Цæун нæ гъæуй нæ даргъ фæндагбæл.
Фæндаггон лæгæн агъазгæнæг æй
Уæларви цæрæг – бæхгин Уасгерги,
Æ цæрæнбон ин рауадзун гъæуй».
Æ галеу къохæй æнæ финдз Маргъуз
Уæзбун тъæпæнæг уæхæн фелвасуй,
Кæми фунхтонцæ нивонд гали мард.
Æ бæх Уасгерги ниццæфтæ кæнуй,
Фæххаун кæнуй æфсорхъи фæрстæй
Æркъедзæрттæ ’ма уой финдзи хъæлтæй -
Æхседæрфтæ ’ма курдбадзи цæхæр.
Ку балæборуй, Маргъузи къохæй
Уæд æрбаскъæфуй уæзбун тъæпæнæг -
Æ сæрæй бунмæ – сугъзæрийнæй худ.
Ниббазуртæ уй ’уазæги фæдбæл
Æнæ финдз Маргъуз губунгин бæхбæл.
Сæ фæсте адæм рафæдес унцæ,
Тæтæр зæгъунцæ: «Ци хъæбæр уаруй!»
Етæ кæд æнцæ Маргъузи фæттæ,
Маргъузи фæттæ, æ хъæзин фæттæ,
Фæдесон лæгтæн сæ уодхæсгутæ.

Турк дæр зæгъунцæ: «Арв нæбæл тохуй!»
Арв дæр не ’рттевуй – æ фæтæн церхъæй
Цæхæртæ хауй финдзой Маргъузæн.
Фæззигон сифтау тъæфилтæй бæргæ
Фæдесон адæм цæфæй хаунцæ.
Бундор низзилдæй уони хæдзæртти,
Уазал кæнунцæ Маргъузи къохæй.
Ку бахъæртунцæ урух денгизмæ,
Барæй байдайуй æ бæх уорамун
Æвæсмард изæд – уæларвон цæрæг,
Æхе фæккæнуй Маргъузи фæсте.
«Уæууæй, ме ’уазæг, дæ бæх бастадæй!» -
Æ бæх фездахуй æнæ финдз Маргъуз,
Æхе уорамуй ’уазæги фæсте.
Багæпп кæнунцæ ивулд денгизи,
Дæлæмæ ’здахуй æ бæх иуазæг,
Цума æй ласуй арф денгизи дон.
«Хæдзаруат кæнун, уæууæй, ме ’уазæг!
Ку мин фæллæсис и арф денгизи!»
Æхе фæккæнуй Уасгергий дæллæй
Æнæ финдз Маргъуз æма саразуй
Уæд е ’хси гъæдæ æфсорхъи фарсмæ.
Æрбахъæртунцæ Маргъузи гъæумæ;
Дуккаг сæумæ ба ку ранæхстæр уй
Цитгин иуазæг æ хæдзарæмæ.
Авд лæхъуæни ин – æ бæхти хæццæ,
Уони хæццæ ин никки бафтауй
Тæтæри хæзна – уæзбун тъæпæнæг.
Æрдæг фæндагбæл сагъæс байдайуй,
Сагъæс байдайуй уæларвон бæхгин:
«Рагон æмбесонд мæбæл æрцудæй,
Хонхи адтæн ’ма дортæ нæ фæйдтон, -
Маргъузæн æ фий лухгонд цæмæн æй,
Уомæн æ бæрæг ку нæ базудтон».
Æрдæг фæндагæй фездæхуй æма
Ниллæууй бабæй Маргъузи тургъи;
Цæуæг-æзмæлæг некæми зиннуй.
Ку багъæр кæнуй – цъæхдзæстæ кизгæ
Æрцæуй гъеуæд ’уазæги гъæрмæ.
«Маргъуз кæми уа? Гъæугæ мæ кæнуй».

«Уæлæ уобайбæл Хуцаумæ ковуй,
Дони билæбæл æ уоси мардбæл».
Ис имæ цæуй уæларвон бæхгин
Æфсæндуаргин уобаййи размæ.
Хуцаумæ ковуй æнæ финдз Маргъуз,
Намаз ку фæцæй, уæд имæ дзоруй
Рæсти Уасгерги, æвæсмард изæд:
«Гъулæг дин ма уæд, мæ дзæбæх фусун.
Хæссун мæ хæццæ дæ хуарзи хабар,
Фалæ æвгъау æй дæу хузæн лæгæн
Аци дуйнейбæл æнæ финдз хæтун.
Ку мин зæгъисæ дæ финдзи хабар».
Æ сæр бателуй æнæ финдз Маргъуз:
«Фудæбони лæг ке разиндтайсæ, -
Зæгъгæ, ин зæгъуй, – уой дин, иуазæг,
Бæргæ базудтон дæ фæууиндæй дæр.
Дæ фæууиндæ ’ма дæ бæхбæл бадтæй.
Дуккаг мин адтæй – нæ фонс кæнунбæл
Барæй уорæдтай дæ уайгæ бæхи,
Æртиккаг адтæй – денгизи астæу
Дони лæсæг мин дæхе ку скодтай.
Нур ба мæ къахис еума хатт дæр ма.
Кунæг не ’нгъæлис, – æзнаги къохæй
Кæд лухгонд фæцæй Маргъузæн æ финдз.
Ма мин фæттæрсæ, мæ хуарз иуазæг!
Еу анз фæццудтæн идардмæ балци.
Ниууагътон ами нæуæг хунд уосæ.
Фæстæмæ надбæл æвгъæди æсмаг
Цæун байдæдта мæ финдзи хъæлти.
Нæбал фæразтон... мæ хæдзарæмæ
Куд хæстæг – уотæ хъæбæрдæр кодта.
Тухкæй æрхъæрттæн мæйдар æхсæви.
Æхсæвæртæбæл кæсун, – мæ уосæ
Хуссуй æхецæн гъæццоли буни,
Хуссуй ’ма кадæр уомæн æ фарсмæ.
Мæ тог сирадæй, – мæ церхъ фелвастон
Æррæуигътон сæ, – фæтæн пилæстæг
Урундухъ дæр ма фæддууæ ’мбеси ’й;
Æркастæн сæмæ листæгдæр, æма -
Ех дон ниллæудтæй мæ тогдадзинти!

Æстур тæрегъæд æрхастон, ’уазæг:
Æвгъæди бадтæй мæ уосæ, мæгур,
Ме ’рцудмæ хустæй фæрдуги хузæн
Æнæ тæрегъæд минкъи сувæллон.
Мæстæй фелвастон мæ циргъ сæрдасæн,
Мæ финдз уой сахат æрбацъипп ластон.
Хуцау равардта мæнæн дуйней фонс,
Фал мæхе уодæн уæдæй ардæмæ
Нæ ес æнцойнæ, – аци уобайбæл
Ковун Хуцаумæ, мæ царди бæнттæ
Евгъуйун кæнун æрхунæй, мæ хор!»
«Лæгау фæллæууæ, лæгау, мæ фусун!
Ба ма мæ хонæ марди уæлгъосмæ».
Сесуй Уасгерги æ реуи дзиппæй
Бор фæрдуг æма уомæй æрсæрфуй
Биццеуи мард дæр, и уоси мард дæр,
Æ фусунæн дæр æ финдзи бунат.
Рабадуй уосæ æ медбунати,
Æ сувæллон дæр дзедзе агоруй,
Маргъузи финдз дæр уæд банихæсуй.
Сæ кæрæдзебæл цийнæ кæнунцæ.
Иронх си нæ уй сæ хуарз иуазæг.
Фæрсуй æй Маргъуз: «Ци бæстон лæг дæ?»
«Уæларвон бæхгин Уасгерги ку дæн,
Дæу базонунмæ бæргæ рацудтæн».
Маргъуз нийдзулуй: «Хæстæг ан, – зæгъуй, -
Нæ рохс базургин Хуцауи дзурдæй:
Еу мадæ-фидæй игурд бæргæ ’нцæ
Дæ кæстæр уосæ не ’фсийни хæццæ».
Хорау ниррохс уй урух базургин,
Уæлдай цийнитæ куд нæ кæнонцæ
Сæ кæрæдзебæл! Маргъуз самайуй
Уæхæн кувдтæлтæ – æгас дзиллитæ
Æрæмбурд унцæ... Хуæрдæ, мийнасæ...
Кавд æма зардæн кæрон нæ фæууй.
Къурпи бадæгмæ, кæстæр уосæмæ,
Æ уорс æфсорхъæй уæларвон бæхгин
Æрфестæг уй ’ма «дæ бон хуарз» зæгъуй,
«Бонхуарз» ку зæгъуй – игъæлдзæг фæууй.
Дзоруй æ уосæн Маргъузи хабар,

Дзоруй ин никки æ хуæри хабар:
«Салантæ, – зæгъуй, – æрветунцæ дин».
Зæгъуй æ уосæ: «Мæ сæри хецау,
Барæй дин скодтон Маргъузи кой æз.
Мæхуæдæг коргæй, нæ фæццудайсæ,
Уой бæргæ зудтон! Æгайтима мин
Нæ хæстæгути хæстæгмæ фæйдтай!»
Цæруй сæ астæу уарзондзийнадæ,
Цийнæ кæнунцæ сæ кæрæдзебæл.
Мæнæ, хуарз адæм, махæн дæр раттæд
Хуцау нæ астæу федуддзийнадæ!
Сæцигонд рæхис – уарзондзийнадæй
Федар баст куд уæн нæ фæди-фæдмæ.

НАРТИ ЕУНÆГИ ТАУÆРÆХЪ

Нарти Еунæгмæ изæрæй бадзурдæ ’й:
– Уæ, Еунæг, ами дæ?
Еунæг рауадæй:
– Ка, дæ? Циуавæр дæ?
– Æз дæн æхсæни лæг. Сæумæ Нарти фонсрадæ гъонгæс дæубæл æй æма дин игъосун кæнун!
Еунæг уонтæбæрзонд, сæргубурæй фæстæмæ баздахтæй. Сагъæс кодта:
– Нарти фонсæн ци кæндзæнæн?
Уотæ сагъæс куд кодта, уотæ ’ймæ бадзурдæ ’й:
– Еунæг, ами дæ?
Ра ’ймæ уадæй:
– Ка дæ? Циуавæр дæ?
– Æз дæн хабархæссæг: сæумæ хорискасти дæ фиди лимæнтæ иуаргæ кæнунцæ. Уоми ку нæ исæмбæлай, арази нæ уодзæнæнцæ!
Фæстæмæ мæстгунæй æрбацудæй æма зустгомау къелабæл æрбабадтæй.
Уæд æй æ мадæ фæрсуй:
– Ци кæни, биццеу? Мæстгунæй ку æрбадтæ?
– Æма ци кæнун? Сæумæ Нарти фонс дæу бæгъдауонд æнцæ, зæгъгæ, уотæ мæмæ æрбадзурдта æхсæни лæг. Нур ка дзоруй, е ба уотæ зæгъуй: «Сæумæ хорискæсæни дæ фиди

лимæнтæ иуаргæ кæнунцæ». Уонæн мæгур Еунæг ци кæндзæнæй?

Уой дзубанди куд кодтонцæ, уотæ ба ’ймæ бадзурдæ ’й:

– Сæумæ хорискæсæни дæ фиди марæг дин дæ уосæ хæссуй. Æмбесбони уоми ку исæнбæлай, уæд дин нæ уодзæнæй!

Фæстæмæ баздахтæй хæдзарæмæ æма мæстгунæй къелабæл æрбабадтæй.

Æ мадæ ’й фæрсуй:

– Е ба к’ адтæй?

– Е ба к’ адтæй? Сæумæ æмбесбони мæ фиди марæг мин, дзурд кæбæл бафтудтайтæ, еци кизги хæссуй. Уой хабархæссæг æй.

Мадæ дæр бахъурмæ ’й:

– Мæгур Еунæг уомæн ци кæндзæнæй?

Уæд имæ лæхъуæн дзоруй:

– Мæ фиди уорс аласа ма ести бакæндзæнæй?

– Дæ фиди уорс аласа, дæхуæдæг ку базонай, уæд е ба хуарз уодзæнæй.

Æхсæвæ-бонмæ æ бæх фæккой кодта, æхе æрræвдзæ кодта. Сæумæ куддæр фæббон æй, уотæ уорс аласабæл рабадтæй æма Нарти фонс рамбурд кодта, æма син еунæг сискъæрæн адтæй, – уордæмæ сæ исæскъардта. Уоми сæ фæууагъта, æхуæдæгка хорискæсæнмæ уорс аласай фæййаразта. Æ фиди лимæнтæмæ сехуар афони бафардæг æй; æ фиди лимæнтæн салан равардта.

Уæд син загъта:

– Цæретæ еумæ! Еунæг мæгур æй, еунæг куд мæгур æй, уой мæнæ мæнæй базонетæ!

Загътонцæ ин:

– Махæй мæгурдæр ку некæми уа, уæддæр нин æнæ байуарæн нæйе æма нæ рацохтæ кæнæ!

– Ма кæнтæ, рæдуетæ! Еунæг куд мæгур æй? Надбæл еунæг бæласæ ку уа, – алкедæр æй æ цæфи хай кæнуй æма никъкъузуртæ уй. Надбæл дор еунæг ку уа, уæд ибæл алкедæр æ бадти хай кæнуй. Мæнбæл нур абони æртæ гъуддаги ес æма ма кæнтæ, рæдуетæ.

– Мах ан, æма нæ рацохтæ кæнæ! Ке нин дзори, уонæбæл берæ фæссагъæс кодтан æма нин цалæнми гæнæн адтæй,

уалæнми дæмæ нæ рарвистан. Гæнæн нин ку нæбал адтæй, уæдта дæмæ рарвистан æма корæн, цæмæй нæ рацохтæ кæнай, уой!

Еунæг байурста æ фиди лимæнти, æхуæдæгка æ бæхмæ фæццæуй. Æ бæх ку раласта, уæд æй фæрсунцæ:

– Ци кæни? Кумæ цæуи?

– Гъуддагмæ цæун.

– Мæнæ рæфтад ести искæнæ! Ра нин ковæ!

Ку нæ сæмæ игъуста, уæд сæ мадæ рауадæй:

– Дæ гъуддаг дин æз зонун æма уæддæр рафестæг уо! Еу æртæ къерей ракодтон, – уони раковæ!

Рафестæг æй. Бацудæй медæгмæ æма бадгæ не ’ркодта, фал урдугæй ракувта.

Сагъæсæй æфсес адтæй æма неци бахуардта.

Уæд ин сæ мадæ ракувта фæндарастбæл. Райарфæ кодта, уорс аласабæл рабадтæй æма уайунтæ райдæдта, æма æмбесбони æ каййестæмæ фæммедæг æй, æма æ бæх ниццæфтæ кодта.

Кизгæ мæсуги сæрæй ракастæй:

– Ейæ Еунæги æхси гъæр ку æй!

Къæразгæй ку ракастæй, уæд имæ Еунæг дзоруй:

– Е, уæлæ налат силæ! Цæмæн мæ басайдтай?

– Нæ дæ басайдтон. Æнæбари гъуддаг æй.

– Мадта рахезæ, мах ба цæуæн!

Кизгæ ’ймæ дзоруй:

– Атемæй фæххæссунмæ дæ сæрмæ ма ’рхæссæ! Далæ авд надей астæумæ ниццо! Æмбесбони нæ уордæмæ гъæуй, – дæ лæгигъæдæ æма дæхуæдæг!

Æ бæхи къембур ракъуæрдта æма авд надей астæумæ ниццудæй; æ бæхбæл æртикъахуг фæсахсæн исæвардта, хезунмæ ’й рауагъта, æхуæдæгка æ саргъ æ нивæрзæн бакодта æма хуссун æвзурста, фал имæ хуссун нæ цудæй сагъæсæй. Дууæ цубур усми ’йбæл рацудæй, уæд бабæй æ уорс аласабæл рабадтæй. Цæунтæ байдæдта фæстæмæ, налат силæ мæ басайдта, зæгъгæ.

Уотæ ба дин мегъи æстуг рацæуй, æ сæрти ба мегъæн сау халæнттæ тæхуй. Æрхъæрттæнцæ. Сау халæнттæ ке худта, етæ ба адтæнцæ, бæхбæл гъазгæй, бæхи фæстаг къæхтæ зæнхæй фæстæмæ ке ’хстонцæ, етæ.

Уæд æрхъæрттæнцæ киндзхонтæ æма мæгур Еунæги хъал киндз-хонтæй еу искъуæридæ, иннæ ’й искъуæридæ, цæй, рагъазæн, зæгъгæ.

Е дæр син дзурдта:

– Ниммæ уагътæ! Надбæл цæун мæ цæмæннæ уагътæ?

Киндзхонтæ раевгъудæнцæ.

Мæгур Еунæг сиахси нæ уинуй. Уонæй ба сæ еу – сиахс. Цуппар бæхгини имæ фездахтæнцæ, цæй, рагъазæн, зæгъгæ.

Еунæг дæр сиахсмæ дзоруй:

– Кæд гъазæн, уæд надбæл цæхгæрмæ ниллæудзæнæн æма, кæцæй дæ фæндуй, уордигки æруайæ, æма мæ дæ бæхæй искъуæрæ, æма кæд фæхъхъан уон, уæд хæснæ дæу. Уæдта надбæл цæхгæрмæ ду ниллæууæ æма æз дæр æруайдзæнæн, æма кæд нæ фезмæлай, уæдта ду хуæздæр.

– Гъæйдæ! – рахæснæ кодтонцæ. Надбæл уорс аласа цæхгæрмæ ниллæудтæй æма сиахс идардæй æруадæй; ис æй цафта. Уорс аласа æзмæлгæ дæр нæ фæккодта.

Уæд, сиахс к’ адтæй, ейæ надбæл цæхгæрмæ ниллæудтæй. Еунæг уорс аласа æрбанбурдтæ кодта æма, идардмæ нæ фæццудæй, фал хæстæгæй æруадæй, æма, сиахс к’ адтæй, уой истъæпп ласта, æма, хонх ниццæфау, лæг еуæрдæмæ дууæ ’мбесемæй фæххаудтæй. Æ кард фелваста Еунæг æма киндзхонтæн, кæмæн æ сæр ракъуæридæ, кæмæн ба – æ цонг, уотемæй сæ хауæггаг фæккодта, сæ хауæггаг ба – ледзæггаг. Уотемæй сæ киндзæ ци уæрдуни бадтæй, уой сæхемæ раздахта. Нарти гъæумæ ку схъæрттæй, уæд, къохбæл-хуæцæг к’ адтæй, уомæй æ уосæ сæхемæ æ мадæмæ барвиста, æхуæдæгка Нарти фонсбæл рагъæр кодта æма æргъау æрискъардта, дæркъæ дæр си нæ фæгъгъудæй, уотемæй.

Сæхемæ ку ’рцудæй, уæд æстæмæй-астмæ фæгъгъазтонцæ æгас Нарти адæм.

Гъæзтитæ ку фæййевгъудæнцæ, уæд Еунæг кувд искодта æма æ лимæнтæмæ дæр рарвиста. Æрбацудæнцæ. Етæ дæр бабæй æртæ бони кувд фæккодтонцæ. Кувд дæр фæххæлеу æй.

Уой фæсте Еунæг Нарти гъæуи астæу дзæбæх фæццардæй.

Нартмæ, гъе, уæхæн адæмтæ берæ адтæй æма сæ кой дæр уомæн байзадæй.

Еунæг еунæг бон Нарти фонс дæр фæххизта, æ фиди лимæнти байурста, æ фиди марæги рамардта, æ уосæ æрбахудта, уæхæн лæг адтæй!

ФУДИРОНХГÆНÆН ДОР

Нартæн бæстæзнаг æма адæмæзнаг некæмибал байзадæй. Сæ хъал бон кæбæл калдтайуонцæ, уæхæн нæбал ирдтонцæ. Уой адæбæл кæрæдземæ итинггæнгæ цудæнцæ, гегæ кæнун байдæдтонцæ. Дзурд дзурдбæл нæбал бадтæй, се ’хсæн федуд нæбал адтæй. Кæрæдзей æлгъистонцæ изæдтæ ’ма идаугути аммени сахати.

Хуцаумæ сæ кувд фæйнæхузти хæссун байдæдтонцæ. Хуцау ба син сæ миутæ Æносон Киунуги финста. Æгæр ку кодтонцæ, уæд сæмæ Уасгергий ниммийнæвар кодта.

Уасгерги Нартæмæ æртахтæй, æ сугъзæрийнæ базуртæй уацæ рохс уадзгæй, æма син загъта: «Ци кæнтæ, куйти Нартæ?! Хевидхуар ун уин аккаг ку нæ ’й! Фæццотæ Фудиронхгæнæн Дормæ æма уæ тæрегъæдтæ исесетæ, уæдта ци уа, е уодзæнæй!»

Уотæ исдзоргæй, Уасгерги арви æрфитæмæ ниффардæг æй.

Еци Дор ба уæхæн дессаги Дор адтæй, Нартæн сæ уоди фарнæ уой медæгæ æвæрд куд адтæй, уомæ гæсгæ. Тæрегъæдгунтæ, фæсмонгæнгутæ, устурвудонтæ æма уæззау сæйгитæ имæ цудæнцæ агъазмæ. Уотемæй и Дор æхуæдæгка, мæститæй æма риститæй идзагæй, туппурæскъудтæ ниууидæ.

Гъема и Нартæ нирраст æнцæ Фудиронхгæнæн цъæх Дормæ, æма æ цори нистадæнцæ. Дор сæмæ фæсмони уагæй неци æрæстæфтæй, мæстæй æ бунтæй низмалдæй æма фæрки-фæркгай ниццæй. Уой адæбæл сæ æхемæ æнгæрон не ’руагъта. Нарти адæм ба, устуртæ дзоргæй, фæстаг хатт æздахтæнцæ сæ хæдзæрттæмæ.

НАРТИ ИСÆФТ

Нарти адæм ку исхъал æнцæ, уæд Хуцауи хæццæ буцæу кæнун байдæдтонцæ. Сæ хæдзæртти дуæртти тæрвæзтæ нæбал кодтонцæ, Хуцау нæ æхецæн ковун æнгъæл уодзæнæй, зæгъгæ, дуæрттæбæл бацæугæй нæ сæр ку рагубур кæнæн, уæд.

Уотемæй сæхебæл Хуцауи зæрдæ фæхходун кодтонцæ.

Стонг æнзтæ сæбæл растадæй. Зæнхæбæл тиллæги муггаг нæбал задæй. Айдагъ ма син æхсæвигон уæларвбæл разиннидæ хуар, цирагъи хузæн содзгæ. Нарти адæм сагъиндахъæй æхстонцæ еци хуар æма ин бонæ æ нæмуг уигътонцæ, æма уомæй ма цардæнцæ. Уæдæй ардæмæ байзадæй «нарти хуар». Е куддæр фæззиндтæй, уотæ Нарт дæр фесавдæнцæ.

ÆХСÆРТÆГКАТИ ЗЕВÆГ

Нарти адæми Хуцау ку скодта, уæд адтæнцæ муггæгтæ-муггæгтæ. Хуæздæр муггæгтæ Нарти æхсæн Æхсæртæгкатæ ’ма Борæатæ адтæнцæ. Етæ ба кæрæдзей хæццæ хилæ адтæнцæ, æфхуæрд, ихæсгин, уæддæр ескумæ ку багъæуидæ балцимæ, æндæрмæ, уæд-еу цудæнцæ, фал сæ зæрдæ ба уæддæр кæрæдземæ нæ лæвардтонцæ. Уæд еу уалдзæг, сосæни мæйæ ку ’рцудæй, уæд Æхсæртæгкатæн сæ адæм сæхемæ н’ адтæй. Уæд уонæмæ адтæй еу уæхæн уод, лæгигъæдгун, фал æ бакаст ба неци, фунукæй æндæмæ нæ цудæй, уæхæн уод. Уоститæ к’ адтæй, етæ рацудæнцæ ’ма ин цуппар галуæрдуни сефтигътонцæ. Уæдта еци фунукбадæги рахастонцæ ’ма ’й сивардтонцæ раззаг уæрдуни. Уомæн ба æ ном хундтæй Зевæг. Надбæл ин сæ саразтонцæ, ’ма ’й галтæ исластонцæ гъæдæмæ. Уоми ба сагъæс кæнуй, сог æркæнун кæми гъудæй, еци бунати ку ’рлæудтæй, уæд:

– Нур æз ци кæнон, бакустæн ку нæ дæн, сог æркæнун фæрæтæй ку нæ зонун, уæд æз ци кæнон, Хуцау?!

Уæд никкувта Хуцаумæ:

– Йа, хуцаути Хуцау! Ци Хуцау мæ сфæлдиста, еци Хуцау! Æз дæуæй корун ’ма мин æртæрегъæд кæнæ: мæ уæрдунтæ согæй идзаг куд фестонцæ ’ма фæстæмæ куд раздæхон, уотæ мин, Хуцау, раттæ!

Хуцау дæр ин æртæрегъæд кодта, æ уæрдунтæ фæстæмæ раздахтæнцæ. Зевæг, еци бадгæ, уæрдуни фæццæуй. Цæун байдæдта ’ма æрхъæрттæй гъæумæ. Борæати æрræстæмæ ку ’рхъæрттæй, уæд Борæфæрнуги кизгæ бадуй уæладзуги ’ма къæрæзгитæй кæсуй æндæмæ. Зевæги ку ’руидта уæрдуни сæрбæл, уæд ибæл нихкудтæй æ гъæлæсидзаг. Е дæр имæ фæстæмæ æ къембур фездахта ’ма ин зæгъуй:

– Дуйнескæнæг Хуцау дæ мæ тæрегъæдæй еци рауæн бауæззау кæнæд!

Зевæг Хуцауи аммени сахати райгурдæй ’ма уой тухкæй, ци сковидæ, уой ин Хуцау лæвардта, скувдиадæ ин адтæй. Галтæ ’й нилластонцæ тургъæмæ ’ма бадуй, бадуй, нæ хезуй уæрдунæй, æнгъæл кæсуй, кæд мæ еске бахæссидæ, зæгъгæ. Уоститæ имæ рацудæнцæ ’ма ’й сæ гъæбеси бахастонцæ, æривардтонцæ ’й æ бадæни, тъæригъоси.

Уалинмæ хабар рацудæй, Борæати Борæфæрнуги кизгæ уæззау æй, зæгъгæ. Æ афонæ ку ’рхъæрттæй, уæд кизгæн райгурдæй лæхъуæн. Адæм æй базудтонцæ, ’ма зæгъуй Борæфæрнуг:

– Йарæбий, мæнæн аци гъуддаг ка бакуста, е Æхсæртæгкатæй æндæр неке адтæй, загъдгин уони хæццæ ан!

Багъаст кодта ’ма æ гъуддаг Борæфæрнуг тæрхондонæмæ равардта. Уæд ин истæрхон кодтонцæ:

– Къамбецдзари медæгæ сæ, кизги дæр ’ма лæхъуæни дæр, Зевæги дæр, куд нивварайтæ ’ма сæ Терки куд багæлдзайтæ.

Уæд, кизгæ к’ адтæй, е, ци имæ адтæй, уони бафснайдта. Уæдта сæ бакодтонцæ æртей дæр къамбецдзари, бахудтонцæ ин æ ком ’ма сæ раластонцæ, багæлстонцæ сæ Терки: ласун сæ байдæдта дон, уæдта сæ еу рауæн ба рагæлста еу атагъамæ. Уоми лæуун байдæдтонцæ ’ма сæбæл цæй бæрцæ рацудайдæ, Хуцау зонуй, уæдта кизгæ к’ адтæй, е æргъуди кодта, сæ бунати сабурæй ку лæудтæнцæ, уæд. Æ кæрдæн систа ’ма къамбецдзар искъæртт кодта, ’ма сæмæ дуйней рохс æрзиндтæй. Уæд уоми хæссун байдæдтонцæ лæхъуæни ’ма гъазунгъон бацæй. Ци рацудæй, уой Хуцау зонуй, уæдта уосæ зæгъуй Зевæгæн:

– Цæй-ма, мæ сæри хецау, уоци рауæн гъæунгти ку ’рцудтæ, уæд мæн дæ дзурдæй ку бауæззау кодтай, нур ба ами кæдмæ цæрдзинан? Цæрæн бунæттæн нин ести сунафæ кæнæ!

Е ба уотæ зæгъуй:

– Æ, дæ бонæн уай, мæнæ кизгæ, æз æндæмæ ку нæ цæун, бæстæбæл кæми хуæздæр цæрæн бунат æрахæссæн, уомæн æз ку неци зонун, уæд дин æз ци кæнон?

Уæд фæрсуй мадæ æ фурти:

– Биццеу, хуæздæр, лигъздæр бунат æрцæрунмæ дæ цæстæ некæми æрахæссуй, гъазунмæ ку фæццæуис, уæд?

Е ба ин зæгъуй:



– Уæ, нана, нана! Мах атагъай медæгæ ан, фал æз уæлбилæмæ исхезун ’ма уоми ба рæсугъд будуртæ ес, бонизæрмæ уоми ба сæгтæ раздахæ-баздахæ кæнун, ’ма син сæ думгутæбæл нихxуæцун, ниййахæссун сæ нæ фæразун, фал бафæллайун, ’ма нæхемæ фæстæмæ æрцæун.

Уосæ зæгъуй æ лæхъуæнæн:

– Мадта хуæцæ мæнæ дæ фидæбæл, мах ба ’й уæлæмæ исзелæн.

Нихxуæстæнцæ ибæл ’ма ’й мæнæ фæззелунцæ уæлæмæ. Сзилдтонцæ ’й уæлæмæ мадæ ’ма фурт. Уоми ба Зевæг ракастæй æ цæстæй, рагъæуæйттæ кодта, æ зæрдæмæ ку бацудæй, уæдта бабæй Хуцаумæ никкувта:

– А, хуцаути мæхе Хуцау! Аци рауæн нин авæрттæ куд феста, æдæфсæн галауантæ!

Куд искувта Хуцаумæ, уой бабæй ин Хуцау саккаг кодта. Уоци рауæн сæвзурстæнцæ авæрттæ. Цæрун байдæдтонцæ. Еу бон ку адтæй, уæд Æхсæртæгкатæ ’ма Борæатæ еумæ балци рацудæнцæ. Уони рæзти ку ’рцудæнцæ, уæд кæсæнцæститæй кастæнцæ ’ма дес кодтонцæ. Дес ба уобæл кодтонцæ, æма уоми фиддæлтæй ардæмæ гъæу ку некæд цардæй, уæд нур уоми хæдзæрттæ ку зиннуй, зæгъгæ. Уæд сфæндæ кодтонцæ:

– Мадта цæуæн ’ма сбæрæг кæнæн!

’Ма цæун байдæдтонцæ уордæмæ. Æрфестæг æнцæ се ’уазæгдонæмæ. Уордæмæ син хастонцæ хуæруйнаги æма ниуазуйнаги дзæбæх. Æвæццæгæн уоми фæцæнцæ иуазæгдзийнади еу къуæре.

Нур цæун афонæ ’й, зæгъгæ, ку сунафæ кодтонцæ, уæд Сослан зæгъуй:

– Цæуон, æз ба хæдзари райарфæ кæнон! – ’ма хæдзарæмæ бацудæй. Уосæ ’й ку æруидта, уæд е ’ргом иннердæмæ рахатта. Сослан бамæстгун æй, еци мæстгунæй хæдзарæй раздахтæй ’ма радзубанди кодта е ’мбалтæн:

– Гъе, атæ ’ма атæ, хæдзарæмæ ку бацудтæн, уæд ми æфсийнæ æхе банимахста.

Уæдта Борæфæрнуг зæгъуй:

– Мадта æз дæр ма бабæрæг кæнон, циуавæр æй, – зæгъгæ, ’ма бацудæй. Кæрæдзей ку ’руидтонцæ кизгæ ’ма фидæ, уæдта кæрæдзебæл ниццийнæ кодтонцæ. Фæццийнæ кодтонцæ, уæдта син Борæфæрнуг рахаста уордигæй кусийнидзаг ниуазуйнаг ’ма гъолгуни хай. Е ’мбалтæмæ сæ ку бавдиста, уæд дзоруй Сосланмæ:

– Сослан, куд æй, ду дæхе лæгдæр фæххонис, нур æз хай дæр ма ку рахастон!

Сослан е ’рфгутæ æргæлста ’ма æ зæрдæй унæфтæ кæнуй:

– А Борæати хæццæ фидæй ардæмæ цагъдæхсæн ан ’ма мин уони хæццæ лимæнгæнæн нæ ес!

Ку баниуазтонцæ, уæдта Борæфæрнуг зæгъуй Сосланæн:

– Сослан, е дæуæн дæ ностæ ’й, ’ма ностæ æ теуæй æфсæрми ку нæбал кæна, уæд дуйней цард ихæлгæ кæнуй, уой тухæй ди æхе банимахста.

– Мадта, – зæгъунцæ, – цæуæн æдта не ’рвадæн арфæ ракæнæн!

’Ма Æхсæртæгкатæ бацудæнцæ хæдзарæмæ, æрлæудтæнцæ Зевæги сæргъи. Зевæг хуссуй бумбулий сæрбæл уæлгоммæй ’ма имæ дзорунцæ:

– Дæ бон хуарз, не ’рвадæ!

Е ба сæмæ фæрсмæй ислæвардта æ къох:

– Æгас цотæ.

Уоми цæрун сæ фæндун байдæдта Æхсæртæгкати дæр ’ма Бо-рæати дæр, æ царди дзæбæх ин ку ’руидтонцæ, уæд:

– Гъæйтт-гиди, аци лигъз будури мах дæр ку ’рцæрианæ!

’Ма имæ мийнæвæрттæ æрветун байдæдтонцæ. Уæд Зевæги нæ фæндæ адтæй, фал силгоймаги фæндæ цæуй ’ма уосæ сарази кодта æ лæги:

– Æр сæ уадзæ цæрун, мах ами еунæгæй куд цæрæн.

Уоми син дзурд равардта ’ма рацудæнцæ. Рæвдзæ кæнун райдæдтонцæ, авæрттæ саразтонцæ ’ма уоци рауæн Зевæги зæнхæбæл гъæу иссæй. Уæд цæрун байдæдтонцæ федауцæй Борæатæ ’ма Æхсæртæгкатæ. Сойнæ ’ма мудау схæлар æнцæ ’ма уоми цæргæ байзадæнцæ.

НÆРТОН ЗИВÆГИ ÆМА УАЦИРОХС-ЗÆРДИРОХСИ ТАУÆРÆХЪ

Нартæй еу лæгæн авд фурти адтæй. Гъема, уонæн сæ кæстæр Зивæг адтæй. Хуцауи дзурдæй ин дууæ зæнги нæ адтæй ’ма, мæгур, алли бон дæр, æнæ æндæмæ рацæугæй, сæ хæдзари силти фарсмæ тъæригъоси бадтæй. Æ хестæртæн, æхсæземæн дæр, уоститæ адтæй ’ма ’й гъуд етæ кæниуонцæ, лæгтæ ескумæ ку рандæ уиуонцæ, уæд. Нур, Нартæ

к’ адтæй, етæ дууæ муггагемæй адтæнцæ: Æхсæртæгкатæ æма Бориатæй. Бориатæ ка ’й, етæ мулкбæл æхцулдæр адæмихатт адтæнцæ ’ма еу кусти размæ сæхецæн сог, æндæр уæхæн гъуддæгтæ æрцæттæ кæниуонцæ.

Æхсæртæгкатæ бабæй мулкбæл æхцул н’ адтæнцæ, фал æнæуой кустуæлиуон цард – тухгæнæг хаттæнцæ. Зивæг дæр Æхсæртæгкатæй адтæй. Уæд еу анз хуасæ кæрдуни размæ Бориатæ сæхецæн берæ сог исцæттæ кодтонцæ, Æхсæртæгкатæ ба – нæ. ’Ма хуасæ кæрдунбæл ба Æхсæртæгкати æхсæз æнсувæри хуасæ кæрдунмæ рандæ ’нцæ, хæдзарæ æнæ согæй ниууагътонцæ, уотемæй. Киндзитæн дæр гæнæн нæбал адтæй, сог гъæуагæмæ гæсгæ, æма алли бон дæр Бориатæмæ соггор цудæнцæ. Уотемæй сæ сæрæн ку нæбал адтæнцæ, уæдта и киндзитæн сæ зæрди æрифтудæй налат миуæ, – цæйтæ, маха нæ функтъиз Зивæги согмæ сау гъæдæмæ рарветæн, зæгъгæ, дууæ галти ин исефтигътонцæ ’ма имæ дзорунцæ:

– Уæртæ дин дууæ галти исефтигътан ’ма согмæ фæццо! Кенæ ба, хуæруйнаг цæбæл искæнæн, уæхæн нæбал ес. – Рахастонцæ ’й æма ’й раззаг уæрдуни исæвардтонцæ. Бæргæ дугъ-дугъ кодта Зивæг:

– Уæ, мæ киндзитæ, Хуцау уин ма бакома, мæхе мæгурбæл мæ цæмæннæ ниууагътæ, æз цæй сог æркæндзæнæн, кумæ мæ æрвететæ?

Фал æй и киндзитæ гъуди дæр не ’ркодтонцæ ’ма ин æ галтæ гъæдæрдæмæ еу нарæг билтæ надбæл исаразтонцæ, цæмæй фæстæмæ мабал æриздахтайдæ, кенæ, цæмæй билæй рахаудтайдæ, уой тухæй.

Цæун байдæдта мæгур Зивæг сагъæсгæнгæ:

– Нур ци бакæнон? Мæ бон сог æркæнун ку нæ ’й ’ма фæстæмæ ци амалæй раздæхон?

Уотемæй хъæбæр ку исгузавæ ’й, уæдта Хуцаумæ искувта:

– А, хуцаути мæхе Хуцау! Ду мæ искодтай, атæ мæгур дæр мæ ду исфæлдистай, фал мæ кæд естæмæн искодтай, уæд мин мæ галтæн се ’рух аци унгæг надбæл гъæуæрдæмæ раздахæ, цæмæй уæддæр ма фесæфон, уой тухæй.

’Ма ин Хуцау æ галтæ гъæуæрдæмæ раздахта. Уæд Зивæгæн æ зæрдæ фæррохсдæр æй, ’ма мин кæд мæ уæрдунтæ согæй байдзаг кæнидæ, зæгъгæ.

Ис бабæй кувта ’ма бабæй ин Хуцау æ дуурæ галуæрдуни хъауари, фадгæ согæй байдзаг кодта, раззаг уæрдуни сæрбæл Зивæг æхуæдæг, уотемæй. Гъæумæ ку бахъæрттæй, уæдта Бориати Борæфæрнуги хæдзари рæзти æ над адтæй ’ма уобæлти фæццæйцудæй. Гъема ’йбæл Борæфæрнуги кизгæ Уацирохс-Зæрдирохс уæлесæрæй нихкъудтæй æ гъæлæсидзаг, дæлæ не ’рваддæлти Зивæг цæхæн лæг иссæй, зæгъгæ. Аййепгун лæгмæ е ци гъигæ фæккастæй ’ма ’й и Зивæг ралгъиста æхе меднимæр:

– Ду нур дæ фур хъалæй мæнбæл ходгæ кæнис, фал дæбæл Хуцау уæхæн бон искæнæд, ’ма дæ сæрæн куд неци зонай, уотемæй дæ фиди хæдзари куд базæрдæхсайгæ уай! – зæгъгæ. Гъема, Хуцауи дзурдæй, Уацирохс-Зæрдирохс бауæззау æй.

Æвæдзи, æ афæнттæ ку æрхъæрттæнцæ, уæд и кизгæн æ губун устур кæнун байдæдта. И фидæ уой ку базудта, уæд сæргубурæй хæтун райдæдта, гъома, адæми æхсæн бадун, дзорун нæбал æндиудта, мæ кизгæ мæ фæййаллайаг кодта, зæгъгæ, уотемæй.

Борæфæрнуг æ зæрди нез æ реуи дарун ку нæбал фæразта, уæдта, æ маст æрдзорунмæ, Нарти иуонæхсæртти æринбурд кодта ’ма сæмæ æ кизги ракодта. Фæрсун æй райдæдтонцæ:

– Ци кодтай, ци дæбæл æрцудæй, цæмæн нæ фегадæ кодтай? Мах дæ рæсугъддзийнадæ æма дæ кадæмæ гæсгæ нæ суйни сæрбæл ку хуæстан, уотæ ездон дæ ку æнгъалдтан! Гъема нур ба, цидæр адтæй æма кæмæй дæ, уой зæгъæ, кенæ ба дæ марæн.

– Неци зонун, – зæгъгæ, Хуцаумæ ниннеуидæ, – мæ сæрæн. Еу хатт Зивæг дуурæ уæрдунемæй сог æрбаласта ’ма уобæл, дессаг мæмæ фæккастæй, ’ма бахудтæн мæ зæрди фæндон. Гъема мæ кæд е ралгъиста æма мæбæл кæд уой фидбилиз ес, æндæра неци зонун, – зæгъгæ, син, е ’цæгæй кæугæй, соми кæнуй кизгæ. Уæд етæ дæр Зивæги æрбахудтонцæ ’ма уой дæр бафарстонцæ:

– Сог ку ластай, уæд дæбæл аци кизгæ ести нихкъудтæй ’ма ’й ралгъистай?

– Æцæг адтæй! Ку мæбæл нихкъудтæй, уæд мæмæ хъæбæр гъигæ фæккастæй æма ’й ралгъистон, – зæгъгæ, син загъта Зивæг дæр.

Мадта ибæл дæу бæллах æрцудæй, мæнæ къулух хæрæг, зæгъгæ ’й хъæбæр бафхуардтонцæ. Зивæг дæр ма, мæгур, æхе бæргæ рæститæ кодта:

– Æлгъистæй нурмæ дæр ма некæмæн неци адтæй. Гъæладзорæ ци кæнтæ, æдта нур сумах дæр ку ралгъетон, уæд сумах дæр исæфгæ кæндзинайтæ? – зæгъгæ.

Уотæ рæхги ба Уацирохс-Зæрдирохсæн лæхъуæн райгурдæй. Нартæ син къамбецдзар гæбæт исцæттæ кодтонцæ, уоми се ’ртей дæр бакодтонцæ ’ма сæ дони багæлстонцæ. Дон сæ цæй бæрцæ фæлласта, уæдта и гæбæти еу рауæн фæззелæни медæгæ уæлбилæмæ исгæлста. Медгæбæт цæргутæ уой ку æрлæдæрдтæнцæ, уæд, и кизгæмæ кæрдæн адтæй ’ма уомæй гæбæти фæкъкъæртт кодта. Рацудæнцæ æндæмæ, кæсунцæ ’ма разиндтæнцæ хонх рæбун сакъадахи билæбæл цагъанай размæ. Гъема, лæгъуз рæстæги еци синдзитæбæл халауон бакæниуонцæ, сæ цард дæр уони сифтæй евгъуйун кодтонцæ.

Уæд и биццеу нæртон игурд адтæй ’ма ибæл бæнттæ ку рацудæй, уæдта бацæппо-лæппо æй, уоми æхецæн æндурæ искодта ’ма си цъеутæ мардта. Гъема, гъе, уонæй дзæбæхдæр цæрун райдæдтонцæ. Фал Уацирохс-Зæрдирохс хуарз цард ахур куд адтæй, уомæ гæсгæ, уотæ лæгъуз цæрун нæбал фæразта ’ма Зивæги æ фурти хæццæ исхъурмæ кæниуонцæ, искурдиадæ дин ес, ’ма исковæ Хуцаумæ, цæмæй нин уæлæ еци хонхи сæрбæл аварæ феста, ’ма уоми куд цæрæн, уобæл, зæгъгæ, кенæ ба нин аци гъезæмæрттæ дæу фудтæ ’нцæ, ’ма дæ рамардзинан!

– Уæй, мæхе мæгурбæл мæ ку ниууадзиайтæ, е уин искурдиадæ! – зæгъгæ, сæмæ мæтъæлгомау исдзоруй æнæ къæхтæ Зивæг дæр.

Нæй, нæ ’й уадзунцæ. ’Ма уæдта Зивæг æхе меднимæр искувта:

– А, хуцаути мæхе Хуцау, мадта ма мин фæстаг хатт байагъаз кæнæ. Уæлæ мин хонхи цъоппбæл устур авар фестун кæнæ, æ цуппар тегъемæ цуппар мæсуги куд уа, уæхæн, сæ фарсмæ ба федар кесена мæхецæн цæрунмæ. Уонæбæл ба зилдæгæй федар бæрзонд горен куд уа. Уæдта мæнæ ме ’мбæлтти хæццæ уоми куд фестæн ’ма нин хуæдзелгæ цард куд уа!

Æцæгæй, куд искувта, уотæ син хонхи цъоппбæл авæрт-

тæе фестадæй. Зивæг, мæгур, уорс кесенай заманай бумбули хуссæнтæбæл хуссун райдæдта ’ма хæрдмæ «уф» кодта. Хуæдзелгæ цард дæр ин байгон æй ’ма мæтæй мардæй!

Уæд, еу кæми адтæй, уоми Нарти иуонæхсарæ лæхъуæнтæ уотари рацудæнцæ; берæ фæххаттæнцæ æма син Хуцау се стонг ба Зивæги размæ æрхаста. Ниддес æнцæ, аци авæрттæ нурмæ ку некæд фæууидтан, уæд атæ ци уонцæ, зæгъгæ, бадзурдтонцæ ’ма сæмæ æнæ фидæ лæхъуæн рауадæй. Дуар син бакодта, медæмæ сæ бахудта ’ма сæ хъæбæр фæххинста. Уæд етæ дæр райарфæ кодтонцæ ’ма рандæ ’нцæ сæхемæ десгæнгæ. Сæхемæ ку иссудæнцæ, уæд сæ зæрæндтæ нихæси фæрститæ кодтонцæ: «Ести хабæрттæ нин радзоретæ!»

Етæ дæр ма дин, сæ хинцæг хæдзарæй фæстæмæ, æндæр ци радзурдтайуонцæ? Ходуйнаг уин нæ ’й мæнгæдтæ дзорун, уоми ке неци ес, уой мах нæ зонæн, зæгъгæ, син зæрæндтæ алли фудтæ никкалдтонцæ. Етæ дæр ард хуардтонцæ, куд си ес, ’ма сæмæ хъæбæр фæммийнасæ кодтан, зæгъгæ.

Уæд зæрæндтæ исфæндæ кодтонцæ: «Цæй, маха ’й бабæрæг кæнæн!» – ’ма ниццудæнцæ дуккаг бон. Æцæгæй си разиндтæй, куд дзурдтонцæ, уæхæн галауантæ. Ба сæмæ дзурдтонцæ. Лæхъуæн бабæй уони дæр медæмæ бакодта. Хъæбæр сæ фæххинстонцæ. Нур сæ Уацирохс æма лæхъуæн фæсмардтонцæ, Нарти зæрæндтæ ба сæ нæ зудтонцæ. Нарти зæрæндтæ хуарз ку фæммийнасæ кодтонцæ, уæд фестадæнцæ ’ма син раздæр Борæфæрнуг райарфæ кодта, уæдта иннетæ дæр. Фал Сослан ба сили рахаститæмæ ку æркастæй, уæд æ зæрдæмæ бацудæй ’ма æхе фæстаг нииуорæдта, æ зæрдæй ин хуæздæр райарфæ кæнунмæ гъавта. ’Ма ин æ къох ку райста, уæд ин арфæ кæнун райдæдта, фал имæ и силæ уайтагъддæр æ къилдун фæххатта. Е Сосланмæ ци гъигæ фæккастæй ’ма имæ дзоруй:

– Ци кæнис, хуарз уосæ, мах ди хъæбæр боз ку ан, уæд дæхе иннердæмæ цæмæн рахаттай?

– Неци базудтай?

’Ма ци базонон, зæгъгæ, рафарста Сослан и уоси.

– Мадта æз уæртæ уæ хестæр – Борæфæрнуги кизгæ Уацирохс-Зæрдирохс дæн, мæнæ ба мæ фурт, Зивæг ба уæртæ уорс кесенай æй.

Сослан æ фур цийнæй е ’мбæлттæмæ рауадæй ’ма сæ

фæстæмæ медæмæ бахудта. Уоми фиццаг не ’ууæндтæнцæ, уæдта Зивæги хабар дæр ку æригъустонцæ, уæд кæрæдзебæл цийнæ кæнун райдæдтонцæ, Зивæги дæр сæ размæ рахудтонцæ. Æстæмæй-астмæ бабæй фæббадтæнцæ се ’рвади хæдзари, уæдта сæ Нарти гъæумæ хонун байдæдтонцæ, уордæмæ æрбаледзетæ, зæгъгæ. ’Ма син Уацирохс-Зæрдирохс дзуапп равардта:

– Махæн уоми цæрун Хуцау не саккаг кодта, мах уордæмæ неци фæццæудзинан, фал мах ка уарзуй, е ба ардæмæ æрледзæд! – зæгъгæ, кæрæдземæн райарфæ кодтонцæ.

Уой фæсте ба Нартæй уордæмæ кадæртæ фæллигъдæй.

БОРÆФÆРНУГ

Бориати Борæн адтæй,
Райда-уарайда,
Еунæг хъæбæр рæсугъд кизгæ,
Райда-уарайда!
Борæфæрнуг е ку хундтæй,
Райда-уарайда,
Зонæнгин ба е ку адтæй,
Райда-уарайда!
Еу бон кæми адтæй, уоми,
Райда-уарайда,
Мæсуги сæрккагæй ку фæккæсуй,
Райда-уарайда!
Идардмæ бæхгин ку ниууидта,
Райда-уарайда,
Уæд Хуцаумæ е ку скувта:
«Райда-уарайда!
Йа, хуцаути мæхе Хуцау,
Райда-уарайда,
Тар мегъæ ’йбæл уæхæн скæнæ,
Райда-уарайда,
’Ма æ надбæл куд фæррæдуйа,
Райда-уарайда,
Уотемæй махмæ ци ’рбаздæха».
Райда-уарайда!
Мæсуги сæрæй е æрцæуй бунмæ.

Райда-уарайда,
Æ фидæ Борæн е ку дзоруй,
Райда-уарайда:
«Ауæхæн дессаг некæд фæууидтон,
Райда-уарайда!
Надбæл еу уод фондз уоди схæссуй!
Райда-уарайда!»
«Æ, налат силæ, цитæ дзорис?
Райда-уарайда!
Еу уод фондз уоди куд хæсдзæнæй?»
Райда-уарайда!
«Мæ фидæ Борæ ма рамæла,
Райда-уарайда,
Нæртон дууæ етæ ку ’нцæ,
Райда-уарайда,
Лæхъуæн æма рæсугъд киндзæ,
Райда-уарайда,
Сæ фусун махмæ ку уодзæнæй».
Райда-уарайда!
Æцæг тар мегъæ ку ниббадуй,
Райда-уарайда,
Лæхъуæн æ надбæл фæррæдуйуй,
Райда-уарайда,
Бори хæдзарæмæ барæдуйуй,
Райда-уарайда,
Борæфæрнуг сæбæл ниццийнæ уй.
Райда-уарайда!
Етæ адтæнцæ нæртон лæхъуæн,
Райда-уарайда,
Сæнт сау рæсугъд уæззау киндзæ,
Райда-уарайда,
’Ма зайуйнаг рæсугъд æфсæ,
Райда-уарайда!
Хуарз æгъдау син ку раттунцæ,
Райда-уарайда,
Æхсæвæр син ку скæнунцæ,
Райда-уарайда,
Æртæ рауæни æртæ уати,
Райда-уарайда,
Борæфæрнуг ку никкæнуй,

Райда-уарайда,
Æхсæвæ киндзæн ку райгуруй,
Райда-уарайда!
Сугъзæрийнæ стуггин лæхъуæн.
Райда-уарайда!
Æфсæ низзадæй уадæндзо ’ма,
Райда-уарайда,
Мегъæнуайæн рæсугъд байраг.
Райда-уарайда!
Æхсæртæгкатæй лæхъуæн адтæй,
Райда-уарайда,
Бориатæн ба тоггин адтæй,
Райда-уарайда!
Бафедудтонцæ еци надбæл,
Райда-уарайда,
Борæфæрнуги хъаури фæрци,
Райда-уарайда!
Æстæмæй-астмæ етæ уони,
Райда-уарайда,
Сæхемæ ниууорæдтонцæ.
Райда-уарайда,
Устур æгъдауæй рарвистонцæ,
Райда-уарайда,
Етæ уони Нарти ’хсæнмæ,
Райда-уарайда!
Еци игурд уæхæн иссæй,
Райда-уарайда,
Знæгти нихмæ ’ма царди хуарзбæл,
Райда-уарайда,
Цæрæнбонти тох ка кодта,
Райда-уа-рай-да!

КУРД-АЛÆГОН

Курд-Алæгонæн адтæй рæсугъд кизгæ ’ма уой хæццæ балци рандæ ’й Хъуми будурмæ. Уоми еу рауæн æрæнца-дæнцæ æма и кизгæ дзоруй Курд-Алæгонмæ:

– Дæ фарнæ, дæ фарнæ, де ’зæди стæн! Уæртæ Хъуми будурти денгизи билтæбæл еу бæх æрбацæуй æма фондз

уоди æрбахæссуй. Кæд ди не ’руагæс кæнуй, уæд дæ фæлгæсæнтæй дæр ракæсæ!

Курд-Алæгон дæр ибæл фæттург кодта æма и кизгæ дæр нигъгъос æй. Æхуæдæг ба никкувта:

– А, хуцаути мæхе Хуцау! Аци сахат уæхæн бон ци никкæна æма арф мет ци ниууара, е ба цъæх ех ци ниууа, æма еци бæхгин ардæмæ ци æртухса махмæ!

Еци сахатбæл дунгитæмæ февналдта æма арф мет ниууардта. Уобæл нигъгъизтæй æма и мет нийййех æй. Ци рацудæй, уæдта Курд-Алæгонмæ æрбадзурдæ ’й:

– Уæ тургъи – иуазгутæ æма нин фусун фæууотæ!

– Иуазæг Хуцауи иуазæг æй, – зæгъгæ, æма сæ баазтонцæ.

Етæ ба дин – лæхъуæн, æ конд, æ уиндæн нæ, уæхæн адæймаг, æ фæсабæрцæ ба кизгæ; е ба уомæй æндагъддæр. Ниссæбæл цийнæ æнцæ, хуарз сæ фæййидтонцæ. Хуссун афони ба и лæхъуæн загъта:

– Еу хæдзари нин уат никкæнетæ!

Ниссин уæттæ кодтонцæ æма сæмæ æхсæвæ ба кæсгутæ искодтонцæ. Адæм æринцадæнцæ, зæгъгæ, уæдта и кизгæ æма и лæхъуæн дæр еу уати исхустæнцæ, иннæ уат ба ревæдæй байзадæй. Раст æмбесæхсæви ба и кизгæн сугъзæрийнæ æстуггин лæхъуæн райгурдæй æма и лæг бадзурдта Курд-Алæгонмæ:

– Ходуйнаг ма уæд, уæртæ ме ’мбал цидæр кæнуй!

Ниццирагъ кодтонцæ, ба имæ цудæнцæ æма и сувæллони багъуд кодтонцæ. Зартæ æма зари сæртæ уой елхъинабæл цæмæннæ хастайуонцæ, уотемæй бонмæ фæззардтонцæ æма фæккафтонцæ.

Æмбесбони ба и бæх байраг низзадæй. И кизгæ дæр куд нæ ниццийнæ адтайдæ, æ дзурд ке исæнхæст æй, уобæл. Курд-Алæгон дæр æй балæдæрдтæй æма ма ин никкувта:

– Хуцау дæ бæстæн хуарзæрдæмæ фæккæнæд, – зæгъгæ.

Ци рацудæй, Хуцау зонуй, уæдта и биццеу дæр, и байраг дæр рацæппо-лæппо æнцæ æма и лæг æма уосæн дæр сæ хæдзарæ сæ зæрди æрæфтудæй.

Курд-Алæгон син устур лæвæрттæ ракодта æма сæ уотемæй рарвиста.

ДЕДЕНÆГИ ТАУÆРÆХЪ

Нарти æмбес хай Деденæги адтæй. Зæнæг ба ин н’ адтæй æма Нарти Уацирохс ка хундтæй, уой æхецæн дуккаг уосæн æрхудта. Уацирохсæн æ конд, æ уиндæн н’ адтæй.

Еу хатт кæми адтæй, уоми Уацирохс донмæ рацудæй æма ин Сослани Хуцау æ размæ фæккодта. Нæрæмон лæг æй нæбал уагъта, – фенбæлæн, зæгъгæ, æма ин Уацирохс кæми састайдæ. Кæнæгой адтæй æма Ацæти Таувези хæццæ хаттæй.

На, нæ-уа æй ку нæбал уагъта Сослан, уæдта ин Уацирохс дæр загъта:

– Ци мæмæ æрцудтæ, Ацæти Таувез мин ку нæ фестадтæ, уой фæууиндæ мин рауай!

Сослан дæр ма ци исдзурдтайдæ æма мæстæйдзагæй раздахтæй. Уой фæсте ба и Нартæн Ахкемай устур синд адтæй æма Деденæг дæр уордæмæ семунмæ æрцудæй. Сосланæн ба ма Уацирохси æфхуæрд æ зæрди адтæй æма Хæмици фурт Батразæн балæдæрун кодта æ зæрдиуаг.

И дуурæ исфæндæ кодтонцæ Деденæги бафхуæрунбæл æма синди æ фæйнæ фарсемæ нихкуæстæнцæ. Нур Уацирохс æма Адæкезæ ба Нарти синдмæ билæй кастæнцæ, Сослан сæ цæмæн нæ батергади кодтайдæ æма уони æрдæмæ се ’рух ку рахатиуонцæ синди зилди хæццæ, уæдта дуурæ бæдæйнаг лæги Деденæги истелиуонцæ, сæхуæдтæ ба исзариуонцæ:

– Уæ, Деденæг, кæнæг хусгæ!

Изæрæй и синд рахæлеу æй æма Деденæг дæр сæхемæ иссудæй, æма ин Адæкезæ уотæ зæгъуй:

– Дессаг, кæнæг хусгæ, зæгъгæ, уотæ цæмæн исзариуонцæ?

Деденæг ба æмбаргæ лæг адтæй æма ин уотæ:

– Æмбурди хъал лæхъуæнтæ кунæг еститæ нæ фæззарунцæ ’ма уонæмæ игъосæ, уæдта еститæ дзордзæнæнцæ. Кунæг уæхæн зартæ нæ фæккæнунцæ лæхъуæнтæ, уобæл бабæй мæ ци фæрсис?

Уобæл и уостити зæрдæ банцадæй, фал Деденæг ба фæггурусхæ æй: цидæр æй, уæддæр Уацирохс еске хæццæ хæтуй, Нарти лæхæйдзаг сувæллæнттæ мæбæл зар хумæтæги нæ раскъардтонцæ, зæгъгæ, æма æй æ гъæдин мæсу-

ги сæрккаги бакодта, æхуæдæгка Адæкези хæццæ бунккаги цардæй.

Уотемæй цæрун райдæдтонцæ. Уацирохс, æнæ бони рохс фæууингæ, æнæ арви цъæхмæ искæсгæй, бадтæй æ уати æма имæ уордæмæ ба алли æхсæвæ дæр цудæй Ацæти Таувез. Уомæн ба гæдиæй базуртæ адтæй æма æрбатæхидæ мæсуги сæрти, къæразгæбæл бабадидæ, æ базуртæ уоми исесидæ. Уацирохс дæр æй базонидæ æма ин къæразгæ æрбайгон кæнидæ æма æхсæвæ-бонмæ уоми фæууиуонцæ. Сæумæрдæмæ ба Таувез æ базуртæ бабæттидæ æма фæстæмæ рандæ уидæ.

Уотемæй, ци рацардæнцæ, уæдта Уацирохс бауæззау æй. Нур, кой кæндзæнæн, зæгъгæ, уæдта загъта æ сæри хецау Деденæгæн:

– Ами цæрун нæбал фæразун: бони рохс нæ уинун, адæймаг нæ зонун, уотемæй ма аци цард æма рæсугъддзийнадæй æз ци кæнун? Нур ба мæ дзæбæх дарæс дæр нæбал гъæуй, фал ма мæ дæхецæн нурмæ куд аккаг кодтай, уотæ кæд аккаг кæнис, уæд мин фурдзартæй лæмæгъ кæрцæ искæнæ æма мæ бунккæгти цæрун уадзæ. Æз дæр мæхе нæбал æфснайдзæнæн æма мæмæ кæд некебал хицæ кæнидæ.

Деденæгмæ æ дзубандитæ раст фæккастæнцæ æма ин, куд загъта, уотæ æ над æ барæ рауагъта. Уацирохс дæр æ бæнттæ нимайун райдæдта æма æ бони радæ ку æрхъæрттæй, уæдта Ацæти Таувезæн лилагъз искæнун кодта, мудадзæй æй хуарз байсарста, уæдта и су-вæллони дзедзейæй бафсаста æма æй денгизи багæлста.

И лилагъз дæр лæсун райдæдта. Уæд еци денгизбæл Хуцау балердзаутæ фæккодта. Æгас бон фæххаттæнцæ и балердзаутæ æма нецæбæл хуæст кодтонцæ. Бафæлладæнцæ и балердзаутæ æма денгизи билæбæл сæ хизтæ æма сæ бæлæгътæ куд рагæлстонцæ, æма рæфтадбæл куд æрбадтæнцæ, уотæ ба сæбæл Сослан, Уорæзмæг, Хæмиц æма Деденæг иссудæнцæ:

– Байрайайтæ æма уин берæ Хуцау ратта! Ци æй, ци мæтъæл бадт кæнтæ, – зæгъгæ, сæмæ дзорунцæ Нарти дзæбæхтæ.

Етæ ба син:

– Ци агъази мæтъæл бадт æй! Æгас бон фæххаттан а денгизи æма еунæг кæсалгæ дæр нæ арми нæ бафтудæй,

нур ба сехуар кæнунмæ бабадтан, æма нæмæ рафестæг уотæ, – зæгъгæ, æма син сæ бæхти идæнттæбæл æрхуæстæнцæ.

– Фарнæ уæмæ рафестæг уæд, фал уи корæн, æма мах номбæл дæр уæ хизтæ еу гæлст бакæнтæ, кæдимайди ма ести нийиахæссиайтæ мах нивæй.

Балердзаутæ дæр февналдтонцæ æма сæ хизтæ багæлстонцæ, æма – неци. Сæ еуей хизи ба Хуцау, Уацирохс ци лилагъз багæлста, уой бафтудта.

– Уæ нивæ амæй хуæздæр н' адтæй, – зæгъгæ, æма балердзаутæ нихххуæстæнцæ, æма и лилагъз сæ еуемæ дæр дарунцæ, се 'ннемæ дæр, æма æй неке комуй.

Уæдта Деденæг уотæ:

– Ра æй хæссетæ мæнмæ, æз æй хæсдзæнæн!

Уорæзмæгетæ дæр ибæл фæххудтæнцæ:

– Амæн ба, цидæр фæйна, уой корун е 'гъдау æй! Æноси корагæ æй.

Цидæр адтæй, и лилагъз Деденæгмæ бацудæй æма уотемæй ранæхстæр æнцæ.

Надбæл ба сæмæ дзоруй:

– Ци дессаг æй: уæртæ Сау хонхбæл цъетети рæбун нæзи гъæдæ содзгæ æрбацæуй!

Етæ хонхæрдæмæ кæсуни ку фæцæнцæ, уæд Деденæг ба лилагъз фæззихъир кодта æма имæ уордæгæй ба биццеу нихххудтæй. Фæ 'й æнгон кодта, Нартæ мин æй ма базононцæ, зæгъгæ, 'ма сæхемæ уотемæй иссудæй.

Цийнæгæнгæ исмедæг æй æ мæсуги æма Адæкезæн радзурдта и сувæллони хабар. Е дæр æхебæл фестæлтæ, цидæр бузгъуртæ æ хъæстæбæл истухта æма ракой æй:

– Деденæги уосæ Адæкезæ зæруæрдæмæ бауæззау æй!

Дуккаг бон ба Деденæг сувæллони Адæкези фарсмæ нивардта, æхуæдæг ба синхæнттæмæ радзурдта:

– Не 'фсийнæ цидæр кæнуй æма имæ бакæсетæ!

Синх æрæмбурдæнцæ æма кæрæдземæ хуæрзæнгорæггæгти уадæнцæ, Деденæгæн лæхъуæн райгурдæй, зæгъгæ.

Нарти дзæбæхтæ имæ арфæмæ цæмæн нæ цудайуонцæ æма имæ уотемæй устур æмбурд иссæй. Æмбурди адæм ибæл сæвардтонцæ Ерæхсау. Адæкезæн дзедзе н' адтæй æма ин хæссæг агорун райдæдтонцæ. Нартæ æй сæ кæрæдземæн нæ уодæнстæнцæ. Алкедæр уотæ фæндæ адтæй

æма уой енцег куд адтайдæ, уотæ, фал æй кадæр фæххаста, уонæй ин æ дзедзе дарун неке бафæразта: Ерæхсау дзе-дзе ку исивазидæ, уæд ин æ зæрди ауиндзæнтæ тонунмæ багъавидæ æма æй фæстæмæ æрхæссидæ.

Æрæгиау ба Уацирохс уотæ:

– Æз ба 'й мæхе дзедзебæл бафтауон, кæдимайди ма ин дзедзе æрифтауинæ, – æма æй æхемæ райста.

Уацирохсмæ ба дзедзе куд н' адтайдæ æма æй уайтагъддæр ра-цæппо-лæппо кодта.

Уайтагъддæр Деденæги фурт Ерæхсау хæтунгъон фæцæй æма, æскъуæхт лæг æй, зæгъгæ, Нарти астæу æ кой рацудæй. Сослан ин æ хабæрттæ куд нæ игъустайдæ æма ин фæсауунонмæ хæлар разагъта.

Ерæхсау дæр Сослани нæ зудта, фал ин фæсауунонмæ ба лимæнеуæг кодта.

ДЕДЕНÆГИ ФУРТ ЕРÆХЦАУ ÆМА НАРТИ СОСЛАН

Нартбæл фуд догæ никкодта; тар мегъæ сæбæл ниббадтæй 'ма сæ ракæсун нæ уагъта. Уæхæн рæстæг сæбæл никкодта. Нарти Сатана к' адтæй, е æхсæвæ Гори федармæ цудæй, бонæ ба Нарти гъæумæ цудæй. Еу ку адтæй, уæд Сатана еци мегъæй не 'рæндиудта Нарти гъæумæ 'ма уоми бадтæй.

Еу æхсæвæ ба, нур сæумæ идзулдзæнæй, зæгъгæ, уæд фæстæмæ æриздахтæй Нарти гъæумæ. Ку 'рцудæй, уæд раст еци сæумæ ба сæбæл хор ракастæй.

Загътонцæ Сатанайæн:

– Нæбал дæ рауадздзинан. Де 'рцуд нин хуасæ ку фæцæй 'ма нин ку рахор æй! – æма 'й æруорæдтонцæ уоми.

Ку 'ризæр æй, уæд æй Уасгерги базудта, гъенур ами æризадæй, зæгъгæ, 'ма уайун байдæдта Будури изæдмæ, 'ма ин зæгъуй:

– Гъе, атæ 'ма атæ, 'ма мæ дæ хуарзæнхæ уæд, ести зунд мин байамонæ!

Е ба ин загъта:

– Мадта дин æз унафæ кæнун: ку 'ризæр уа, уæд дæхе æхсинæг фестун кæнæ, æз ба мæхе турмон-хъæрццигъа фестун кæндзæнæн 'ма дæ расордзæнæн, раст дууæ изæри

астæу къæразги куд фæммедæг уай, уотæ, Сатана кæми бадуй, уордæмæ.

Æризæр æй 'ма 'й æ разæй фæккодта, 'ма 'й къæразгæй фæммедæг кодта. Сатана дæр фестадæй 'ма æ дууæ къохи фергъувта, уосæн дæр иуазæг ес, зæгъгæ, 'ма хъæрццигъай фæстæмæ расурдта. Ку æрæнафонæ 'й, уæд æй гъæбесæй райста 'ма 'й къæразгæбæл æривардта 'ма бабæй фæстæмæ æ гъæбесмæ батæхидæ. Къæразгæбæл æй феваæридæ 'ма, фæстæмæ ку батæхидæ, уæд Сатана фæггурусхæ 'й, оххай, а цидæр æй, зæгъгæ.

Урузмæг ба афæй балций адтæй, 'ма Сатана Гори федармæ уой тухæй цудæй. Архайуй ибæл, æндæдуар цæмæй фæууа, уобæл 'ма ин æндæмæ нæбал комуй. Еу æй къæразгæбæл куд февардта, уотæ ба фæстæмæ æ гъæбесмæ батахтæй 'ма, Уасгерги куд адтæй, уотæ фестадæй 'ма загъта Сатанайæн:

– Уæхæн маргъ ма синтæсæд, мæн æ разæй ка скæна!

Е ба ин загъта:

– Хуцау ди ма сбоз уæд! Мæхе ди фæгъгъæуай кодтон, нур ба мæ уæддæр басайдтай!

Уоми æризадæнцæ 'ма лæг æма уосæ адтæнцæ, 'ма бони уалæнгæ уоми фæцæй Уасгерги, уæдта рацудæй 'ма рандæ 'й. И уосæ бауæззау æй 'ма бæнттæ нимайун байдæдта, 'ма, æ афæдзи бон ку æрцудæй, уæдта денгизи билæмæ рандæ 'й хъæппæлтæ æхснуни рæуони, 'ма ин райгурдæй сугъзæрийнæ æстуггин лæхъуæн. Лилагъзи 'й ниввардта, æ дзедзейæй æй бафсаста, уæдта 'й денгизи багæлста 'ма ин никкувта Хуцаумæ:

– А, Хуцау, æдта 'й сæхе муггагбæл, Æхсæртæгкатæбæл бафтуйун кæнæ!

Деденæг æзæнæг адтæй 'ма денгизи билæбæл цардæй; æхуæдæг ба Æхсæртæгкатæй адтæй. Цауæн кодта æма, еу ку адтæй, уæдта неци æ арми бафтудæй, 'ма 'й Хуцау изæрæрдæмæ балердзаутæмæ бахаста.

Ку бахъæрттæй, уæд син балихстæ кодта:

– Æнæхуæргæ дæн, нецæбæл фембалдтæн æма æнæ æхсæвæр ахсæви байзадтæн. Нур ба мæн хатир фæууинетæ æма хизæ еу дард ракæнетæ, кæд естæбæл мæн амондæй фæххуæст уаййайтæ.

Хизæ радардтонцæ ’ма си еци лилагъз бафтудæй; æр имæ кастæй ’ма загъта:

– Ци кæнон! Мæ нивæ уомæй хуæздæр н’ адтæй. Нур ба мин а дæр согæн исагъаз уодзæнæй.

Æма къудурон æ фæсабæрцæ бабаста, ’ма ранæхстæр æй. Цæун байдæдта ’ма уæдта æ фæсабæрцæй биццеуи кæун иссудæй. Ами цидæр ес, зæгъгæ, ’ма ’й æ гъæбесмæ æрбайста ’ма имæ игъуста, ’ма си сувæллони гъæрзун цудæй.

Хуцау, ма мæ фесафæ, зæгъгæ, ести мин æй фæккæнæ, мæхе цæбæл рæвдауон, уæхæн!

Æрцудæй, сæ хæдзарæмæ ’й бахаста; ра ’й игон кодтонцæ ’ма си сугъзæрийнæ æстуггин лæхъуæн райста, цийнæ ибæл кæнунцæ ’ма зæгъунцæ:

– Ку ’й исгъæр кæнæн, уæд нин æй дзæгъæлзад хондзæнæнцæ. Фæлтау дæхебæл, – æ уосæн зæгъуй, – уæззауи кой рауадзæ, уæди уалæнгæ ба ’й не сгъæр кæндзинан ’ма ’й сосæггæй хæсдзинан.

Уосæ æхе ниттумбултæ кодта, къимбустæ, æндæртæ æхебæл ниттухта ’ма Нарти гъæутæбæл райгъустæй, Деденæги уосæ бауæззау æй, зæгъгæ.

Ци рацудæй, Хуцау æхуæдæг зонуй, уæдта хабар рацудæй, Деденæгæн лæхъуæн райгурдæй, зæгъгæ, ’ма хуæрзæнгоргутæ рарвистонцæ.

Сослан æ сагъæдахъи фелваста ’ма син фехста сæ хæдзарæ, ’ма фати хæццæ рарвиста:

– Æз ибæл ном иваерун – Ерæхцау.

... Нарти медæг кувд кодтонцæ Алæгатæ ’ма Нарти адæм æмбурд кодтонцæ. Кувд ба уой тухæн кодтонцæ ’ма Сайнæг загъта:

– Æз мæ кизги, æмбурди медæгæ æхуæдæг ке равзара, уомæн ратдзæнæн.

Æ кизгæ ба Агундæ хундтæй. Æримбурд æнцæ и адæм ’ма Деденæги фурт дæр Ерæхцау, Деденæгæн уорс бæх адтæй, ’ма уобæл саргъ сивардта, ’ма загъта:

– Цæуон, æз дæр бабæрæг кæнон ме ’рваддæлти, некæд сæмæ адтæн, неке си зонун.

Над ин нийяамудтонцæ:

– Цо, æма сæ дуармæ устур мæсуг уодзæнæй, ’ма уордæмæ ку бахъæртай, уæд дин Сатана байамондзæнæй, куд дæ цæун гъæудзæнæй, уой.

Цæун байдæдта ’ма бахъæрттæй, ’ма мæсуги буни балæудтæй. Ра имæ кастæй æфсийнæ-Сатана, ци дæ, циуавæр дæ, зæгъгæ.

Е ба загъта:

– Деденæги фурт дæн ’ма фæууинуни тухæй æрбацудтæн ме ’рвадтæлтæмæ, ’ма кумæ цæуон, уой мин байамонæ.

Загъта ин Сатана:

– Дæлæ Алæгатæ кувд кæнунцæ, сæ кизги дæттунцæ, æхуæдæг ке равзара, уомæн, ’ма цо уордæмæ.

Дзоруй и æфсийнæмæ:

– Æдта мæ дæ хуарзæнхæ ку фæууидæ ’ма мин кегъæре еске ку фæууидæ, кæми цæрунцæ, уой нæ зонун.

Хуарз, зæгъгæ, (Хæмици фурт Батраз æхсæвæ изæдти хæццæ тухта, бонæ ба фуноки бадтæй, æ къæхтæ дзингай къæхти хузæн, æ сæр ба цæгæр, уотемæй) ’ма ин уой рахудта, ’ма æ разæй фæййагайнæ ’й:

– Рауай, хуарз иуазæг, ниддæ хæццæ кæндзæнæн нуртæккæ.

Е ба имæ дзоруй:

– Кæд æзмæлдзæнæ, уой бæсти мæ фæсабæрцæ рабадæ!

Е ба ин æ бæхмæ ракастæй ’ма дзоруй:

– Дæ бæх, дууæ ка фæххæсса, уæхæн нæ ’й, – зæгъгæ.

– Мæ бæх ба дууæ куд нæ фæххæсдзæнæй? Рабадæ!

Е дæр рабадтæй ’ма ’й еу-дууæ ампъези рауагъта, уæдта ’й æ уæргутæй фелхъивта, ’ма æ гъæлæсæй æ уæцъæфи лæхæ искалдæй.

– Ци ’й а, ци мæрддзаг æй? Дæу тухæн мæ бæх атæ ’й?

– Æма дин æз нæ загътон, дæ бæх, дууæ ка фæххæсса, уæхæн нæ ’й.

– Гæр, куд нæ фæххæсдзæнæй, раздæр рабадай-ра!

Рабадтæй раздæр ’ма бабæй æй еу мæнги рауагъта, уæдта ’й æ уæргутæй нæуæгæй фелхъивта, ’ма бæх æ уæргутæ æ буни рацавта разæй.

Рахизтæй Батраз ’ма ’й фестæгæй ниххудта. Ра имæ уадæнцæ ’ма ибæл Æхсæртæгкатæ ниццийнæ ’нцæ, Деденæгæн ци фурт ес, зæгъгæ.

Сослан зæгъуй: «А, Хуцауи ку фæндæуа, уæд нин нур ба нæбал райервæздзæнæй – Сослан ба Агунди курдта – ’ма, мæхе бон ку нецибал уа, уæд а ести фæрæзнæ кæндзæнæй».

Рабадун æй кодтонцæ ’ма:

– Сау ниуæзтæ кæнун нæ бæззуй, фал гъазун дæр гъæуй! – зæгъгæ.

Æма Сайнæг финги кæрæнттæбæл дæлæмæ кафгæ рацудæй, уæлæмæ дæр исæздахтæй ’ма æ бадæни æрбадтæй æнæ еу къæбæр фæззулун кæнгæ.

Ерæхцау дæр рагæпп кодта ’ма уомæй æндагъддæр æрзелæн кодта, ’ма æ бадæни æрбадтæй.

Хуæрунцæ, ниуазунцæ, уæдта бабæй еци Сайнæг рагæпп кодта ’ма се ’гасемæн дæр сæ болат хъæматæ фелваста, ’ма сæ зæнхи рацавта, ’ма сæбæл кафгæ æрцудæй, ’ма æ бунати æрбадтæй.

Ерæхцау дæр бабæй рагæпп кодта ’ма хъæматæн сæ фестонтæ бунмæ рацавта, ’ма, еу хъæмай финдзæй иннемæ гæппгæнгæ, уотемæй сæбæл кафгæ æрцудæй, ’ма æ бунати исбадтæй.

Сайнæг нæбал исфæразта ’ма зæгъуй:

– Деденæги дзæгъæлзад фурт ба мæ æзмæлун дæр ку нæбал уадзуй!

Е дæр фестадæй ’ма рацудæй:

– Æдта хуарз! Æз кæд дзæгъæлзад дæн, уæд дин дзæгъæлзад исбæрæг кæнун кæндзæнæн!

Рабостæ кæнуй ’ма фæццæуй.

Сайнæг дзоруй:

– Ох-хай! Хуарз адæм мæхебæл не саразтон! – зæгъгæ, ’ма Сос-ланæн зæгъуй, – цо, ра ’й æздахæ, нæ кизгæ дæр лæвард фæууæд, – зæгъгæ, – ма ’й рауадзæ бостæй.

– Гъе, ма мæ фæссайæ, æздахгæ ба ’й ракæндзæнæн, – зæгъгæ, ’ма æ фæсте уайун байдæдта, ’ма ’й раййафта, ’ма ин загъта:

– Раздæхæ, æ кизгæ Агунди мин равардта ’ма ди корун, ма мæ фенамондгун кæнæ, æма раздæхæ!

Загъта ин:

– Сайдзæнæй нæ ’ма фæлтау ма ’здæхæ!

– На, нæ нæ фæссайдзæнæй, ра мин æй æвардта, ’ма ди корун, раздæхæ!

– Æздæхгæ кæнун, – зæгъгæ, – фал сайгæ ба нæ сайгæ кæндзæнæй.

Раздахтæнцæ ’ма ку исхъæрттæнцæ, уæд æмбурд рахæлеу æнцæ, ’ма син загътонцæ:

– Сайнæг æ федари бацудæй, – зæгъгæ.

– Нæ дин загътон, нæ, ба нæ сайдзæнæй, – зæгъгæ, ин загъта Ерæхцау ’ма ибæл æфсæдтæ кæнун байдæдтонцæ. Æфсæдтæ æримбурд кодтонцæ ’ма ин неци амал ирдтонцæ.

Ерæхцау уæдта загъта:

– Дзалмадзани хурфи мæ бакæнетæ ’ма мæ хонхи сæрмæ фехсетæ ’ма ин кæд неци амал искæнон, уæд мæ зæнхæмæ ма ’руадзетæ, авд дони сæрти мæ бахæссетæ, уæдта райгас уодзæнæн, – зæгъгæ.

Хонхи сæрмæ ’й фехстонцæ ’ма сæ сæрæн нæбал адтæнцæ. Ку исхъурмæ ’нцæ, уæд Сайнæгмæ адтæй æртæ фати Хуцауи скурдиадæй ’ма уонæй еу рауагъта, ’ма искувта:

– А, Хуцау, æдта уæлæмæ еунæгæй цæуй, дæлæмæ ба дууемæй куд æриздæха!

Ерæхцау дæр æхе æнæдон санс фестун кодта ’ма хонхи бунмæ рандæ ’й. Фатæн дæр æнгъуд адтæй ’ма, е ’нгъуд ку æрхъæрттæй, уæд хонхи билæбæл ницъцъæлæс æй. Е дæр уой ку базудта, уæд бабæй исистадæй ’ма сæбæл нæуæгæй тохун райдæдта, ’ма сæ исхъурмæ кодта. Сайнæг дæр бабæй дуккаг фат рауагъта ’ма никкувта:

– А, Хуцау, æдта фæстæмæ æнæ уой куд нæбал æрæздæха, – зæгъгæ, ра ’й уагъта ’ма ин фулдæр æнгъуд искодта.

Е дæр, фат ибæл ку рауагъта, уæд æхе борæмæз фестун кодта ’ма æхе хонхи рауагъта. Хезун бабæй æй байдæдта ’ма, е цæй бæрцæ, е ба дууæ уой бæрци фæллæудтæй, ’ма бабæй фат хонхбæл басастæй. Е дæр исистадæй ’ма бабæй сæбæл нæуæгæй тохун байдæдта. Ку исхъурмæ бабæй æй, æ сæрæн ку нæбал адтæй, уæд Сайнæг æ кизгæмæ дзоруй:

– Нæ дæ ниууадздзæнæнцæ нур Æхсæртæгкатæ.

И кизгæ дæр ин загъта:

– Кадæй мæ нæ равардтай, нур ба мæ æгадæй дæттунмæ гъавис, – зæгъгæ.

– Мадта ма син нур ци кæнæн? – фæрсуй Сайнæг и кизги.

Е дæр ин фæстаг фат рауадзун кодта.

Сайнæг никкувта:

– А, Хуцау! Æдта ин, фатæн, æнгъуд дæр нæ кæнун ’ма, кæд еци лæгæн адзал ес, уæд æй æнæ уой рамаргæ мабал æруадзæ, – зæгъгæ, ’ма фат уотемæй рауагъта.

Е дæр, цалинмæ фат цудæй, – дорти дæр фарста, къæд-

зæх дæр фарста, цæй бæрцæ æнгъуд ин ес, зæгъгæ, ’ма ин неке неци загъта.

Уæдта фат фæстæмæ раздахтæй ’ма æ тæккæ сæри астæу æруадæй, ’ма е скъелæй фелвæстæй. Рахаудтæй ’ма имæ дæллæй Сослан æ къохтæ бадардта, ’ма ’й зæнхæмæ не ’руагъта. Давун æй байдæдта ’ма ’й еу фондз доней сæрти ку бахаста, берæ ин ку нæбал адтæй, уæд ибæл Сирдон фембалдæй, ’ма имæ дзоруй:

– Уæу, мæнæ дессаг! Уæртæ фæххæлæф кодтонцæ ’ма Агунди фæххæссунцæ, ду ба мард дæ уæле ци скодтай?

Нæ имæ байгъуста Сослан ’ма фæххæссуй мард. Сирдон æндæрхузи æхе æрбакодта ’ма бабæй имæ дзоруй:

– Уæу, мæнæ дессаг! Уæртæ Агунди фæххæссунцæ, ду ба ма мард дæ рагъи хæссис.

Сослан дæр бæласæ æртасун кодта ’ма ’й бæласи æнхæли февардта, ’ма ’й фæстæмæ исуагъта, æхуæдæг ба уайун байдæдта, ’ма – некæми неци, адæм дæр фæххæлеу æнцæ. Æма фæстæмæ бабæй уайун байдæдта, ’ма е дæр уалинмæ ба рамардæй. Фæстæмæ бабæй уайун байдæдта ’ма Сайнæги хæдзарæмæ æхе хæстæг рауагъта, ’ма æхе ниммæлæг кодта.

Ци рацудæй, Хуцау æхуæдæг зонуй, уæдта Сайнæг загъта:

– Цотæ ’ма, ка рамардæй, ци рамардæй, уони бабæрæг кæнтæ.

Æма бæрæггæнæг рарвиста. Æма хаттæнцæ ’ма сæ халæнттæ хуардтонцæ, ’ма фæстæмæ баздахтæнцæ, ’ма загътонцæ Сайнæгæн:

– Халæнттæ сæ хуæрунцæ.

Уæдта сæ фæрсуй:

– Сослан ба кæми ’й?

– Йей-йей! – загътонцæ, – Сослан уæлгоммæ лæууй ’ма ин халæнттæ æ цæститæмæ æвналунцæ.

– Е барæй æхе уотæ искодта.

– Гæр, мах æй уингæ ку фæккодтан, уæд куд?

Нæ си æруагæс кодта ’ма син загъта:

– Цотæ ’ма ин мæнæ аци бурæу е скъели низзелетæ, æма, æ уæрагисæрæй ку искæса, уæдта ’й мæнмæ фæстæмæ æрбахæссетæ.

Нийййин æй зилдтонцæ е скъели, æрба имæ ’й хастонцæ фæстæмæ ’ма имæ исæсмуста, æма загъта:

– А марди хъанзи смаг нæ кæнуй.

Агундæ загъта:

– А, уæууæй! Æ мардæй уой асæ кæмæн тæрсис, уомæ мæхе къахæй цæмæннæ цудтæн!

Хуцау дин ма бакомæд, зæгъгæ, загъта Сайнæг ’ма дуар фегон кодта, ’ма рацудæй, ’ма имæ гъузун байдæдта мæнгæйгай, халæй хали ауон. Сослан æхе нигъгъос кодта, уæдта имæ нæбал фæллæудтæй ’ма имæ рагæпп кодта, церхъ имæ фелваста.

Е дæр æхе фæстæмæ фездахта ’ма, нур дуар ниццæвон, зæгъгæ, уотæ ба ’й Сослан фæстегæй церхъæй ниррæуигъта, ’ма ’й дууæ ’мбеси рахаун кодта. Æ сæрти балæуирдта медæмæ ’ма кизгæ Агундæн загъта, гъенур мæн бадæ, зæгъгæ, ’ма ибæл æрфедар æй.

Агундæ дæр ин загъта:

– Æз дæу бадæн! Хуæздæр лæг æз нæбал агорун, фал а мардæн ести унафæ гъæуй ’ма бал мæн ба исуадзæ.

Нæ ибæл æууæндтæй ’ма ’й уæлмæрдти астæу нивардта, ’ма Хуцаумæ никкувта:

– А, Хуцау, æдта, а мин берæ зинтæ кæд фæууинун кодта, уæддæр æй мæнæ кизги хатирæй ивæрун ’ма ибæл хуарз уобай куд феста!

Æма ибæл хуарз уобай фестадæй.

Агундæ загъта:

– А æвæрд фæцæй, фал дæу тухxæй æхецæн зин ка скодта, хонхи сæрмæ дзалмадзани фехстæй ка исхизтæй, уой мард ди байронх æй ’ма уомæ цæуæн, ’ма уомæн ба æз ести унафæ искæнон.

Цæун имæ байдæдтонцæ; ба имæ хъæрттæнцæ ’ма Сослан бæласæ æртасун кодта, ра ’й иста, æма ’й зæнхæбæл æривардта. Кизгæ æ сæргъи æристадæй ’ма никкувта Хуцаумæ:

– А, Хуцау, еу уоди барæ мин равардтай, нур мæнæ а мæн тухxæй æхе фесафта ’ма ди, а Хуцау, уой корун, ’ма, куд адтæй, уотæ куд феста!

Æма е дæр рабадтæй:

– Охх-охх, цæйбæрцæ фæххустæн!

Загъта Агундæ:

– Мæнæн амæй æндæмæ æнсувæр куд уай, уотæ, хъиамæтбæл дæр, уæлæбæл дæр хуæрæ æма æнсувæрæй куд цæрæн, уотæ.

Сосланæн ба загъта:

– Абони уæнгæ мæ лæгмæ цæун дæр нæ уагътай, нур ба дæ уосæ дæн.

Æма, гъе, уæд æрхудта Сослан уосæ, уæди уалæнгæ ба ин уосæ н' адтæй. Ерæхцау ба ин къохбæлхуæцæг адтæй.

НАРТИ ДЕДЕНÆГ ÆМА Æ ФУРТ АРÆХЦАУ

Уацирæт æма Борæфæрнуги хуæрæ адтæнцæ Нарти Деденæги уоститæ.

Хъал лæг адтæй Деденæг, сæнттадæ, уорс дарæс, уорс бæхгин, фал адтæй æвæстаг лæг. Нихæси астæу Уацирæти хабар æрцудæй. Ка уотæ зæгъуй: «Мæн фулдæр уарзуй!» Ка уотæ зæгъуй: «Мæн фулдæр!»

Сирдон фæннæхстæр уй, Уацирæти уатмæ бацæуй; æ еу къах æма æ лæдзæг уати медæг ку фæккæнуй, уæд зæгъуй:

– Атæ 'ма атæ, ести дзуапп лæхъуæнтæн рарветæ!

Æ усхъи сæрæй имæ нæ ракæсуй Уацирæт-рæсугъд.

Никки ин зæгъуй: «Æз ами дæ хæццæ еунæгæй ку дæн, еу уинæг нæ ку нæййес!»

Æ кæрдæн фелвасуй Уацирæт-рæсугъд æма ин разæгъуй:

– Рандæ уо!

– Усхъунмæ кæрци дæ æз фæххæтун кæндзæнæн, – загъта ин Сирдон.

Зар скæнуй Уацирæтбæл Сирдон Нарти фæсевæди хæццæ. Зари медæгæ ибæл сæ хъумайаги Теуредзи æримистæ 'й.

Нихæси зарун баидайунцæ. Уой фегъосуй Деденæг. Æрги унгæгмæ æ уоси рарветуй, Теуредзи ба – сау гъæдæмæ.

Еу бон ку фæууй, уæд Теуредз фæццæуй Æрги унгæгмæ. Дзулати мæсугмæ бадзоруй Уацирæт-рæсугъдмæ. Цæрун райдайунцæ. Лæхъуæн син райгуруй. Теуредз ин лагъз скæнуй: æ сæр æнгом, æ уæле дигорон нивтæ къохæй конд. Дони 'й багæлдзуй стур Терки.

Деденæгмæ æхсæвæ бадзурдæ 'й:

– Дæ зæнæги хай дин дон фæлласуй!

Никки имæ бадзурдæ 'й.

– Цирдæмæ цæуон, уомæн неци зонун.

Уæд имæ ку бадзоруй æртиккаг хатт:

– Хъизлари хиздаргутæ, уонæмæ бафтуйдзæнæй, ра син æй корæ!

Фæццудæй. Ра 'й курдта стур лæварæн æхецæн и лагъз æма 'й схаста æ хæдзарæмæ. Игон кæнун ин ку нæ фæккомуй, уæд къæсибадæг уосæмæ бадзорунцæ. Цуппар мудадзин цирагъи ин сæвардта æ цуппар тегъемæ, байгон æй лагъз.

Гъомбæл æй лæхъуæн. Цæунгъон кæнун байдæдта. Ном ибæл нæ фæууй. «Ном мин цæмæннæ ес?» – фæрсуй Деденæги.

– Цалæнмæ Сосланбæл фембæлай, уалæнмæ дæбæл ном æвæрæн нæййес!

Цауæни фæццæуй лæхъуæн æма Сосланбæл фембæлуй.

– Хецæнæй цауæн кæнæн, æви еумæ? – ба 'й фæрсуй лæхъуæн.

Æ сæр имæ не 'рхæссуй Сослан: «Биццеуи хæццæ цауæн кæнон!» Æма зæгъуй: «Хецæнæй!»

Æгас бонсау изæрмæ Сослан неци рамаруй, лæхъуæн ба рамаруй берæ, дууинсæдзи еу гъæуаггин. Изæри фембæлунцæ. Сослан нихъхъурмæ уй, æгас бон неци рамардта. Лæхъуæн ин дууæ хаййи бакæнуй.

– Дæ ном ци 'й? – бафæрсуй Сослан.

– Ном мæбæл нæййес. Цалдæн Сосланбæл фембæлон, – загъта, – мæ фидæ Деденæг ном не 'вæруй.

– Дæ ном фæууæд, – загъта Сослан, – Деденæги фурт Арæхцау.

Еу бон Арæхцауи зæрди æрæфтудæй:

– Сослан мæ номæвæрæг ку æй, ба 'й бæрæг кæнон, – загъта.

Майрæнбони æрбацæуй стур донбæл Сосланмæ. Нарти хуарз уосæ Æхсийнæ имæ кæсуй æма загъта:

– Кæд донæн æ тæнгутæ агора, уæд нецæй лæг æй, кæд æ арф, уæдта уомæй тæрсун гъæуй.

Донæн æ тæккæ астæути банайуй. Багъæр кæнуй. Неке имæ ракæсуй. Нарти Æхсийнæ Нарти Мæгуйраги фунукæй фестун кæнуй æма ин æй æ хæццæ бæхбæл рарветуй:

– Сослан Хузми федари кувди 'й, – зæгъгæ, – Келæхсæнмæ кувд ес Хузми федари.

Уордæмæ ранæхстæр унцæ.

Мæгуйраги бæх нæбал 'йафуй Деденæги фурти бæхи. Æхе бæхбæл æй рабадун кæнуй Арæхцау. Мæгуйраг ин æ

бæхи фæрстæ балхъевуй, бæх ниллæууй æма ин зæгъуй:

– Ци кæни, Деденæги фурт, лæгбæл мæ ку нæ нимадтай, нур ба мæ уæзæй дæ бæх ку бастадæй!

Ай хæццæ ку рагъазианæ, зæгъгæ 'й, бафæндæ уй Деденæги фурти.

– Цæй, æндурæй нæхе бавзарæн, – зæгъуй Арæхцау.

Мæгуйраг фат фехсуй æма Хузми федари къæсæрбæл сæмбæлуй, уордæгæй фесхъеуй æма финги кæрон фæкъкъаппил кæнуй, Сослани думæггæгтæ равдуста.

Æрцæунцæ Келæхсæни кувдмæ, æрхезунцæ сæ бæхтæй.

Сослан айдагъ æ енцеги кой кæнуй, хецæнæй æй сбадун кодта. Келæхсæнæн æ зæрдæ фæххудтæй.

– Ци кæни, Сослан, айдагъ дæ енцеги хæццæ дзоргæ дæр ку кæнис, хуæргæ дæр?

Уæд Сирдон дзоруй:

– Деденæгæн æ номбæл фурт æй.

– Уотемæй ма, – зæгъуй Келæхсæн, – æгæр-мæгур дæр е 'цæг фурт ку уайдæ, уæд ибæл куд цийнæ кæнисæ?

Арæхцау æ бæхбæл рабадуй æма рандæ уй.

Келæхсæн зæгъуй:

– Еци бæхгин ма мин ка 'рбаздаха, уомæн мæ еунæгræсугъд кизги, Агунди, дæттун!

Сослан æ фæсте рауайуй æма ин зæгъуй:

– Æрлæууæ, мæ енцег! Мæнæн Келæхсæн дæттуй æ еунæг кизги!

Арæхцау æрбаздахтæй æма 'й фæххинстонцæ. Уой фæсте Келæхсæн идæун баидæдта, мæ кизги нæ ратдзæнæн, зæгъгæ.

Сослан Нартмæ иссудæй æма зæгъуй:

– Аци сабатæй иннæ сабатмæ мин Хузми федармæ æфсæддон лæгæй куд фæццæуайтæ!

Алкедæр æхе цæттæ кодта.

Арæхцау загъта:

– Раттетæ мин ести бугъзуртæ!

Ниддес унцæ æ мадæ æма æ фидæ.

Е син зæгъуй:

– Ма тæрсетæ! Мæнæн е Хуцауи унафæ 'й!

Ис æй аразунцæ. Рæфти Нарти адæм æрæмбурд унцæ.

Лæхъуæн Сосланмæ дзоруй. Нæ имæ кæсуй, нæ имæ игъосуй. Е 'нгаси фæцæй 'ма ин загъта:

– Сувæллон ку дæ, кумæ цæуис?

– Кæстæреуæг дин кæндзæнæн, дæ бæхмæ дин уæддæр фæккæсдзæнæн!

Хузми федармæ ниццудæнцæ. Уоми сæ фæрсуй Сослан:

– Ка уи цæмæн бæззуй?

Сувæллон загъта:

– Хонхи айнæгмæ мæ фехсетæ æма уоми банæлуæг уодзæнæн. Мæ уод мæ медæгæ ку 'руа, уæдта мæ зæвæтæй хонх фехалун мæ бон æй, фæссæ цæгъддзæнæн не знæгти! Уæддæр дин фæдзæхсун: Сирдон уоми уодзæнæй 'ма мæ Келæхсæнæн амондзæнæй. Æртæ фати имæ ес; уонæй мæ ниццæвдзæнæй. Æрхаудзæнæн æма мæбæл фæххуæцæ! Авд сауæдоней сæрти мæ бахæссæ! Ма мæ ниууадзæ, – Сосланæн фæдзæхсуй æхе.

Уотæ бакæнунцæ. Æ зæрдæ е 'муод æрцæй æма рабадтæй. Хонх ниццæвидæ 'ма 'й фæзгъæл рагæлдзидæ. Фæзгъæли буни адæми фæккæнидæ æма сæ исафта.

Сирдон загъта Келæхсæнæн:

– Фæ 'й æхсæ!

Арæхцауи къели фат сæмбалдæй. Сослан æй хæссун байдæдта; æртæ сауæдоней сæрти 'й бахаста. Уоми ба сæбæл зæронд уосæ рамбалдæй æма загъта:

– Æз цæун, Хузми федари Хæмици фурт Батраз басаста 'ма уордæмæ хæзнатæ хæссунмæ.

Еунæг сауæдонæбæл ма 'й гъудæй, – саугин ибæл фембалдæй. Е дæр уотæ зæгъуй.

Æрсагъæс кодта Сослан. Фæснад æй цъæх зæлдæбæл æрæвæруй æма раздæхуй.

Сирдон адтæй зæронд уосæ дæр æма саугин дæр. Ба 'й лæдæрдтæй Сослан. Раздахтæй фæстæмæ 'ма 'й нæбал 'ссирдта. Фæстæмæ е 'фсæдтæмæ 'ссудæй.

Ба 'й фарстонцæ, Арæхцау ци фæцæй, зæгъгæ. Ра син æй дзурдта. Фæххæлеу æнцæ æфсæдтæ. Сослан загъта:

– Атемæй ма ци 'фсонæй фæццæуон нæхемæ, мæ гъуддаг æнæ сæнхæст гæнгæй?

Донхæссæни æхе марди арæзт никкодта. Дондзаутæ цудæнцæ, дес ибæл кодтонцæ:

– Еци æфсæдтæй уæхæн лæги мард байзадæй, æ кондæн конд нæййес, æ асæн асæ нæййес!

Келæхсæн загъта:

– Е Сослан æй. Фудбон ибæл ку никкæнидæ! Бурæу фæхæссетæ ’ма ин е скъели низзелетæ, ’ма ин æ хъанзæй æрбахæссетæ!

Агундæ ин загъта:

– Дæуæн ку нæ райгурдайнæ!

Нæрæмон Сослан нæ фæллæудтæй. Ку рацудæй Келæхсæн, уæд æй басурдта. Дуарбæл æ сæр куд фæггубур кодта, уотæ ’й æрцавта ’ма ин æ сæри фахс ракъуæрдта. Æ сæрæн æрхийæй фахс скæнун кодта Келæхсæн. Донгæнтти цудæй ’ма æ сæри фахс ку стæвдæ уидæ, уæд ибæл дон æркалидæ.

Сирдон загъта:

– Сослан, будурмæ ’й расайæ ’ма ибæл тохæ!

Еу бон æй расайдта Сослан будурмæ ’ма ’й рамардта изæрæрдæмæ.

Сослан бацудæй Келæхсæни федармæ, мæ уоси рахæссон, зæгъгæ.

– Дæу дæн, – загъта кизгæ, – ма тæрсæ!

Кæрдæн æрбайста ’ма ’й æ зæрди бæрæгастæу ниццавта, уоми æхе рамардта.

Сослан ниггузавæ ’й, æ къохтæ æ дусти бакодта æма æ хæдзарæмæ æрфардæг æй.

Цæрун байдæдта Сослан.

НАРТИ ОРÆЗМÆГ ÆМА КЪАНТДЗИ ФУРТ МИНКЪИ СÆУУАЙ

Нарт цауæни исрæвдзæ кодтонцæ æма хæтунмæ рандæ ’нцæ. Орæзмæги ниууагътонцæ, зæронд æй, зæгъгæ.

Нарти зæронд Орæзмæг сæумæ фестадæй æма кæсуй:

– Арæбий, адæм кæми ’нцæ? Нарти фертæсгутæй ами ку некебал ес!

Æ дууæ хъал урси сæумæ донмæ раласуй. Дууæ хъал урси дон исæзмæнтунцæ сæумæрагиау.

Æнæдзоргæ киндзитæ кæрæдземæ дзорунцæ сæумæрагиау:

– Зæронд хæрæгбæл Нарт нæбал æнвæрсунцæ æма куд æй? Е дæр син се ’нæдзоргæ киндзитæн дон хæссун нæбал

уадзуй!

Сæумон дзурд уадæбæл бадуй, æ гъоси æрцæуй. Æ сæр æргубур уй. Æ хъал урситæ раласуй фæстæмæ:

– Йа, уæууæй, æнæдзоргæ киндзитæ дæр ма мин мæ зæронд мæ цæстæмæ бадардтонцæ!

Бацудæй. Хъал урситæ бакодта. Уонтæбæрзонд æма сæргубурæй хæдзарæмæ бацудæй. Сугъзæрийнæ сиребæл æхе æргæлдзуй æ фурмæстæй, æ буни сау фунук фестуй.

Сатана-æфсийнæ имæ дзоруй:

– Ци кæнис, нæ зæронд? Ка дæ бафхуардта? Мæ болат кæрдæн ин æ реуи ку бацæвдзæнæн!

Фæййибæл зуст кæнуй:

– Мæн æфхуæрд дæуæн есгæ нæ ’й, фал мин сæумæмæ, хъæрæу фæд куд æвзарон, уæхæн мет рауарун кæнæ!

Бæрсткувд æма бæстæлгъистæ уосæ сарсийнæ æрбаскъæфуй, æртæ армидзагемæй æртæ цæхгун губори ракæнуй, уæларвмæ ковæн асийнæбæл исхезуй, тæбæгъи сæ февæруй æма никковуй:

– Хуцаути мæхе Хуцау! Дæхецæй мин лæвард ка ’й, уобæл мин ма ’рфæсмон кæнæ æма мин мæ кувд райсæ: исони бони мет куд рауара, нæ зæронд æмбойни цауæни хъæрæу фæд куд æртаса!

Æхсæвæ æрбадунгитæ кæнуй; бæхи уæрагисæри уæнгæ мет рауаруй. Сæумæ, æхсæвæ ’ма бон кæрæдземæй куд хецæн кæнунцæ, уотæ Орæзмæг æ устур сау æрфæнбæл саргъ февæруй æма цæун байдайуй. Гъæуæй куддæр фæццох уй, уотæ нæуæгзад байраги фæд райеруй. Уайуй, уайуй æ фæдбæл: «Æвæдзи, берæгътæ бахуардтонцæ еци байраги æма ин æ зæнги наргутæй бæрци цъухтæ искæндзæнæн!»

Сорун æй байдайуй. Ба ’й æййафуй. Уасæнги асæ æ бæх, саргъикъохти астæу цæхгæрмæ хуссуй биццеу, нимæтæй æмбарзт. И байраг æ цудæй цæуй. Орæзмæги зæронд æй ку баййафуй, ни ’й цæфтæ кæнуй устур æрфæнæй. Байраг ин æ цуд дæр нæ нийхалуй, и хуссæг ин не ’ригъал уй; фæстæмæ устур æрфæн фесхъеуй æма е скъелти уæнгæ зæнхи рафедар уй. Æхе истонуй тухæй бæх, ни ’й цæфтæ кæнуй:

– Куйтæ дæ бахуæруйнаг, уасæнги асæ бæх ку æй, уой куд нæ бафæразтай!

Истъæпп бабæй æй кæнуй. Биццеу райгъал уй æма имæ дзоруй:

– Ци кæнис, хуарз зæронд лæг, Хуцауи надбæл цæун мæ цæмæннæ уадзис?

– Гъæ, уæййаг! Дæ уæлдай дзорæ мæ гъоси ма цæуæд, æрбахезæ мæ фæсабæрцæмæ! Æмбойни цауæни рацæугæй, дæу хузæн хæлаф-хæдойнаг Сатана-æфсийнæн ку некæд иссердтон!

Ку нæбал æй уадзуй, уæд и биццеу равналуй æ фæсабæрцæ æ бæхарцæмæ 'ма ин æй бæхи æлвасæнтæй бæхи астæу бакæнуй, æма сæ æ усхъи исесуй æсхъæрау. Æ бæх æ цуд дæр нæ уадзуй. Бæхæй дæр, лæгæй дæр сæ гæбæзтæ æнцагъд кæнунцæ.

Зæронд Орæзмæг имæ дзоруй:

– Цидæр изæд дæ, цидæр идауæг дæ, ду ке зæгъай, уой кæндзæнæн, зæнхæмæ нæ ку æруадзай, уæд.

– Мадта изæд дæр нæ дæн, идауæг дæр нæ дæн, фал ду, фонси фудæй ка мæлуй, уæхæн зæронд лæг дæ æма исон мæнæ аци туппурмæ хъæбæр раги куд рацæуай, æз ба дин фонс фæккæнон: Кæнти Сæр Хуйæндонæ – денгизиуордæг, уомæ ма хонунцæ æнихалд бæхæргъау æма, гъе, уони тæрунмæ цæун, æма рагъæн рæуæг, хъæстæн дзæбæх хуаллаг дæр дæ хæццæ куд рахæссай, уотæ.

Фæстæмæ æрбаздæхуй Орæзмæг æ хæдзарæмæ; æ фурмæстæй æ бæхи саргъ дæр нæбал исесуй, ба 'й æскъæруй æ бæхдонæмæ. Бацæуй æ хæдзарæмæ сæргубур æма уонтæбæрзондæй.

Сатана-æфсийнæ имæ дзоруй:

– Ци кæнис, нæ лæг? Дæ зæрдæ гъари 'й æма дæ зæрди фæдбæл ма цо, фал мин зæгъæ, ка дæ бафхуардта, æз ба 'й де 'фхуæрдмæ бафхуæрон.

– Ниммæ уадзæ, не 'фсийнæ, – загъта. – Ме 'сæвди надбæл исбуцæу дæн. Кæд мæ фæййервæзун кæнай, уæд хуарз, кенæ ба дин лæг нæбал е.

– Гъæйдт, нæ лæг, тæрсгæ ма кæнæ! Æз дин æгас ку уон, уæд дæу фæййервæзун кæнун мæнæн æнцон æй.

– Нæ зонун, нæ зонун, ду ма мæн фæййервæзун кæнай! Уæхæн лæгбæл исбуцæу дæн æма саргъикъохæй уæлæмæ нæ зиндтæй; ме стур æрфæн имæ ниццæфтæ кодтон уасæнги асæ бæхмæ æма ме стур æрфæни цудæн æ саудзуд дæр нæ нийхалдта.

– Мæ барæ 'й уадзæ уой, нæ лæг! Æз уæхæнттæ мети буни берæ ниммардтон!

Æ дустæ бамедæгмæ кæнуй, сарсийнæ раскъæфуй æма Хуцаумæ никковуй:

– Йа, хуцаути мæхе Хуцау! Æмбесæхсæвæмæ авд агарци куд ниууара, æмбесæхсæвæй бонмæ уазал уотæ куд уа æма цæгæрсæр медхуссæнмæ тъæппитæ куд кæна!

Февналуй уарунмæ. Уотæ ниууаруй æма, авд агарци хæдзарæ кæмæн адтæй, уомæн мети буни фæцæй. Æмбесæхсæвæй бонмæ ба ибæл уазал уæхæн никкодта æма медхуссæнмæ цæгæрсæр тъæппитæ кодта.

Сæумæ 'й фегъал кæнуй:

– Систæ, нæ лæг, тонау хæссунмæ! Айфонмæ мети буни ниссалдæй.

Е дæр рагæпп кæнуй. Биццеуи баййафуй уодæгасæй...

Уайун байдайунцæ Орæзмæг æма минкъий биццеу. Сау денгиз æма Уорс денгиз кæми еу кæнунцæ, уордæмæ бахæццæ унцæ. Сау денгизи сау риндзæбæл æрбадун кæнуй Орæзмæги; сæгти æрдонг ибæл æрискъæруй æма сæ æнæ еу фæццох рамаруй. Дууадæс лæгей тавга ин сирдтонвидæй байдзаг кæнуй. Сагдзæрттæй ин тар уосонгæ ракæнуй. Сæгутдзæрттæй ин фæлмæн листæн ракæнуй, æхуæдæгка ин ниффæдзæхсуй:

– Абони майрæнбон, – иннæ майрæнбони кæсæ денгизмæ. Мæнæ мин кæсис мæ бæрзæндæмæ, мæ уæрхцæмæ дæр, мард ку фæууон, уæд аци сау денгиз мæ тогæй сурх исуодзæнæй, гъема уæд дæ хæдзарæ агорæ! На æма уорс тæнхъа ласуй, уæдта уой зонæ – мæ цанси ести бафтудæй.

«Хуæрзбон» ин зæгъуй æма денгизи рандæ уй. Сауæнгæ денгизи буни рафардæг уй, Донбеттиртæмæ нихæццæ уй.

Донбеттиртæ ибæл ниццийнæ унцæ:

– Æгас цо, нæ хуæрифурт! Цирдиги, ка некæд цæуагæ?

– Æз æрцудтæн Кæнти Сæр Хуйæндонæмæ, уой æнихалд бæхæргъау тæрунмæ.

– Гъей, – зæгъгæ, ибæл нихходунцæ. – Уомæн тæрæн нæйе, дæ фидæ дæр уобæл мард ку фæцæй, дæуæн ба ма де 'хсир де 'донгонтæй ку цæуй.

– Æнæ цæун мин нæййес! Над мин байамонетæ!

– Кæд æнгъезуй, уæд дæуæн цæугæ нæ ’й, фал, кæд æнæ цæугæ нæййес, уæдта дæбæл косун гъæуй. Уонæмæ уотæ цæугæ нæ `й, æфсæн урс сæ гъæуайгæс æй, уæдта æфсæнцъух берæгъ, уæдта æфсæнцъух сау сунт. Берæгъæн адзал нæййес, æ тæрнихи æртæ уорс æрдой, уони ку нæ ракъуæрай, уæд. Сау сунтæн адзал нæййес, æ дордони буни уорс пакъу, уой ин ку нæ рахаун кæнай, уæд. Дæ байраг зæбæтæй урси ку нæ ниллæуун кæна, уæд сæмæ бацæун нæ бауадздзæнæй. Дæндагæй æй ку нæ ниллæуун кæна, уæддæр сæмæ нæ бауадздзæнæй бацæун. Æма дин дæ бæх равзарæн: мæнæ нæмæ æртæ дугъосуги æнæдон санс фицуй æма кæд дæ бæх уонæй ислæсун бафæраза, уæд дин цæугæ ’й, кенæ ба нæ.

Æнæдон санси ин æ байраг рауадзунцæ, æма кæсалгау иннердиги фелвæсуй. Æзмесæмæ ’й рауадзунцæ æма æхе февдолуй, æма ибæл æзмесæ нихxуæцуй. Уæдта бабæй æй нæуæгæй æнæдон санси рауадзунцæ, æма иннердиги кæсалгау фелвæсуй. Цæхуарæмæ ’й баласунцæ æма цæхуари æхе февдолуй, бæхи асæ исуй. Бæзгиндæр санси ’й рауадзунцæ. Кæсалгау иннердиги фелвæсуй. Тугулдормæ ’й рауадзунцæ. Уоми æхе февдолуй æма теуай асæ исуй.

Нур ба имæ дзорунцæ:

– Дæ бæхæй бæргæ исрæвдзæ дæ, фал ма дин дæхе ку бавзарианæ. Хорискæсæни дин содзийнæ æрсадздзинан æма, кæд содзийни бун фергъæвай, уæд дæ рауадздзинан, кенæ ба нæ.

Хорискæсæни содзийни бун æривæрунцæ, æма æ сагъæдахъи фат содзийни буни рацæвун кæнуй.

– Иссæудзæнæ гъенур бæхæргъауи размæ æма дæхецæн къагъд искæнæ. Дæ бæхи саргъ исесдзæнæ æма ’й дæхемæ нийййесдзæнæ. Дæ бæх уæгъдæ рауадздзæнæ. Уайтагъддæр æй æфсæн урс базондзæнæй, æр имæ хæццæ уодзæнæй, зæбæтæй тохун байдайдзæнæнцæ. Зæбæтæй ку бауæгæ уонцæ, – дæндагæй бавналдзæнæнцæ. Е ин цалдæн æ тугулдор хуæра, уæдмæ ин дæ байраг е ’фсæйнаг фæууодзæнæй. Е ин æ цæхуарæ хуæрд ку фæууа, уæд ин дæ байраг ба æ зæрди ауиндзæнтæбæл æрхуæцдзæнæй. Æр æй хъан кæндзæнæй æма имæ цурд бадæ æма ибæл саргъ æвæрæ. Саргъ ибæл ку исæвæрай, уæд ибæл бадун

бафæразæ. Ку ибæл рабадай, уæд дæ æртæ хатти уæларв фæккæндзæнæй, æртæ хатти ба дæларв. Дзурд ди агордзæнæй. Дзурд ин раттæ, куд си дæхе нæ рацох кæндзæнæ, æма дин бæхтæ еу бæхи хузæн тæрдзæнæй.

Иссæуй. Уоми æхецæн къагъд искæнуй. Бæх уæхæн гъæр никкæнуй æма дуйнетæ низмæлунцæ. Байраг ин æ хезун дæр нæ ниууадзуй. Сæумæ хорискастæй хорæфтудмæ зæбæтæй фæттохунцæ. Фæстагæрдæмæ и байраг еу цæфæн дууæ цæфи кæнун байдæдта. Бони рохсмæ кæрæдзей хуæрун райдайунцæ. Бони рохсмæ ин байраг е ’фсæйнаг хуæрд фæууй, е бабæй ин æ тугул дор хуæрд фæууй. Урс ин е ’змесæмæ бавналуй, е бабæй ин æ цармæ бавналуй. Урс ин е ’змесæ хуæрд ку фæцæй, уæд ин и байраг ба æ зæрди ауиндзæнтæбæл æрхуæцуй. Æр æй хъан кæнуй æма и биццеу цурд бадуй, æма ибæл саргъ февæруй. Ра ибæл бадуй; æртæ хатти ’й уæларв фæккæнуй, æртæ хатти – дæларв.

Бæх имæ дзоруй:

– Дæхе ми ма рацох кæнæ, æз дин еци бæхæргъау еу бæхи хузæн фæттæрдзæнæн; уобæл дин нæртон уасхæ дæттун.

– Дзурд дæттун, куд мæхе бæхæн ци ’гъдау уодзæнæй, еци ’гъдауæй куд нæ рацох уодзæнæ мæхецæй.

Рауадзуй и бæхи æма бæхæргъау еу бæхи хузæн æмбурд кæнун байдайуй. Уалинмæ æфсæнцъух берæгъ ратæхуй. Къагъдæй имæ нигъгъавуй æма ин е ’ртæ уорс æрдой рахаун кæнуй, зæрди ауиндзæнтæ бахæссуй фат, гуппгæнгæ рахауй. Æ рахес гъос ин æривгæрдуй æма ин æй æ сиудони нивваæруй.

Уалинмæ сау сунт ратæхуй. Æ дунгæй бæлæстæ мортæ кæнунцæ, гъæр кæнуй , – цъеу тæхун ку нæ уадзæн, уæд ардæмæ ке мадæ, ке фидæ æрбандиудта?

Зиннун имæ ку байдайуй, уæд имæ нигъгъавуй æма ин æ дордони буни уорс пакъу рахаун кæнуй. Гуппгæнгæ рахауй. Æ сæр ин æрлух кæнуй æма ’й æ хурдзини нивваæруй.

Бæхæргъаубæл рагъæр кæнунцæ бæх æма и биццеу.

Сагъæс кæнуй и биццеу:

– Ани æнæ фæдес фæттæрæ, уæд цъинати кунæг миститæ мæнæутæ нæ бахуæрунцæ, уой хузæн!

Гъæурæбунти урдугмæ рацæуй. Уæлмæрдти рæбунти

æрбацæуй гъæумæ. Æхсæз циртей астæу зæронд уосæ бадуй. Æ думæггæгтæбæл цъæх зæлдæ рауадæй. Æ размæ сойнифунхти фингæ идзагæй.

Дзоруй имæ и уосæ:

– Гъуйдт, дæ хуарзæнхæ! Фæдессайæги хузæн дæ, æрба мæмæ æздæхæ, еу рохсаг зæгъæ!

Ба имæ æздæхуй. И уосæ сойнифунх æрбайсуй æма ибæл æ дзедзе бадоцуй:

– Авд фурти мин адтæй, æхсæз мин си еци æнамонд бæхæргъауи тухxæй мард фæцæй. Нур ба ма мин си еу ес æма и уорс, и бор уæ астæу. Æртæ хатти ин ниxxатир кæнæ. Кæд нæ лæдæра, уæдта æ тæрегъæд æхе. Еу æнамонд цъæх бæх нæмæ ес, уадæнуай æма ме-гъæндзо, уайтагъд дæр дæ сæргъи балæудзæнæй.

«Хуæрзбон» ин зæгъуй:

– Хуæрзбон, мæ мадæ! Кæнти Сæр Хуйæндони хæдзарæ ци рауæн æй, уой мин зæгъæ!

– Кæнти Сæр Хуйæндонæ авд хъабагъей хецау æй. Авд хъабагъи имæ æмбурд æнцæ, кувд син кæнуй.

Бацæуй æма дуарæй багъæр кæнуй:

– Гъæйдт, Кæнти Сæр Хуйæндонæ! Дæ бæхæргъау дин фæттардæуй!

– Гъæйдт, æвæдзи хуæрун кæмæ цæуй, уæхæн æй. Æрбакæнетæ ’й, мæ бæхæргъау тæргæ нæ ’й: ме ’фсæн урс, ме ’фсæнцъух берæгъ, ме ’фсæн сунт – етæ цалинмæ æгас, уалинмæ мин сæ неке фæттæрдзæнæй! Айфонмæ етæ гъæр кодтайуонцæ.

Æртикъахуг фингæ ин идзагæй радавунцæ. Цъилинæй сæрвди хузæн син æй рахуæруй, æхуæдæгка хестæрти сæргъæмæ иссæуй уæлæмæ. Кæнти Сæр Хуйæндонæ уæллаг кæронæй бадуй.

– Фæдес, Кæнти Сæр Хуйæндонæ! Мæнæ уæ хестæртæн хестаг уæ сау сунти сæр!

Кæстæртæмæ æрцæуй дæлæмæ, дзоруй сæмæ:

– Фæдес, кæстæртæ! Мæнæ уин уе ’фсæнцъух берæгъи гъос кæстагæн!

Бæхбæл рабадуй. Уайтагъд дæр бæхæргъауи сæргъи балæууй. Бæх æма сæ лæг æнхузæнæй тæрунцæ.

Кæнти Сæр Хуйæндонæ дæр дзоруй:

– Гъуйдт, фæдес гъæуй! Е хумæтæги барæг н ’адтæй!

Уайтагъд дæр и цъæхбæхгин æ сæргъи балæууй. Фæттæ ибæл хурæ калæгау калуй.

Дзоруй имæ минкъи биццеу:

– Ма кæнæ, и уорс, и бор н’ астæу æй!

Сагъæдахъи фатæй æй рахсуй æма ’й зæнхæмæ равдозуй.

Фæдес ибæл цалинмæ æрæмбурд унцæ, уалинмæ бабæй етæ бæхæргъау тæрунцæ. Фæдес цалинмæ гъæутæмæ уадæнцæ, уой къахтонцæ, уалинмæ бабæй етæ дæр раидард æнцæ.

Фæббадуй æма бабæй цъæхбæхгин æ сæргъи æрбалæууй, æма бабæй тохуй уомæй æндагъддæр.

– Нæ-нæ! Хъæбæр æстъæлфун, æнгъæл дæн, баидæдтай, фат дæр дæмæ нæбал ес!

– Гъе мадта нур ба дæ тæрегъæд дæхе фæууæд, дæ мади дзурд не синхæст кодтай!

Фат фехста æма ин æ реуи фæйнæгутæ е уонти хæццæ фæстæмæ рахаста, æма гуппгæнгæ рахаудтæй. Фæдесонтæ фæстæмæ марди хæццæ раздахтæнцæ æма ’й гъæутæмæ схастонцæ.

Етæ дæр бæхæргъау Донбеттирти тургъи фæммедæг кодтонцæ, агъаз ин равардтонцæ æма бæхæргъаубæл рагъæр кодтонцæ.

Орæзмæг дæр сæумæ раги денгизмæ кæсуй æма уорс тæнхъа ласуй. Мæтъæлгомау зæгъуй:

– Æнгъæл дæн, мæ бæллахи лæг рацæуй!

Орæзмæг дæр æртæ цагъди искодта. Уайтагъддæр дони бунæй бæхтæ гæппитæ кæнун байдæдтонцæ, дзиндзæбарцæ, дзиндзæгъун, цæппозур сæфтæг, æргъеубилæ бæхтæ.

Фæууæлбилæ унцæ.

Орæзмæги зæронд дæр бæхти рази зелæнтæ кæнуй.

– Гъæйдт, мæ зæронд æмбал, дæ бон хуарз!

– Æгас цо, ме ’нæсайд æмбал! Уæддæр ма æгас æрбацудтæ!

Февналуй æма бæхтæ æртæ цагъдемæ калуй. Хецæнæй дууæ бæхи бæхбæттæнбæл бабаста. Устур бæхæргъау иуаруй и биццеу.

Орæзмæги зæронд сагъæс кæнуй:

– Æвæдзи еу хай æ хуæздæри хай уодзæнæй, иннæ ба е ’мбалхай. Æма мæ фагæ нæ ’й еу хай, æнæ неци бафæллойнæ гæнгæй!?

Иурст фæууй бæхтæ.

Дзоруй:

– Гъенур ба, зæронд лæг, райсæ дæ хестаг!

Зæронд лæг дæр еу хай райсуй æ хестаг.

Дзоруй имæ:

– Гъенур ба де ’мбалхай райсæ!

– Гъæйдт, æмбалхай ба ду райсæ, кæстæр куд фæууй, уотæ, æз ку райстон хестаг!

– Дзорун мæ ма кæнæ, хуарз зæронд лæг! Мæ фидæ мин уотæ нæ фæдзахста: «Дæхецæй хестæрæй раздæр хай райсæ!»

Райсуй иннæ хай дæр. Дууæ бæхти къуар дæр еу бакæнуй æма сæ рауадзуй, æхуæдæг разæй, и бæхтæ ба и урс тæруй. Биццеу æхе бæхти къуар дæр уони фæсте ратæруй æма гъæй кæнуй, уотемæй цæунцæ. Се ’ртæсæн надмæ æрбахæццæ унцæ.

Биццеу имæ дзоруй:

– Гъенур, зæронд лæг, райарфæ кæнæн кæрæдземæн, нæ фонси кондæй ирайгæ куд уæн, уотæ.

– Йарæбий, нæ дæ зонун.

– Æз дæн Къантдзи фурт минкъи Сæууай. Мæ фиди мин рамардта Кæнти Сæр Хуйæндонæ, æ бæхæргъау тæрунмæ ин фæццудæй. Мæ фиди тог есунмæ фæццудтæн.

– Мадта еу сувæллон нæхемæ ниууагътон æма ибæл кæд банвæрсдзæнæ, уæд дин æй бийнонтæн саккаг кæнинæ.

– Хуцау зæгъуй, æма мæ лимæн, – зæгъуй Къантдзи фурт Сæууай. – Мадта мæнæ аци бæхти къуар дæр федауæггаг фæууæд, – зæгъгæ, æ бæхти къуар ин баскъæруй.

Райарфæ кæнунцæ. Е сæхемæ идадзæ бæхи хæццæ рандæ уй. Орæзмæги зæронд саухалæнвæтæнæй Нарти гъæумæ бæхæргъау истардта. Зæрæрдæмæ Орæзмæги фонси-конд Нарти уæд баизадæй.

Косæрттаг ка ’рирветидæ, аци нивонд абони уæнгæ дæу тухæй фæххастон, нур ба ’й дæхе тургъи исковæ, еци къуар дæр дæу фæууæд, зæгъгæ, е ма ин бæхтæ ралæвар кæнидæ.

Уотемæй æ уосæн загъта Орæзмæг:

– Нæ кизги ин равардтон æма нæмæ, ка ’й зонуй, уæхæн цæуæг ку уа, уæд нæ сиахс уодзæнæй, æма ’й хуарз фæууиндзæнæ, æз ба ма мæ хæтæнти рахæтон, балци фæццæуинæ Хъара-Ногъайтæмæ.

Еу бон гъæуккаг æнахур лæхъуæн иуазæгдонæмæ бацæуй. Æстæмæй-астмæ ’й фæххинста. Уотемæй сиахси рæуаги гъæуи лæхъуæнтæ хæдзарæ æртæнæг кодтонцæ. Афæдзи бони Къантдзи фурт Сæууай иуазæгдонæмæ бацудæй. Кæсуй иуазæгдонæй æма согфадæнæй еу пихсил кизгæ согтæ хæссуй.

Фæндур æрбайсуй æма имæ, æнæ цъухæй дзоргæй, фæндурæй дзоруй, дзæбæх кизгæ, ку мин ракафисæ, зæгъгæ.

Согтæ давгæй, исмедæг уй хæдзари æма дзоруй:

– Нана! Иуазæгдони уæхæн дессаг иуазæг ес æма æ фæндури цагъдмæ зæрдæ нæ лæууй. Æ фæндурæй дзоруй, кизгæ, ку мин ракафисæ, зæгъгæ.

Заманай уосæ февналуй æма кизги рарæвдзæ кæнуй, ра ин фæдзæхсуй, дзæбæх ракафдзæнæ, зæгъгæ.

Фæммедæг уй иуазæгдони æма ин кафуй. Е дæр ин цæгъдуй: «Дессаг дзæбæх кафис, хуарз кизгæ, фал дæ еу къах уæззаудæр æй».

Æ цæстисуг калгæ фæстæмæ исмедæг уй æ мадæмæ æма дзоруй:

– Ци лæгъуз иуазæг æй, мæ еу къах мин æстурдæр хонуй!

Заманай уосæ местæлтæ фелвасуй æма местæлтæй фаги нæмуг æрхауй. Ра ’й рæвдзæ кæнуй фæстæмæ. Æруайуй æма бабæй ин кафуй.

Дзоруй имæ:

– Дессаг хуарз исрæвдзæ дæ, хуарз кизгæ, фал дæ сæри еу фарс æстурдæр ку æй!

Кæугæ, æмбохгæ иссæуй фæстæмæ:

– А ба ци ’намонд иуазæг æй! Мæ сæри еу фарс мин æстурдæр ку хонуй!

Заманай уосæ айдæнæ æрбаивæруй æ рази æма ин æ дзиккой хæлттæ нимайунмæ февналуй, æма ин еуæрдæмæ дууæ хали фулдæр адтæнцæ, æма си еу иннердæмæ ракодта.

Фæ ’й æрвиста æма бабæй ин кафуй.

Кæсуй æма имæ дзоруй:

– Хъæбæр хуарз исрæвдзæ дæ сæрæй дæр, къахæй дæр æма цо, æма дæ мадæн зæгъæ: «Е мæ сæри хецау æй æма мæ хонгæ кæнуй».

Æ мадæмæ исмедæг уй. Зæгъуй ин:

– Гъе, атæ зæгъуй, атæ зæгъуй, хонгæ мæ кæнуй!

Сиахси фингæ ин куд æрæрветуй, уотæ Орæзмæги зæронд тъупп гæнгæ исмедæг уй. Ра имæ гæпп кæнуй сиахс, æр æй фестæг кæнуй. Расалантæ кæнунцæ кæрæдземæн. Майрæнбонмæ ин æ бийнонтæ барæвдзæ кæнуй. Майрæнбони ин сæдæ киндзхони рабадун кæнуй. Майрæнбони Къантдзи фурт Сæууай Орæзмæги кизги ниффардæг кодта.

Къантдзи фурт Сæууай муггаг иссæй Нарти Сатанай кизгæй.

КЪАНТДЗИ ТАУÆРÆХЪ

Нартбæл фуд анзтæ фуд бонау искодта. Уæд гъæздуг лæг Борæфæрнуг, зæгъгæ, афæй балций адтæй. И афæййи фæсте ку 'рцудæй Борæфæрнуг, уæд и Нарт фагустæбæл нихъхъантæ 'нцæ.

Уæд Борæфæрнуг хæдзарæмæ бацудæй, нæ адæм басор æнцæ, зæгъгæ, æма еу комæй галæргъау æртæрун кодта. Иннæ коммæ рарвиста 'ма къамбецæргъау æртæрун кодта. А æртиккаг коммæ рарвиста æма листфонс æртæрун кодта.

Ку рамбурд æнцæ, уæд Сирдон загъта Нарти фæсевæдæн:

- Мах æрдунтæй гъазианæ.

Нарти фæсевæд рацудæнцæ гъазунмæ æма сæбæл уæд уæллæй æрцудæй еу биццеу, æма имæ февардтонцæ еу æхст. Фехста и биццеу. Æ фат нæ бахаудтæй æма ибæл нихъхудтæнцæ Нарти фæсевæд.

Е дæр син уæд загъта:

- Æз уæхæн нисан нæ фехсун, фал уæ фæттæ нисанæн нисса-дзетæ идарддæр æдтæгфæсте.

Ниссæ фаста æ фатæй.

- Нур ба уæ ходтæ æрсадзетæ!

Æрсагътонцæ æма син сæ никъкъуæхтæ кодта. Уæдта бацудæй хæдзарæмæ еу биццеу æма загъта:

- Æхсæртæгкатæй нин еу биццеу нæ фæттæ 'ма нæ ходтæ никъкъуæхтæ кодта.

Æма ин Сирдон загъта:

- Æрба 'й хонетæ!

Фал и биццеуи æ бунатæй сæзмæлун дæр нæ бафæразтонцæ.

- Цотæ æма ин зæгъетæ: «Ронгагор æрцудтæ æма рацо ронг ниуазунмæ!»

Æма æрбацудæй уæд хæдзарæмæ, æма ин Сирдон загъта:

- Æхсæртæгкатæ, хонгæ уæ киндæ уа, æма цæугæ нæ кæнтæ; ма уæ хундæ уа, æма уæд уæ сæрæй дуæрттæ кæнтæ.

Æма уæд еци биццеу рацæфтæ кодта Нарти биццеути, æма кæмæн æ цонги гъолæ фелвæстæй, кæмæн ба еугур дæр расастæй.

Уæд имæ Борæфæрнуг уæллæй æрдзурдта:

- Кæд уотæ æрдунгин æма фатгин дæ, уæдта уæртæ денгизи билæбæл мæ авд лæхъуæни бадунцæ, айкæ нисанæн дарунцæ æма уони хæццæ бавзарæ дæхе!

- А, Хуцау, мæн дæр уæхæн лæг искæнæ, æма, Борæфæрнуги авд лæхъуæни, инайбаст искæнгæй, сæ хæдзарæмæ ци скæнон, уæдта Борæфæрнугæн, æ сæр æркæнгæй, бæхъæбæл æй æрцæвгæй, уомæн уадæ æ рехæ æма æ сæригъун бæндзуггай куд хæсса, уæхæн лæг дæр мæ Хуцау разиннун кæнæд!

Фæццудæй æма авд лæхъуæнемæн райарфæ кодта, уæдта загъта:

- Æз сумахмæ æрцудтæн, фегъустон, айкæ нисанæн ке даретæ денгизæн æ еу билæй иннæ билæмæ.

Уæд имæ, сæ еу к' адтæй, - еу фат февардта. Фехста æма фат донæн æ тæккæ астæу нихъхаудтæй, æма ибæл нихъхудтæнцæ.

- Æз уотемæй нисан нæ фехсун, фал уартæ айки сæрбæл содзийнæ ниссадзетæ æма 'й, лæг ка 'й, е æхсæд æ сагъæдахъæй!

Ниссагътонцæ содзийнæ æма бабæй еуемæй еу æхст ракурдта. Фæ 'й æхста æма 'й фатбуни æрбахаста. Уæдта син райарфæ кодта 'ма загъта:

- Мæн Хуцау уæхæн лæг разиннун кæнæд æма уæ æз, инайбаст искæнгæй, уæ уостити цормæ бæгънæгæй куд искæнон!

Уæдта рацудæй æ мадæмæ æма ин загъта:

- Уæллаг синхи биццеутæ галмуги цæкутæй цæрунцæ, мæнæн ба цæку некæд искодтай.

- Æз ба дин цæку куд нæ ракæндзæнæн!

Биццеу ба «цæку-цæку» кодта. Ра ин кодта цæкутæ æма ин сæ къоси ракодта. Уæд ин биццеу загъта:

- А, уæууæй, е, мæ мадæ! Æнгъæлдæн мæ гъæдин къохæй исхастай?!

Уæд ин сæ æ къохи ракодта æма имæ сæ бадардта. И биццеу ин цæкути хæццæ æ къох нилхъивта.

- Мæн æнæ нилхъевун дин хуасæ нæййес, æви ци?

- Æдта мин мæ фиди ка рамардта, уой зæгъæ, æнагæ.

Е ба ин загъта:

- Дæ фиди дин ка рамардта, уой, дæлæ сæумæ ниццо дони-гъосмæ æма фиццагидæр ка рацæуа, еци уоси къустелæ фатæй ниццæвæ æма дин æй зæгъдзæнæй.

Сæумæ рагиау донигъосмæ ниццудæй æма еу уосæ рацудæй, æма ин æ къустелæ ниццафта фатæй, æма и уосæбæл къустели дон никкалдæй.

- Кæд уотæ æрдунгин дæ, уæд дин Сау Сайнæги фурт Сау Албæг дæ фиди ку рамардта!..

Уæд имæ фездахтæй æма ин æ къустелæ ранихаста, æма ин загъта:

- Æз дæуæн дæ фæлуст куд искæнон, Сайнæги æлдарæн ба æ сæр куд ракъуæрон, уæхæн лæг мæ Хуцау искæнæд!

Иссудæй æ мадæмæ бабæй æма ин загъта:

- Мæ фидæй неци байзадæй цума?

- Дæлæ æ бæхæн ма æ гъостæ зиннунцæ гозей бунæй.

Ни 'ймæ цудæй. Æ дууæ гъосемæй æй фелваста æма 'й сапонæвдулд ракодта. Ис æй хæццæ кодта æма æ мадæмæ дзоруй:

- Саргъæй, гæрзтæй ба куд адтæй мæ фидæ?

- Саргъ уæд, гæрзтæ уæд, алцидæр разиндзæнæй.

Бæхбæл саргъ февардта, гæрзтæ æрбаста, рабадтæй, ни 'й цæфтæ кодта. Еуæрдæмæ нигъгъазта, иннердæмæ багъазта æма исдзурдта æ мадæмæ:

- Куд федаун?

- Кудзи лæхæбæл сæумон æртæх куд федауа, уотæ!

Ниццæфтæ кодта, ниггæрæхтæ кодта никкидæр и биццеу и бæхи æма бабæй дзурдта æ мадæмæ:

- Гъенур ба куд федаун?

- Мæнæ уалдзæг сугъди кæрдæгбæл хор куд бафелауй, уотæ федауис.

Цæун байдæдта æма, æ къустелæ кæмæн басаста, еци уосæмæ нихъхъæрттæй, æма ин æ фæлуст равардта, уæдта 'й бафарста, Сайнæги фурт Сау Албæг кæми цæруй, уобæл, æма ин и уосæ загъта:

- Нуртæккæ бæхтæ донмæ фæлласуй æма маймаиддæр æ уæлети ма бацо, æ бæхти дон ин ма ниллæкъун кæнæ, ра дæ мардзæнæй.

Ни 'ймæ цудæй æма фудæнæн æ уæллæй дони нистадæй, æма 'й лæкъун кæнун байдæдта.

Сау Албæги бæхтæ лæкъун дон ку рауидтонцæ, уæд нихæлбиндзитæ кодтонцæ æма ин æ дууæ дæр фæййерваз тæнцæ.

Уæд ибæл Сайнæги æлдар фæгъгъæр кодта:

- Гъей, Къантдз! Дæ фиди дæндæгутæбæл мæ церхъ багъзалдæй, æндæра дин дæ сæр æркъуæринæ!

Къантдз ба ин загъта:

- Хор уæмæ цирдæгæй искæсуй?

Ацирдæгæй, зæгъгæ, Сайнæги æлдар æ сæрæй райамудта.

Сайнæги æлдар æ сæр куд фæззилдта, уотæ ин æй Къантдз церхъæй ракъуæрдта æма донмæ нихкаудтæй. Æ базуг ин æрбавгарста, æ фæсабæрцæ 'й æрбабаста и базуги æма сæ хæдзарæмæ иссудæй.

Бадзурдта æ мадæмæ:

- Нана, дæ ком исуадзæ, дæ саутæ исесæ, мæ фиди марæги рамардтон!

- Нæй, нана дин дæ рун бахуæра! Ци хъазгæси базуг æрæвгарстай, ци хугæси базуг æй?

Къантдз ба ин загъта:

- Мадта и сæумæ дон тог ку нæ ласа, и уадæ ба ин æ сæригъунтæ бæндзуггæйттæй ку нæ хæсса, уæд мæнгæ дзорун!

Баæруагæс æй и мадæй, сæумæ ку фæууидта, æ фурт ци дзурдта, уони, уæд, æма загъта:

- Дæ фиди дин иуонггъæуаггин нæ бакиндæ 'й. Æ базуг ин фæххæссæ фæстæмæ.

Къантдз фæхха базуг фæстæмæ.

Ку 'й рауидтонцæ биццеуи Бориатæ, уæд загътонцæ:

- Нæ саг фæрæтмæ æрцудæй! Маргитæ 'й!

Къантдз æ бæхæй æргæпп кодта. Арц зæнхи нирræхуста æма ибæл æ бæх бабаста.

Мæрдæвæрунбæл нихъхъæрттæй Къантдз. Адæм æй берæ адтæй. Зæрæндтæ загътонцæ фæсевæдæн:

- Хæлæф ма кæнтæ! Уæлæ ин æ арцæ фезмæлун кæнун бафæразетæ!

Иссудæнцæ лæхъуæнтæ, фал си еу дæр арцæ фезмæлун кæнун нæ бафæразта. Фал уæддæр фæсевæд нæ байгъустонцæ хестæртæмæ 'ма тохун исамадтонцæ, тохун. Ци гæнæн ма адтæй Къантдзæн дæр: церхъæй нæ, арцæй нæ, фал сæ, и базуг к' адтæй, уомæй ракъуæрæ-бакъуæрæ фæккодта æма сæ еугурæй дæр нихкафта. Уой фæсте ба нийиервазтæй Борæфæрнугмæ дæр æма дæ гъæуй ма, гъæуй! Ниссæ баста инайбаст æма сæ бæгънæгæй сæ уостити размæ истардта. Сæ ес, сæ бес дæр син исхаста.

Фæссæбæл гириз кодта, уæдта сæ рамардта. Рамардта Борæфæрнугæн æхе дæр.

Уодзæнæй ма

ПУБЛИЦИСТИКÆ

КОЛИТИ Витали

ЗÆРДÆ ЦÆХÆРТÆ КУ КАЛА...

Хъæбæр рагæй зонун зундгонд зарæггæнæг æма актрисæ Цæрикъати Римми сфæлдистадæ фæсауонмæ, рагæй цæунцæ æ заргутæ мæ зæрдæмæ. фал мин æ хæццæ комкоммæ базонгæ уæвуни фадуат ба некæдма фæцæй. Фæндгæ ба мæ, цæмæдæргæсгæ хъæбæр кодта.

Еугур адæмæн дæр зæрдæхцæуæндзийнадæ ка хæссуй е ’сфæлдистадæй, ходгæ – идзулгæй кæбæл исæмбæлунцæ æппунæдзохдæр, еци адæймаги ма фæсмæрæ лæгæйлæгмæ, уой мæхемæ куддæр уайдзæфи хузи хастон. Ци æй римæхсон, музыкалон «игъосундзийнадæй» хуцауæрдиги еугур скурдиатгун нæ фæдтæн, фал хуарз мелоди æма текст лæгъуз æма лæмæгъæй ба мæ бон æй раертасун.

Фæууй хъæбæр берæ лæмæгъ дзурдтæ зарæги медæгæ, игъосæг си æ зæрдæбæл ци бадара, е дæр ма си хатгай нæ фæууй, æррæстæ ами тъæпп, уоми дзæнгæда, фал æ мелоди ба уотæ тухгин фæгъгъаруй зæрдæмæ æма ’й æнæбари дæр дæ зæрдæбæл бадардзæнæ. Е еу гъуддаг æй, фал сæйрагдæр гъуддаг ба фæууй зар адæми зæрдитæмæ фæхъхъæргун кæнун, цæмæй уоми арф астъонæ бид æрцæуа æма си дзæвгарæ рæстæг мабал феронх уа, уобæл баархайун. Æма е ба комкоммæ зарæггæнæгæй аразгæ фæууй. Лæмæгъ мелоди æма дзурдтæн ес ескутемæйти исхуарз кæнун, фал лæмæгъ гъæлæсиуагæн ба неке бон неци æй. Ами фæгъгъæуй æцæг æрдзон искурдиадæ. Еци уæхæн æрдзон искурдиадæй Цæрикъати Риммæ æнæмæнгæ хайгин ке æй, уобæл ба мæнæй уæлдай дæр, мæнмæ гæсгæ дузæрдуг неке кæнуй.

Зар адæймаги æ базуртæбæл есун æма идæрдидæмæ хæссунгъон ку уа, уæд е фиццæгидæр æй зарæггæнæги æнтæстдзийнадæ. Зарæги зæрдæ ку нæ байвæрай, уæд къæрес-хуз уодзæй.

Риммæн ба уæхæн уодисконд ес æма цийфæндуй гъуддаг дæр æхемæ ку райса, уæд æй фæлвунхæй некæд ниууад-здзæй, цæлинмæ 'й æ зæрди цæхæри уорс зинги уæнгæ нæ басодза, цалинмæ сурхвазæ фæткъуй хузæн не срæгъæд уа, уæдмæ 'й адæми размæ нæ рахæсдзæнæй. Е ба æй æцæг профессионæлон зарæггæнæги минеугути сæйрагдæртæй еу.

Риммæ нерæнги ма æригон уогæй, ци егъау хуæрзти ба-цудæй нæ национ культурæн, етæ зин исбарæн æнцæ тæра-зæбæл. Айдагъ хуæрзауодæн изæртæ арæзгæй, ци хъаритæ æма уоди арт байвæруй æ архайди, етæ дæр устур арфи аг-гаг æнцæ. Æгæрон берæ æнцæ æ хуарз байвæрæнтæ, æгæ-рон арфи аггаг æй. Уомæ гæсгæ мæ хъæбæр æрфæндадтæй Римми сорæт журнали фæрстæбæл бавдесун.

Хуæрзæрæги ба мин фадуат фæцæй æ хæццæ комкоммæ базонгæ уæвунæн. Куд рабæрæг æй, уотемæй мæ е дæр зуд-та фæсауунмæ койййæй.

«Дæ хабар дин фегъосинæ, фал дæ æндæр хузи ниваæ код-тон мæ цæстити рази», – бафеппайдта Риммæ.

Нæ зонун, ци хузи мæ уидта, ци хузи дæргъæлвæстæ æма гурведауцæй, уой, фал мæнмæ ба фæккастæй хуæрззæрдæ, æгъдаубæл хуæст æма хуæрзхумæтæг силгоймаг – æ цард еугурæй дæр аййевадæн ка иснивонд кодта, уæхæн. Уæлдай æхцæуæндæр ба мин адтæй, аййевадон литературæ берæ ке уарзуй æма зонуй, еци хабар. Цал æма цал литературон изæ-ри исаразта нæ финсгути сфæлдистадæбæл, æма уони ахур-кæнун нæ, фал кæсун дæр нæ гъæуй, уонæн рæстæг ерун дæр нæ фæгъгъæуй, театри дæр косгæй æма цуппар сабийей мадæ уогæй! Нæ, æвæдзи, цидæр æндæр зæрдæ косуй аци силгоймаги реуи, æппунæдзохдæр æвæллайгæй дзæхст-æхст ка кæнуй, еу усмæ дæр æруолæвдæ ка нæ фæразуй, æнæ ести архайгæй æ бон цæрун кæмæн нæй, уæхæн.

Адæймаг деси бацæуй, уой бæрцæ ин æнтæсгæ дæр куд кæнуй, уойбæрцæ устур æма æвæллайгæ хъаурæ имæ кæ-цæй ес, тæнуод силгоймаг зингæй?

Цæрикъати Риммæ райгурдæй Ираæфи райони Чиколай

гъæуи, синхбæсти, гъæубæсти хæццæ æм уод, æмзæрдæй цæрун ка зудта, уæхæн бийнонти æхсæн.

Уотæ фæззæгъунцæ, гъома, дан, сувæллон ахур кæнуй, æмирæзги æма æмфæнзи кæнуй, æ бийнойнагбæл ци уина, уони хæццæ æма æ еци фæууинд минеугути хæццæ рацæуй æ идарддæри царди фæндæгтæбæл. Ка 'й зонуй, еци гъуди раст æй кæмидæрти, кæмидæрти ба нæ. Сувæллонæн цийфæн-дуй мадзæлттæ дæр фæййаразæ, аллихузи уавæртæ дæр ин æвæрæ æ рази, уæддæр ин æрдзæй лæвæрд ци нæ уа, мади губунæй ци нæ рахæсса, уобæл некæд исахур уодзæнæй.

Риммæн æрдзæй лæвæрд адтæй ахурмæ зæрдерисдзий-надæ, сфæлдистадæмæ æмхицдзийнадæ æма гъæуи фиц-цаг астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд, фæлварæнтæ æнтæстгинæй ратгæй, ахур кæнун райдæдта нæ горæти ай-йевæдти училищей фортепьянобæл цæгъдуни хаййади, уой дæр каст фæцæй æнтæстгинæй æма ахургæнæгæй косун райдæдта Чиколай дуггæгæм астæуккаг скъолай музыки ахур-гæнæгæй, фæстæдæр ба гъæуи сувæллæнтти равдауæндони музыки ахургæнæгæй. Дууæ рауæнеми дæр Риммæ бакуста æртигай æнзтæ. Фал, куд фæззæгъунцæ, сфæлдистадон ко-сæг æппунæдзохдæр агоруй нæуæг, ирддæр æма хемæсай-æгдæр æрвгæрæнттæ. Римми дæр хъæбæр фæндадтæй æ равзурст дæсниади нигки бæрзонддæр къæпхæнтæмæ исхе-зун æма косгæ дæр кодта, фæсауунмæ ба бацудæй Красно-дари культури институтмæ дзиллон равдиститæ цæттæгæнæг режиссертæ кæми цæттæ кодтонцæ, еци факультетмæ æма си исахур кодта æртæ анзей бæрцæ.

Хуцау æ зонæг, Риммæн æ идарддæри хъисмæт куд рауа-дайдæ, уой, фал еци рæстæг нæ Иристони æйййевади егъау-дæр цæгиндзитæй еу Уатати Бибо æмбурд кæнун райдæдта сæрмагонд фæсевæдон къуар Мæскуй театралон училицемæ рарветунмæ. Еци хабар ку фегъуста Цæрикъаон, уæд уой дæр бафæндадтæй æ амонд бавзарун æма æ фæлварæн фæр-рæстмæ 'й, ист æрцудæй театралон училищемæ.

Фиццаг бакастæй куд фæззинну́й, бустæги уотæ тагъд нæ раевгъуйунцæ ахури æнзтæ. Нигги ба ма къахæй сæрмæ ахури ку ранигъулай, уæд устур Мæскуй дæр рæстæг хъæбæр къун-дæг фæууй хе раерхæфсунæн. Риммæ ахур кæнунмæ бав-налдта зæрдиуагæй æма 'й каст фæцæй сурх дипломи хæццæ.

Устур æхцæуæндзийнади хæццæ исæздахтæй æригон актрисæ æ райгурæн Иристонмæ, фал ин ами ба, гъулæггагæн, æгæр мæгур, куст дæр ма нæ разиндтæй æ сурх дипломи хæццæ. Гæнæн ин нæбал адтæй æма фæстæмæ зæрдристæй ранæхстæр æй Мæскумæ кустагор. Риммæ æхуæдæг куд зæгъуй, уотемæй æй хъæбæр рагæй фæндæ адтæй уоми «Таганки театр» ке хонунцæ, уордæмæ бахаун (æ режисер Д. П. Любимов). Уордæмæ бахаун æнцон адтæй æви зин, уомæн ба æвдесæн æй мæнæ аци хабар: Театри æркасти рацæун гъудæй æртæ фæлхæни. Æркасти архайдтонцæ 300 æригон актери, гъæугæ ба сæ кодта æрмæстдæр дуурæ æма уойбæрцæ адæми æхсæн устур амонд кæмæ æрхаудтæй, æ курдиадæн устур аргъгонд кæмæн æрцудæй, уонæй еу адтæй Цæрикъати Риммæ дæр. Аци хабæрттæбæл лæмбунæг уой туххæн уомæн æрлæудтæн, цæмæй нин лæдæрд уа, аййевади лигъз æма æнцонтæй надбæл ракъахдзæфтæгæнæн ке нæййес. Алли нæуæг æнтæстдзийнади рази дæр æвæрд фæууй егъау цæлхдортæ, уони сæрти бахезун ба еугурей къохи нæ бафтуйуй, гъулæггагæн, æма æригон уоди нифс æ медхъози бампулуй, къомбох дзæгæрæг ракалунгъон нæ бауй, фесæфуй, бамбуйуй.

Фал Риммæ уæхæн æнæнцойнæ зæрди хецау æй, æма ести нисан æ размæ ку нивваæра, уæд æ царæй дæр ралæсдзæнæй, æ бæллецц ба исæнхæст кæндзæнæй. Æрмæстдæр уæхæн тулаваст æма æвзигъд адæймæгути къохи бафтуйуй Уæлахез æ алли хузти дæр.

Риммæ театри берæ нæ бакуста, æдеугурæй æхсæз мæйи, фал еци цубур рæстæг дæр фагæ адтæй, цæмæй ибæл Уæрæсей курухондæр æма æнтæстгиндæр актертæ сæ цæстæ æривардтайонцæ, уомæн.

Хуцау æ зонæг, Римми сфæлдистадон хъисмæт идарддæр куд рауадайдæ, уой, фал, æвæццæгæн, рæстæг дæр æ кæнон кæнуй, æхе æййивдзийнæдтæ хæссуй æма сæ нихмæ ба неке бон æй истох кæнун.

Римми фарсмæ æрбалæудтæй, æ цард фæстæдæр ке хæццæ баеу кодта, уæхæн нæлгоймаг – Дур-Дуйраг Борæнти Ирбег. Æцæг æма зæрдæй уарзтæн, дан, арæнтæ нæййес, сценæн æхецæн арæнтæ куд нæййес, уотæ. Сауæнгæ Мæскумæ нихъхъæрдтæй æ амонди фæдбæл Ирбег. Дуурæ æвзонг уоди кæрæдзей балæдæрдтæнцæ æма сæ цард баеу кодтонцæ.

Римми хъæбæр фæндадтæй киндзæхсæвæри фæсте фæстæмæ æ уарзон театрмæ раздæхун, фал ин бийнонти цард уæхæн фадуат нæбал исаггаг кодта. Адæймаг æндæр хæдзарæмæ ку баковуй, уæд æй нæуæгæй уони æгъдæуттæ æма фæткитæмæ гæсгæ цæрун фæгъгъæуй.

Риммæн хъæбæр лигъстæ кодта театри сæйраг режисер Ю. П. Любимов дæр, цæмæй фæстæмæ æрæздæха Мæскумæ æма æ куст раидарддæр кæна, уой туххæн. Фал... О, еци æносон – Фал!..

Ами нæхемæ косун райдæдта Ирон драмон театри æма си нур дæс анзей дæргъи фæллойнæ кæнуй, æ зæрди цæхæртæй тавуй адæми цæстингас. Уæдæй абони уæнгæ еу æма дуурæ ирд сорæти не ’сфæлунста ирон театри сценæбæл, зæгъæн, «Цард – фын у» – принцессæ Эстрелья, Хугати Геори пьесæ «Сау нимæт» – Буреттæ, Хубецти Раяй «Уалдзыгон зарæг» – Афассæ, Чеджемти Г. «Цола» – Дзæнæтхан æма ма берæ æндæр сорæттæ.

Риммæн, уæлдæр куд бафеппайдтон, уотæ айдагъ театри сценæбæл нæ байззадæй æ куст.

Хуæрзæригонæй дæр æригон кизгæ берæ уарзта аййевадон литературæ, киунугæтæ кæсгæй ибæл еу æма дуурæ хатти не ’рбон уидæ. Æма куд фулдæр кастæй, уотæ ’й никги хъæбæрдæр сæхемæ æлвастонцæ аййевадæ æма литературæ.

Советон доги арæхдæр, цардарæзт нийхæлди фæсте ба æстæндæр арæзт цæун райдæдтонцæ аллихузон литературон изæртæ. Еу рæстæг ба син сæ кой кæнгæ дæр некебал кодта. Киунугæ мухури фæззиннидæ æма æ кой нæдæр критики, нæдæр ба литературон æзмæлди игъусгæ дæр нæ ракæнидæ.

Риммæ бабæй æ æнæнцойнæ зæрди хæццæ бавналдта, растдæр зæгъгæй, ба еци устур æма бæрнон ихæс æхемæ райста, ома, аййевадæ æма литературæ адæми æхсæн парахатт кæнун æма исаразта сæрмагонд проект: «Литературон кæститæ».

Куд алли нæуæг гъуддаги, уотæ бабæй ами дæр Римми рази берæ цæлхдортæ ислæудтæй, фал æнтæст æ къохи æфтуйуй, æрмæстдæр æзмæлгæ ка кæна, уомæн. Фиццаг хатт литературон изæр исаразта А. С. Пушкини сфæлдистади туххæн. Уæд æ фарсмæ æрбалæудтæй æрмæстдæр еунæг адæймаг. Дугкаг изæр аразгæ æрцудæй М. Цветаевай сфæл-

дистади тухxæн, æма æ фарслæугутæ исхъæрттæнцæ æхсæз адæймагей уæнгæ, æртиккаг литературон изæр ба арæзт æрцудæй, Бабочити Русланбæл 65 анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл. Куд фæстæмæ Цæрикъаони фарсмæ æрбалæугути нимæдзæ фулдæрæй-фулдæргæнгæ цæуй. Устур æнхус ин кæнунцæ композитор Махъоти Ацæмæз, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист Сæбанти Тамерлан æма иннетæ. Риммæ уæлдай фулдæр æргом æздахун райдæдта нæ ирон финсгути сфæлдистадæ адæммæ фæхъхъæртун кæнунмæ. Нуртæкки рæстæги е уæлдай ахсгиагдæр гъуддаг æй, уомæн æма адæм киунугæмæ се ’рух æздахгæ дæр нæбал кæнунцæ. «Аййевадæ, æвæдзи адæми нуртæкки уæззау цард нæ фæххуæздæр кæндзæй, фал син кæмидæр ба æхцæуæндзийнадæ ку радтай, уæд е ба амонд æй. Еци куст æз мæ профессийæй дæр бæрзонддæр æвæрун. Нæ зæрди ес, фæстæдæр, фадуат куд амона, уотæ гъæутæмæ дæр рабалци кæнун», – зæгъуй Цæрикъати Риммæ.

Мадта ин уруссагау, иронау, дигоронау аййев зарунæй ба æ раз ка райсдзæнæй. Уогæ уобæл æз нæ дзорун, адæм ин сæхуæдтæ хуарз æвдесæн æнцæ, уæдта ин æ зартæн ци аргъгонд цæуй, е дæр æнæзундгонд некæмæн æй. Мæ дзубандий райдайæни куд бафеппайдтон, уотемæй æ фæлман æма аййев гъæлæси уагæ адæймагбæл базуртæ базайун кæнуй, хонуй æй æ фæсте идардмæ, рохсдæр нисанмæ, зæрди тæгтæ бæзмæлун кæнуй æма е дæр устур амонд æй.

Арæх фегъосæн фæууй, ома, дан, аййевадæ зæууатмæ цæуй, аргъгæнæг ин нæбал ес, зæгъгæ.

Мæн бон ба федарæй зæгъун æй, Цæрикъати Римми хузæн æнæнцойнæ зæрдити хецæуттæ цалинмæ уа не ’хсæн, уæдмæ нæдæр сфæлдистадæн, нæдæр аййевадæн, нæдæр ба литературæн ес фесæфæн, уомæн æма æрмæстдæр уæхæнтти бон æй адæми рохсмæ, ирдадæмæ сæ фæсте хонун.

«Кæд мæ бон мæ архайдæй еу минкъий адæми зæрдитæ барохс кæнун бацæй, уæд мæхе амондгунбæл нимайдзæн», – зæгъуй Риммæ.

Риммæ! Дæ бон æй дæхе æдзæстхезæй амондгунбæл нимайун...

Цæрикъати Риммæ

Разæй галеуæрдигæй – Цæрикъати Риммæ

Журнал «Ираф»-и æрмæгæй æндæр мухурон орган ку пайда кæна, уæд гъæуама бæрæггонд æрцæуа, ист кæцæй,æй, е.

Журналмæ ци къохфинститæ цæуй, уони редакци рецензи нæ кæнуй, уæдта сæ автортæн фæстæмæ нæ дæттуй.

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00110 от 10 декабря 2014 г.
Индекс издания – 73941

Учредитель и издатель:
Министерство культуры РСО-Алания.
362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.

Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пер. Соляный, 9.
Телефон: 53-14-32

Сдано в набор 14. 05. 2016 г., подписано в печать 7. 07. 2016 г.
Дата выхода в свет 15. 11. 2015 г. Знак. инф. продукции 12+
Формат 60х80 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ № Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано с готовых депозитов в
ОАО “Издательско-полиграфическое предприятие им.В. А. Гассиева”.
362021, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16
Тел.: 76-81-97. E-mail: ipp@hotbox.ru

© Ираф, 3, 2016 г.